JON BIVER
"NEW YORK TIMES" BESTSELLER AVTORÍ

# JALÍNLÍ JÚREK

QUDAYǴA QUSHTARLIQTI QOZDIRIW

Qádirli dostım,

Biziń eń ullı kúnlerimiz ele aldımızda. Quday Ózi ushın bir xalıqtı saqlap qoyǵan. Olar Onıń júreginiń shaqırıǵın esitedi hám Onıń aldında muxaddes jasaydı. Olar haqıyqıy iseniwshilerdiń tımsalı – yaǵnıy Onıń dawısın gúmansız esitip, boysınatuǵınlar boladı. Olar dúnyanıń pataslıqları hám kemshiliklerinen azat halda, júrekleri muxaddes qushtarlıq penen jalınlap, Onıń aldında turadı.

Ol olar ushın muxaddes qızǵanıw menen janǵanınday, olar da Ol ushın muxaddes qızǵanıw menen janadı. Usı xalıq arqalı Ol Óz ullılıǵın joǵalǵan hám ólimge ketip baratırǵan dúnyaǵa ashıp beredi. Muxaddeslik aqırına shekem sadıq qalıwdı talap etedi. Sizge bolǵan júrek tilegim – Onıń wádesinde bekkem turıń, sonda biz Onıń inayatına iye bolamız, aqırına shekem shıdaymız hám Onda jeńiske erisemiz!

Jaratqan Iye bul xabardı siz benen hám dúńya júzindegi basqa jetekshiler menen bólisiwdi júregime saldı. Ótinish, bunı meniń barlıq súyispenshiligim hám qollap-quwatlawım menen qabıl etiń. Qosımsha resurslardı **MessengerX.com** saytınan hám **MessengerX** qosımshasınan biypul júklep alıw hám video arqalı kóriw múmkin. Men isenemen: bul xabar sizdi hám siziń ǵamqorlıǵıńızǵa tapsırılǵan adamlardı maqsetke, hákimiyatqa hám ilahiy taǵdirge qaray alǵa jeteleytuǵın kúsh boladı.

Masiyxtaǵı tuwısqanıńız,



Jon Biver
JohnBevere@ymail.com

MessengerX

Messenger International

# JALÍNLÍ JÚREK

QUDAYǴA QUSHTARLIQTI QOZDIRIW

JON BIVER

*A Heart Ablaze,* Karakalpak Latin, by John Bevere
© 2026 Messenger International
MessengerInternational.org
Originally published in English as A Heart Ablaze
ISBN 978-0-7852-6990-8

Additional resources in Karakalpak Latin are available for free download
and video streaming at **MessengerX.com** and on the **MessengerX** App
To contact the author: JohnBevere@ymail.com
This international leadership seeding edition of the A Heart Ablaze book has been produced in collaboration between Thomas Nelson and Messenger International.

This book is a gift from Messenger International and is
NOT FOR SALE

*Jalınlı júrek,* Qaraqalpaqcha latın jazıwında, Jon Biver
© 2026 Messenger International
MessengerInternational.org
Dáslep ingliz tilinde “A Heart Ablaze” ataması menen basıp shıǵarılǵan
ISBN 978-0-7852-6990-8

Qaraqalpaq latın jazıwındaǵı qosımsha resurslardı **MessengerX.com** saytınan
hám **MessengerX** qosımshasınan biypul júklep alıw hám video arqalı kóriw múmkin.
Avtor menen baylanısıw ushın: JohnBevere@ymail.com
Jalınlı júrek kitabınıń bul xalıqaralıq jetekshilerge tarqatıw ushın arnawlı basılımın Tomas Nelson hám Messenger International birgelikte tayarladı.

Bul kitap Messenger International tárepinen sawǵa hám
SATÍW USHÍN ARNALMAǴAN

App Store saytınan júklep alıń
Google Play arqalı qabıl qılıń

App Store – Apple Inc. kompaniyasınıń AQSH hám basqa mámleketlerde dizimnen ótkerilgen sawda belgisi.
Google Play hám Google Play logotipi – Google LLC kompaniyasınıń sawda belgileri.

# MAZMUNI

*KIRISIW* . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . V

1. UMÍTÍLMAS KESH . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 1
2. QUTQARÍLÍWDÍŃ MAQSETI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 15
3. MÍSÍRDÍ SHÍǴARÍP TASLAW . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 27
4. JARATQAN IYENIŃ SALTANATÍ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
5. TAWǴA BARÍW JOLÍ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
6. BASQARÍLATUǴÍN QUDAY . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 67
7. NIYETLER ME YAKI QÁLEWLER ME? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 83
8. QARSÍMÁDENIYAT PA YAKI SUBMÁDENIYAT PA? . . . . . . . . . . . . . . 99
9. QUTQARÍWSHÍ INAYAT . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 115
10. AWÍR KÚNLER . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 135
11. OTTA TAZALANǴAN ALTÍN, AQ KIYIMLER HÁM KÓZGE SÚRTETUǴÍN DÁRI . . . . . . . . . . . 147
12. MEN SÚYGENLERIMNIŃ HÁMMESIN... . . . . . . . . . . . . . . . . . 169
13. ISHIMIZDEGI MUXADDES JALÍN . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 183
14. OLAR ONÍŃ JÚZIN KÓREDI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 201

# Kirisiw

Bul kitap haqıyqatqa qaray sayaxat. Kópshilik haqıyqattı júdá qáleydi, biraq oǵan dus kelgende, onı biykarlaydı, itibarsız qaldıradı yamasa óz mápleri jolında buzıp kórsetedi. Bul jaǵday búgingi áwladımız ushın awır mashqalalardı keltirip shıǵardı, nátiyjede jámiyet ótiriktiń batpaǵına battı. Iysa búgingi kún balaların tap usı nárseden qayta-qayta eskertken.

Ótirik úlken mashqala tuwdıradı, sebebi onıń qolına túskenler haqıyqat jolında júrippiz dep isenedi. Pavel Timofeyge aqırǵı kúnlerdi sonday súwretlep bergen: "Sebebi adamlar durıs tálimattı tıńlamaytuǵın waqıtlar keledi. Olar jaman qálewlerine berilip, qulaqlarına jaǵatuǵın sózlerdi sóyleytuǵın kóp muǵallimlerdi átiraplarına jıynaydı. Olar haqıyqatlıqtı esitpew ushın qulaqların jawıp, ańızlarǵa qulaq asatuǵın boladı" (2-Timofey 4:3-4 KAAB'22L). 4-ayattaǵı "ańızlar" sózi ushın isletilgen grekshe sózdiń bir tariypi "jalǵan". Eger jalǵan haqıyqat retinde jetkilikli dárejede uzaq waqıt ańlatılsa, kópshilik oǵan pútkil turmısı dawamında sadıq qaladı.

Naǵız haqıyqat Muxaddes Kitap arqalı ashıq járiyalanǵanda, ol azǵırılǵan táliymat retinde biykarlanadı. Pavel olar durıs táliymatqa shıday almaslıǵı haqqında eskertken. Men bir wazshınıń: "Jámáátlerde úyretilgen nadurıs táliymatlar telefon

kitabınan alınǵan xabarlar emes. Olar Muxaddes Kitaptan úyretilgen xabarlar bolıp tabıladı”, degenin esitken edim. Ol bul táliymatlar Muxaddes Kitaptan alınǵanlıǵı hám sol sebepli olar jalǵan bolsa da, keń qabıl etilgenligi haqqında eskertken.

Hikmetler kitabınıń avtorı bul jaǵdaydı aldınan kóre bilgen hám tómendegishe jazǵan: “Sonday áwlad bar, ózin taza sanar, hátte, qusıǵınan tazarmaǵan bolsa da” (Hikmetler 30:12 KAAB’22L). Biz bul kitap arqalı bul búgingi áwlad ekenligin bilip alamız.

Eger haqıyqat biziń sanamızǵa jaǵımlı hám qabıllaw ańsat bolǵanında, dúnya onıń esigin qaǵıp, kirip keler edi. Biraq, Iysa bunday emesligin anıq kórsetti: “Jamanlıq islewshi hár bir adam nurdı jek kóredi hám isleri áshkara bolmawı ushın, nurǵa kelmeydi. Biraq haq is islewshi adam isleriniń Quday aldında islengeni kórinsin dep, nurǵa keledi” (Yuxan 3: 20-21 KAAB’22L). Tek Qudaydan qorqatuǵınlar haqıyqattı súyedi.

Bul kún hám bul saat ózleri menen qıyın sorawlardı alıp keledi. Ne ushın Jámááttegi kópshilikte qushtarlıq joq? Biz xosh xabardı en jaydırıw ushın ǵalaba xabar quralları, imaratlar, reklamalar hám basqa san-sanaqsız orınlarǵa milliardlap dollar qarjı kirgizdik, biraq ne ushın jámááttegi kóp adamlar ele de nápsi hámde bul dúnyanıń zawıqlarına bolǵan qızıǵıwshılıǵı menen gúrespekte? Ne ushın iymanǵa kelgenlerdiń 80 procentten aslamı qarangılıq dúnyasına qaytıp ketip baratır? Qalayınsha gúnakárlar jańadan tuwılıw tájiriybesin dawa etip, ózgermey qalıwları múmkin? Menimshe, joqarıdaǵılardıń hámmesine juwaptı tabıw múmkin: Qudayǵa degen jalınnıń hám qushtarlıqtıń jetispewi.

Eger bizden aldın ótkenlerge qarasaq, anıq ayırmashılıq tabamız. Qudayǵa umtılıw Muwsaǵa pútkil omiri dawamında erisken jetiskenliklerinen waz keshiwge alıp kelse de, oǵan bul tilekti ne berdi? Ne ushın Eremiya, Iyshaya hám basqalar olarǵa quwǵın hám mashaqat alıp kelgen sózlerdi járiyalawda

dawam etti? Ne ushın dáslepki jámáátlerdegi adamlar xosh xabar ushın óz mal-múlkinen, qolaylıqlarınan hám turmıslarınan waz keshti? Búgingi kúnde jámáättegi kópshilik ushın eń úlken gúres ózine bolǵan jaman qarawdı jeńiw bolǵan bir waqıtta, dáslepki jámáát azap hám ólim qáwpi astında mártlik penen waz aytıw imkaniyatın beretuǵın qanday kúshke iye edi? Taǵı bir ret aytaman, juwap Qudaydıń jalını bolıp tabıladı.

Bizge Qudaydıń jalını kerek hám ol haqıyqatlıqqa shóllegen hár bir kisi ushın bar. Bul qarama-qarsılıqsız kelmeydi, biraq kópshilik álleqashan jaǵımpazlıqtan sharshaǵan hám ózgerislerge tayın. Ózgermey qalıwdan qorqıw haqıyqat penen ushırasıwdıń hár qanday awırmanlıǵınan joqarı turadı.

Bunday poziciyanı iyelegenler Jaratqan Iyemizdi esitiwdi júdá qáleydi. Olar Onıń óz ómirlerinde haqıyqıy ullılanıwın kóriwge tayın.

Siz Quday menen jolıńızdıń qay jerinde ekenligine qaramastan, Onıń muxaddes jalını ushın júregińizde ele de kóp ójireler bar. Eger jalın derlik joq bolıp ketiwden qorqsańız, márt bolıń hám umit etiń. Ol álleqashan wáde bergen:

Ádalat jeńiske erispegenshe, Ol mayısqan qamıstı sındırmaydı, pısqıp turǵan pilikti de óshirmeydi. (Matta 12:20 KAAB'22L)

Ákemizdiń muhabbatı qanshelli sheksiz! Men, bul kitap Onıń biziń jaǵdayımızǵa bolǵan haqıyqıy ǵamqorlıǵın izbe-iz ashıp beriwin soranaman. Ol biziń tásellemizden kóre biziń jaǵdayımızǵa kóbirek itibar beredi hám bizdi esitiwimiz kerek bolǵan nárseni aytıw ushın jetkilikli dárejede súyedi.

Men hesh qashan qandayda bir xabardan bunshelli tolqınlanbaǵanman, sebebi bul haqıyqatlar maǵan tereń tásir etdi. Bul joybar negizinde onı Dóretkendi ańlawımızdı jáne de bekkemledi. Men ápiwayı ǵana Ustaz Óz xabarın jetkizgen ıdıspan. Men bul kitap arqalı Ol etken barlıq jumısları ushın Oǵan barlıq dańq hám ataqtı beriwge umtılaman. Bul siziń ómirińizde

muxaddes jalındı úrlesin hám siz hesh qashan burıńǵıday bolmań. Bul sayaxattı baslaǵanımızda, keliń, ibadat eteyik:

> Áke, Iysa atı menen, men bul kitaptı oqıp atırǵanımda, Sennen Ruwxıń arqalı jeke meniń menen sóylesiwińdi sorayman. Men haqıyqatlıqtan qorıqpayman. Men onı qáleymen. Onı qabıl eter ekenmen, muxaddes jalınıńdı júregimde jaǵıp jiber. Onıń kúshi meni qamtıp alsın, Sen jaqsı kórgen nárseni súyiwge hám Sen jek kóretuǵın nárselerdi jek kóriwime úndesin. Oqıǵanım sayın, Iysanı burıńǵıdan da anıqlaw kóriw ushın kózlerimdi ash. Men Onıń ayan etilgen Qudaydıń Sózi hám Haqıyqat ekenligin tán alaman. Bul kitaptaǵı Sózleriń arqalı ómirimdi ózgertkeniń ushın aldınnan Saǵan minnetdarshılıq bildiremen. Awmiyin.

1-BAP

# UMÍTÍLMAS KESH

***Quday Óz xalqın ilgeri hesh qashan bolmaǵan dárejede kúshli, janıp turǵan qushtarlıq penen jandıradı.***

Bul Arqa Karolina shtatınıń Fayetvill qalasındaǵı "Covenant Love Family Church" jámáátinde bolıp ótken bir qatar ushırasıwlardıń tórtinshi hám sońǵısı edi. Bul olar menen birinshi ret gezlesiwim emes edi, sebebi men bul jámáátte ilgeri bir neshe márte xızmet etkenmen. Ushırasıwlar mudamı Qudayǵa bolǵan anıq shóllew hám muhabbat sebepli ájayıp nátiyje berdi.

Kesh bolǵan edi, ádettegi xızmet ótkeriliwi kerek bolǵan waqıttan biraz ótip ketken edi. Soǵan qaramay, men tamamlawǵa ekilener edim; men gúrestiń arasında edim. Sóz anıq hám qısqa edi hám adamlar jigerlenip esitti. Biraq men ishimde bir kemshilik sezindim. Ádette, ásirese, bunday qabıl etiwshi jámáát penen bir qatar xızmetlerdi qanaatlanıwshılıq sezimi menen juwmaqlay alatuǵın edim. Sol keshe hámmesi basqasha edi.

Bul gúreske qosımsha etip, men Fayetvillga ushıp ketip baratırǵanda, Muxaddes Ruwxtıń júregime: "Bul ushırasıw siz bul

jámáátte bastan keshirgen eń qúdiretli ushırasıw boladı" – dep sıbırlaǵan sózlerin esiteberdim.

Men bul jámáátke jıllar dawamında jeti yamasa segiz ret barǵan edim jáne onı ómirimdi ózgertiriwshi ushırasıwlar dizimine kirgiziwden ekilenbes edim. Samolyotta oylaǵanımdı esleymen: Bul júdá kóp nárseni ańlatadı.

Saxnada turǵanımda, hayran qaldım. Bul ushırasıw eń kúshlisi emes edi. Olardı aldıńǵı xızmetlerdegi dıqqatqa sazawar háreketler hám gúwalıqlar menen salıstırmaw men ushın qıyın edi. Men ishimde shaǵım qılıw ǵulǵulasına qarsı gúrestim, biraq aldımdaǵı Xızmetke dıqqatımdı jıynawım kerekligin biletuǵın edim. Men Qudaydı esitiwge júdá mútáj edim.

Qudaydıń húziri adamlar ústinde júzip júrgendey kórindi. Tap Ol adamlar ústine kúshli hám qúdiretli tárizde túsiwdi qálegen sıyaqlı edi, biraq qanday da tárizde ózin tıyıp turar edi. Ol jer-bul jerde ayırım adamlar jıynalıp otırǵan edi, biraq men Quday bunnan da kóbirek nárseni qálewin biletuǵın edim. Eger aldıńǵı keshelerde de soǵan uqsas ortalıqtı sezgen bolsam da, aqırǵı túnde Jaratqan Iye bizdi ótken zamanda bolǵanı sıyaqlı, jigerlendiriwshi húziri menen ullılawına isener edim. Bunnan soń basqa xızmet bolmawı kerek edi. "Ol qálep turǵan bolsa da, nege bul adamlarǵa tiymey atır?" – men ózimnen sorayberdim.

## OL KÓRSETKEN AYAN

Keyin men Muxaddes Ruwxtıń tınısh, tınıq dawısın esittim. Ol maǵan xızmette tosıq bolǵanı sıyaqlı, bul qala jámáátlerinde de bir zat tosqınlıq islep atırǵanın kórsetdi. Bul jámáátlerdiń málim bir noqattan asıp ketiwine tosqınlıq etti. Buǵan eriskenlerinen keyin, olar bólinip ketti yamasa dinshil bolıp, nátiyjesiz bolıp qaldı.

Men bunı adamlar menen bólisiwim menen dárriw, shopan ornınan turıp, bunı tastıyıqladı. Ol qala boyınsha házirgi hám

tariyxıy izertlewler alıp barǵan jáne bul statistikalıq tárepten tuwrı ekenligin tastıyıqlaǵan edi. Ol sóylep atırǵanda men taǵı Muxaddes Ruwxtıń dawısın esittim. Ol bul tosıqtı qanday joq etiw múmkinligin túsindirdi. Shopan gápin tamamlaǵannan keyin, mikrofondı maǵan qaytarıp berdi. Men: "Tuwısqanlar, Quday maǵan qırıq kúnlik oraza bul tosıqtı joq etiwin kórsetti", dedim.

Men adamlardıń pikirlerin derlik esite aldım: qırıq kún awqatsız júriw kerek pe?!

Men dawam ettim: "Bul, álbette, awqat orazası emes hám itimal, bul awqattan pútkilley tıyılıw emes. Bul sizdi Jaratqan Iyeni izlewden toqtatatuǵın álleqanday nárse bolıwı múmkin. Bul televizor, videolar, kompyuter oyınları, gazetalar, dúkán aralawǵa berilip ketiw hám telefon sóylesiwler hám basqalar bolıwı múmkin".

Bul haqıyqıy oraza. Biz Qudaydan esitiw ushın kóbinese ashlıq játhe riyalaymız, biraq bánt, shalǵıǵan turmısımızdı dawam etemiz. Bul oraza emes; sol sebepli biz júdá kem payda alamız. Haqıyqıy oraza, biz Qudaydı jáne de dıqqat menen izlew maqsetinde tıyılǵanımızda júz beredi.

Izrail perzentleri awqattan tıyılıp, Jaratqan Iyeden: "Olar: "Bizler oraza tuttıq, Sen nege kórmediń? Ózimizdi boysındırdıq, Nege itibar bermediń?" – deydi. Mine, sizler oraza tutqan kúnińizdiń ózinde, Qálegenińizdi qılıp, Jumısshılarıńızdı ezesiz. Mine, oraza tutıp atırıp daw-jánjel qılasız, Zorlıq penen mush kóteresiz. Búgingidey oraza menen, Dawısıńızdı joqarıǵa esittire almaysız" (Iyshaya 58: 3-4 KAAB'22L).

Men mikrofondı shopanǵa qaytardım hám ol tezlik penen oraza tutıwǵa ózin baǵıshladı hám barlıq adamlardan da solay islewin iltimas etti. Olar Qudaydı izlew ushın júreklerin birlestirdi.

Ertesi kúni qırıq kúnnen keyingi ekshembi meniń kún tártibimde ashıq ekenligin ańlap jettim. Men bunı shopanǵa ayttım hám ol: "Siziń bul jerde bolıwıńızdı júdá qáler edim", dep juwap berdi.

Keyingi hápteler dawamında biz baylanısta boldıq. Oraza tutqan shańaraqlardan álleqashan tań qalarlıq gúwalıqlar kele basladı. Ilgeri mektepte qıynalǵan oqıwshılardıń 3 hám 2 bahaları 5 hám 4 bahalarına kóterildi. Balalar hám óspirimlerde túsimpazlıq hám húrmettiń artıwı haqqında xabarlar bar edi. Dúnyalıq jumıslar hám shınıǵıwlar óz dárejesin hám tartımlılıǵın joǵaltıp atırǵanǵa uqsar edi. Hayallar kúyewleriniń "jurttıń bayları"na uqsap atırǵanlıǵı haqqında tolqınlanıp aytıp berdi. Ákeler Muxaddes Kitap izertlewlerin alıp bardı hám shańaraqları menen ibadat qıldı. Qarım-qatnasıqlar táwir bolıp, basqalar bolsa denede shıpa tawıp atır edi. Adamlar Qudayǵa jaqınlasqan sayın shańaraqlar ózgerip barar edi.

Men sonıń menen birge, shopannan Qudaydıń patshalıǵına bir neshe jańa adamlar kirip keliwi menen olardıń xızmetleri barǵan sayın kúsheyip baratırǵanın bilip aldım. Derlik barlıq tarawlar bul jámááttiń Jaratqan Iyeniń sózine qulaq salıwǵa boysınıwı nátiyjesinde tásir kórsetti.

## Umitilmas kún

Altı ekshembiden keyin, 1996-jıl 3-noyabrde, men Jámáátke xızmet etiw ushın qaytıp keldim. Bul men hesh qashan umıtpaytuǵın kún boldı. Azanǵı xızmet ushın ibadat zalına kirgenimnen-aq, átirap úmit penen tolǵanın bayqadım. Qudaydıń Sózinen bólisken xabarım júrek hám ruwx penen kútip alındı.

Xızmet aqırında shopan adamlardı sol kúni keshte erte keliwge hám kewillerin ibadatqa tayarlawǵa shaqırdı. Sonıń menen birge, ol ata-analarǵa balalar xızmeti sol kúni keshte tiykarǵı xızmetke qosılıwın ayttı; ol altı jastan kishi balalardan tısqarı, barlıq jas toparları bul xızmet ushın birge bolıwın qáledi. Men onı ilgeri hesh qashan bunday islegenin kórmegen edim. Ol ata-analarǵa: "Eger siz yamasa balalarıńız bul xızmetti ótkerip jiberseńiz,

ómirińizdiń aqırına deyin pushayman jeysiz", dep eskertti. Onıń bul gápi meni hayran qaldırdı hám azıraq tınıshsızlandırdı, biraq men hesh nárse demewge qarar ettim hám bunıń ushın keyinshelik quwandım.

Sol kúni keshte auditoriya derlik 1300 adam menen tolǵan edi. Men Qudaydan qorqıw haqqında tálim berdim, sóz shama menen saat 21:00 de tawsıldı. Sóz sonshelli qızǵın edi, men toqtap qalǵanımda, hátte barlıq jas balalar qatnasqan bolsa da, auditoriyada shıbınnıń ızıldısın esitiwińiz múmkin edi.

Sóz aqırında alǵıs-maqtaw lideri hám men adamlardı bir neshe alǵıs-maqtaw qosıqları menen ruwxlandırdıq. Keyin Qudaydıń Ruwxı sıbırlaǵanın esittim: "Men adamlarǵa tiyiniwdi qáleymen. Iltimas, maǵan ruqsat beriń".

Biz alǵıs-maqtaw aytıp atırǵan bolsaq ta, bul Ol bizden házir bunı kútip atırmaǵanlıǵın ańlap jettim. Men adamlardı eskerttim: "Jaratqan Iye házir ǵana júregime sóyledi. Ol bizge tiyinbekshi, sol sebepli tınıshlanayıq hám Oǵan itibar qaratayıq".

Keyingi on minut yamasa odan da kóbirek waqıt dawamında Jaratqan Iyeniń húzirinde túrli adamlardıń únsiz jılap atırǵanı esitilip turdı. Bir qaraǵanda halat altı hápte aldınǵı xızmettegi menen birdey kóriner edi, biraq men bir zat basqasha ekenligin hám házir júz beriw aldında turǵanın biletuǵın edim.

Shama menen saat 21:15 te tınısh ortalıq kútilmegende ózgerdi. Imarattıń arqa tárepinen bálent dawısta qıshqırıwlar esitildi. Olardı jas balalardıń dawısı ekenin ańsat anıqlaw múmkin edi. Jeti jastan on eki jasqa deyingi shama menen 150 bala auditoriyanıń arqa ońqol tárepinde oqıtıwshıları menen otır edi. Men Quday olarǵa tiyinip atırǵanın biletuǵın edim. Men olardı: "Balalar, Quday balalarǵa tiyinip atır. Quday tiyinip atırǵan barlıq balalar saxna aldına túsiwin qáleymen", – dep aldıǵa mirát ettim.

Kórgenlerimdi hesh qashan umıtpayman. Geyparalarıńız men

aytıp atırǵan zat azmaz hádden tıs dep oylawıńız múmkin hám eger men bunı 1200 basqa gúwalar menen birge kórmegenimde, men de buǵan qosılar edim. Ashıǵı, Quday sol keshte qılǵan jumıstıń kólemin súwretlep bergenimde, men bunı tolıq jetkizip bere almayman, biraq urınıp kóremen. Sonı aytıp ótiw kerek, bul biraz saldamlı hám ózin tártipli tutatuǵın jámáát edi. Bul jámáát aǵzalarınıń kópshiligi ibadat waqtında sezimlerin kóz-kóz qılmawǵa ádetlengen, qalǵanları bolsa ulıwma jámáát ortalıǵında úlkeymegen, biraq usı jámáátte iymanǵa kelgen edi. Shopan Qudaydıń sózin sheberlik penen úyretetuǵın insan bolıp, ol artıqsha keskinlikti, dábdebeni hám bórttiriwdi jaqtırmaydı.

Men tiykarınan jeti jastan toǵız jasqa deyingi balalardıń qatarlar arasınan maǵan qaray kiyatırǵanın, biyıxtıyar jılap atırǵanın kórdim. Kópshilik betlerin qolı menen bekitti. Basqalar bolsa tuwrı júriwge qıynaldı. Saxna átirapına jetip kelgeninde, geyparaları tik turıwǵa kúshi jetpegen sebepli dizerledi, biraq kóbisi tap dizeleri pútkilley bosasıp ketkendey birden jıǵılıp tusti. Olar hár tárepke jıǵılıp tústi, ayırımları bolsa bir-biriniń ústine jıǵıldı. Olarǵa járdemge kelgen jámáát xızmetshileriniń kózlerinde jas aylanıp tur edi. Bir neshe minut ishinde men derlik júzge jaqın kishkene balalardıń jılap, kóz jaz tókkenin kórdim hámde olardıń kópshiligi bolsa qattı dirildep tur edi. Olar Jaratqan Iyeniń ashılǵan húziri menen pútkilley qamrap alınǵan edi.

Bul eki-úsh minut emes, bálkim bir saattan kóbirek dawam etti! Siz sonsha kóp balalardıń jılawı hám nala qılıwın esitiw mıydı ashıtıp jiberedi dep oylawıńız múmkin, biraq bul ájayıp edi. Quday balalarda ne islep atırǵanın tamasha qılǵanda, úlkenlerdiń kóbisiniń kózleri jasqa toldı. Usınıń menen birge, olardıń ózleri de Qudaydıń qúdiretli húzirinen qattı tásirlenip atırǵan edi. Tap Qudaydıń húziriniń bir tolqını kelip, onın izinen bolsa onnan da kúshlirek basqası kelip urılıp atirǵan sıyaqlı edi.

Balalar endi basqa jılay almaytınday, qıshqıra almaytınday hámde qaltıramaytınday túyilgen waqıtta, Qudaydıń húziriniń jáne bir tolqını kelip, tásir kúshin jáne bir dáreje joqarıǵa kóterer edi. Arasında Qudaydıń húziri sonshelli awır hám salmaqlı seziler edi, men tek basımdı iyip minberge qoya alar edim.

Men kóbi menen jeti jaslar átirapındaǵı bir qızalaqtıń qollarıń tap janıp atırǵanday tınbay silkitip burap turǵanın kórdim. Ol bálent dawıs penen jılap, aspanǵa qaraǵan júzi kóz jasları menen juwılıp tur edi. Bul balalarda Qudaydıń húziri sonshelli kúshli seziler edi, jámáát xızmetkerleri olarǵa dáslep járdem bergeninen keyin basqa tiymedi. Olar tek ǵana turıp gúzetti hám kóz jas tókti.

Bir neshe eresek adamlar et betinen jerge jatar, dım qıymıldamas edi. Basqaları bolsa kóz jastan móldiregen kózleri menen tań qalısıp gúzeter edi. Bir neshe márte artıma qaradım hám shopan júzin qolı menen bekitip jılap atırǵanıń kórdim. Onıń hayali xor bólmesinde kóz jasqa shomılıp, ózin joytqan edi.

Keyinirek shopan usı waqıttı óz kózqarasınan súwretlep xat jazdı. Onıń gúwalıǵı uqsas bolsa da, men bunı basqa kózqaras retinde zárúrli dep bildim.

1996-jıl 3-noyabr, ekshembi, men hesh qashan umıtpaytuǵın kún boldı. Menińshe, Quday jer júzinde ne qılajaq ekenligin aldınan aytıp berdi. Jon Jaratqan Iyeden qorqıw haqqında keshki xızmette xızmet etti, keyin sonday dedi: “Biz Iysa Masiyxqa turmısımızdıń hár bir salasında Iyemiz bolıwına jol qoyıwımız kerek hám endi biz Oǵan Iyemiz retinde tolıq táslim bolıwımız kerek”.

Biz qısqa waqıt ibadat ettik, keyin Jon: “Menházir bul orında Muxaddes Ruwxtıń háreketleniwin sezip atırman”, dedi. Sol payıt men balalar, jaslar hám úlkenlerdiń jılaǵanın esittim. Úlkenler saxna aldına jılap-eńirep kele basladı. Keyin Jon: “Quday balalarǵa tiyinip atır, balalar Jaratqan Iye tárepinen kúshli tásir aladı”, dedi. Keyin ol Qudaydıń húzirinen tásirlenip atırǵan balalardı keliwge shaqırdı.

Men balalardıń qurbanlıq orınǵa júgirip, jılap baratırǵanın kórdim: olar arasında ullarım [3] hám qızım da bar edi, hámme jerde balalar et betinen jıǵılıp hám dizerlew menen Iysaǵa jalbarınıp, qattı dawıslap aq urar edi. Geyparalar Qudaydıń jalını olardıń arasında háreketlengen waqtında qolın qattı silkitip, qattı qıshqırıstı. Derlik júzge jaqın bala aldımda toplanıp ketti, sol waqıtta Qudaydıń Ruwxınıń tolqınları bolsa pútkil ibadatxana boylap gezip júrer edi. Men balalardıń izbe-iz jıǵılıp, bir-biriniń ústine túsip atırǵanın kórdim; biraq, olarǵa hesh kim tiymegen edi. Olar domino taslarına uqsaytuǵın edi. Bir yarım saat dawamında (bir saat on bes minut edi, biraq men onıń jazǵanların ózgertiwdi qálemedim), Qudaydıń húziri bizdi pútkilley qamrap aldı. Xızmet aqırında ata-analar hám balalar Quday olardıń júreklerin birlestirgendey qushaqlasıp jılastı.

On jaslı bir bala bizge jerde jatqanında, tóbeden jaqtı aq nurlar túsip, hámmege jawıp atırǵanın kórgenin ayttı. Adamlar arasındaǵı hám xordaǵı bir neshe úlkenler de tap sol nárseni tákirarladı. Hesh kim saat 23:00 ge shekem xızmetti tárk etpedi. Balalar ele de jılap atırǵanında alıp ketildi.

Men ele de ózgergen shańaraqlar haqqında xabarlar alıp turman; balalar gúwalıq berip atır, boysınıp atır hám taǵı basqa. Shopan retinde men shın kewilden ayta alaman, meniń úyim de, balalarım da ózgergen.

Doktor Al Brays, Arqa Karolina
shtatı, Fayetteville qalasındaǵı
"Covenant Love Family Church"
jámáátiniń bas shopanı.

Tóbeden túsip atırǵan aq nurdıń jaqtıların kórgen jigittiń xabarı meniń itibarımdı tarttı. Xabaqquq kitabında biz mınalardı oqıymız:

Jaratqan Iye, dańqıńdı esittim, Seniń islegen islerińe tań
qaldım, Biziń zamanımızda da sonday islerdi jáne isle,
o, Jaratqan Iye, Endi hámmege málim bolsın neler isley
alatuǵınıń. Miyrim-shápáátińdi umıtpa ǵázeplengenińde!
Quday járdemge keledi Temannan, Muxaddes Quday keler
Paran tawınan. Onıń ullılıǵı qaplaydı aspandı, Oǵan arnalǵan
alǵıs-maqtawlar dúnyanı toltıradı. Onıń nurı jıldırımday
jarqırar, Nur shashılar Onıń qollarınan, Kúsh-qúdireti
qollarında jasırınǵandur (Xab. 3:2-4 KAAB’22L).

Isenimim kámil, bul jigit Xabaqquqtıń bul sıyaqlı zatlardı kóp waqıt aldın jazǵanın bilmegen. Biz kózlerimiz benen Ioel boljaǵan zatqa gúwa boldıq: “Sonnan keyin, barlıq adamlardıń ústine, Óz Ruwxımdı jawdıraman. Ul hám qızlarıńız payǵambarshılıq qıladı, … jaslarıńız ayanlar kóredi” (Ioel. 2:28 KAAB’22L). On jaslı bala ózi bilmegen halda Muxaddes Kitapta súwretlengen soǵan uqsas ayandı súwretlep berip atırǵan edi.

Basqa bir bala mártlik penen: “Anajan, oraza tamamlanbadı”, dep járiyaladı. Onıń sózleri tekǵana boljawlı, bálki kóplegen basqa adamlardıń qálew-tileklerin de ańlatqan. Bul jaslar tiri Qudaydıń húzirin bastan keshirgen hám olardıń turmısları ózgergen. Olar toqtamastan, alǵa umtılıwdı qáleydi.

Sol keshten keyin shopannıń hayalı Quday oǵan biz benen ne júz bergenligi haqqında ashıp bergen Qudaydıń sózi menen bólisti:

> Sol sebepli házir de, dep aytadı Jaratqan Iye, pútkil júregińiz benen, oraza tutıp, jalbarınıp hám kóz jas tógip Maǵan qaytıńlar hám hár bir tosıq alıp taslanǵanǵa hám buzılǵan qarım-qatnas qayta tiklengenǵe shekem Maǵan kele berińler. Kiyimlerińizdi emes, júreklerińizdi jırtıńlar (Ioel. 2:12-13 Kúsheytilgen awdarma).

Ol bul ayatlardı oqıp atırǵanda, júregim janıp ketti. “Maǵan

qaytıń" sóz dizbegi sol jámááttiń niyetin ańlatar edi. Adamlar Onıń júregin izlewge qarar etken edi. Olar artqa sheginbes edi.

Quday bizge kiyimlerimizdi emes, bálki júregimizdi jırtıwdı buyıradı. Men sırtqı kórinisinen hámme zatqa iye bolıp kórinetuǵın, biraq bul jámáát sıyaqlı Qudaydıń júregine tiymeytuǵın iymanlılar hám jámáátlerdi kórdim. Sebebi ne? Olar oraza tutıwları, ibadat ushırasıwların ótkeriwleri hám sırtqı zawıqlardan tıyılıwları múmkin, bul bolsa olardı sırtqı "lipas" jaǵınan jaqsı kóriniske alıp keledi, biraq ishkeride olar qaysar júreklerdi jasıradı. Olar ele de basqalarǵa xızmet etiw ushın emes, bálki óz maqsetleri ushın jasaydılar. Quday Masiyxıylıqtıń sırtqı kórinisinen kóre ishki boysınıwshılıǵınan kóbirek tásirlenedi. Ioel bılay dawam etedi:

> Sionda kárnay shertiń, Oraza ushın kún belgileń, Sol kúni saltanatlı jıynalıs járiyalań. Jıynań xalıqtı, Pákleń jámiyetti, Qartayǵanlardı bir jerge shaqırıń, Balalardı, hátteki emiziwli bópelerdi alıp keliń. Jáne de, kúyew óz bólmesinen shıqsın, Kelinshek shımıldıqtan shıǵıp kelsin (Ioel 2:15-16 KAAB'22L).

Ol oqıwdı dawam ettirer eken, júregimdegi jalın jáne de kúsheydi. Ol jaǵdayda Quday qırıq kún aldın bul jámáátke qanday kórsetpe bergeni anıq súwretlengen. Boljawlı sóz járiyalanǵanda, hámme Qudaydı izlewi kerek edi. Basshılardan tartıp balalarǵa shekem hesh kim bunnan tısqarı emes edi. Ol dawam etip, oqıdı:

> Sonnan keyin, barlıq adamlardıń ústine, Óz Ruwxımdı jawdıraman. Ul hám qızlarıńız payǵambarshılıq qıladı, Qartayǵan adamlarıńız túsler, Jaslarıńız ayanlar kóredi. Óz Ruwxımdı jawdıraman sol kúnlerde, Hátteki qul hám shorılardıń ústine (Ioel 2:28-29 KAAB'22L).

Men bul ayatqa bir neshe márte múrájáát qılınǵanın esitkenmen. Haqıyqattan da, men birinshi ret qutqarılǵanımnan

berli, Ioel 2:28-29 ayatları iymanlılar hám shopanlar tárepinen tez-tez tilge alınadı. Ul-qızlar boljawları, ayanlar kóriwi hám Muxaddes Ruwxtıń ullı ájáyıbatları hám belgileri haqqında kóp aytıladı, biraq dodalawlar hám wazlarda kóbinshe "sonnan keyin" degen sóz itibardan shette qaladı. Eger keyin qanday da bir zat júz beriwi boljalǵan bolsa, ol jaǵdayda odan aldın zárúrli bir zat júz beriwi kerek: jámááttiń shaqırıwǵa juwabı, Qudayǵa jaqınlasıw arqalı.

Biz Qudayǵa jaqınlasqanımızda, Ol qudiretli tárizde juwap beredi. Ol shaqırǵanda biz jaqınlasıwımız kerek. Taǵı bir zárúrli element – bul waqıt. Kóplegen iymanlılar bunı bosqa sawıp jiberedi. Men isenemen, siz bul kitaptı oqır ekensiz, sol nárseni túsinesiz: iymanlılar hár qanday waqıtta ibadat hám Jaratqan Iye menen sáwbetlesiw arqalı Oǵan keliwge ashıq shaqırıqqa iye bolsa da, sonday payıtlar hám máwritler boladı, sol waqıtlarda Ol bizdi anıq maqsetler ushın shaqıradı. Bunday payıtları waqıt júdá sheshiwshi bolıp qaladı, óytkeni eger biz juwap bermesek, Ol bizge bermekshi bolǵan bereketti qoldan shıǵaramız.

Bunday waqıtlarda dıqqat orayımızda óz erkimiz yamasa qálewimizden kóre Qudayǵa boysınıwshılıq turıwı kerek. Quday qurbanlıqtan kóre boysınıwshılıqtan kóbirek razı boladı. Men úzliksiz túrde oraza tutatuǵın hám kúni-túni ibadat etetuǵın jámáátlerdi kórdim, aziz tuwısqanlar bolsa aylanba ibadat qılıw ushın uyqıdan waz keshetuǵın edi. Biraq bul Onıń qúdireti hám húzirin kepillemeydi. Men bul jámáátlerde men jazǵan jámáátte aǵıl-degil bolǵan nárseniń joq ekenligin júdá tez-tez kórgenmen. Olarda forma bar edi; olarda tek ǵana jalınlı júrek joq edi.

Insanlar ómirinde de tap sonday. Men oraza tutatuǵın hám diniy ibadat etetuǵın kóp adamlardı kórdim, biraq olarda Quday haqqındaǵı erkinlik, kúsh hám tereń bilim joq, men basqalarda kórgenimdey, olar derlik kóp nárseni qurban qılmaǵan, bálkim Qudaydıń Ruwxınıń basshılıǵına juwap bergen.

Jámáát Qudaydıń shaqırıwshı dawısına qulaq saldı. Keyingi bir yarım jıl ishinde olar eki ese kóbeydi. Tiykarınan, olar sol keshe ushrasqan auditoriyanı qurıwdı tamamlaǵan edi hám altı ay ishinde olar úlkenlew ibadat ornı ushın jáne bir qurılıs programmasın baslawları kerek edi.

Keyin men hám shopan bir neshe ay dawamında tez-tez sáwbetlestik. Ol: “Jon, biziń ekshembi kúni azanǵı saat 10:00 de baslanatuǵın ekinshi xızmetimiz endi tústen keyin saat eki menen úsh aralıǵında tamamlanıp atır”, dedi. Bir ekshembi kúni ol qońıraw etip, adamlarǵa: “Iltimas, uylerińizge barıńlar”, dep aytıwǵa májbúr bolǵanın ayttı. Onıń sózlerine kóre, olar ketiwdi qálemey, bir orında oǵan jaysha qarap turar edi.

Quday Óz wádesin orınladı. Bul ushırasıwlar, biz bastan keshirgen eń kúshli ushırasıwlar edi. Bizler Onıń Ruwxı menen birlesip, Onıń yetegine eriwimiz sebepli Ol Óz erkin ámelge asırdı. Úsh jıl ótti, biraq shopan ele de sol xızmet nátiyjeleri haqqında xabarlar almaqta. Miywesi saqlanıp qaldı. Sonnan berli men onda bir neshe márte xızmet isledim hám tek Qudayǵa bolǵan ıqlas hám anıq sho’llewdin’ artqanın kórdim.

## Aqirettiń dámin tatiw

Bir jıl aldın, men Malayziyanıń Kuala-Lumpur qalasında, mámlekettegi eń úlken Bibliya mektebinde bir háptelik xızmetke qatnasıp atır edim. Segizinshi xızmetimizde júdá uqsas waqıya boldı, biraq bul sapar tek bes-on minut dawam etti. Qudaydıń Ruwxı studentler hám basqa kóplegen qatnasıwshılarǵa tústi. Bul men hesh qashan umıtpaytuǵın taǵı bir ushırasıw. Xızmetten keyingi kúni azanda ibadat etip atırǵanımda, Quday maǵan bılay dedi: “Keshe kórgen zatıńızdı keyinshelik hámme jerde kóresiz, sebebi bul Meniń Ruwxımnıń jámáátte júz beretuǵın aqırǵı zaman háreketinen birewi”. Ol maǵan Óz Ruwxınıń bul

háreketi jámáátte shın muxaddeslik miywesin keltirip shıǵarıwın hám onı keyingi orımǵa tayarlawın kórsetti. Quday Óz xalqınıń júreginde biz ilgeri hesh qashan bilmegen dárejedegi kúshli, jalınlı qushtarlıqtı jaǵadı.

Men bul kitap sizge tosattan kelip qalǵan dep oylamayman; Quday onı siziń ishińizde Ózine qushtarlıq oyatıw hám aldında qılatuǵın islerine júregińizdi tayarlaw ushın jibergen, dep isenemen. Biz Onıń ekinshi keliwine tayarlanıwımız kerek. Elshi Yuxan mınaday dep jazǵan: "Shadlanıp, kewil kótereyik! Onı dańqqa bóleyik! Sebebi Qozınıń neke toyı baslanajaq, Onıń qalıńlıǵı ózin tayarladı" (Ayan 19:7 KAAB'22L).

Biz Masiyxtıń kelinshegimiz hám Onıń menen birlesiw ushın ózimizdi tayarlawda sheshiwshi rolge iyemiz. Men bul pikirdi taǵı bir márte aytpaqshıman: biz ózimizdi tayarlap qoyıwımız kerek. Bul ilahiy qosılıw bolıp tabıladı. Ol bulardıń barlıǵın biz ushın islemeydi! Bul biziń Onıń támiynatına bolǵan juwabımız bolıp tabıladı. Ol inayat beredi hám biz jalındı qabıl etemiz. Ol dúnya tárepinen bılǵanǵan hám nuqsanlı jámáát ushın qaytıp kelmeydi. Ol júregi anıq muxaddeslik penen jalınlanǵan sap kelin ushın qaytıp keledi.

2-BAP

# QUTQARÍLÍWDÍŃ MAQSETI

***Álemdi hám ondaǵı hámme nárseni jaratqan Quday bizde hám aramızda jasaw niyetin bildiredi.***

Men kóp ret basshılardıń Qudaydıń húziri menen bolǵan ushırasıwın súwretlewde – ol aldıńǵı bapta bayan etilgen jámáát xızmetindegidey ulıwmalıq yaki jeke bolıwına qaramastan "ushırasıw" sózin isletkenin esitkenmen. Jaratqan Iyeniń qálewi waqtınsha kelip-ketiw emes, Ol bizdi Ózine turaqlı mákan etiwdi qáleydi. Bul jaǵdaydı tómendegishe súwretlew múmkin: Meniń jaqsı dos qońsılaslarım bar hám men olar menen waqıt ótkeriw ushın kóp ret olardıń úylerine barǵanman. Biraq ushırasıw tamam bolǵannan keyin, men óz úyime, yaǵnıy meniń mákanıma qaytaman. Jaratqan Iyemizdiń iymanlılarǵa bergen eń ullı wádelerinen biri bul:

> Men olar arasında jasap,
> Olar arasında júretuǵın bolaman".
> "Men olardıń Qudayı bolaman,
> Olar Meniń xalqım boladı (2-Kor 6:16 KAAB'22L).

Qanshelli ullı sóz! Álemdi hám ondağı hámme nárseni jaratqan Quday biziń ishimizde hám aramızda jasaw niyetin bildiredi. Bul wádege muwapıq, Pavel biz, “Masiyx penen qatnasta bolǵan sizler de Qudaydıń Muxaddes Ruwxı arqalı jasaytuǵın mákan bolıwıńız ushın, hámmeńiz birlikte quralıp barasızlar”. dep jazadı (Efs 2:22 KAAB’22L). Bular Onıń bizge bergen wádeleri. Biraq, Muxaddes Kitaptaǵı hár bir wáde shártli hám eger shárt orınlanbasa, wáde Qudaydıń opasızlıǵı sebepli emes, bálkim biziń ózimiz tárepimizden óz kúshin joytadı. Quday hesh qashan ótirik sóylemeydi. Biraq, adamzat onıń sózin itibarsız qaldırsa yaki onı burmalasa, sol Sózdiń wádesi óz ómirinde islemey qalıwına ózi sebepshi bolıwı múmkin (Mrk 7:13). Buǵan Qudaydıń bizde hám aramızda jasawı haqqındaǵı wádesi de kiredi.

Pavel bıylayınsha dawam etedi:

Sol sebepten Jaratqan Iye bılay deydi:
“Olardıń arasınan shıǵıp, bólekleniń.
Haram nársege qol tiygizbeń,
Sonda Men sizlerdi qabıl etemen (2-Kor 6:17 KAAB’22L).

Shárt sonda, biz dúnya sistemasınan shıǵamız. Eger biz bul shártke juwap bersek, Quday bizdi qabıllawın aytadı. Kerisinshe, eger biz shıqpasaq, Ol bizdi qabıl etpeydi. Ne ushın Ol bizdi qabıl etpeydi? Juwap beriw ushın biz Quday sap nur ekenligin hám Onda qaranǵılıqtıń heshqanday izi joq ekenligin túsiniwimiz kerek. Sap nur janında qaranǵılıq jasay almaydı.

Bul xattı úyrenip barar ekenbiz, Onıń nurı Onıń muxaddesligi haqqında sóylep atırǵanın kóremiz. Muxaddes Kitap Onıń muxaddeslikke iye ekenin emes, Onıń Ózi muxaddes ekenin aytadı (Lev. 19:2)! Dúnyanıń sisteması qaranǵılıq bolıp tabıladı hám qarańǵılıqqa tartılǵanlar nurda jasay almaydı. Quday mınaday deydi: “Ózlerińizdi Maǵan baǵıshlańlar hám muxaddes

bolıńlar. Men – Qudayıńız Jaratqan Iyemen” (Lev. 20:7 KAAB’22L). Ózimizdi ajıratıw dúnya menen qatnasıqlardan waz keshiw bolıp esaplanadı. Yaqıp bizge jańa kelisimde bunı anıq aytqan: “Háy, opasızlar! Dúnya menen dos bolıwdıń Qudayǵa dushpanlıq ekenin bilmeysizler me? Dúnyanıń dostı bolıwdı qálegen adam ózin Qudayǵa dushpan qıladı” (Yaqp 4:4 KAAB’22L).

Petr Qudaydıń pák adamlarǵa bolǵan tilegin tómendegishe aytıp otedi: “Kerisinshe, sizlerdi shaqırǵan Quday muxaddes bolǵanı sıyaqlı, sizler de hár bir is-háreketińizde muxaddes bolıńlar. Óytkeni bılay dep jazılǵan: “Muxaddes bolıń, óytkeni Men muxaddespen”” (1-Pet 1:15-16 KAAB’22L). Muxaddes bolıw ixtıyarıy nárse emes. Eger biz Onıń ózimizdi dúnya sistemasınan ajıratıw shártine qulaq salmasaq, Quday bizde hám biziń aramızda jasamaydı. Zamanagóy versiyada mınaday delingen:

> “Solay etip, buzıqlıq hám nahaqlıqtı tárk etińler; onı mańgi qaldırıp ketińler”, deydi Quday. “Sizdi pataslandırıwshılar menen baylanıs islemeńler. Men sizlerdiń hámmeńizdi Ózim ushın qáleymen” (2-Kor 6:17 “The Message” awdarması boyınsha).

Qudaydıń Ákemiz bolıwı, bizde hám aramızda jasawı haqqındaǵı wádeleriniń úlkenligi, Onıń olarǵa qoyatuǵın shártin dıqqat menen kórip shıǵıwımızdı jáne de áhmiyetli qıladı. Bul shárttiń qatańlıǵın esapqa alǵan halda, Pavel sonday dedi: “Solay etip, súyikli tuwısqanlarım, usınday wádelerge iye bolǵanımız sebepli, denemizdi hám ruwxımızdı iplaslaytuǵın hár bir nárseden ózlerimizdi tazalayıq. Qudaydan qorqıp jasap, minsiz muxaddeslikke jetilisip barayıq” (2-Kor 7:1 KAAB’22L).

Bul ayatlar sonshelli úlken mániske iye, olar haqqında kitaplar jazıw múmkin. Biraq kópshilik iymanlılardıń aytılǵanlardı túsiniwi sheklengen. Kópshilik bunı ulıwma túsinbeydi de, sebebi olar kontekstti túsinbeydi. Pavel Qudaydıń Eski Kelisimde Izrailǵa

aytqanların keltirmekte hám usınıń menen ol Jańa Kelisimde bizge salıstırǵanda Onıń tilekleri ózgermegenligin de xabarlap atır. Bul sózlerdi tuwrı ańlaw ushın, olardan aldın júz bergen jaǵdaylar hám waqıyalardı túsiniwimiz kerek. Eger biz bul kontekstti bilsek, bul sózler bizde Ol qálegendey ruwxıy tásirge iye boladı.

Sonday bir filmdi kóz aldımızǵa keltireyik, onda scenariy avtorları, rejissyor hám aktyorlar aqırındaǵı kulminatsiya saxnasına alıp baratuǵın syujetti puxta islep shıqqan bolsın. Sizdi usı noqatqa alıp keliw ushın júdá kóp waqıyalar júz bergen boladı, hámde sol kulminatsiyaǵa alıp kelgen barlıq dramatik procesler ishinen ótkenińizden keyin siz qattı tásirlenesiz. Eger siz aktyordıń áyne sol kulminacion gápin odan aldıngı barlıq dramanı kórmesten esitseńiz, bul sizge derlik hesh qanday tásir etpes edi.

Men bunı jaslıǵımda bastan keshirgenmen. Men apa-qarındaslarım hám ata-anam film tamasha qılıp atırǵan bólmemizge kirdim. Olar film waqıyasına sol dárejede berilip ketken edi, hesh kim olardı shalǵıtıwın qálemes edi. Olardıń kópshiligi meniń bólmege kirgenimdi sezbedi. Bas roldegi aktyor dramalıq gáp aytıp atırǵan waqıtta men ekranǵa qaradım. Apa-qarındaslarım jılay basladı. Biraq onıń gápleri men ushın onsha áhmiyetke iye emes edi. Men oyladım: “Bunıń nesine jılaydı?” Men ne bolıp atırǵanınan xabarsız edim; biraq onıń sózleri olardı hayran qaldırıp ketti hám tereń sezim-tuyǵılardı oyatdı.

Bul jerde de tap sol princip qollanıladı. Kóplegen iymanlılar Qudaydıń awızınan shıqqan bul kulminatsiya noqatındaǵı sózlerge kelip, olardı tuwrıdan-tuwrı oqıydı, sebebi olardan aldın kelgen dramanı túsinbeydiler. Quday bizge aytıp atırǵan gáplerdiń tásirin anıq seziw ushın biz bul bayanatlarǵa alıp kelgen syujet sızıǵın yamasa dramatik proceslerdi túsiniwimiz kerek. Bunı rawajlandırıw ushın bir neshe baplar kerek boladı. Baslaw ushın biz Shıǵıw kitabına múrájat qılıwımız kerek.

# Burilip barip kóreyin

Shıǵıw kitabı Ibrayımnıń áwladları tutqında bolǵanınan baslanadı. Olar Mısırda derlik tórt júz jıl jasaǵan edi. Olardıń jasawı qolay baslanǵan, biraq waqıt ótiwi menen olar qul bolıp, olarg'a ayawsız múnásibet jasaldı.

Evrey milletine tiyisli Muwsa ayawsız múnásibetten aman qaldı, ol gódekliginde faraonnıń úyine alıp kelingen hám onıń aqlıǵı retinde tárbiyalangan. Biraq, qırıq jasqa tolǵanında, Muwsa óz xalqına sadıqlıǵı sebepli faraonnıń ǵázebinen basqa elge qashıwǵa májbúr boladı.

Qırıq jıldan soń, ol shóldiń arqa tárepinde qayın atasınıń padaların baǵıp júrgende, Quday Ózin Muwsaǵa ayan etti. Ayan Xoreb, yaǵnıy Qudaydıń tawı dep atalatuǵın Sinay tawında júz berdi. Quday oǵan putanıń arasınan shıqqan jalın ishinde ayan boldı. Muwsa putanıń órt ishinde janıp turǵanın, biraq janıp ketpegenin kórip: ""Barıp, bul tań qalarlıq nárseni kóreyin. Puta nege janıp, joq bolıp ketpey tur eken?" – dep oyladı. Jaratqan Iye Muwsanıń qaraw ushın jaqınlap kiyatırǵanın kórgende, putanıń ishinen: – Muwsa, Muwsa! – dep shaqırdı" (Shıǵ 3:3-4 KAAB'22L).

Muwsa Jaratqan Iyeniń aldına jaqınlasıw ushın barmaǵansha ol menen Quday arasında hesh nárse júz bermedi. Quday Muwsanıń jeke jumısların tastap, jaqınlasıwǵa qarar etkenin kórip, Quday onı shaqırdı hám Óz sózi arqalı Muwsaǵa Ózin ashıp berdi. Eger Muwsa bunı dıqqatqa ilayiq bolmaǵan zat retinde itibarsız qaldırǵanında, Quday itimal ketip, oǵan hesh nárse dep aytpaǵan bolar edi. Jańa Kelisimde bizge "Qudayǵa jaqınlasıńlar, sonda Ol da sizlerge jaqınlasadı" (Yaqp 4:8 KAAB'22L) delingen.

Kim birinshi bolıp jaqınlasadı? Quday ma yaki biz be? Quday bizdi mehir menen ózine tartadı, biraq biz Qudayǵa birinshi bolıp barmaǵanımızsha Ol ózin ashıp beriw maqsetinde bizge jaqınlaspaydı. Bul usı kitaptıń tiykarǵı

aytpaqshı bolǵan sózi. Haqıyqattan da, bul biziń ilahiy táǵdirimizdiń orayı.

## Qudaydıń qutqarıwınıń maqseti

Quday Ózin Muwsaǵa ashıp berdi hám oǵan xalqın qoyıp jiberiw ushın sózlerin faraonǵa jetkeriwdi buyırdı. Faraonnıń qırsıqlıǵı hám kúshine qaramastan, Quday Ibrayım áwladların ájayıbatları, belgileri hám tań qalarlıq qúdiretli isleri menen qutqardı.

Izraildıń Mısır qullıǵınan azat bolıwı Jańa Kelisimdegi gúná qullıǵınan qutılıwımız benen baylanıslı. Mısır dúnyalıq sistemanıń bir kórinisi, Izrail bolsa jámááttiń tımsalı. Biz qayta tuwılǵanımızda, dúnyanıń zulım hám jábir sistemasınan azat boldıq.

Muwsa Izrail perzentleri azat bolǵannan keyin olar menen qay jerge ketip baratır edi? Men bul sorawdı jıyınlarda kópshilik aldında bergenimde, adamlar ádetde: "wáde etilgen elge", dep juwap beredi.

Biraq bul haqıyqat emes. Ol Xoreb tawına yaki Sinayǵa ketip baratır edi. Qudaydıń Muwsa arqalı faraonǵa aytqan sózleri mınaday edi: "Xalqımdı qoyıp jiberiń, óytkeni olar shólde Maǵan ibadat qılsın" (Shıǵ 7:16; 8:1, 20; 9:1, 13; 10:3). Qalayınsha Muwsa xalıqtı wáde beriwshi menen aldın ushırastırmay turıp, wáde etilgen jerge alıp kiriwi  múmkin? Jaratqan Iyemiz, Óz xalqı wáde qılınǵan elge Ózin tanımay turıp kirip barıwın qálemeytuǵın edi. Eger olar Qudaydı tanımay turıp wáde etilgen elge kirgeninde, sol eldi butparazlıq orınǵa aylandırıp qoyar edi.

Sońǵı jigirma bes jıl ishinde jámáátlerde kelip, iymanǵa kelgen júdá kóp adamlar menen sonday boldı. Adamlardı Oǵan tartıw ushın Qudaydıń xarakteri hám tábiyatı ornına Onıń wádeleri hám támiynatın jetkeriwge kúshli itibar berildi. Biziń wazlarımız

adamlardı ullı Qudayımızdı biliw hám Oǵan xızmet etiwge tartıw ornına, máńgilik qáwipsizlik wádesi menen birge keletuǵın jaqsıraq turmıs tárizine tartıp qoydı. Kópshilik xızmetkerler adamlarǵa jaǵatuǵın xabar jetkeriwge urınadı; biraq olar bizdi muxaddes Quday húzirinde turıw ushın zárúr bolǵan ózgerislerdi alıp keletuǵın kúshli, áshkaralawshı sózlerden waz keshedi.

Sinayda Quday menen ushırasıw Muwsanı ózgertirdi hám ol soǵan uqsas tájiriybe xalıq ushın áhmiyetli ekenligin biler edi. Eger ol janıp turǵan putada Jaratqan Iye menen ushıraspaǵanında, ol olardı qullıqtan óz eline alıp shıǵıw jolında háreket qılıp júrgen bolar edi, sebebi ol óziniń jaslıq jıllarında bunı etiwge háreket etken hámde sol sebepli faraonnan qashıwǵa májbúr bolǵan edi.

Búgingi kúnde kópshilik Qudaydıń ayanınan emes, wazshılardıń óz shaqırılıw seziminen kelip shıǵıp aytqan xabarları sebepli qutqarılmaqta. Eger ómirimizde shaqırıw bolsa, biraq Quday ózin bizge ashıp beriwi ushın bizdi sahrasınıń túpkirine alıp kiriwine jol qoymaǵan bolsaq, onda biz adamlardı Qudayǵa alıp keliw ushın emes, tek ǵana azatlıqtıń ózi ushın qutqarıwǵa umtılamız. Biz adamlardı tek ǵana qutqarılıwdıń ózi ushın emes, bálkim olardıń Jaratıwshısına keliwi ushın qutqarıwımız kerek.

Elshiler kitabında tómendegilerdi oqıwımız múmkin:

> Muwsa mısırlılardıń barlıq bilim tarawlarınan tálim alıp, sózinde de, isinde de kúshli boldı. Ol qırıq jasqa tolǵanda, onıń kewlinde óz tuwısqanları bolǵan izraillılardıń jaǵdayın barıp kóriw niyeti payda boldı. Olarǵa barǵanda bir mısırlınıń izraillını jábirlep atırǵanın kórip, onı jaqladı hám mısırlını óltirip, zulımlıq kórgen adam ushın ósh aldı. Ol: "Qudaydıń men arqalı ózlerin qutqaratuǵının tuwısqanlarım túsiner", – dep oylaǵan edi. Biraq olar túsinbedi (Elsh 7:22-25 KAAB'22L).

Muwsa azap-aqıretlerdi kórdi jáne onı jeńillestiriwdi qáledi. Ol sonıń menen birge, Qudaydıń xalqın qutqarıw ushın shaqırılǵanın biler edi. Ol bunı júreginen sezindi. Biraq Qudaydıń ayanısız ol olardı táǵdirlerine aparıwǵa tayın emes edi. Tuwrı maqsetsiz basshılıq ulıwma basshılıqsız bolıwdan kóre qáwiplirek bolıwı múmkin. Muwsa baslıq edi, onıń maqseti bar edi, biraq onıń maqseti tolıq emes edi. Qudaydıń ayanısız Muwsa olardı kóbi menen támiynat hám molshılıq eline alıp barıwı múmkin edi, biraq azatlıqtıń túp maqseti bolǵan Quday menen jaqın múnásibetke alıp bara almas edi. Sol sebepli Quday Muwsanıń qálbin ózi tárk etken dúnyanıń tásirinen tınıshlandırıw ushın onı sahranıń shet jerlerine alıp bardı. Shólde ol Qudaydıń ayanına qushtarlıq penen juwap bere alar edi. Bul tayarlıq oǵan: "Men endi jolımnan burılıp, Oǵan baraman hámde Onı kóremen ..." dep ayta alıwı ushın kerek edi.

Biz sonı ańlawımız kerek, "jaqsı" kóringen hár bir nárse de haqıyqıy xızmet emes. Qırıq jasında Muwsanıń óz xalqın azat kóriwdi qálewi jaqsı edi, biraq bul haqıyqıy xızmet emes edi. Hawa-ene jaqsılıq penen jamanlıqtı biliw tereginiń jaman tárepine emes, bálkim "jaqsı" tárepine aldandı. "Hayal terektiń miywesiniń jewge jaqsı hám kózge jaǵımlı ekenin kórip, onnan bilim alıwǵa bolatuǵınının bilgenlikten, háwesi keldi. Sonlıqtan ol miyweni úzip alıp jedi" (Jar 3:6 KAAB'22L). Ol Qudayǵa uqsas bolıwǵa azǵırıldı. Qudayǵa uqsap kórinetuǵın hám jaqsı kórinetuǵın, biraq Onıń minez-qulqı hám tábiyatına qarsı bolǵan kóp zatlar bar. Tek Onı tereń bilgenimizde ǵana, ne jaqsı ekenligin anıq ajrata alamız.

## Seni Ózime alıp keldim

Muwsa Qudaydıń xalqın Mısırdan alıp shıǵıp, olardı shólde Qudayǵa sıyınıwı ushın alıp ketti. Biraq olar tezlik penen Sinayǵa

bara almadı. On yamasa on bir kúnde ámelge asırılıwı múmkin bolǵan sayaxatqa úsh ay waqıt ketti. Ne ushın Quday bunday etti? Juwap ápiwayı hám Muwsa menen bolǵan jaǵdaydan parqı joq: Quday olarǵa Muwsa sıyaqlı Qudaydıń ayanın qabıllawları ushın júreklerin tınıshlandırıw ushın waqıt beriwdi qáledi.

Olar Sinay tawınıń etegine jetip kelgenlerinen keyin, Muwsa ondaǵı adamlardı qaldırıp, Qudaydıń húziri bolǵan orınǵa kóterildi. Sonda Jaratqan Iye onı tawdan shaqırıp bılay dedi: "– Yaqıp násiline, Izrail xalqına bılay de" (Shıǵ 19:3 KAAB'22L).

Qudaydıń Muwsaǵa aytqanların tolıq oqıwdan aldın, men sóz kimge qaratılǵanlıǵın atap kórsetiwim kerek. Bul tek Xorun jáne onıń ullarına emes edi. Bul tek Levi ullarına emes edi. Qudaydıń sózi pútkil Izrail xalqına edi. Bul Mısırdan qutqarılǵan hár bir kisi ushın, eń kishi qáwimler, shańaraqlar hám shaxslardan tartıp, eń úlkenlerine shekem edi.

Endi Qudaydıń sózin tıńlań: "Mısırlılarǵa ne islegenimdi hám palapanların qanatları menen tasıǵan búrkit sıyaqlı, sizlerdi janıma ákelgenimdi kórdińler" (Shıǵ 19: 4 KAAB'22L). "Sizlerdi janıma ákelgenim" sóz dizbegi siziń jaratılıw sebebińizdi tolıq ańlatadı! Quday sizdi dúnyaǵa alıp kelgen hám qutqarıw ushın kóp háreket etken, bug'an sebep sizdi Ózine alıp keliw edi!

Biz bul niyetti insaniyattıń basınan-aq kóremiz. Ne ushın Quday adamdı baǵqa jaylastırdı? Adam Ata dúnya boylap qutqarıw xızmeti ushın jaratılmaǵan. Ol baǵqa kópirler yamasa júdá bálent imaratlar qurıw ushın jaylastırılmaǵan. Joq, ol baǵda tiri Quday menen birgelikte júriw ushın jaylastırılǵan. Bul birlikten záwlim imaratlar da, xızmet te payda bolıwı múmkin, biraq bul insandı jaratıwdaǵı Qudaydın tiykarǵı maqseti emes.

Men iymanǵa kelgenimnen keyingi dáslepki jeti jıl ishinde dıqqattı Qudaydıń wádeleri hám támiynatına qaratatuǵın úlken jámáátke bardım hám onda isledim de. Bul xosh xabardı

dúnyaǵa jetkiziwge kúshli qushtarlıǵı bolǵan júdá evangelist jámáát edi, biraq ol jerde waz qılınǵan xosh xabar Qudaydı tanıwdıń ullılıǵınan kóre Aspan Patshalıǵınıń paydalarına kóbirek itibar berer edi. Bul jámáát xalıq aralıq kólemde ataqlı bolǵanı ushın, adamlar dúnyanıń túrli orınlarınan ol jerge keliw ushın sapar eter edi. Jetekshiniń basqalar iyman keltiriliwin kóriwge bolǵan ǵayratı átiraptaǵılarǵa da juǵar edi. Xalıq aralıq xızmetke baǵdarlanǵan bul jámáátte kóp adamlardıń xızmetke bolǵan kúshli qushtarlıǵı bar edi, men de, álbette, solardın biri edim.

Sol jámáát penen birge bolǵan dáslepki bir neshe jıllarımda men hár kúni azanda oyanıp, jumısqa barıwdan aldın bir yarım saatqa shekem ibadat qılar edim. Men Qudaydan joǵalǵan hám ólim aldında turǵan adamlarǵa jetip barıw hámde awırıwlarǵa shıpa beriw ushın meni isletiwin sorar edim. Men xalıqlar arasına barıp, jábirkeshlerge járdem beriw ushın Qudaydan júrekten soranar edim. Bir kúni azanda Jaratqan Iye júregime: “Jon, seniń ibadatlarıń tuwrı baǵdarda emes!” – degenin esitpegenimshe, tınımsız sorandım.

Ózime: “Bul Qudaydıń dawısı bolıwı múmkin emes. Bul dushpan bolıwı kerek”, dep oyladım. Soǵan qaramay, men bul Jaratqan Iyeniń dawısı ekenligin biletuǵın edim. Men hayran boldım: “Jaratqan Iyem, bunı maǵan qanday ayta alasız? Men adamlardıń iymanǵa keliwi, shıpalanıwı hám azat bolıwı ushın ibadat qılıp atırman. Bul siz qálegen zat!” Biraq Quday meniń sózlerimniń arjaǵın kórdi. Ol meniń Onıń haqıyqıy tábiyatı haqqında qanshelli kem bilgenimdi kórdi hám bularsız Ol adamlardı qullıqtan alıp shıǵıp atırǵan bolsam da, bunday xızmet aqır-aqıbet meni hám men úyretken kóp adamlardı jámáát sharayatında butparazlıqtıń jáne de tereń qullıǵına aparıwın biler edi.

Ol maǵan: “Jon, masiyxıylıqtıń maqseti xızmet emes. Siz jinlerdi aydawıńız, awırıwlardı shıpalawıńız hám adamlardı

iymanǵa aparıwıńız múmkin, biraq aqır-aqıbet dozaqqa túsiwińiz de múmkin", – dedi. Ol qosımsha etti: "Yaxuda Maǵan eriw ushın jumısın taslap ketti, awırıwlardı shıpaladı, ólilerdi tiriltti hám jinlerdi quwıp shıǵardı, biraq ol dozaqta". Bul sózler meniń júregimdi lárzege keltirdi.

Elshiler awırıwlardı shıpalaw, ólilerdi tiriltiw hám jinlerdi aydaw ushın kúsh salǵanında, Yaxuda da sol qatarǵa kirgenin este saqlawımız kerek (Mat 10:1-8).

Men dárriw: "Onda masixıylıqtıń maqseti ne?" dep soradım.

Ol tezlik penen: "Meni jaqınnan biliw!" dep juwap berdi. Keyin men Paveldiń "Onı biliwi" ushın hámme nárseni taslandıq dep aytqanın esime túsirdim (Fil 3:10 KAAB'22L).

Jaratqan Iye júregime tómendegishe sıbırladı: "Haqıyqıy xızmet mine usı jaqın qatnasıqlardan payda boladı". Dániyar bunı tómendegishe tastıyıqlaydı: "Al Qudayǵa sadıq qalǵanlar bolsa, bar kúshi menen oǵan qarsılıq kórsetedi" (Dan. 11:32 KAAB'22L).

Iysa "Eger soqırdı soqır jetelese, ekewi de shuqırǵa qulap túsedi" – deydi (Mat 15:14). Bul, áwele, Jaratqan Iyeni kóriw ushın kózlerin ashpastan adamlardı tutqınlıqtan shıǵarıwǵa umtılatuǵınlardıń barlıǵı ushın tuwrı keledi. Sol sebepli Pavel júreklerimizdiń kózleri Onı biliwde ashılıwı ushın shın júrekten duwa etken (Efs 1:18). Ómir bulaǵı Sende, Jaqtılıqtı kóremiz nurıń arqalı. (Zab 35:10). Ol ózin ashpasa biz soqırmız. Onı jaqınnan bilmegenlerdiń niyeti jaqsı bolıwı múmkin, biraq Qudaydıń ayanısız olar aqır-aqıbet basqalardı ózleri kirip baratırǵan shuqırǵa jeteleydi.

Bul men masiyxıylıqtı qabıl etken dáslepki jıllarda júz berdi. Shopan óz itibarın Bereket Beriwshiden kóre, kelisim bereketlerine kóbirek qarattı. Ol Qudaydıń kelisim wádelerine iseniw hám olarǵa ámel qılıw arqalı alınǵan júdá quramalı turmıs tárizin alıp bardı, biraq ol Qudaydıń húzirinen ayırılǵan edi hám qátelikke jol qoya

basladı. Aqır-aqıbet ol jámáát aldında turıp, balaların dúnyaǵa keltirgen hayalı menen endi jasawdı qálemeytuǵınlıǵın ayttı. Ol adamlarǵa eger olar razı bolmasa, ketiwi múmkinligin ayttı. Keyin ol jas, ǵayratlı hám dańqparaz xızmetker hayalǵa úylendi. Bul onıń ómiri ushın úlken duzaqqa aylandı. Onıń jámááti mıńlaǵan adamnan júzlegen adamǵa shekem kemeydi, kóplerdıń iyman kemesi shógip ketkendey apatshılıqqa ushıradı hám jámáátten shıǵıp ketti. Aqır-aqıbet ol taǵı ajırastı hám jámáát binasın qala administratsiyasına satıp jiberdi.

Muwsa óz ómirin ne ózgertirgenin biler edi: bul – tiri Quday menen ushırasıw hám Onıń menen jaqın qarım-qatnası edi. Ol xalıqtı qay jerge jetelewdi biler edi. Bul jol tuwrıdan-tuwrı wáde etilgen jemislerge emes, bálkim haqıyqıy qanaatlanıw bere alatuǵın jalǵız Qudayǵa qaray edi. Ol nege jaratılǵanın, óziniń ómiriniń maqsetin ańladı hámde Qudaydıń erkin tabıw zárúr ekenligin túsinip jetti. Onıń erki jarılqaw beretuǵın qollarında emes, bálkim Onıń sózlerin júzbe-júz tıńlaw arqalı ashıldı.

3-BAP

# MÍSÍRDÍ SHÍǴARÍP TASLAW

***Jámáát bolǵandaǵı biziń wazıypamız – sońǵı eki mıń jıldan beri Iyemizdiń qaytıp keliwine tayarlanıp, ózimizdi pák tutıw hám Oǵan baǵıshlanıwdan ibarat!***

Qudaydıń Izrail perzentlerin Mısır qullıǵınan azat qılıwdaǵı maqseti – olardıń arasında jasaw ushın olardı Ózine jaqınlastırıw edi. Biz bunı Onıń Muwsaǵa aytqan sózlerinde kóremiz: “Sonda arasında jasaw ushın, olardı Mısırdan shıǵarǵan Qudayı Jaratqan Iye Men ekenimdi olar bilip aladı” (Shıǵ 29:46 KAAB’22L). Yadta tutıń, ol tek ǵana waqıtsha kelip ketiwdi emes, bálkim turaqlı jasap qalıwdı qálegen edi.

Endi Jana Kelisimdegi Petrdiń sózlerine itibar qaratıń (olardı dıqqat penen oqıń): “Adamlar kereksiz dep taslaǵan, biraq Quday tárepinen tańlanǵan biybaha tiri tasqa – Iyemiz Iysaǵa kelińler. Sizler de tiri taslar sıyaqlısızlar. Sonlıqtan Quday sizlerdi ruwxıy Ibadatxana salıwda qollanıp, Iysa Masiyx arqalı Ózine unaytuǵın ruwxıy qurbanlıq beriwińiz ushın, muxaddes ruwxaniyler qılıp atır” (1 Pet 2:4-5 KAAB’22L). Quday Ózi ushın jasaw orın qáleydi

hám Petr bunı Onıń “ruwxıy úyi” dep ataydı. Bizler Qudaydıń Ózi jasawdı qálegen usı jaydıń tiri gerbishlerimiz.

Petr biziń Qudaydıń úyi sıpatındaǵı rolimizdi ruwxaniylik penen baylanıstıradı. Ne ushın ol bul eki túsinikti birlestiredi? Insaniyat arasında tek ruwxaniyler ǵana húkim astına túspesten Qudayǵa jaqınlasa aladi. Ruwxanıydıń kóplegen sıpatları ishinde eń áhmiyetlisi sol – ruwxanıy Qudayǵa xızmet qılıw ushın Onıń húzirine jaqınlasıwı múmkin (Ezk 44:13, 15). Onıń úyi bolıwımız ushın Oǵan jaqın keliwimiz, álbette, zárúrli shárt. Biz Onıń muxaddes hám aybatlı húzirinde tura alıwımız kerek.

Jáne 1-Petr kitabına qaytıp, tómendegilerdi oqıwımız múmkin:

> Óytkeni Muxaddes Jazıwda bılay delingen: “Mine, Men Ózim tańlaǵan biybaha bir tastı, múyeshke qoyılatuǵın tiykarǵı tastı Sionda ornataman. Oǵan isengen adam hesh qashan uyatqa qalmaydı”. Isenetuǵın sizler ushın bul tas qımbatlı. Al isenbeytuǵınlar ushın Ol: “Qurılısshılardıń kereksiz dep taslaǵan tası, Úydiń múyeshiniń tiykarǵı tası boldı”. Jáne de, “Súrniktiretuǵın tas, qulatatuǵın jartas boldı”. Isenbeytuǵınlar Qudaydıń sózin tıńlamaǵanı ushın súrnigedi. Bul olardıń táǵdirine jazılǵan (1-Pet 2:6-8 KAAB’22L).

Usı ayatlarda ozine tán bir bayanat payda boladı. Petr: “Isenetuǵın sizler ushın bul tas qımbatlı. Al isenbeytuǵınlar (inglizshe awdarmada, boysınbaytuǵınlar mánisinde kelgen) ushın...”, –deydi. Ol iseniw hám boysınbaw sozlerin bir-birine qarama-qarsı qoyadı. Biz búgin bunday qıla almaymız. Házirgi waqıtta “isenim” sóziniń boysınıw yaki boysınbaslıqqa baylanısı joqtay qaraladı. Sonıń ushın da jámáátlerdiń kópshiligi boysınıwshılıqqa itibar bermeydi. Biraq, jańa kelisim jazıwshıları dáwirinde bul eki túsinik bir-biri menen tıǵız baylanıslı edi. Isenim tek ǵana Onıń bar ekenligin tán alıwdı emes, bálkim

Oǵan boysınıwdı da ańlatar edi. Basqasharaq aytqanda, eger siz isenseńiz – boysınar edińiz hám isenimsizliktiń dáliyli boysınbay jasaw edi. Paveldiń jazıwınsha, "Masiyx usı tárizde minsizlikke erisip, Ózine boysınatuǵınlardıń hámmesi ushın máńgilik qutqarılıwǵa jol ashtı" (Evr 5:9 KAAB'22L).

Boysınıwshılıq qutqarılıwdın sheshiwshi elementi bolıp tabıladı. Iysanıń Ózi aytıwınsha, kópshilik Oǵan isenedi, Onı "Iyem" dep shaqıradı hám hátte Onıń atı menen káramatlar kórsetedi. Soǵan qaramastan, olar Quday Patshalıǵına kire almaydı, óytkeni olar Qudaydıń erkin orınlamadı yaki Oǵan ámel etpedi (Mat 7:21).

## Patshanıń ájayíp nurina shaqırılǵan ruwxaniyleri

Izrail perzentleri súrnikti yaki ózleriniń shaqırıwına ılayıq juwap bere almadı. Olar ózleri ushın aytılǵan Sózge boysınbadı. Biraq Petr bizler tuwralı bılay degen: "Biraq sizler Quday tárepinen tańlanǵan adamlar, Patshanıń ruwxaniyleri, muxaddes millet hám Qudayǵa tiyisli xalıqsız. Sizler ózlerińizdi qarańǵılıqtan Óziniń ájayıp nurına shaqırǵan Qudaydıń tań qalarlıq islerin járiyalaw ushın tańlandıńlar" (1-Pet 2:9 KAAB'22L).

Biz Patshanıń ruwxaniyleri hám muxaddes xalıqpız. Quday – patsha; Ol Ullı Zat. Solay eken, Oǵan xızmet qılıw ushın jaqınlasatuǵınlar da joqarı mártebeli ruwxaniyler bolıwı shárt, óytkeni tek joqarı mártebege iye bolǵanlarǵana Ullı Zatqa xızmet qılıwı hám Onıń menen qarım-qatnasta bolıwı múmkin!

Onıń ruwxaniyleri bolǵanlar, qarańǵılıqtan Onıń ájayıp nurına shaqırılǵanlar – ápiwayı ǵana nurǵa emes, ájayıp nurǵa! Biz Qudaydıń ullılıǵın súwretlewde isletiletuǵın bir neshe inglizshe sózlerdiń qádirin páseytip jiberdik hám olardı ápiwayı sózdey

qabıl qılatuǵın boldıq. "*Marveleous*" (*tań qalarlıq*) sózi, hesh gúman joq, áne usınday sózlerden biri.

Men úsh sóz ústinde izertlew ótkizdim: marvelous (tań qalarlıq), awesome (aybatlı) va wonderful (ájayıp). Muxaddes Kitaptıń "New King James" versiyasında bul sózler derlik hár dayım Qudaydı, Onıń sıpatların yaki islerin súwretlew ushın isletiledi. Oylap kóriń: marvelous – "tań qalarlı hádiyselerge tolı; awesome – "aybatqa tolı"; wonderful – "ájayıbatlarǵa tolı". Iysanıń ózi de Ájayıp Másláhátshi dep atalǵan (Iysh 9:6). Biraq, búgingi kúnde adamlar bul sózlerdi ápiwayı kúndelikli waqıyalardı súwretlew ushın isletip kelmekte. Qanday da bir kinonı unatıp qalsa, "ol tań qalarlıq edi" yaki "ájayıp edi" deydi. Qaysıdur sportshınıń kúshine hám sheberligine hayran bolıp, "ol aybatlı eken" deydi. Házir bir wazshı adamlar aldında turıp, "Quday aybatlı" dese, tıńlawshılar bul sózdi professional basketbolshıǵa qarata qayta-qayta esitkenligi sebepli, wazshı aytıp atırǵan sózlerdiń qanshelli kúshli tásirge iye ekenligin túsine almaydı. Men usı kitap arqalı jetkiziletuǵın sóz, bunı ózgertiwin sorap ibadat etemen.

Petr biziń qarańǵılıqtan Onıń tań qalarlıq nurına shaqırılǵanımızdı aytqanda, ol Quday tábiyatınıń ullılıǵın jetkizip beriw ushın júdá kúshli sózden paydalanbaqta. Óytkeni, Quday absolyut nur hámde Onda hesh qanday qarańǵılıq joq. Bul ullı nur Onıń saltanatın súwretleydi, insan bolsa bul dańqqa jaqınlasıp bara alıwı ilajsız.

Jáne bir márte aytamız, Korinfliklerge jazılǵan 2-xattıń 6-babındaǵı sıyaqlı, biz bul ayattıń tásirin tolıq ańlamaymız, óytkeni onıń mazmun-mánisin túsinbeymiz. Keliń, Qudaydıń Óz xalqı arasında hám olardıń ishinde jasaw haqqındaǵı wádesi qanshelli keń ekenligin ańlaw jolındaǵı islerimizdi dawam ettiriw ushın Shıǵıw kitabına qaytayıq.

# Biz kiyimlerimizdi juwiwimiz kerek

Aldınǵi bapta biz Muwsa Izrail perzentlerin Mısırdan alıp shıqqanın bilip aldıq, bul búgingi kúnde biziń dúnyadan (gúnadan) azat bolıwımızdıń bir tımsalı. Mısırdan shıqqannan soń, Muwsa olardı Sinay dep atalǵan Qudaydıń tawına jetelep ketti. Ol xalıqtı tawdıń eteginde qaldırıp, ózi Qudaydıń húzirine kóterildi hám ol jerde Qudaydın tómendegini aytqanın esitti:

> “Mısırlılarǵa ne islegenimdi hám palapanların qanatları menen tasıǵan búrkit sıyaqlı, sizlerdi janıma ákelgenimdi kórdińler. Al endi sózlerimdi dıqqat penen tıńlap, kelisimime ámel qılsańlar, sizler barlıq xalıqlar ishinde Meniń ǵáziynem bolasızlar. Sebebi pútkil jer júzi Maǵan tiyisli. Sizler Meniń ushın ruwxaniyler patshalıǵı hám muxaddes xalıq bolasızlar”. Seniń Izraillılarǵa aytatuǵın sózleriń usılar (Shıǵ 19:4-6 KAAB’22L).

Endi biz Petrdiń sózleri qayerden kelgenin bilemiz. Olar dáslep Izrail perzentlerine qarata aytılǵan edi. Quday bul sózlerdi tek ǵana Xaron hám onın ullarına yaki tek ǵana Lebiy urıwına aytpadı. Ol pútkil xalıqqa – hár bir evrey erkek, hayal hám balaǵa: “Sizler Meniń ushın ruwxaniyler patshalıǵı hám muxaddes xalıq bolasızlar”, dep ayttı. Kórdińizbe, Muwsa kibi olardıń barlıǵı Onıń húzirine kiriwi Qudaydıń qálewi edi.

Soń “Jaratqan Iye Muwsaǵa bılay dedi: – Bar, búgin hám erteń xalıq páklensin. Olar kiyimlerin juwıp, úshinshi kúni tayar bolsın. Óytkeni úshinshi kúni Men, Jaratqan Iye pútkil xalıqtıń kóz aldında Sinay tawına túsemen” (Shıǵ 19:10-11 KAAB’22L).

Biz usı eki ayattıń mánisin dıqqat penen analiz qılıwımız kerek. Birinshiden, pútkil bul ssenariy boljawlı xarakterge iye. Bul tek ǵana sol dáwirdegi adamlarǵa tiyisli bolmastan, bálkim bul Qudaydıń bizge jollaǵan sózi esaplanadı. Quday Muwsaǵa

eki kúnnen keyin xalıqtıń húzirine keliwin ayttı. Áne sol waqıt aralıǵında Muwsa olardı muxaddeslewi (páklewi) kerek edi, bul bolsa óz náwbetinde olardıń kiyimlerin juwıwın da óz ishine aladı.

2-Pet 3:8 (KAAB'22L) de mınalardı oqıymız: "Súyikli tuwısqanlarım, tek mınanı esten shıǵarmańlar: Jaratqan Iyeniń názerinde bir kún mıń jılday, mıń jıl bir kúndey". Hámde Zaburda tómendegishe jazılǵan, "Seniń názerińde mıń jıl ótken bir kún sıyaqlı" (Zab 89:5 KAAB'22L). Qudaydıń bir kúni – biziń mıń jılımızǵa teń. Solay eken, Iysa ólip tirilgennen beri qansha waqıt ótti? Juwap mınadan| ibarat – derlik eki kún, biz házir ekinshi kúnniń aqırǵı saatlarındamız. Tariyxshılar Onıń ólimnen tiriliwin eramızdıń 28-29 jıllarına tuwrı keliwin kórsetken. Boljanǵan waqıt saatqa kóre, biz Onıń qaytıwına júdá jaqın turıppız! Biz Qudaydıń Izrailǵa aytqan sózleri hám bizge aytqan sózleri ortasındaǵı baylanıstı dárriw kóremiz. Jámáát sıpatında biziń juwapkershiligimiz ótken eki mıń jıl dawamında Onıń keliwine tayarlıq kórip, ózimizdi muxaddeslew bolıp keldi.

*Muxaddeslew* ne degeni? Biz búgingi kúnde bul atamanı kemnen-kem esitemiz. *Muxaddeslew* – "páklew" degeni, *páklew* bolsa "ajıratıp qoyıw" mánisin ańlatadı. Buǵan patshanıń jubayı bolıw ushın tańlanǵan hayaldı mısal etiw múmkin. Onı sarayǵa alıp keledi hám ol jerde patshanıń xızmetkerleri oǵan ǵamxorlıq qıladı. Xızmetkerlerdiń wazıypası onı patsha ushın tayarlawdan ibarat boladı. Ol endi basqa hayallar kibi ápiwayı ómir keshirmeydi, óytkeni ol patsha ushın "muxaddeslengen", "páklengen", yaki "ajıratıp qoyılǵan" esaplanadı. Biraq, eger ol buǵan razı bolsa, erisejaq sheksiz imtiyazları aldında bul "pákleniw" processi júdá kishi bir tólem bolıp qaladı. Ol patsha menen hesh kimge násip etpeytuǵın jaqınlıqtan lázzetlenedi. Patshaǵa tiyisli bolǵan barlıq nárse oniki boladı. Bunıń esesine patsha onnan ne kútedi? Ol patshaniki, tek ǵana patshaniki

bolıwı kerek. Bul mısal Quday: “Meniń aldımda muxaddes bolıńlar, óytkeni Jaratqan Iye bolǵan Men – muxaddespen. Maǵan tiyisli bolıwıńız ushın, sizlerdi basqa xalıqlardan ajıratıp aldım” (Leb 20:26 KAAB’22L) – degeninde neni názerde tutqanın tolıq súwretlep beredi.

Quday Izrail xalqına ózlerin muxaddeslewin aytqanında, Ol mınaday demekshi edi: “Men sizlerdi Mısırdan alıp shıqtım. Endi bolsa Mısırdı ózińizden shıǵarıp taslań. Bul sizdi úshinshi kúnniń basında bolatuǵın Meniń keliwime tayarlaydı”. Ol: “Olar kiyimlerin juwsın”, – dep eskertedi. Óytkeni, olardıń kiyimlerinde ele de Mısırdıń pataslıǵı bar edi.

Tap sonday, búgin de Quday bizge sonday demekte: “Men sizlerdi dúnyadan qutqardım, endi bolsa dúnyanı ózińizden shıǵarıp taslań! Bul sizdi úshinshi mıń jıllıqtıń basında bolatuǵın Meniń keliwime tayarlaydı”. Biz kiyimlerimizdi juwıw arqalı ózimizdı dúnyanıń pataslıqlarınan azat etiwimiz kerek. Paveldiń sózlerin esleń: “Solay etip, súyikli tuwısqanlarım, usınday wádelerge iye bolǵanımız sebepli, denemizdi hám ruwxımızdı iplaslaytuǵın hár bir nárseden ózlerimizdi tazalayıq. Qudaydan qorqıp jasap, minsiz muxaddeslikke jetilisip barayıq” (2-Kor 7:1 KAAB’22L).

Muwsa Izrail perzentlerine materiallıq kiyimlerin juwıwdı buyırǵanı kibi, Pavel de bizge dene hám ruwxımızdıń “lipasların” páklewdi aytpaqta. Men bul jerde júdá áhmiyetli hám anıq bir pikirge dıqqat qaratpaqshıman: biz ózimizdi ózimiz páklewimiz kerek. Bunı Jaratqan Iyeniń ıqtıyarına taslap qoymawımız lazım! Pavel: “Iysanıń qanı sizdi dene hám ruwxtıń barlıq pataslıqlarınan tazalaydı, sonıń ushın tek ǵana Onıń súyispenshiligine isene beriń”, – demedi. Iysanıń qanı bizdi barlıq gúna hám pataslıqlardan pákleyme? Juwap, hesh gúmansız – awa! Biraq, Muxaddes Jazıwlarda kórip shıqqanımızday, bul pákleniw processinde biziń de óz úlesimiz bar.

# Eki nadurís ekstremal kózqaras

Sońǵı júz jıl dawamında jámáátte pákleniw hám muxaddeslik boyınsha eki ekstremal kózqaras boldı. Birinshisi – muxaddeslik pútkilley sırtqı jaǵday dep qaraldı. Eger hayal adam makiyaj qılǵan bolsa, ol muxaddes emes, dep esaplanar edi. Eger ol dizesinen joqarı turatuǵın kóylek kiygen bolsa, ol pák emes, der edi. Negizinde hayal adam tobıǵına shekem túsetuǵın kóylek kiyiwi, shashların túyip alıwı, hesh qanday pardoz yaki zergerlik buyımlarısız júriwi múmkin, biraq onıń ishki dúnyası kózlerine shekem jaman niyet penen tolı bolıwı hesh gáp emes! Erkek kisi de hesh qashan qıyanet qılmaǵanı yaki hayalı menen ajıraspaǵanına maqtanıwı múmkin, biraq ol ele de qasınan ótip ketip baratırǵan hár bir hayalǵa qushtarlıq penen qarap atırǵan bolıwı múmkin. Bul muxaddeslik emes. Bul ekstremal kózqaras tek denege itibar qaratqan edi, biraq muxaddeslik deneniń isi emes. Bul kózqaras jámáättegi kóplep adamlardı sırtqı qaǵıydaǵa baylanıp qalıwǵa alıp keldi.

Ásirimizdiń aqırǵı shereginde jáne de ayqın kózge taslanǵan ekinshi ekstremal kózqaras – bul biziń ózimizdi dúnyadan ajıratıw boyınsha hesh qanday juwapkerli wazıypamız joq, degen isenim edi. Tap masiyxıylardıń dúnyadaǵı basqa adamlardan birden-bir parqı – tek ǵana keshirilgeninde bolıp kóringeni. Jaqında júdá ataqlı bir masiyxıy artist mınaday gáp ayttı: “Masiyxıylar da psixologlarǵa baradı, masiyxıylardıń da shańaraǵında problemaları bar hám masiyxıylar da ishiwshilikke beriledi. Iymanlılar hám iymansızlar ortasındaǵı jalǵız parq – bizdi súyiwshi hám hár kúni járdem beriwshi Jaratqan Iyege bolǵan ápiwayı isenimimizde bolıp tabıladı”. Bunday pikirlew tárizi bizdi ózimizdi dúnyadan páklew juwapkershiliginen azat etiwshi táliymatlarımızdan kelip shıqqan. Biraq, bul Muxaddes Jazıwlar úyretetuǵın zatlarǵa pútkilley qayshı keledi. Petr mınaǵan

shaqıradı: “Kerisinshe, sizlerdi shaqırǵan Quday muxaddes bolǵanı sıyaqlı, sizler de hár bir is-háreketińizde muxaddes bolıńlar” (1-Pet 1:15 KAAB’22L).

Haqıyqat áne usı eki ekstremal kózqarastıń ortasında. Muxaddeslik máselesinde insaniyat hám Ilahiyat ortasında ózara qarım-qatnas bar. Iysa – biziń muxaddesleniwimiz bolıp esaplanadı (1-Kar 1:30). Solay bolsa da, “Qudaydıń erki – sizlerdiń muxaddes bolıwıńızdan ibarat. Yaǵnıy, Ol sizlerdiń jınısıy buzıqshılıqtan awlaq júriwińizdi, hár birińizdiń óz denesin qádirlep, muxaddes qılıp saqlawın hám Qudaydı bilmeytuǵın butqa tabınıwshılar sıyaqlı buzıq qálewlerge berilmewin qáleydi. Hesh kim usınday iste tuwısqanına qıyanet etip, haramılıq islemesin. Burın sizlerge aytqanımız hám eskertkenimizdey, Iyemiz bunday barlıq isler ushın adamlardı jazalaydı. Sebebi Quday bizlerdi haram bolıp jasaw ushın emes, al muxaddes bolıp jasaw ushın shaqırdı” (1-Sal 4:3-7 KAAB’22L). Iysa biziń muxaddesleniwimiz ushın kúsh-quwat beredi, biraq biz áne sol inayat kúshi arqalı ózimizdi páklewde Onıń menen birge islesiwimiz kerek. Tek usı jol menen ǵana biz dúnyanıń ishinde bolıwımız, biraq dúnyaǵa aralasıp ketpewimiz múmkin.

## Solay etip Onıń húzirinde jasayıq

Quday Muwsaǵa xalıqtı páklewdi ayttı. Olar ózlerin tayarlawı kerek edi, óytkeni úshinshi kúni Jaratqan Iye pútkil xalıqtıń kóz aldında Sinay tawına túsiwi lazım edi. Quday pútkil xalıqtıń kóz aldında keliwi – Onıń Óz saltanatında keliwin ańlatar edi. Hoshea payǵambar da onıń keleshektegi saltanatına tayarlıq kóriw ushın eki mıń jıllıq kalendardı beredi. Ol mınaday dep baqırǵan edi:

Kelińler, Jaratqan Iyege qaytayıq!
Ol bizlerdi tilkimlep, maydalap tasladı, Shıpanı da Ózi beredi.

Bizlerdi jaradar qıldı, Jaralarımızdı Ózi tańadı.
Eki kúnde bizlerdi ómirge qaytaradı,
Úshinshi kúni ayaqqa turǵızadı,
Onıń dárgayında jasaymız (Hosh 6:1-2 KAAB'22L).

Eki kúnnen, yaǵnıy eki mıń jıldan keyin Ol bizdi qayta tiriltedi hám úshinshi mıń jıllıqta bizdi ayaqqa turǵızadı, solay etip biz Onıń húzirinde jasayıq.

Usı úshinshi mıń jıllıq – Masiyxtıń mıń jıllıq saltanatıdur (bul Masiyx jer júzine kelip, Óziniń ullı denesinde mıń jıl dawamında húkimdarlıq qılatuǵın waqıt bolıp tabıladı [Ayan 20:4]). Hoshea payǵambar Onıń keliwi haqqında sózin dawam etip, mınaday deydi:

Kelińler, Jaratqan Iyeni biliwge umtılayıq,
Onı biliwge ǵayrat salayıq.
Ol tań atıwınday sózsiz keledi
(Hosh 6:3 KAAB'22L)

Onıń keliwi tańnıń atıwınday anıq. Tań atıwı yaki quyash shıǵıwı hár kúni belgilengen waqıtta júz beredi. Siz bul waqıttı ózgertiw ushın hesh nárse qıla almaysız – absolyut hesh nárse! Siz tayyar bolasızba yaki joqpa, ol bári bir keledi. Iysanıń Óz saltanatında keliwi de tap sonday belgilengen hám hesh nárse bul belgilengen waqıttı ózgerte almaydı. Tiykarǵı sorawı sonnan ibarat: biz tayyar bolamız ba? Izrail perzentleri ózlerin tayyar dep isener edi, biraq haqıyqatta da solaymedi? Olar aldın hesh qashan Onıń saltanatın kórmegen edi. Olar Qudaydıń ullı belgileri hám tań qalarlıq islerin kórdi hámde olardıń paydasınan tatıwdı unattı, biraq Onıń saltanatı da tap sonday bola ma? Insan ájayıbatlar ortalıǵında ózin qolay sezip, sonın menen birge Onıń saltanatı ushın ele de tayyar bolmawı múmkin be? Keliń bunı anıqlaw ushın dawam etemiz.

4-BAP

# JARATQAN IYENIŃ SALTANATÍ

***Jaratqan Iyeniń saltanatı – Qudaydı Quday qılıp kórsetetuǵın barlıq nárse esaplanadı. Onıń barlıq qásiyetleri, húkimranlıǵı, qúdireti hám danalıǵı – anıǵıraq aytqanda, Qudaydıń ólshep bolmas salmaǵı hám ullılıǵıdur.***

Izrail xalqı hám Qudaydın saltanatı ortasında eki kúnlik waqıt bar edi. Olar tayyar edi me? Olar Qudaydın tayarlıq kóriw haqqındaǵı eskertiwine itibar menen qaradıma yaki: "Onıń tań qalarlıq qúdireti bizdi qayta-qayta qutqarǵanın kórdik-ǵoy, Onıń keliwi de bunnan parıq qılmasa kerek", dep oyladı ma? Bunnan artıq jáne ne bolıwı múmkin edi? Onıń ústine, barlıq ilahıy belgiler olar ushın paydalı hám qayırlı bolıp kelgen edi. Ne ushın onıń keliwi basqasha bolıwı kerek? Bunı waqıt kórseter edi. Muwsadan basqa jáne kimdur: "Itimal, biz Muxaddes Quday penen qarım-qatnasta hádden tısqarı ózimizge isenip ketken shıǵarmız yaki Oǵan qarata qorqıwdı joytıp, háddimizden asqan shıǵarmız?" dep oyladımeken?

Eki kún ótti. Ushinshi kúnniń tańı kelgen edi. Átirap ortalıq ǵayrıtábiyiy dárejede tınısh bolıp qaldı. Qúdiretli Iyemizdiń keliwi aldınan húkim súrip atırǵan bul uwayımlı tınıshlıq adamdı derlik albıratıp taslar dárejede edi. Xalıqtıń júreginde gúman hám ekileniw barǵan sayın kúsheyip bardı. Átirap-ortalıq – pútkil barlıq, Qudaydıń Óz xalqınan kóre, bul jerge házir ǵana kirip kelmekshi bolǵan Onı kóbirek sezinip turǵan edi.

Tań nurı atıp kiyatır edi, biraq bul ádettegi quyash shıǵıwı emes edi. Tosattan, qay jerdendur qap-qara bult tómenge tústi. Onıń kórinisiniń ózi-aq adamdı qorqıwǵa salıw ushın jeterli edi, biraq onıń payda bolıwınan aldın júdá qattı nay dawısı shertildi. Ol barǵan sayın qattıraq hám kúshlirek shertile basladı. Bunday tez hám kúshli dawıstı ne shıǵarıp atırǵan bolıwı múmkin?

Bult taw ústine túser eken, onıń ishinen kózdi qamastırıwshı nur shaqmaqları hám gúldirmama dawısı shıqtı. Toqtawsız dawam etip atırǵan bul gúldirmamalar xalıq aldın esitken hár qanday dawıstan túpten parıq qılar edi. Olar menen birge kiyatırǵan shaqmaqlar sonshelli jaqtılı edi, olardıń tezligi aldında quyash qarańǵılasıp qalǵanday túyiler edi. Izrail perzentleri qorqıwdan qaltırap ketti: “Bul kórinis sonshelli qorqınıshlı bolǵanlıqtan, Muwsa da: “Júdá qorqıp, dirildep baratırman”, – degen edi” (Evr 12:21 KAAB’22L).

Qorqıwına qaramay, Muwsa óziniń jetekshilik wazıypasın moynına aldı:

> Muwsa xalıqtı Quday menen ushırastırıw ushın, ordadan baslap shıqtı. Olar tawdıń etegine kelip turdı. Quday Sinay tawına ot ishinde túskenlikten, pútkil taw tútep turǵan edi. Tawdan peshten shıqqanday tútin shıǵıp, pútkil taw qattı silkinip turǵan edi. Kárnay sesti barǵan sayın kúsheye berdi. Muwsa Qudayǵa sóyledi hám Quday da oǵan dawıslap juwap berdi (Shıǵ 19:17-19 KAAB’22L.)

# Jaratilis Oniń ulliliǵin kórsetedi

Sol tawǵa túsken Quday – pútkil kosmostı joybarlaǵan hám jaratqan edi. Juldızlardı óz barmaqları menen óz ornına qoyǵan edi. Bilim hám danalıq arqalı jerdiń fundamentin qurǵan edi. Ol áwelden aqırǵa shekem bar bolǵan Qudaydur ol!

Bir neshshe jıldan beri, biz xızmet qılıp kiyatırǵan Qudaydıń qanshelli aybatlı ekenin názerden qashırıp qoyıp atırǵanımızdan qáweterdemen. Iyshaya payǵambar Qudaydıń ullılıǵı hám qúdireti haqqında tez-tez aytqan. Payǵambar mınaday soraw beredi:

Bilmeysizler me, esitpedińler me?

Áwel bastan, sizlerge aytılmadı ma?

Ol Izraildiń nege Qudaydıń tań qalarlıq qúdiretin názerden qashırıp qoyǵanınan hayran boladı. Ol mınaday deydi:

> Quday jer ústindegi aspan gúmbezinde otır, Jerde jasaytuǵınlar shegirtkelerge megzer. Ol kóklerdi perde kibi jayıp, Jasaw ushın olardı shatır kibi tigedi. Ol basshılardı túkke turǵısız etip, Dúnyanıń húkimdarların kúshinen ayıradı. Olar zorǵa egilip, zorǵa sebilip, Zorǵa tamır jayǵan gezinde, Jaratqan Iye demin úpleydi, olar quwrap, Dawıl olardı qawıq kibi ushırıp ketedi. "Meni kimge uqsatasız, Kim Maǵan teń keledi?" – deydi muxaddes Quday. Basıńızdı joqarı kóterip, aspanǵa qarań, Bulardı kim jaratqan? Quday juldızlardı birme-bir shaqırıp, Atpa-at ataydı. Oniń qúdiretli kúshi hám ullı qúdiretine góre, Olardıń hesh biri ornınan shıqpay qalmaydı (Iysh 40:22-26 KAAB'22L).

Quday aspanlardı Óz qolları menen jarattı hám kosmostı perde kibi jayıp jiberdi. Ol pútkil kosmostı Óz alaqanınıń qarısı menen ólshey alar edi (Iysh 40:12). Bir oylap kóriń – bas barmaǵınan kishi barmaǵına shekem bolǵan aralıq penen Ol kosmostıń keńligi, uzınlıǵı hám shuqırlıǵın ólshep shıqtı!

Siz qashandur kosmostıń qanshelli úlkenligi haqqında oylap kórgensiz be? Bul siziń aqılıy qábiliyetińiz sheńberinen sırtta. Bálkim, eger biz kosmostıń sheksizligin bir zamat bolsa da seziwge urınsaq, Onıń saltanatın azǵana bolsa da ańlawǵa jaqınlasqan bolamız. Alımlardıń shamalawına kóre, kosmosta milliardlap gallaktikalar bar bolıp, olardıń hár biri milliardlap juldızlardı óz ishine aladı. Usı gallaktikalardıń ólshemi olar arasındaǵı aralıq penen salıstırǵanda júdá kishkene.

Quyash áne sonday gallaktikalardan birinde jaylasqan. Siz túnde aspanǵa qaraǵanıńızda, pútkil kosmostıń kartinasın kórmeysiz – tek ǵana biz jasap atırǵan, “Saban jolı” dep atalıwshı kishkene gallaktikanı kóresiz. Bunıń ústine, siz onıń tek bir bólegin ǵana kóre alasız, óytkeni biziń bul kishkene gallaktikamızdaǵı juldızlardıń kóbisi ápiwayı kóz benen kórip bolmaytuǵın dárejede uzaqta jaylasqan.

Keliń, isti ózimiz jasaytuǵın gallaktikadan baslayıq. Jerimizge eń jaqın bolǵan juldız (Quyashtan tısqarı) bizden 4,3 jaqtılıq jılı uzaqlıǵında jaylasqan. Siz: “Jaqtılıq jılı ne ózi?” – dep oylap atırǵan bolıwıńız múmkin. Bul jaqtılıqtıń bir jıl dawamında basıp ótetuǵın aralıǵı bolıp esaplanadı. Jaqtılıq sekundına shama menen 300 000 kilometr tezlikte háreketlenedi. Bul saatına 1 000 000 000 tan zıyat kilometrdi quraydı. Bunı saatına derlik 800 kilometr tezlikte ushatuǵın samolyotlar tezligi menen salıstırıp kóriń. Kórip turǵanıńızday, jaqtılıq júdá tez!

Jaqtılıq qanshelli tez ekenin kóz aldıńızǵa keltiriwińiz ushın, keliń, Quyashqa qaray úlken “jumbo jet” samolyotında ushıp atırman dep oylań. Men jasaytuǵın jerden Jerdiń arǵı tárepinde jaylasqan Aziya kontinentine ushıw shama menen jigirma úsh saat waqıttı aladı. Eger men sol samolyotta Quyashqa qaray toqtawsız ushsam, buǵan shama menen jigirma bir jıl waqıt ketedi! Jigirma bir jıl aldıngı waqıttı bir eslep kóriń. Bul

qansha waqıt degeni! Endi kóz aldıńızǵa keltiriń, tek ǵana ózińiz Quyashqa jetip alıwıńız ushın sonsha waqıttı samolyotta ótkizesiz. Avtomobilde júriwdi jaqsı kóretuǵınlar ushın bolsa, bul jol (janarmay quyıw yaki dem alıw ushın toqtawlardı esapqa almaǵanda) derlik eki júz jıl waqıttı aladı. Jaqtılıq bolsa Quyashtan Jerge qansha waqıtta jetip keledi? Juwap: bar joǵı segiz minut hám jigirma sekundta.

Keliń, Quyashtı artta qaldırıp, eń jaqın juldız haqqında oylap kóreyik. Biz ol Jerden 4,3 jaqtılıq jılı uzaqlıqta jaylasqanın álleqashan bilip aldıq. Eger biz Jer, Quyash hám eń jaqın juldızdıń kishireytilgen modelin soqsaq hám Jerdi bir dana qıshqıl tuqımınday dep alsaq, onda Quyash diametri shama menen 20 santimetrli toptay boladı. Usı ólshem masshtabına kóre, Jer menen Quyashtın ortasındaǵı aralıq 24 metrdi quraydı. Soǵan qaramastan, usı modeldegi samolyotqa sol 24 metrlik aralıqtı basıp ótiw ushın 21 jıldan artıq waqıt kerek boladı.

Xosh, eger Jer hám Quyashtıń qatnası sonday bolsa, eń jaqın juldızdan biziń "qıshqıl tuqımınday" Jerimizge shekem bolǵan aralıqtı taba alasız ba? Bálkim bir kilometr, eki kilometr yaki on kilometr dep oylarsız? Ulıwma jaqınlaspadıńız! Bizge eń jaqın juldız sol qıshqıl tuqımınan shama menen altı mıń tórt júz kilometr uzaqlıqta jaylasqan bolar edi! Bul sonı ańlatadı, eger siz "qıshqıl tuqımı" bolǵan Jerdi Florida shtatınıń Mayami qalasına qoysańız, Quyash onnan bar-joǵı 24 metr armanıraq turadı, biraq biziń usı modelimizdegi eń jaqın juldız Washington shtatındaǵı Sietl qalasınan da ótip, Tınısh okeanınıń ishkerisine, jaǵadan jáne bir mıń altı júz kilometr uzaqlıqqa tuwrı keledi! Usı eń jaqın juldızǵa samolyotta jetip barıw ushın toqtamastan shama menen 51 milliard jıl ushıw kerek boladı! Soǵan qaramastan, usı juldızdıń nurı Jerge bar-joǵı 4,3 jılda jetip keledi!

Siz túnde ápiwayı kóz benen kóretuǵın juldızlardıń kóbisi

bizden júzden mıń jaqtılıq jılına shekem bolǵan aralıqta jaylasqan. Jáne de, ápiwayı kóz benen bizden tórt mıń jaqtılıq jılı uzaqlıqta bolǵan ayırım juldızlardı da kóriw múmkin (yadta tutıń, bular ele biziń kishkene gallaktikamızdaǵı eń uzaq juldızlar emes). Men samolyotta usı juldızlardan birine jetip barıw ushın qansha waqıt ketiwin esaplap otırmayman. Biraq, siz tórt mıń jaqtılıq jılı uzaqlıqtaǵı áne sol juldızlardan birine búgin qarasańız, negizinde sol juldızdan Ibrayım Saraǵa úylengen waqıtlarda jolǵa shıqqan nurdı kórip turǵan bolasız! Sol nur saatına 1 mlrd tan artıq kilometr tezlikte háreketlenip, sonnan beri bir zamat ta ástelespesten yaki toqtamastan jol basıp, endi ǵana Jerge jetip keldi!

Bulardın barlıǵı biziń kishkene ǵana “Saban jolı” gallaktikamızdaǵı juldızlar bolıp tabıladı. Biz ele basqa milliardlap gallaktikalarǵa qádem de basqanımız joq. Sonı da umıtpań, gallaktikalar ortasında tiykarınan úlken boslıqlar bar. Máselen, bizge júdá jaqın qońsı gallaktika “Andromeda” dep ataladı. Onıń bizden uzaqlıǵı shama menen 2,3 million jaqtılıq jılına teń. Bir oylap kóriń: saatına 1 mlrd tan artıq kilometr tezlikte háreketlenip atırǵan nurǵa sol gallaktikadan Jerimizge jetip keliw ushın eki million jıldan artıq waqıt kerek boladı! Ele de, bul bizge eń jaqın qońsı gallaktika. Kosmosta bolsa jáne milliardlap basqa gallaktikalar bar. Biziń ańlaw qábiletimiz shegarasınan shıǵıp ketpedik pe?

Iyshaya payǵambar Quday usı úlken kosmostı Óziniń bir qarısı menen ólshegenin járiyaladı! Sulayman bolsa Qudaydıń ruwxı arqalı tómendegishe tastıyqlaydı: “Írasında da, Quday jer betinde jasar ma edi? Sen kóklerge, kóklerdiń kóklerine de sıymaysań” (3Pat 8:27 KAAB’22L). Sol kúni tawǵa túsken kim ekenligin endi azǵantay bolsa da sezinip atırsız ba?

## Meni kim menen salistira alasiz?

Bálkim, biz Quday ushın kishi bolǵan basqa máselelerdi dodalawımız kerek shıǵar. Iyshaya payǵambar Quday tawlardı Óz tárezisine tartqanın, tóbelerdi tárezi pállesine qoyǵanın aytadı. Ol okeanlar, teńizler, kóller, dáryalar hám háwizlerdegi barlıq suwlardı Óz alaqanı menen ólshedi. Teńizlerge óz shegaralarınan shıqpawdı buyırǵan da Oldur (Iysh 40:12).

Siz teńizlerdiń kúsh-qúdireti haqqında hesh oylap kórgensiz be? Eger keńligi bir kilometr bolǵan meteorit Kaliforniyanıń Los-Angeles qalasınan bir neshe júz kilometr uzaqlıqta Tınısh okeanına tússe, ol San-Diegodan baslap Alyaskanıń Ankorij qalasına shekem bolǵan pútkil Amerika batıs jaǵalawındaǵı hár bir adamdı qırıwǵa hám hár bir imarattı jer menen jeksen qılıwǵa jetetuǵın úlken tolqındı payda etken bolar edi! Bul tolqın okean boylap háreketin dawam ettirip, bir qatar Aziya ellerin de joq qılıp jibergen bolar edi. Solay bolsa da, usı tolqın Tınısh okeanınıń tereńligine jaqın da kele almaydı. Xosh, eger okean suwları óziniń putkil awırlıǵı menen insaniyatqa qarsı bastirıp kelse ne bolar edi? Dúnya okeanlarında júdá úlken quwat bar, biraq Quday sol suwdın hár bir tamshısın Óz alaqanında ólshegen!

## Kishkene nárseler de bir káramat

Ol úlken kólemdegi tań qalarlıq islerdi ámelge asırǵan, biraq Onıń mayda detalları da sonshelli ájayıp. Alımlar tábiyat dúnyasınıń islew mexanizmlerin úyreniw ushın jıllardı hám júdá úlken qarjılardı sarpladı. Solay bolsa da, olar Onıń tábiyattı jaratıwǵa sarplanǵan danalıǵınıń tek ǵana kishkene bir bólegin ańlap jete aldı. Kóp sorawlar ele de juwapsız qalmaqta.

Tirishiliktiń jaratılǵan barlıq túrleri kletkalarǵa tiykarlanǵan. Kletkalar insan denesi, ósimlikler, haywanlar hám hár bir tiri

jánliktiń qurılıs blokları esaplanadı. Ózi bir injenerlik káramatı bolǵan insan denesi shama menen 100,000,000,000,000 (júz trillion) kletkadan dúzilgen – bul sandı oyıńızǵa sıydıra alasızba? – hámde olar júdá kóp túrli esaplanadı. Óz danalıǵı menen Ol usı kletkalarǵa anıq wazıypalardı orınlawdı júklegen. Olar ósedi, kóbeyedi hámde áyne belgilengen waqıtta nabıt boladı.

Ápiwayı kózge kórinbese de, kletkalar insanǵa belgili bolǵan eń kishi elementler emes. Kletkalar molekula dep atalatuǵın kóplegen maydaraq bóleklerden ibarat bolıp, olar óz náwbetinde jáne de kishkenerek bolǵan elementlerden quralǵan. Elementler ishinde bolsa onnan da kishi bóleksheler – atomlardı tabıw múmkin.

Atomlar sonshelli dárejede kishi, usı gáptiń aqırındaǵı noqatta bir milliardtan artıq atom bar. Soǵan qaramastan, atom derlik putkilley boslıqtan ibarat. Atomnıń qalǵan bólegi protonlar, neytronlar hám elektronlardan quralǵan. Proton hám neytronlar atomnıń qaq orayında jaylasqan júdá mayda hám tıǵız yadroǵa toplanǵan. Elektronlar dep atalatuǵın kishi energiya baylamları usı yadro átirapında jaqtılıq tezliginde aylanadı. Usı tiykarǵı qurılıs blokları barlıq nárselerdi bir putin etip uslap turadı.

Xosh, atom óz energiyasın qayerden aladı? Hám qanday kúsh onıń energetik bóleklerin birge uslap turadı? Alımlar bunı “atom energiyası” dep ataydı. Usı ilimiy atama olar túsindirip bere almaytuǵın nárseni ańlatadı. Quday bolsa: “Ul Óziniń qúdiretli sózi menen pútkil barlıqtı saqlap tur” (Evr 1:3 KAAB’22L). Sonday-aq: “hámme nárse Ol sebepli bar bolıp turıptı”, – dep oqıymız (Kol 1:17 KAAB’22L).

Toqtań hám bir zamat bul haqqında oylap kóriń. Biziń sonday saltanatlı Jaratıwshımız bar, Onı hátte pútkil kosmos ta sıydıra almaydı. Ol kosmostı Óz qarısı menen ólsheydi, biraq, sol waqıttıń ózinde kishkene Jer hám Ondaǵı maxluqlardı joybarlawda detallarǵa sonshelli itibarlı, zamanagóy ilim-pán jıllar

dawamında úyrenip te bunıń aldında lal qalmaqta.

Álbette, Onıń jaratılıstaǵı ájayıbatları hám danalıqları haqqında kóplep kitaplar jazıw múmkin. Meniń maqsetim bul emes. Maqsetim – Onıń qolları menen jaratılǵan islerge qarata tań qalıwshılıq hám zawıq oyatıw, óytkeni olar Onıń ullı saltanatın kórsetedi!

## "Kim meniń danalıǵıma gúmanlanǵan?"

Endi siz Ayuptıń Qudayǵa tiykarsız sorawlar hám gáplerdi aytqanınan soń, Quday onıń aldına quyın ishinde kelip, mınaday degeninde ózin qanday sezingenin jaqsıraq túsiniwińiz múmkin:

"Bilimsiz sózleriń menen, Danalıq sheshimlerime gúman keltiretuǵınday, sen kim bolıpsań? Erkek kibi belińdi bekkem buw, Men sorayman, sen juwap ber. Men jerdiń negizin ornatqanda, sen qay jerde ediń? Biletuǵın bolsań, maǵan ayt. Onıń ólshemin belgilegen kim? Onıń ústinen jip tartqan kim? Sen onı bileseń-ǵo! Jerdiń tiykarları neniń ústine qoyılǵan? Onıń irgetasın qoyǵan kim? Sol waqıtta tań juldızları shadlanıp baqırısıp, Iláhiy barlıqlar quwanısh penen qıshqırısqan edi. Teńiz jer túbinen atılıp shıqqanda, Oǵan qapılar qoyıp, bóget basqan kim edi? Men oǵan bultlardı kiyim, Qara túnekti jórgek qıldım. Shegaralar belgilep, Teńizge támbilengen qapılar qoydım. Sońınan oǵan: "Mına jerge deyin keleseń, onnan ótpeyseń, Seniń órkókirek tolqınlarıń usı jerde toqtaydı", – dedim. Sen ómirińde bir márte bolsa da, tańǵa buyrıq berdiń be? Yamasa tań shuǵlasına ornın belgilep berdiń be? Oǵan jerdiń túp-túpkirlerine jetip barıp, Zalımlardı jasırınǵan jerinen silkip shıǵarıwdı buyırdıń ba? Jer júzi ılayǵa mór basılǵanday bolıp, ózgeredi, Kiyim kiygendey bolıp bezenedi. Zalımlar kún nurınan mahrum etiledi, Kóterilgen qolları sındırıladı. Sen teńizdiń suw kózlerine túsip kórdiń be? Yamasa teńiz túbin izertlep kórdiń be? Saǵan óliler mákanınıń dárwazaları

kórsetilip pe edi? Yamasa qara túnektiń dárwazaların kórip pe ediń? Jer keńisligin túsindiń be? Eger bulardıń hámmesin bilgen bolsań, onda túsindir! Nurdıń mákanına alıp baratuǵın jol qayda? Al qarańǵılıqtıń mákanı qay jerde? Olardı óz ornına qaytara alasań ba? Olardıń úyine baratuǵın joldı bileseń be? Awa, sen bileseń! Sen olardan burın tuwılǵansań! Júdá uzaq ómir kórip atırsań! Sen qar saqlanatuǵın jerge kirdiń be? Yamasa burshaq saqlanatuǵın jerdi kórdiń be? Men olardı apat kúnleri ushın, Urıs hám sawash kúnleri ushın saqlap qoyıppan. Jaqtılıqtıń qay jerden kelip, Shıǵıs samalınıń qay jerden baslanatuǵının bileseń be? Kim nóser jawın ushın arna, Jıldırım ushın jol ashtı? Adam jasamaytuǵın jerlerge, Bos qalǵan shóllerge jawın jawdıratuǵın kim? Kereksiz quw shóldi suwǵa qandırıp, Ol jerlerge shópler ósiretuǵın kim? Jawınnıń ákesi bar ma? Shıq tamshıların dúnyaǵa keltirgen kim? Muz kimniń qursaǵınan shıqtı? Aspannan túsken qırawdı kim tuwdı? Suwlar tastay bolıp qatıp qaladı, Teńizdiń beti muzlap qaladı. Úrkerdiń shınjırların baylay alasań ba? Yamasa Orionnıń jiplerin sheshe alasań ba? Juldızlar toparın óz waqtında shıǵara alasań ba? Yamasa Jeti qaraqshını balaları menen birge jeteley alasań ba? Sen aspanǵa tiyisli qaǵıydalardı bileseń be? Yamasa sol nızamlardı jer betinde ornata alasań ba? Ústime nóser jawın jawsın dep, Bultlarǵa baqırıp, buyrıq bere alasań ba? Shaqmaqlarǵa shaǵıwdı buyıra alasań ba? Olar saǵan: “Bizler seniń xızmetińdemiz”, – der me eken?” (Ayup 38:2-35 KAAB’22L)

Quday gápin tawısqannan soń, tań qalǵan Ayup tómendegishe sıbırladı:

> Burın men Sen tuwralı tek qulaqlarım menen esitken edim, Al házir Seni óz kózlerim menen kórip turman. Sonlıqtan burınǵı aytqanlarıma ókinip, Táwbe qılıp, topıraq penen kúlde otırman (Ayup 42:5-6 KAAB’22L).

Ayuptın sınaqları baslanıwınan aldın, Quday pútkil planetada oǵan uqsası joq ekenligin aytqan edi. Jaratqan Iye onı kemshiliksiz hám tuwrı, Qudaydan qorqatuǵın hám jamanlıqtan qashatuǵın insan dep járiyalaǵan edi. Ayup Qudaydın sózlerin tek ǵana esitip qoymastan, bálkim shańaraǵı hám doslarına da olardı úyretken edi. Biraq ol Qudaydı kórgeninde, rehim sorap jıladı, óytkeni muxaddes Quday qarsısında ol eń jaqsı jaǵdayında da ázzi bir insan edi.

Iyshaya da Qudayǵa sadıq hám boysınıwshı insan edi, biraq ol ayanında Qudaydı kórgeninde: "Sorım qurısın! Qurıp qaldım! Óytkeni men awzı haram adamman", – dep baqırdı (Iysh 6:5 KAAB'22L). Qudaydın saltanatı biz onıń jarılqawına qanshelli mútáj ekenimizdi ashıp beredi, sebebi Olsız biz mángi páleketke duwsharmız. Ol biz oylaǵanımızdan da anǵurlım ullı. Ol sonshelli ullı, ásirler dawamında Onıń taxtınıń qasında bolǵan perishteler elege shekem muxaddes aybat penen: "Muxaddes, Muxaddes, Muxaddes!" – dep baqıradı. Mine usınday Quday pútkil Izrail xalqınıń kóz aldında Óz saltanatı menen tawǵa túsken edi.

## Jaqinlasip bolmas nur

Keliń, Jaratqan Iyeniń saltanatı ne ekenligine itibar qaratayıq. Jámááttegilerdiń ayırımları Qudaydıń saltanatın duman, bult yaki soǵan uqsas kórinis dep súwretleydi. Iymanlılar: "O, usı jıynalısta Qudaydın saltanatı tústi", – dewi múmkin. Biraq, bunday gápler bilimsiz sózler menen Onıń danalıǵın shekleydi hám qaranǵılastıradı (Ayup 38:2).

Birinshiden, Qudaydın saltanatı bult emes. Siz: "Olay bolsa, ne ushın Muxaddes Jazıwlarda Qudaydıń saltanatı kóringende derlik hár saparı bult tilge alınadı?" – dep sorawıńız múmkin. Quday Ózin bult ishine jasırıwı kerek, óytkeni ol kóriw ushın júdá qúdiretli. Eger bult Onıń júzin tosıp turmasa edi, Onıń

átirapındaǵı barlıq tiri janzatlar janıp ketken hám bir zamatta joq bolǵan bolar edi. Muwsa Qudaydıń saltanatın kóriwdi soraǵanda, Jaratqan Iyeniń juwabı qatań bolǵan: "Meniń júzimdi kóre almaysań. Óytkeni Meniń júzimdi kórgen adam tiri qalmaydı" (Shıǵ 33:20 KAAB'22L).

Ázzi dene muxaddes Iyemizdiń Óz saltanatındaǵı húzirinde tura almaydı. Ol hesh qanday qarańǵılıǵı bolmaǵan, barlıq nárseni jandırıwshı jalındur (Evr 12:29; 1-Yuxn 1:5). Pavel Iysa haqqında mınaday dep jazadı: "Quday Ózi belgilegen waqıtta Iysa Masiyxtıń qayta keliwin kórsetedi. Quday – alǵıs-maqtawlarǵa ılayıqlı jalǵız Hákim, patshalar Patshası, húkimdarlar Húkimdarı. Jalǵız Qudaydıń ǵana basında ólim joq. Ol hesh kim jaqınlay almaytuǵın nurda jasaydı, Onı hesh kim kórmegen hám kóriwi de múmkin emes" (1-Tim 6:15-16 KAAB'22L).

Bul nur biz jer júzinde kóretuǵın hár qanday nurdan parıq qıladı. Meniń Alabama shtatında shopanlıq qılatuǵın bir dostım bar. Bir neshe jıl aldın ol qurılıp atırǵan jámáát binasında edi. Baxıtsız hádiyse júz berip, onın ústine awır qurılıs materialı túsip ketedi hám onın bas súyegi, moynı hám beli sınadı. Tez járdem xızmetkerleri jetip kelgenlerinde onı ólgen dep járiyalap, ústin jawıp qoyadı.

Bir neshe jıl aldın onıń menen golf oynap júrgenimizde. Iysanı kórgen keshirmeleri haqqında aytıp beriwin soradım. Men onıń oyının buzıp qoydım, óytkeni ol sóyler eken, on tórtinshi tesikten on segizinshi tesikke shekem toqtawsız jıladı.

Ol mınaday dedi: "Jon, men uzaqtan úlken nurdı kórdim hám oǵan qaray júdá tez háreketlendim. Jaqınlasqanım sayın, nur jáne de kúsheyip bardı. Nur sonshelli jaqtılı hám appaq edi, onı men súwretlep bere alatuǵıń qanday da bir nárse menen salıstırıp bolmas edi. Ol sonshelli aybatlı edi, Oǵan zorǵa qarap turar edim. Nur júdá kúshli bolǵanı ushın Iysanıń bet-álpetin kóre almas edim, biraq bul Ol ekenin biler edim.

Meniń kórgenim aybatlı, derlik jaqınlasıp bolmaytuǵın nur edi. Barlıq nárseden de kóre kóbirek Onıń muxaddesligi ajıralıp turar edi. Jalın bunı ashıp berip atırǵanday edi. Denemdegi hár bir kletka Onıń húzirinde ashıq-aydın ekenin sezdim. Tap Onnan taralıp turǵan nur meni páklep atırǵanday edi. Nur meni páklegen sayın, men Onıń kelbetin, dáslep kózlerin kóre basladım. Sol kózler ótkir hám kirip barıwshı, sonıń menen bir waqıtta muxabbatqa tolı edi”.

Sońınan, Iysa oǵan jer júzindegi isleri ele tamamlanbaǵanın hám ol arqaǵa qaytıwı kerekligin kórsetti. Ol qaytıp kelgeninde, ólimi járiyalanǵan denesiniń tawardıń astında qıymılday baslawı átiraptaǵılardı qorqıwǵa saldı. Búgin ol júdá Qudayǵa baǵıshlanıp ómir súretuǵın, tereń ibadat qılatuǵın insan.

Paveldiń aytıwınsha, Iysa hesh kim jaqınlasa almaytuǵın nurda jasaydı. Zaburda Jaratqan Iye “nurdan shapan kiygeni” aytıladı (Zab 103:2; meniń shopan dostım Jaratqan Iyeni kóre aldı, óytkeni ol óziniń fizikalıq denesinde emes edi). Pavel de Damashq jolında usı jaqınlasıp bolmas nurdın bir bólegin sezingen edi. Ol bunı patsha Agrippaǵa bılayınsha túsindiredi: “Patsham, tal túste jolda baratırǵanımda, aspannan túsip, meniń hám joldaslarımnıń átirapın jarqıratıp jibergen quyashtıń sáwlesinen de jarıq bir nurdı kórdim” (Elsh 26:13 KAAB’22L).

Pavel Iysanıń júzin kórmedi; ol tek Onnan shıǵıp turǵan nurdı kórdi, bul nur tal túste gi Jaqın Shıǵıs quyashınıń jaqtılıǵın da óshirip jibergen edi. Men Floridada on eki jıl jasadım, ol jer “Quyashlı shtat” dep ataladı. Men ol jerde hesh qashan quyash kózáynegin taǵıwǵa májbúr bolmaǵanman. Biraq, Jaqın Shıǵısqa sayaxat qılǵanımda, kózáynek taǵıwımma tuwrı keldi. Ol qurǵaq shól klimatı bolǵanı ushın quyash birtalay jaqtılıraq. Azanǵı saat segiz yaki toǵızlarda quyash onshelli kúshli emes edi, biraq saat on birden ekige shekem ol júdá jaqtılı bolar edi. Soǵan

qaramastan, Pavel Iysanıń nurı onnan da kúshlirek ekenligin ayttı! Biz perzentlerimizge hesh qashan quyashqa qaramawdı úyretemiz, óytkeni ol kózlerimiz shıday almaytuǵın dárejede jaqtılı. Kóz aldıńızǵa keltiriń, ózińiz jasap atırǵan aymaqtaǵı tal tústegi quyashqa qarap bola ma? Eger ol bult penen tosılmasa, oǵan qaraw imkansız. Jaratqan Iyeniń saltanatı bolsa bul jaqtılıqtan neshshe márte qúdiretli.

Ioel hám Iyshaya payǵambarlardıń ekewi de Jaratqan Iyeniń saltanatı ayan bolǵanda, quyash qarańǵılıqqa aylanıwın eskertken:

Mine, Jaratqan Iyeniń húkim kúni kiyatır! ...
Kóktegi juldızlar, olardıń toparı,
Jarıqlıq taratpas,
Shıqqan quyash qarawıtıp,
Ay da nurın shashpas (Iysh 13:9-10 KAAB’22L).

Biz ashıq túnde sırtqa shıqqanımızda neni kóremiz? Hámme jaqta juldızlar. Biraq azanda quyash shıqqanda ne júz beredi? Juldızlar joq boladı! Xosh, juldızlar quyash bataman degenshe qashıp ketip, keyin tosattan jáne aspanǵa qaytıp shıǵa ma? Yaq. Juldızlardıń saltanatı bir dáreje bolsa, quyashtıń saltanatı bir qansha joqarı dáreje. Quyash shıqqanda, ol juldızlardan birtalay jaqtılıraq bolǵanı ushın olardı “qarańǵılastıradı”. Iysa qaytıp kelgeninde de, Onıń saltanatı quyashtan sonshelli joqarı boladı, Ol quyashtı kórinbes qılıp qoyadı – umıtpań, quyash sol waqıtta da janıp turǵan boladı! Haleluya!

Jaratqan Iyeniń saltanatı barlıq basqa nurlardı jeńip ótedi. Ol tolıq hám hámme nárseni jalmap ketetuǵın jalın. Sonıń ushın da, Onıń ekinshi keliwinde jer júzindegi adamlar:

Onıń qorqınıshlı qáhárinen,
Saltanatınıń ullılıǵınan,
Adamlar jartaslardıń jarıqlarına,
Jerdiń tesiklerine kirip ketedi (Iysh 2:19 KAAB’22L).

## Qudaydi Quday qilǵan barliq nárse

Jaratqan Iyeniń saltanatı ne? Juwap beriw ushın Muwsanıń Qudaydıń saltanatın kóriw haqqındaǵı iltimasına múrájat eteyik: “Sonda Muwsa Oǵan: – Maǵan saltanatıńdı kórset, – dedi” (Shıǵ 33:18 KAAB’22L).

Evreyshe “saltanat” sózi *kabowd* dep ataladı. “Strong’s Bible” sózliginde oǵan “unamlı sezimdegi astarlı mániste belgili bir zattın awırlıǵı” – dep anıqlama berilgen. Onıń anıqlamasında, sonday-aq, baǵ-dáwlet, mollıq hám húrmet haqqında da aytılǵan. Muwsa: “Maǵan Ózińdi ózińdi pútkil baǵ-dáwletiń menen kórset”, - dep soraǵan edi. Qudaydıń juwabın dıqqat penen oqıń: “Men pútkil iygiligimdi seniń aldıńnan alıp ótip, aldıńda Ózimniń “Jaratqan Iye” degen atımdı járiyalayman” (Shıǵ 33:19 KAAB’22L).

Muwsa Onıń putkil saltanatın soraǵanınan soń, Quday bunı “Meniń pútkil iygiligim” – dep atadı. Evreyshe “iygilik” sózi *tuwb* bolıp, ol “eń keń mánidegi jaqsılıq” – degendi bildiredi. Basqasha aytqanda, hesh nárse jasırılmaydı.

Quday jáne qosımsha qıldı: “Aldıńda Ózimniń “Jaratqan Iye” degen atımdı járiyalayman”. Jer juzindegi patsha taxt xanasına kiriwden aldın, jarshı onıń atın járiyalaydı. Naylar shertiledi, soń patsha putkil ullılıǵı menen kirip keledi. Patshanıń ullılıǵı kórinedi hám onıń sarayında kim patsha ekeni boyınsha hesh qanday gúman qalmaydı. Biraq, eger usı húkimdar ápiwayı kiyim kiyip, óz xalqınıń kóshesinde hesh qanday xızmetkerlersiz júrgen bolsa, adamlar onıń kimligin ańlamastan qasınan ótip kete beriwi

múmkin edi. Negizinde, Quday Muwsa ushın áyne sonday qıldı. Ol: “Men pútkil iygiligimdi seniń aldıńnan alıp ótip, aldıńda Ózimniń “Jaratqan Iye” degen atımdı jáриyalayman” – degen edi.

Jaratqan Iyeniń saltanatı Iysa Masiyxtın júzinde sáwlelenedi (2-Kor 4:6). Kópler Iysanı ayanlarda kórgenin hám Onıń júzine qaraǵanın dawa etken. Bul bolıwı múmkin, lekin onıń tolıq saltanatında emes. Pavel mınaday dep jazadı: “Házir bizler hámmesin gúńgirt aynada kórgendey gúmilji kórip turmız. Biraq aqırǵı waqıt kelgende, júzbe-júz kóremiz” (1-Kor 13:12 KAAB’22L). Onıń saltanatı “gúńgirt ayna” menen tosılǵan, óytkeni hesh bir insan Onıń tolıq saltanatına qarap tiri qala almaydı.

Shákirtleri Iysa tirilgennen keyin Onıń júzine qaradı, biraq Ol Óz saltanatın ashıq júzege shıǵarmadı. Hátte Eski Kelisimde de ayırım adamlar Jaratqan Iyeni kórgen, biraq Ol Óz saltanatı menen payda bolmaǵan edi. Jaratqan Iye Ibrayımǵa Mamreniń terebinf terekligi qasında kórindi, biraq Óz saltanatı menen emes (Jar 18:1-2). Yaqıp Quday menen gúresti, biraq Onıń saltanatı menen emes (Jar 32:24-30).

Eshua Erixonı iyelewden aldın Jaratqan Iyeniń júzine qaradı (Eshu 5:13-15). Jaratqan Iye oǵan ásker kórinisinde kórindi. Eshua Onıń kimligin ańlamadı, óytkeni: “Sen bizler tárepttiń adamımısań yamasa dushpan tárepttiń be? – dep soradı. Quday Óziniń Jaratqan Iyeniń áskerleriniń sárkardası ekenligin hám Eshua ayaq kiyimlerin sheshiwi kerekligin ayttı, óytkeni ol muxaddes jerde turǵan edi. Patshanıń ápiwayı kiyimde júrgeni haqqındaǵı mısaldı esleń. Adamlar onıń kimligin bilmey qasınan ótip kete beriwi múmkin. Bul Eshua menen júz bergen waqıyanı súwretleydi.

Tiriliwden keyin de tap solay boldı. Magdalalı Máriyam Iysa sóylesken birinshi adam edi, ol Iysanı baǵban dep oyladı (Yuxn 20:15-16). Shákirtler teńiz jaǵasında Iysa menen birge balıqtan tayarlanǵan azańǵı awqattı jedi (Yuxn 21:9-13). Shákirtlerdiń

ekewi Emmaus jolında Iysa menen birge júrdi, "biraq olardıń kózleri baylanǵan edi" (Luk 24:16). Olardıń barlıǵı Onıń júzin kórdi, óytkeni Ol Óz saltanatın ashıq kórsetpedi.

Kerisinshe, elshi Yuxan Jaratqan Iyeni Ruwxta kórdi hám bul ushırasıw teńiz jaǵasındaǵı azańǵı awqattan pútkilley parq qıldı, óytkeni Yuxan Onı Óz saltanatında kórdi. Ol Iysanı bılayınsha súwretledi:

> Olardıń ortasında ... Adam Ulına uqsaǵan Birew tur edi. Onıń bası hám shashları aq jún sıyaqlı, qarday appaq edi. Kózleri bolsa, ottıń jalınınday jarqırap turǵan edi. Onıń ayaqları peshte qızdırılǵan jıltıraq qolaǵa uqsaǵan bolıp, dawısı sarqırap aqqan suwdıń sestindey edi. Ońqolında jeti juldız bar bolıp, awzınan eki júzli ótkir qılısh shıǵıp turǵan edi. Júzi kúshli jarqırap turǵan quyashtay edi. Men Onı kóriwden-aq, óli sıyaqlı ayaqlarına jıǵıldım (Ayan 1:13-17 KAAB'22L).

Onıń júzi óz qúdireti menen parlap turǵan quyashtay edi. Yuxan Oǵan qalay qarap tura aldı? Óytkeni ol "Ruwxta" edi.

Jaratqan Iyeniń saltanatı – Qudaydı Quday qılǵan barlıq nársesi esaplanadı. Onıń barlıq qásiyetleri, hákimiyatı, qúdireti hám danalıǵı – basqasha aytqanda Qudaydıń sheksiz ullılıǵı hám qúdireti bolıp tabıladı. Hesh nárse jasırılmaǵan hám sheklenbegen! Mine usınday Quday úshinshi kúni sol tawǵa túsken edi.

Izrail tayarma edi? Adamlar onıń saltanatına qanday múnásibette boldı? Biz ekinshi mıń jıllıqtıń axırında tayyar bolamız ba? Onıń kiyatırǵan saltanatına biz qanday juwap beremiz?

5-BAP

# TAWǴA BARÍW JOLÍ

***Quday bizdi Ózin jaqınnan biliwimiz ushın Óz tawına shaqırmaqta. Usı tawǵa alıp barıwshı jol bolsa Qudaydan qorqatuǵın júrekten tuwılǵan muxaddeslik esaplanadı.***

Bálkim, Izrail xalqınıń kópshiligi úshinshi kúni azańǵı waqıyaǵa tayyarmız, dep oylaǵan. Olar Qudaydıń ózlerin qutqarıwshı qúdiretin qayta-qayta óz kózleri menen kórgen edi. Soǵan qaramastan, olar ele Onıń júzege shıqqan saltanatın kórmegen edi. Xosh, olardıń buǵan bolǵan múnásibeti ózleri kútkendey boldı ma?

"Pútkil xalıq gúldirmamanı hám kárnay sestin esitip, shaqmaqtı hám tawdıń basındaǵı tútindi kórgende, qorqqanınan qaltıray basladı. Olar uzaqta turıp, Muwsaǵa: – Bizler menen óziń sóyles. Bizler seni tıńlaymız. Biraq Quday bizlerge sóylemesin. Bolmasa, ólip qalamız, – dedi" (Shıǵ 20:18-19 KAAB'22L).

Xalıq dirildep, artqa shegindi. Olar Qudaydıń esitiletuǵın dawısın esitiwdi qálemes edi hám Onıń saltanatlı húzirinde

turıwdı qálemes edi. Izrail perzentleri insaniyattıń qálegen áwladı gúwa bolıwı múmkin bolǵan eń ullı waqıyalardıń ayırımların óz kózleri menen kórgen edi. Siz pútkil teńizdi-ǵo meyli, al kishkene bir kóldi ekige bóle alatuǵın neshe adamdı tanıysız? Yaki neshe diniy xızmetker ibadat qılǵanda, aspannan hár kúni úsh million adamdı toydırıwǵa jetetuǵın nan jawıladı? Ekspertlerdiń bahalawına kóre, hár kúni aspannan túsken “manna” hár biri 110 dana vagonnan ibarat bolǵan eki dana júk poyezdin toltırıwǵa jeterli bolǵan!

## Onıń saltanatinan sheginiw

Sol dáwirdiń adamları biziń zamanagóy jámáátimizden onshelli parıq qılmas edi. Qutqarılıw máselesine kelsek, olar Mısırdan shıǵıp keldi, bul bolsa simvolikalıq mánide “qayta tuwılıw” tájiriybesin ańlatadı. Azatlıq máselesine kelsek, olar óz zalımları zulımınan qutılıwdı bastan keshirdi. Tap sol mániste, “Quday bizlerdi qarańǵılıqtıń húkimdarlıǵınan qutqarıp, súyikli Ulınıń Patshalıǵına kóshirdi” (Kol 1:13 KAAB’22L). Káramatlar máselesine kelsek, búgingi jámááttegi kóp insanlar sıyaqlı, olar da Quday kórsetken káramatlardıń nátiyjesinen paydalanıp bolǵan edi.

Qurǵınlıq máselesi boyınsha ne aytıw múmkin? Olar Quday haq adamlar ushın tayarlap qoyǵan gúnakarlardıń baylıǵına iye bolǵan edi: “Izraillılardı elden gúmis hám altın menen shıǵardı” (Zab 104:37 KAAB’22L).

Shıpa máselesi boyınsha ne aytıw múmkin? Muxaddes Jazıwlarda mınaday delingen: “Urıwlarınıń ishinde súrnikkeni bolmadı” (Zab 104:37 KAAB’22L). Muwsa Mısırdı úsh million kúshli hám salamat xalıq penen tárk etti. Kóz aldıńızǵa keltire alasız ba – úsh million xalıq jasaytuǵın qalada birde-bir awırǵan yamasa emlewxanada jatırǵan adam bolmasa? Izraillılar tórt

júz jıl dawamında awır músiybetlerdi bastan keshirgen edi. Olar qutqarılıw qurbanlıǵınan jep atırǵanında qanshelli kóp shıpa hám káramatlar júz bergenin bir kóz aldıńızǵa keltirip kóriń!

Xalıq Qudaydıń qutqarıwshı, shıpa beriwshi, káramatlı hám azat qılıwshı qúdiretinen xabardar edi. Qashandur Quday olar ushın káramatlı tárizde qanday da bir is qılsa, bunı úlken shadı-qurramlıq penen belgiler edi. Olar tap búgingi kúndegi ayırım jámáátlerdegiler sıyaqlı oynap turıp, Qudaydı jırlar edi (Shıǵ 15:1, 20). Sonısı qızıq, olar Qudaydıń káramatlı tárizde Ózin ashıwına umtılar edi, óytkeni bunnan ózleri máp tabar edi. Biraq, onıń saltanatı ayan bolǵanda, qorqıp artqa shegindi.

Ne ushın adamlar káramatlar ortasında ózlerin sonshelli erkin hám hátte tolqınlanǵan sezer edi-de, al onıń saltanatlı húziri ashılǵanda, hátte artqa sheginetuǵın dárejede qolaysızlıq sezer edi? Óytkeni káramatlar ortasında olar óz gúnaların jasıra alar edi.

Kópshilik Iysaǵa mınaday dedi: "Iye! Iye! Bizler Seniń atıń menen payǵambarshılıq etip, Seniń atıń menen jinlerdi quwıp shıǵarmadıq pa? Seniń atıń menen kóp káramatlar islemedik pe?" – deydi. Sonda Men olarǵa: "Men sizlerdi hesh qashan tanıǵan emespen, Mennen awlaq ketińler, háy, nızamdı buzıwshılar!" – dep ashıq aytaman" (Mat 7:22-23 KAAB'22L). Bul xalıq Qudaydıń belgileri hám káramatlarına júdá jaqın edi, hátte ayırımları olardı ózleri de ámelge asırar edi. Soǵan qaramastan, olar putkil waqıt dawamında óz ómirlerinde gúnaların jasırın tutıp kelgen. Biraq hesh kim Onıń saltanatlı húziri qarsısında gúnanı jasıra almaydı, óytkeni Onıń nurı hámme nárseni ashıp taslaydı.

Iysa Jańa Kelisimde bizge mınaday deydi:

> Meniń sizlerge, doslarıma aytatuǵınım: deneni óltirse de, bunnan soń basqa hesh nárse isley almaytuǵınlardan qorqpańlar! Biraq kimnen qorqıwıńız kerek ekenin aytayın:

> óltirgennen keyin, dozaqqa taslaytuǵın Qúdireti kúshli Qudaydan qorqıńlar. Awa, sizlerge aytatuǵınım: Onnan qorqıńlar! (Luk 12:4-5 KAAB’22L)

Ne ushın Iysa bunı aytpaqta? Bunıń sebebi Ol bizdi Qudaydan qorqıwǵa shaqırıwdan aldıńǵı ayatlarda kórinedi: “Ashılmaytuǵın hesh qanday sır, bilinbeytuǵın hesh qanday jasırın nárse joq. Sonlıqtan qarańǵıda aytqanıńız jaqtıda esitiledi” (Luk 12:2-3 KAAB’22L).

Bizler káramatlardıń dógereginde gúnalarımız áshkáralanbay jasawımız múmkin shıǵar, biraq Onıń ayan bolǵan saltanat nurında gúná hesh qashan jasırın qala almaydı. Adam-ata hám Hawa-ene gúná islegeninen keyin, Eden baǵında Jaratqan Iyeniń saltanatınan ózlerin jasırdı. Al, bir waqıtları olar kúnniń salqın gezlerinde Ol menen birge aylanar edi (Jar 2-3). Iysa bunı bılay túsindiredi: “Jamanlıq islewshi hár bir adam nurdı jek kóredi hám isleri áshkara bolmawı ushın, nurǵa kelmeydi” (Yuxn 3:20 KAAB’22L).

“Muwsa xalıqqa: – Qorqpańlar! Sebebi Quday sizlerdi sınaw ushın hám Onnan qorqıp, gúna islemewińiz ushın keldi, – dedi. Xalıq uzaqta tura berdi, al Muwsa Quday turǵan tas túnek qarańǵılıqqa jaqınlastı” (Shıǵ 20:20-21 KAAB’22L).

Siz: “Muwsa jaqtılıqqa emes, bálkim qoyıw qarańǵılıqqa jaqınlastı-ǵoy”, – dep oylap atırǵan bolıwıńız múmkin. Sonı yadta tutıń, Quday sonshelli jarqın, Ol Ózin qoyıw, qarańǵı bult artına jasırıwına tuwrı kelgen. Xalıq Qudaydıń nurınan qashqan bir waqıtta, Muwsa áyne sol nurǵa jaqınlastı. Nızamlar kitabındaǵı táriyp xalıqtıń múnásibetin jáne de anıǵıraq kórsetedi: “Mine, Qudayımız Jaratqan Iye bizlerge saltanatın hám ullılıǵın kórsetti hám ottıń ishinen shıqqan Onıń dawısın esittik. Búgin bizler Qudaydıń adamzat penen sóyleskenin hám adamzattıń tiri qalǵanın kórdik” (Nzm 5:24 KAAB’22L). Eger sol bult qoyıw hám

qarańǵı bolmaǵanında, ne júz beriwi múmkin ekenligin kóz aldıńızǵa keltire alasız ba? Onıń kelbeti sonshelli aybatlı, hátte qoyıw qarańǵı bult ishinde bolsa da, adamlar Onı “jandırıp jiberiwshi jalın” – dep táriyplegen!

Muwsa xalıqtı eskertiwge asıqtı: “Qorqpańlar!” – dep olardı haqıyqıy ómir nurı taralıp atırǵan Qudaydıń húzirine qaytıwǵa shaqırdı. Ol xalıqqa Quday olardı sınaw ushın kelgenin ayttı. Quday ne ushın bizdi sınaydı? Ishimizde ne bar ekenin kóriw ushın ba? Yaq, Ol bunı álleqashan biledi. Ol bizdi, óz júregimizde ne bar ekenin ózimiz bilip alıwımız ushın sınaydı. Izrail perzentleri ózlerinde Qudayǵa qarata aybatlı qorqıw bar-joqlıǵın ańlap alıwları kerek edi. Eger olar Qudaydan qorqsa, gúná islemegen bolar edi. Óytkeni biz Onnan uzaqlasqanımızda, bunıń nátiyjesi hár dayım gúná menen tawsıladı.

Muwsa: “Qorqpańlar”, – dedi hám soń Quday “Onnan qorqıp, gúna islemewińiz ushın” kelgenin muqıyatlap aytadı. Ol Qudaydan albıraw hám Qudaydan qorqıw (húrmet) ortasındaǵı parqtı anıq kórsetip berdi. Muwsa Qudaydan qorqar edi (Onı húrmet qılar edi), xalıq bolsa ózin jaqsı kórer edi. Qudaydan qorqıw – bul Onı hámme nárseden joqarı qoyıp súyiw esaplanadı! Bul – hátte Onıń Sózine boysınbaw yaki kelisimge keliw siz ushın paydalıraq bolıp kóringen jaǵdayda da, Qudayǵa boysınıwǵa tayyar bolıw esaplanadı. Ózin jaqsı kóretuǵınlar Qudaydan qorqıwdı epley almaydı. Sonday turaqlı haqıyqat bar, eger biz Qudaydan qorqpasaq, Onıń saltanatı ayan bolǵanda Onnan albırap, artqa sheginemiz. Yadta tutıń, xalıq Onıń saltanatınan uzaqlastı, Muwsa bolsa Oǵan jaqınlastı.

Usı waqıyanıń Nızamlar kitabındaǵı bayanı jıllar ótip, wáde etilgen jerge kiriwden aldın jas áwladqa jetkizilgen edi. Bul bayan “Shıǵıw” kitabında aytılmaǵan bir ózine tánlikti ashıp beredi. Muwsa xalıqqa Qudaydıń saltanatı qarańǵı bult ishinde

ashılǵanında ne júz bergenin esletti. Sonda olar Muwsaǵa mınaday dep mıńǵırlaǵan edi: “Sen barıp, Qudayımız Jaratqan Iyeniń sózlerin tıńla. Sonnan keyin, Onıń barlıq sózlerin bizlerge aytıp ber. Bizler qulaq salıp, orınlaymız” (Nzm 5:27 KAAB’22L).

Olar Muwsa ózleri ushın esitiwin qáledi hám oǵan qulaq salıwǵa hámde Quday neni buyırsa, sonı orınlawǵa wáde berdi. Solay etip, olar óz júreklerindegi qarańǵılıq hám jasırın gúnalar menen júzbe-júz kelmesten turıp ta, Quday menen baylanısta bolıwı múmkin edi. Biraq, jaqsı niyetler hár dayım da tuwrı nátiyjelerdi bere bermeydi. Óytkeni, bul xalıq bir yarım mıń jıl dawamında bunı sınap kórdi, biraq bul olarǵa Qudaydıń jollarınan júriw qábiletin bermedi.

Aramızda neshe adam olarǵa uqsaydı? Biz de Qudaydıń sózin basqalardan qabıl qılıp, Onıń muxaddes tawınan ózimizdi alıp qashamız ba? Júregimizdiń túp halatın ashıp taslaytuǵın Onıń dawısın esitiwden qorqamız ba? Eger Oǵan júdá jaqınlassaq, sır tutpaqshı bolǵan birer nársemiz ashılıp qalıwınan qorqamız ba? Sonda, eger ol sır bolıp qalsa, ol menen júzbe-júz keliwimizge tuwrı kelmeydi. Biz bolsa ele de zawıq alıp atırǵan nársemizden waz keshiwdi qálemeymiz.

## Olardıń eń qarańǵı saatı

Muwsa Izrail xalqınıń juwabınan qattı renjidi. Ol xalıqtıń Qudaydıń húzirine umtılıwdı qálemewin túsine almadı. Qalayınsha olar bunshelli nadan bolıwı múmkin? Qalayınsha olar bunshelli soqır bolıwı múmkin? Ne ushın kimdur tiri Quday menen ushırasıwdan bas tartıwı múmkin?

Muwsa jaǵdaydı qolǵa alıwına úmit baylap, óziniń tereń táshwishin Jaratqan Iyeniń húzirine alıp keldi. Biraq ol bunı ámelge asırǵanında ózi menen Jaratqan Iyeniń ortasında ne júz bergenine qulaq salıń: “Jaratqan Iye sizlerdiń maǵan

aytqanlarıńızdı esitip, maǵan bılay dedi: “Men bul xalıqtıń saǵan ne aytqanların esittim. Olardıń barlıq aytqanları durıs”” (Nzm 5:28 KAAB’22L).

Muwsa Qudaydıń juwabınan hayran qalǵan bolsa kerek. Bálkim ol mınaday dep oylaǵan shıǵar: Ne, olardıń aytqanları durıs? Sonda bul adamlar haq bolıp shıqtı ma! Ol Qudayǵa qarap júrekten mınaday dep jalbarınǵan shıǵar: “Qánekey, olardıń júrekleri hámme waqıtta usınday bolsa, Mennen qorqıp, barlıq buyrıqlarıma ámel qılsa! Sonda ózleri de, urpaqları da máńgi abadan turmıs keshirer edi” (Nzm 5:29 KAAB’22L).

Jaratqan Iye olardıń muxaddes tawǵa keliwin hám óziniń húzirinde bolıwın qáler edi. Ol Ózin olarǵa ayan qılıwdı qáledi, biraq olarda Qudaydıń húzirinde qala alıw ushın zárúr bolǵan nárse – muxaddes qorqıw jetispeytuǵın edi. Endi biz Onıń Muwsaǵa aytqan sózlerindegi sheksiz ǵam-qayǵını esitiwimiz múmkin: “Endi sen olarǵa barıp, shatırlarıńızǵa qaytıń, dep ayt” (Nzm 5:30 KAAB’22L). Bul qanshelli úlken úmitsizlik! Bul olardıń “eń qarańǵı saatı” edi. Kópshilik Izrail xalqınıń eń qarańǵı demi – olar wáde etilgen jerge kiriwge tosqınlıq qılǵan jaman xabardı keltirgeninde yamasa altın buzawǵa sıyınǵanında kelgen, dep oylaydı.

Yaq, dostım, áyne sol demde olardıń eń qarańǵı saatı edi. Eger olar óz júreklerin páklegende, Onıń saltanatlı húzirine kire alǵan bolar edi. Sonda altın buzaw waqıyası da hám olardı wáde etilgen jerge kiriwden juda qılǵan sol sum xabar da júz bermegen bolar edi.

Búgingi kúnde de bul áyne haqıyqat. Insannıń “eń qarańǵı saatı” – bul onıń óz qatını bolmaǵan hayal menen tósekke jatıwı yaki jumıs beriwshiniń pulın urlawı emes. Bul – insan Jaratqan Iyeniń ,“dúnyalıq qálewlerdi bir shetke ısırıp, sáwbetlesiw ushın Patshanıń húzirine kiriw” haqqındaǵı mırátinen bas tartqanında júz beredi. Eger, ol Qudayǵa jaqınlasqanında edi, qalǵan gúnálı isler ulıwma júz bermegen bolar edi!

Jas jigit yaki qızdıń “eń qarańǵı saatı” – ol más bolıp qalǵanında yamasa narkotik tásirinde bolǵanında júz bermeydi. Bul onıń urlıq ushın qamalǵan waqtı da emes. Bul – Quday onı Ózine jaqınlasıwǵa shaqırǵanında, biraq teńqurları ortasındaǵı abıroy-itibar Patshanıń usınısınan joqarı qoyılǵanında júz beredi. Sırtqı tárepten bul jaǵday onshelli qarańǵı kórinbewi múmkin, biraq Qudaydıń shaqırıwına pisentsizlik penen qaraǵanında, pútkil aspan patshalıǵı qayǵıǵa batadı.

Jaratqan Iye Izrail perzentlerine óz shatırlarına qaytıwdı buyırdı, biraq Ózinen qorqqan insanǵa mınaday dedi: “Al sen usı jerde, Meniń qasımda qal. Men saǵan barlıq buyrıqlarımdı, qaǵıydalarımdı hám nızamlarımdı beremen” (Nzm 5:31 KAAB’22L).

Muwsa Qudaydıń húzirinde tura alar hám Onıń sózlerin esiter edi, óytkeni onda Qudayǵa qarata muxaddes qorqıw bar edi. Eger basqalar da Qudayǵa bolǵan qorqıw menen ózlerin Mısırdıń nápákliklerinen tazalaǵanında edi, olar da ol jerde bolıwı múmkin edi. Muwsa keyninen olarǵa mınaday dedi: “Jaratqan Iye sol tawda ottıń ishinen sizler menen júzbe-júz sóylesti. Sol waqıtta men Jaratqan Iye menen sizlerdiń arańızda turıp, Onıń sózin sizlerge jetkerdim. Sebebi sizler ottan qorqıp, tawǵa shıqpadıńız” (Nzm 5:4-5 KAAB’22L).

Olar Qudaydıń saltanatlı nurı astında óz júrekleriniń ashıp taslanıwına jol qoya almaslıqlarına isendi, sonıń ushın da ózlerin qáwipsiz sezetuǵın jerge shegindi. Eger olarda Qudayǵa jaqınlasıw qálewi bolǵanında edi, Onıń nurı neni ashıqlaǵan bolsa, sonı tek ǵana shıpalaǵan bolar edi. Biraq, olar ózleriniń jaǵdayların jaqsı kórer edi hámde ózgeriwdi qálemes edi.

Keliń bir moment artqa sheginip, pútkil kartinaǵa Qudaydıń názeri menen qarayıq. Quday óz xalqın qullıqtan alıp shıǵıw ushın belgiler, sırlı hádiyseler, káramatlar menen júdá úlken is-háreketler qıldı. Muxaddes Jazıwda aytılıwınsha, Ol bunı

"qúdiretli qol hám uzatılǵan bilek" penen ámelge asırdı. Ol óziniń baslı maqseti – olardı Óz húzirine keltiriw ushın, olardı abaylap jeteledi hám tayarladı. Quday olardıń hár birine Óziniń eń úlken qálewi – olar Oǵan ruwxanıy bolıwı, Ol bolsa olardıń arasında jasawı, olardıń Qudayı bolıwı hám olar Onıń xalqı bolıwı ekenligin ayttı. Quday olar ushın qanday gózzal "Muxabbat qıssasın" rejelestirgen edi! Biraq Ol olardı Óz huzirine keltirgende, olardıń barlıǵı qashıp ketti!

Ol qashan Áke bolǵan? Iysa tuwılǵanında ma?

Yaq! Onıń júregi ázelden Ákenikindey bolǵan. Kóz aldıńızǵa keltire alasızba, Ol Óz xalqın Ózin ashıw ushın abaylap húzirine alıp kelgeninde, olardıń qashıp ketiwi Onıń júregin qanshelli jaraqatlaǵan? Bul haqıyqıy, júrekti shılpárshe qılatuǵın jaǵday edi!

## Saltanattan bir ushqın

Nızamlar kitabındaǵı bayan arqalı xalıqtın ne ushın artqa shegingenin kórip shıqtıq. Endi bolsa Quday tawǵa túsken waqıttaǵı kartinaǵa qaytayıq. Xalıq uzaqlasqanınan soń, Quday ruwxaniylik sistemasın engiziwge qarar qıldı. Ol xalıqtıń atınan Óziniń saltanatlı húzirine kire alatuǵın bir adamdı tańlamaqshı edi. Ol áne sol ruwxaniy bolıwı ushın Xarondı tańladı. Xarondı tańlap bolǵannan soń: "Jaratqan Iye oǵan dedi [Muwsaǵa]: – Tómen túsip, Xarondı óziń menen birge alıp kel" (Shıǵ 19:24 KAAB'22L).

Biraq, Xaron Qudaydıń húzirine jaqın barmadı. Bunıń ornına, ol xalıq penen birge qaldı hám saltanattan izge shegindi (Shıǵ 20:21).

"Jaratqan Iye Muwsaǵa bılay dedi: – Sen, jáne de, Xaron, Nadab, Abihu hám Izrail aqsaqallarınan jetpis adam tawǵa kóterilip, Meniń aldıma kelińler hám uzaqta turıp tájim etińler. Tek sen ǵana Maǵan jaqınla, basqa hesh kim jaqın kelmesin. Xalıq seniń menen birge tawǵa shıqpasın" (Shıǵ 24:1-2 KAAB'22L).

Quday Xarondı, onıń ulların hám Izrail aqsaqalların shaqırdı,

olardan biri Eshua edi. Quday Xaronnan tawdıń eń usha basına shıǵıwdı soramadı; ol ordadan joqarıraqta, tawdıń belgili bir jerinde turıwı kerek edi. Ol aldın da bir márte artqa shegingen edi, óytkeni onda Qudayǵa qarata muxaddes qorqıw joq edi; ol tek uzaqtan turıp ǵana sájde qıla alar edi. Búgingi kúnde de kópshilik Jaratqan Iyege uzaqtan turıp sájde qıladı, óytkeni ol "qáwipsiz". Olar jureklerin páklewden qashadı da, biraq sonıń menen birge Jaratqan Iyege sájde qılıwǵa bolǵan ishki mútájliklerin qandıradı da.

Usı adamlardıń ibadatı tiykarında olar "Izraildıń Qudayın kórdi. Qudaydıń ayaqları astına lazurit tasına uqsas, aspan sıyaqlı tınıq bir nárse tóselgen edi" (Shıǵ 24:10 KAAB'22L). Matta Genridiń tómendegi pikirleri sol jerde negizinde ne júz bergeni haqqındaǵı meniń haqıyqıy isenimimdi sáwlelendiredi:

Olar Izraildiń Qudayın kórdi (10-ayat), yaǵnıy hesh qanday anıq bir formanı kórmegen bolsa da, Onıń saltanatınan nur hám ot ishinde bir ushqındı kórdi. Olar Izrail Qudayı turǵan jerdi kórdi (Septuaginta boyınsha) – bul qanday da bir formaǵa jaqın, biraq forma bolmaǵan nárse edi. Olar neni kórgen bolsa, ol gúmansız sonday bir nárse edi, onnan ya bir kórinis, ya bir súwret soǵıp bolmas edi; soǵan qaramastan, kórgenleri olardı "Quday haqıyqattan da olar menen ekenligine" isendiriw ushın jeterli edi.

Ol adamlar ilahiy saltanattan bir ushqındı ǵana kórdi, biraq olarǵa Onıń saltanatlı húzirine kiriwge ruqsat berilmedi. Muwsanıń Qudayǵa bolǵan muxaddes qorqıwı Onıń húzirine jaqınlasıw usınısın alıwı ushın jetkilikli gilt boldı. Quday onı mirát etip mınaday dedi: "Tawǵa, Meniń janıma kelip, usı jerde kútip tur" (Shıǵ 24:12 KAAB'22L).

O, Qudaydıń Muwsaǵa aytqan sózlerin sol dárejede jaqsı kóremen! Bul – Quday óziniń eń ishki pikirleri hám jolların ashıp beretuǵın sırlı orındur. Bul – Onıń gáziyneleri tawılatuǵın orındur. Iyshaya payǵambar bizge mınaday deydi:

Joqarıda mákan qurǵan Jaratqan Iye ullı! ...
Ol seniń dáwirińniń bekkem tiykarı bolıp, Mol etip qutqarılıw,
danalıq hám bilim berer.
Jaratqan Iyeden qorqıw – bul ǵáziyneni ashatuǵın gilt
(Iysh 33:5-6 KAAB'22L).

Qudaydı tanıp-biliw ǵaziynesin ashatuǵın bir gilt bar. Biz mına qatarlardı oqıymız: "Óz jolların Muwsaǵa, Islerin Izraillılarǵa kórsetti" (Zab 102:7 KAAB'22L). Muwsa Qudaydıń jolların biler edi, ol bunı tawda úyrendi. Xalıqtıń qalǵan bólegi bolsa Qudaydı tek ǵana Ol olardıń ómirinde kórsetken káramatlar arqalı ǵana tanıp alar edi. O, búgingi kúnde de qansha insan Jaratqan Iyeniń, tek olardıń ómirinde islegen káramatların ǵana biledi? Olar denesiniń shıpalanǵanın, mútájlikleriniń qandırılǵanın, finanslıq jetiskenliklerdi yaki orınlanǵan basqa tileklerdi bastan keshirgen bolıwı múmkin. Biraq, bul insanlar Onıń jolların úyreniw ushın tawǵa shıqpaydı, óytkeni olar bul dúnya bere alatuǵın zatlardı ǵana qáleydi. Olarda Qudayǵa qarata muxaddes qorqıw joq.

Quday bizdi Ózin jaqınnan tanıp biliwimiz ushın Óz tawına shaqırmaqta. Bul tawǵa shıǵıw ushın jollanba – bul Qudaydan qorqıw nátiyjesinde júrekte tuwılǵan muxaddeslik bolıp tabıladı. Ol bizge anıq etip mınaday deydi: "Jaratqan Iye Ózinen qorqqanlarǵa sırlas bolar, Kelisimin olarǵa bildirer" (Zab 24:14 KAAB'22L).

6-BAP

# BASQARÍLATUǴÍN QUDAY

***Eger siz tawǵa shıqsańız, siz ózgeresiz. Eger, tap Xaron sıyaqlı, taw eteginde qalsańız, siziń ishińizdegi Qudaydıń obrazı ózgeredi.***

Quday bul dúnyadan azat etken insanlar Onıń húzirisiz de baxtiyar jasawdı úyrense, ne júz beredi? Usı bapta biz onıń qorqınıshlı aqıbetlerin ashıp beremiz.

## Bizler qaytip kelgenshe, usi jerde kutip turińlar

Quday xalıqtı taw etegindegi ordaǵa, óz shatırlarına qaytarıp jiberdi. Muwsa, Xaron hám jetpis aqsaqal uzaqtan turıp tabınıw ushın tawdıń belgili bir jerine kóterildi. Ibadat waqtınan keyin, Quday tek Muwsaǵa ǵana Ózi turǵan shıńǵa jaqınlasıwın buyırdı. Muwsa ózi menen birge biraz joqarıraqqa kóteriliw ushın Eshuanı tańladı, biraq Xaron hám qalǵan aqsaqallarǵa qatań kórsetpe berdi: “Bizler qaytıp kelgenshe, usı jerde kútip turıńlar” (Shıǵ

24:14 KAAB'22L). Bunnan soń, Muwsa taw shıńına, bulttıń qaq orayına kóterildi hám ol jerde qırıq kún hám qırıq tún qaldı. Eshua bolsa aqsaqallar turǵan jer menen Muwsa shıqqan shıńnıń ortasındaǵı bir orında kútip turdı. Xalıq bolsa tómende, taw etegindegi qorǵanda edi.

Aldın kórgenimizdey, negizinde Xaronnan Muwsa menen birge joqarıǵa shıǵıw soralǵan edi. Xosh, ol nege barmadı? Óytkeni ol Qudaydın húzirinen kóre, xalıqtın arasında ózin erkinirek sezindi. Bunı qalayınsha bilemen? Onıń Jaratqan Iyeniń saltanatınan tınımsız ráwishte artqa sheginiwinen bilemen. Xaronnıń atı keyingi sapar tilge alınǵanda, bul Muwsa qırıq kún dawamında tawda bolǵan waqıtqa tuwrı keledi, ol álleqashan qorǵanǵa qaytıp túsken edi. Basqa aqsaqallar da onıń menen birge edi!

Qorǵan – tanıs hám ádettegi ortalıq. Bul Mısırdan (dúnyadan) azat qılınǵan hám Qudaydıń tawınıń eteginde turǵan, biraq óz júreginiń áshkaralanıwınan qashıw ushın Onıń húzirinen jeterlishe uzaqlasqan jámáát esaplanadı. Men bunı "tanıs ortalıq" dep aytaman, óytkeni ol endi Mısırda emes, onda Qudayǵa xızmet qılıw hám Onıń menen birge háreket qılıwdıń barlıq sırtqı kórinisleri bar, biraq negizinde ol Onıń júreginen júdá uzaq. Xaron jáne sol jerge qaytıp tústi. Xosh, bundaylar qansha ekenin oylap kórdińiz be?

## QUDAYDIŃ OBRAZIN ÓZGERTIW

Qudayqıń qúdireti menen bul dúnyadan azat etilgen insan Onıń húzirinde júriwdi tańlamasa, ne júz beriwin Xaronnıń ómirinde kóriwińiz múmkin. Keliń, usı tragediyanıń dawamın gúzeteyik.

> Xalıq Muwsanıń tawdan túspey, irkilip atırǵanın kórgende, Xaronnıń átirapına jıynaldı da: – "Qáne, bizlerge baslap alıp júretuǵın quday soǵıp ber. Óytkeni bizlerdi Mısır jerinen alıp

shıqqan sol Muwsa degen adamǵa ne bolǵanın bilmeymiz”, – dedi (Shıǵ 32:1 KAAB’22L).

Muwsa kóp waqıt tawda boldı. Taw eteginde hesh qanday ilahiy háreket júz berip atırǵan joq edi. Sonda adamlar Quday aktiv bolmaǵan waqıtta dinshil kimseler barqulla qılatuǵın isti qıldı: olar jıynalıs ótkiziw ushın bir jerge toplandı. Bunday jıynalıslar Jaratqan Iyeniń atı menen ótkizilse de, olar barlıq waqıt Qudaydıń erkine qarsı bolǵan nátiyjelerdi keltirip shıǵaradı. Bunı keyingi waqıyalarda kórip shıǵamız.

Xalıq Xaronnıń átirapına toplandı – ol dáslep Muwsa menen birge shıńǵa shıǵıwı kerek bolǵan, biraq barmaǵan insan edi. Ol belgilengen jerde qalıp, Muwsanı kútiwi lazım edi, biraq bunı da qılmadı. Ne ushın xalıq áyne usınday adamnın átirapına toplandı? Óytkeni ol olarǵa ózleri qálegen nárseni beriwi anıq edi!

Xaron jetekshilik dep atalıwshı sıyǵa iye edi. Jetekshilik – bul Quday tárepinen berilgen qábilet (Rim 12:8). Ol ózinde belgili bir pazıyletlerdi jámleydi, olardan biri – adamlardı magnit kibi ózine tartıw qábileti bolıp tabıladı. Bul inamǵa iye bolǵan insan Qudaydıń húzirine shıqqanba-joqpa, bári bir adamlardı óz izinen jeteley beredi! Bul jaǵday qalayınsha bir adamnıń bes mıń kisilik jámááti bolıwı múmkinligin, biraq ol jerde Qudaydıń húziri ulıwma joq ekenligin túsindirip beredi! Bunday jetekshi Qudaydın emes, al xalıqtıń qálewlerin ámelge asırıw ushın óziniń ilahiy sıylarınan paydalanadı. Ol Qudaydıń sózin esitiw ushın tawǵa shıqpaǵan, biraq ondaǵı qábilet sebepli onıń izinen eriwshiler júdá kóp! Bul adamdı tereń oylandıratuǵın pikir, solay emes pe?

“Xalıq Muwsanıń tawdan túspey, irkilip atırǵanın kórgende, Xaronnıń átirapına jıynaldı da: – Qáne, bizlerge baslap alıp júretuǵın quday soǵıp ber. Óytkeni bizlerdi Mısır jerinen alıp shıqqan sol Muwsa degen adamǵa ne bolǵanın bilmeymiz, – dedi” (Shıǵ 32:1 KAAB’22L). Itibar beriń, olar: “Qudayǵa ne

bolǵanın bilmeymiz", demedi. Olar Muwsanı nalayıq dep tabıwdı yaki onı abıroysızlandırıwdı qáledi.

Adamlardıń original (evrey) tilinde aytqan gáplerin úyrener ekenmen, bazıda awdarmashılar bul sózdiń túpkilikli mánisinen biraz qáweterge túsip, inglizshe "gods" (qudaylar) sózin isletken be eken, dep oylap qalaman. Evrey tilinde "qudaylar" mánisin beriwshi sóz – "elohiym". Bul sóz Eski Kelisimde shama menen 2250 márte ushıraydı. Onıń derlik 2000 ı biz xızmet qulatúǵın Qúdiretli Qudayǵa qarata isletilgen. Máselen, Jaratılıs kitabınıń 1-babında bul sóz 32 márte keledi. Birinshi ayatta mınaday delingen: "Eń basta Quday [elohiym] aspan hám jerdi jarattı" (Jar 1:1 KAAB'22L). Bul jerde "elohiym" sózi "Quday" dep awdarmalanǵan. Usı bapta "Quday" sózi qay jerde ushırassa, ol áyne "Elohiym" sózi.

Eski Kelisimde "Elohiym" sózi shama menen 250 márte jalǵan qudaylardı táriyplew ushın da isletilgen. Sonıń ushın biz bul sóz kimge yamasa nege qarata aytılıp atırǵanın túsiniw ushın barqulla kontekstke qarawımız kerek. Xaron oǵan múrájat qılǵanlarǵa mınaday dedi: "Hayallarıńız, ullarıńız hám qızlarıńızdıń qulaqlarındaǵı altın sırǵalardı sheship, maǵan alıp kelińler" (Shıǵ 32:2 KAAB'22L). Barlıq xalıq sırǵaların sheship, Xaronǵa alıp keldi: "Xaron sırǵalardı alıp, olardan tananıń músinin soqtı" (Shıǵ 32:4 KAAB'22L). Bul ayattaǵı "soqtı" sózi evreyshe "yatsar" sózi. Bul – "qanday da bir formaǵa salıp qálipke quyıw" degen mánini ańlatadı (Strong sózligi).

Ol usı altınnan tananıń formasın soǵıwı menen, barlıq xalıq oǵan qosılıp: "Háy, Izrail! Sizlerdi Mısır jerinen alıp shıqqan qudayıńız usı boladı" – dep baqırdı (Shıǵ 32:4 KAAB'22L). Bul jerde de "quday" sózi ushın evreyshe jáne "elohiym" sózi isletilgen. Bálkim, siz endi ne júz berip atırǵanın túsine baslaǵan shıǵarsız.

"Xaron bunı kórip, tananıń aldına bir qurbanlıq orın qurdı da:

“Erteń Jaratqan Iyege arnap bayram boladı”, – dep járiyaladı” (Shıǵ 32:4 KAAB’22L). Bul jerde Jaratqan Iye sózi ushın evreyshe “Jehovah” yaki “Yahweh” sózi isletilgen. Eski Kelisimdegi eń muxaddes sóz bolǵan “Yahweh” – jalǵız hám haqıyqıy Qudaydın atı. Bul at hesh qashan jalǵan qudaylardı táriyplew ushın isletilmeydi hám olarǵa at sıpatında berilmeydi. Bul sóz sonshelli muxaddes edi, evrey xatkerler onı tolıq etip jazbas edi. Olar onı háriplerin alıp taslap, tek “YHWH” kórinisinde jazǵan. Bul “muxaddes tetragrammaton” – aytıwǵa bolmaytuǵın tórt hárip dep ataladı. Bul Izrail xalqı ómirinde hár qanday húrmetsizlikten qorǵalǵan, tilge alınbaytuǵın muxaddes at edi.

Juwmaqlap aytqanda, Xaron hám Izrail ulları quyma tana soǵıp, oǵan qarata mınaday dedi: “Mine, bizdi Mısır jurtınan alıp shıqqan jalǵız, haqıyqıy Quday – Yahweh!” Olar: “Mine, bizdi Mısırdan alıp shıqqan Baal, yaǵnıy jat quday”, demedi. Sonday-aq, olar ózleriniń iymanınan keshpedi. Tek olar ózleriniń ullı Qudayınıń atın mine usı jansız háykelge berdi. Sol arqalı olar Qudaydıń sheksiz saltanatın ápiwayı bir haywan háykeli dárejesine túsirip qoydı. Olar Yahweh olardı qutqarǵanın hám Mısırdan azat etkenin tán alar edi; Onıń shıpalawshı qúdiretin biykarlamas edi. Olar tek Onıń saltanatın kemsitti!

## Bul tana shiǵa keldi

Sol waqıt aralıǵında Muwsa tawda Quday menen birge edi hám ol tómende xalıq ne qılıp atırǵanınan xabarsız edi. Sonda Quday oǵan buyırdı: “Tezirek tómen tús. Seniń Mısır jerinen alıp shıqqan xalqıń joldan azdı” (Shıǵ 32:7 KAAB’22L). Sol waqıtta Qudaydıń ǵázebi júdá qattı edi. Ol Izraillılardı “Meniń xalqım” emes, bálkim Muwsaǵa qarap “seniń xalqıń” dep atadı.

Quday olar haqqında aytqanda, “joldan azdı” degen sózlerdi isletti. “Azıw” sózi leksik tárepten “shiriw” yaki “aynıw” degen

mánini ańlatadı. Eger biz Qudaydıń tawınıń eteginde turıp, jay ǵana “dinshillik oyının” oynasaq, aqır-aqıbet joldan azamız. Óytkeni Onıń júreginen uzaqlasqan hár qanday nárse waqıt ótiwi menen álbette aynıp, sasıp ketedi.

Keyinirek, Quday Izrail xalqına mınaday degen:

> Meniń xalqım eki jamanlıq isledi: Meni, tiri suw bulaǵın tárk etti, Ózlerine suw turmaytuǵın, buzıq suw saqlaǵıshlardı qazıp aldı (Erm 2:13 KAAB’22L).

Ol – tiri suw bulaǵı. Eger biz Quday ótmishte bergen jemislerine jabısıp alıp, Onıń júreginen uzaqta jay ǵana “Dinshillik oyının” oynasaq, álbette izge qaray ketemiz. Sonıń ushın da Iysa mınaday dep eskertken: “Kim de kim Maǵan ergisi kelse, ózinen keshsin hám hár kúni óz atanaq aǵashın arqalap, Meniń izime ersin” (Luk 9:23 KAAB’22L). Biz hár kúni sol tawǵa shıǵıwımız shárt!

Muwsa tawdan tústi. Ol qorǵanǵa kirip, altın tananı kórgeninde, gázepten qaynap ketti. “Muwsa Xaronǵa: – Bunday awır gúnaǵa batırǵanday, bul xalıq saǵan ne islegen edi? – dedi”.

“Xaron Muwsaǵa bılay dep juwap berdi: – Ǵázeplenbe, mırzam! Bul xalıqtıń jamanlıqqa beyim ekenin óziń bileseń. Olar maǵan: “Bizlerdi baslap alıp júretuǵın quday [elohiym] soǵıp ber. Óytkeni bizlerdi Mısır jerinen alıp shıqqan sol Muwsa degen adamǵa ne bolǵanın bilmeymiz”, – dedi. Men olarǵa: “Kimde altın bar bolsa, olardı sheshsin”, – degenimde, olar altınların maǵan berdi. Men olardı otqa taslaǵanımda, bul tana shıǵa keldi” (Shıǵ 32:21-24 KAAB’22L).

“Bul tana shıǵa keldi”. Onıń usılay aytqanına isene alasızba? Biz sál aldın oqıǵanımızday, ol tananı ónermentshilik ásbapları menen arnawlı jasaǵan edi! Ol ótirik sóyledi. Quday ǵázeplenbegen waqıtta ótirik aytıw basqa, biraq Quday álleqashan gázepten janıp turgan waqıtta ótirik aytıw jáne de jamanıraq zat.

Men bunıń ushın Qudaydan sorandım: "Jaratqan Iyem, men bul adamnıń jazalanıwın yaki soǵan uqsas zattı qálemeymen, biraq túsine almay atırman. Qalayınsha ol bunday ashıq-aydın ótiriginen qutılıp qaldı? Nege jer jarılıp, onı jutıp jibermedi? Tap Sen onıń bul ótirigine esh zat qılmaǵanday bolıp tursań".

Jaratqan Iyeniń juwabı ómirime júdá úlken tásir etti hámde áyne usı kitaptı jazıw ideyasın tuwdırdı. Bul juwap búgingi künde jámáátlerde neler júz berip atırǵanın tolıq jańasha túsinip jetiwime jol ashtı. Quday maǵan ayttı: "Jon, Xaron tawdıń tóbesine shıqpaǵan edi. Ol Muwsa sıyaqlı Meniń húzirimde bolıp, Meniń diydarıma toymaǵan edi. Sol sebepli, onıń ishki dúnyasındaǵı Quday obrazı ol ósken jámiyettiń tásiri astında qáliplesken edi. Hámde onnan shıǵıp kelgen nárse – áne sol jámiyettiń kózqarası edi".

Xaron sol waqıtqa shekem bolǵan putkil ómirin, yaǵnıy seksen jılǵa jaqın waqtın Mısırda ótkizgen edi. Ol áyne sol jerde ósken, onıń ata-anası da sol jerde tuwılıp, sol jerde qaytıs bolǵan.

Xaron Mısır mádeniyatı ortalıǵında jasaǵan hám Mısırda sıyınıw ushın kóplegen nárseler bar edi. Xaron Muwsa sıyaqlı tawǵa shıǵıp, Quday menen sóylespegeni hám onıń saltanatın kórmegeni ushın, onıń sanasında "Quday" obrazı áyne ózi ósip-er jetken jámiyettegi kózqaraslar tiykarında qáliplesken edi. Xaron Qudayǵa uzaqtan kóz taslaǵan hám Onıń tek ayaqların ǵana korgen. Biraq, ol Muwsa sıyaqlı tikkeley Qudaydıń húzirine kirmegen edi.

Iysa Quday patshalıǵın "kóriw" hám oǵan "kiriw" haqqında aytqan (Yuxn 3:3, 5). Aspan patshalıǵın kóriwimiz ushın biz qaytadan tuwılıwımız, yaǵnıy bul dúnyanıń tásirinen azat bolıwımız kerek. Biraq, biz sol jerdiń ózinde toqtap qalmawımız kerek, biz ol jerge kiriwge shaqırılǵanbız.

Pavel Listra, Ikoniya hám Antioxiyadaǵı álleqashan iymanǵa

kelgen adamlarǵa mınaday degen: "Qudaydıń Patshalıǵına kiriwimiz ushın, kóp qıyınshılıqlardan ótiwimiz tiyis" (Elsh 14:21-22 KAAB'22L). Quday álleqashan iymanǵa kelgen adamlardı aspan patshalıǵına kiriw ushın dus keletuǵın sınaqlarǵa tayarlaydı.

Xaron Mısırdan azat etilgen edi – bul "qaytadan tuwılıw"dıń bir kórinisi edi, biraq ol Qudaydı jaqınnan tanımas edi. Ol tawdın eteginde tek ǵana dinshillik oyının oynadı. Bunıń aqıbetinde bolsa onıń sanasındaǵı Quday obrazı sonshelli kishireyip ketti, ol ózin qorshaǵan ortalıqtan (Mısırdan) nelerdi alǵan bolsa, Qudaydı áyne sol nársege teńlestirip qoydı.

## Basqa "Iysa"

Jańa Kelisimde Pavel bul máselege toqtaladı:

> Dúnya jaratılǵannan beri Qudaydıń kózge kórinbeytuǵın qásiyetleri, yaǵnıy sheksiz qúdireti hám qudaylıǵı Ol jaratqan barlıqtan seziledi hám ashıq kórinedi. Solay etip, olar ózlerin aqlay almaydı. Olar Qudaydı bilse de, Onı Quday dep ullılamadı hám Oǵan shúkirlik bildirmedi. Kerisinshe, olardıń oy-qıyalları bos bolıp, aqılsız kewillerin qarańǵılıq qapladı (Rim 1:20-21 KAAB'22L).

Olar Onı Quday sıpatında ullılamaydı. Basqasha aytqanda, olar Onı biledi, biraq Oǵan ılayıq bolǵan húrmetti bermeydi. Izrail ulları Yahweh olardı qutqarǵanın tán aldı, biraq Oǵan ılayıq bolǵan húrmetti, qorqıwdı hám ullılıqtı bermedi. Álbette, jaǵday onsha ózgergen joq. Pavel Jańa Kelisim dáwirinde jasaytuǵın adamlar haqqında jáne bılay deydi:

> Olar máńgi tiri Qudaydıń ullılıǵın basında ólim bar adamnıń, quslardıń, tórt ayaqlı haywanlardıń hám jer bawırlawshılardıń kórinisindegi butlarǵa almastırdı (Rim 1:23 KAAB'22L).

Jalǵız, haqıyqıy Qudaydıń dańqlı obrazı shıbın-shirkeylerdiń, quslardıń, haywanlardıń hám óli adamnıń obrazı dárejesine túsiriledi. Biziń Batıs jámiyetimiz quslarǵa, tórt ayaqlı haywanlarǵa yamasa jer bawırlawshı janıwarlarǵa tabına ma? Álbette, joq. Eger biz altınnan tananıń músinin jasap, onı úyimizdiń aldındaǵı gazonǵa qoysaq, adamlar bizge kúlip: “Onı eritip, onnan bir zergerlik buyım jasap satıńlar!” der edi.

Biziń jámiyetimiz nege tabınadı? Juwap – ózine, yaǵnıy shirip joq bolatuǵın adamǵa! Izrail altınnan jasalǵan haywanlar hám shıbın-shirkeyler súwretlerine tabınatuǵın jámiyet penen qorshalǵan edi. Búgingi jámáát bolsa ózine yamasa shirip joq bolatuǵın adamǵa tabınatuǵın mádeniyat penen qorshalǵan. Xaron hám xalıq Qudaydıń tawdaǵı dańqlı húzirinen shegingende, olardıń Quday haqqındaǵı obrazı Mısır tabınǵan nárse – haywanlar obrazı arqalı qáliplesti. Búgin iseniwshiler Quday tawınan shegingende, olardıń Quday haqqındaǵı obrazı biziń jámiyetimiz tabınatuǵın nárse – ózi yamasa shirip joq bolatuǵın adam arqalı qáliplesedi.

Birneshe jıldan beri ruwxımnan ketpey júrgen bir oy bar, men onnan qutıla almayman. Ol mınadan ibarat: biz ózimiz soǵıp alǵan obrazdaǵı bir “Iysaǵa” xızmet etip keldik. Biz Onı “Iye” dep ataymız. Onıń qutqarıwshı, shıpalawshı hám azat etiwshi qúdiretin tán alamız. Biraq Ol haqıyqattan da joqarıdaǵı Ullılıqtıń ońjaǵında otırǵan Sol Iysa ma, yamasa biz ózimizge uqsatıp jasap alǵan hám sonıń ózin “Iye” dep atap júrgen basqa bir “Iysa” ma?

## Basqarılatuǵın Quday

Butparazlıq – sıyınıwdıń júdá qolaylı túri. But ózin jasaǵan adamlarǵa olar qálegen nárseni beredi, yaǵnıy óz júrekleriniń buyrıqların qaytaradı, sebebi onı ózleri jasaydı. Sonday bolsa da, ol insannıń ullı Qudayǵa sıyınıwǵa bolǵan tuwma mútájligin

qanaatlandıradı. Eger buttı jasaǵanlar jınısıy lázzetlerge qushtar bolsa, olardıń butı da sol qálewlerdi qanaatlandıratuǵın qaǵıydalardı buyıradı. Jaratqan Iye bul haqqında Ishaya arqalı anıq aytadı: "Payda bermeytuǵın qudaydı kim soǵadı? Buttı kim quyadı?" (Iysh 44:10).

Endi bul niyetti Izraildiń Xaron altın tana jasaǵan waqıyaǵa qaytıwı arqalı qarań. Xaron hám xalıq altın tananı ózlerin Mısırdan azat etken Yahweniń obrazı dep qabıl etti. "Erteńine azanda xalıq jandırılatuǵın qurbanlıqlar berdi hám tatıwlıq qurbanlıqların usındı. Olar iship-jew ushın otırdı hám keyin orınlarınan turıp, oyınǵa tústi" (Shıǵ 32:6 KAAB'22L).

Ertesi kúni olar Quday tawınıń etegindegi ózleriniń "jámáát jıyınına" bardı. Olar Yahweniń súyispenshiligi hám ullılıǵın járiyaladı. Sawǵaların berdi, qosıqların ayttı hám wazların ayttı. Olardıń "Yahwesi" olarǵa ózleri súyip esitetuǵın xabardı berdi, sebebi bul xabar olardıń qálewlerin qanaatlandırar edi. Olar otırıp jep-ishti, keyin oyın-kúlki qılıw ushın ornınan turdı. Olardıń oyını – óz denelik tábiyatınıń qálewlerin qanaatlandırıw edi. Muwsa olarǵa jetip kelgen waqıtta, olar pútkilley dizginnen shıqqan edi (Shıǵ. 32:25).

Bul kórinis bizge butparazlıqtıń tamırın tereńirek túsiniwge járdem beredi. Onıń tamırı – boysınbawshılıq. Quday Sózi bunı tastıyıqlaydı: "...boysınbawshılıq palkerlik sıyaqlı gúna, al menmenlik butparazlıq penen barabar" (1-Pat 15:23 KAAB'22L).

Mısırlılarǵa tek tana jasap, oǵan qanday da bir at beriw jetkilikli edi; sonnan keyin ol but olarǵa óz júreklerinde Jaratıwshınıń tileklerine qarsı ekenin bilgen nárselerdi berer edi. Negizinde, barlıq adamlar Onıń tileklerin biledi. Sebebi Pavel bılay deydi: "Haqıyqatqa óz nahaqlıǵı menen bóget bolatuǵın adamlardıń barlıq qudaysız hám nahaq islerine aspannan Qudaydıń ǵázebi tógiledi. Óytkeni Quday haqqında biliwge

múmkin bolǵan nárseler olarǵa belgili. Qudaydıń Ózi olarǵa usılardı málim etken” (Rim 1:18–19 KAAB’22L).

Mısırdan shıqqan Izrail adamı ushın tiykarǵı túsinik sol qálipte qaladı, biraq biz buǵan kishkene bir ózgeris kirgiziwimiz kerek. Izrail adamı Yahweniń atın biler edi hám Onıń qúdiretiniń tásirin álleqashan sezgen edi. Eger ol óziniń boysınbawshılıq jollarınan bas tartıp, Jaratqan Iyeniń jollarına iykemlesiwdi qálemese, onda óz hújdanın da, óz qálewlerin de qanaatlandırıwdıń bir jolı bar edi: ózi qálegen nárseni beretuǵın, Yahweni bildiredi dep esaplanatuǵın bir músin jasaw. Bul júdá sezilmes tárizde, onıń ózi sanalı túrde ańlap jetpegen halda islenetuǵın edi.

Pavel Korinftegi jámáátti bılay dep eskertti:

> Biraq, jılannıń Hawa-eneni hiylekerlik penen aldaǵanınday, sizlerdiń aqıl-oylarıńızdıń da buzılıp, Masiyxqa degen haqıyqıy hám pák sadıqlıqtan awıp ketiwinen qorqaman. Sebebi birew kelip, bizler járiyalaǵan Iysanı basqasha qılıp járiyalaǵanda, sizler isenesizler. Jáne de, ózlerińiz alǵan Muxaddes Ruwxtan basqa bir ruwxtı hám ózlerińiz qabıl etken Xosh Xabardan basqa bir “xosh xabardı” ańsat qabıl etesizler (2 Kor 11:3-4 KAAB’22L).

Maǵan “Contemporary English Version” awdarmasınıń 4-ayatqa bergen túsindirmesi unaydı: “Biz sizlerge Iysa haqqında ayttıq, sizler Muxaddes Ruwxtı qabıl ettińizler hám biziń xabarımızdı qabıl aldıńızlar. Biraq sizler ayırım adamlardıń sizlerge basqa bir “Iysa” haqqında aytıwına jol berdińizler. Endi bolsa sizler basqa bir ruwxtı qabıl etiwge hám basqa bir xabardı qabıl alıwǵa tayarsızlar.”

Eger biz Quday hákimiyatınıń aǵımına qarsı bolǵan dúnyalıq turmıs tárizin ele de qálesek, onda óz qálewlerimizge sáykes keletuǵın “óz Iysamızǵa” sanasız túrde xızmet etiw arqalı oǵan iye bola alamız. Bunı ańlamastan, biz basqarıwǵa bolatuǵın

quday obrazına iye bolıp alamız! Bul – ashıq-aydın ótirik emes, al sezilmes aldaw.

Aldanıwımızda biz ózimizdi: “Iysa meniń dosım”, yamasa “Quday júregimdi biledi”, – dep jubatamız. Ras, Quday júreklerimizdi biz ózimizdi túsingennen de tereńirek túsinedi.

Biraq ádette biz bul sózdi Onıń kelisimine qarsı keletuǵın is-háreketlerimizdi aqlaw ushın aytamız. Negizinde, bul – boysınbawshılıq. Erinlerimiz ele de Onı húrmetleydi, biraq Oǵan bolǵan qorqıwımız adamlar úyretken qaǵıydalarǵa tiykarlanǵan: Iyemiz bılay deydi: “Bul xalıq tek sózi menen Maǵan jaqınlap, Tek awzı menen Meni sıylaydı. Biraq júregi Mennen alıs. Adam oylap tapqan parızlar arqalı Maǵan sıyınadı” (Iysh 29:13 KAAB’22L).

Biz Qudaydıń Sózin hám buyrıqların mádeniyat tásirinde qáliplesken pikirlewimiz arqalı elep ótkeremiz. Onıń ullılıǵı haqqındaǵı túsinigimiz tawda Onıń tiri Sózi arqalı ashılǵan haqıyqıy obrazına emes, al ózimizdiń sheklengen túsiniklerimizge qarap qáliplesedi.

## JÁMÁÁT ISHINDEGI EKI TOPAR ARASINDAǴI KESKIN PARQ

Sizge bir-eki mısal keltiriwime ruqsat etiń. Bir hayal maǵan qońıraw etip, óz jámáátindegi bir erkek penen denelik zina qatnasında bolǵanın moyınladı. Onıń kúyewi masiyxıy emes edi hám onıń iymanı sebepli oǵan sóz benen qattı tiyiser edi, biraq fizikalıq kúsh qollanbas edi. Basqasha aytqanda, ol onı quwdaladı.

Ol hayal hám basqa erkek ózleriniń denelik qatnasın toqtattı. Biraq onıń “masiyxıy dosları” oǵan eri menen ajırasıwdı hám onı súyetuǵın usı jaqsı masiyxıy erkekke turmısqa shıǵıwdı másláhát berdi, sebebi Quday onı tınıshlıqqa shaqırǵan eken. Meniń sorawım mınaday: bul dosları qanday “Iysaǵa” xızmet etedi? Álbette, Qudaydıń oń jaǵında otırǵan Sol Iysaǵa emes. Olardıń Iysa

haqqındaǵı obrazı jámiyet tárepinen qálipleskn, sebebi jámiyet ajırasıwǵa ádetlenip ketken. Ajırasqanlardıń kópshiligi bunı aldınnan rejelestirmegen. Olar óz máplerine tiykarlanǵan baxıtlı ómirdi qáleydi. Óz júbayları menen dúzgen kelisimi bolsa tek olardıń baxtına tosıq bolmaǵan jaǵdayda ǵana áhmiyetli bolıp qaladı.

Hayal mennen óz jaǵdayı haqqında pikirimdi soradı. Negizinde ol ózi álleqashan qabıl etip qoyǵan qararın aqırına jetkeriw ushın bir basshıdan ruqsat izlep atır edi. Onıń kúyewi ádep-ikramlılıq jaqtan opasızlıq qılmaǵan edi. Men oǵan Quday ajırasıwdı jek kóretuǵının ayttım, sebebi ajırasıw adamlardıń ruwxın jaralaydı hám olardı zorlıq penen qaplaydı (Mal 2:16). Jańa Kelisim boyınsha, Jaratqan Iye hayalǵa erinen ketpewdi buyıradı. Eger ketse, qaytadan turmısqa shıqpawı kerek (1-Kor 7:10-11). Hayal meni aqılı menen tıńlaǵanday boldı, biraq keyinirek onıń kúyewinen ajırasıp, basqa erkekke turmısqa shıqqanı haqqında xabar aldım. Ol bálkim baxıtlı shıǵar, biraq Muwsa tawdan túsip kelgenshe, taw etegindegi xalıq ta ózin baxıtlı sezgen edi!

Ekinshi jaqtan, men Qudaydan qorqatuǵın kóp hayallardı bilemen: olar Qudaydıń júregine iye bolǵanı ushın, iymanlı bolmaǵan kúyewleri menen nekede qaldı. Olar lázzet izlegen joq, olar xızmet etiwdi qáledi. Kóp erler aqırında Qudayǵa boysınıwshı hayallarınıń turmıs tárizi sebepli qutqarıldı. Ayırım erler bolsa, aytıp óteyin, hayalları jıllar dawamında ibadat etip, óz gúwalıqların erleriniń aldında jasap kórsetkennen keyin qutqarıldı.

Basqa bir jaǵday Qudaydıń minezin sáwlelendiretuǵın jáne bir hayal menen baylanıslı edi. Turmıs qurıp birneshe jıl jasaǵannan keyin, ol eriniń gomoseksual ekenin bildi. On jıl dawamında ol aytıp bolmaytuǵın dárejede awır ómir keshirdi. Bir márte eri jasırın policiya xızmetkerine jınısıy qatnas usınǵanı ushın qamaqqa alındı, hám olardıń úlken ulı ákesiniń qamaqta ekeni haqqında telefon xabarın aldı.

Hayal kúyewi ushın úzliksiz ibadat etti. Jaǵday júdá awırlasıp ketkendey kóringen waqıtta, ol Jaratqan Iyeden kúyewinen ajırasıwı kerek pe, joq pa dep soradı. Jaratqan Iye juwap berdi: "Sen onnan ajırasıw ushın Muxaddes Jazıwlarǵa say tiykarǵa iyeseń. Eger ajırasıwdı tańlasań, Men seni jarılqayman. Biraq eger sen qalıp, ol ushın ibadatta gúresiwdi tańlasań, Men onı azat etemen hám sen eki ese jarılqanasań". (Bul Quday ádep-ikramlılıq jaqtan opasızlıq bolǵan hár bir jaǵdayda bárqulla usılay deydi degeni emes.) Ol qalıwdı hám gúresiwdi tańladı, bul biraz waqıt aldı. Onıń kúyewi káramatlı tárizde azat etildi hám on bes jıldan beri azat jasap keledi. Házir ol júdá miyrimli bas shopan. Men olardıń jámáátinde waz ayttım hám shının aytıwım kerek: ol men ushıratqan eń Qudayǵa boysınıwshı hayallardıń biri.

Qaysı hayal ózgeriw ushın tawǵa shıqtı? Birinshisi Iysa oǵan tınıshlıqta jasawdı qáleydi dep isenip, erinen ajırastı, biraq Quday Sózi onıń ushın Qudaydıń erki kúyewi menen qalıw ekenin anıq kórsetken edi. Ekinshi hayal bolsa haqıyqatında ajırasıw ushın Muxaddes Jazıwlarǵa say tiykarǵa iye edi, biraq ol kúyewiniń ómiri ushın gúresiw maqsetinde óz huqıqlarınan bas tartıwdı tańladı. Iysa da bul jer júzine kelip, biz ushın óliw ushın Óz huqıqlarınan bas tarttı! Qaysı hayalda Qudaydıń júrek urısı kóbirek bar edi? Ne ushın? Sebebi ol tawǵa shıqqan edi!

Iseniwshiniń ómirinde eki nárseniń biri júz beredi: ya ol Jaratqan Iyeniń húzirinde aytılǵan Quday Sóziniń ózin ózgertiwine jol berip, Iysanıń obrazına qarap qáliplesedi, yamasa óz júregi buyırǵan nársege qarap Iysanıń obrazın ózi qáliplestiredi. Eger tawǵa shıqsańız, ózgeresiz. Eger Xaron sıyaqlı tawdıń eteginde qalsańız, siziń ishińizdegi Quday haqqındaǵı obraz ózgeredi.

Muwsa Quday menen qırıq kún birge bolǵannan keyin tawdan túskeninde, ol ózgergen edi, júzi nur shashıp turdı: "Muwsa Sinay tawınan Tuwralıq Kelisiminiń eki taxtasın qolına alıp túskeninde,

Jaratqan Iye menen sóyleskeni sebepli júziniń nur shashıp turǵanın ózi bilmedi” (Shıǵ. 34:29, NIV).

Kúyewi ushın bekkem turǵan hayal óziniń qanshelli pák ekenin ózi ańlamaydı. Men onıń menen hár sóyleskenimde, Quday onı ózgertiw boyınsha qanday is alıp barıp atırǵanın kóremen. Ol óziniń qanshelli nur shashıp turǵanın sezbeydi. Bul haqıyqattan da muxaddeslikte júretuǵınlardıń hámmesine tiyisli. Muxaddes Jazıwda aytılǵanınday: “Olar Oǵan qaradı hám júzleri nurǵa toldı” (Zab 33:6). Oǵan qaray alatuǵınlar – júreklerinen Mısırdıń qálewlerin alıp taslaǵan adamlar. Olardıń bir ǵana qálewi bar: muxaddes Qudaydı tanıw. Sonlıqtan endi biz ózimizdi áhmiyetli bir soraw menen júzbe-júz qoyıwımız kerek: biz xızmet etip júrgen Iysa joqarıdaǵı Ullılıqtıń oń jaǵında otırǵan Sol Iysa ma, yamasa biz jasap atırǵan jámiyettiń jolları hám qálewleri arqalı qáliplesken basqa bir “Iysa” ma?

7-BAP

# NIYETLER ME YAKI QÁLEWLER ME?

***Biz ózimizdiń qálewlerimizdi atanaq aǵashqa boysındırıwımız kerek.***

Házirge shekem dodalaǵan barlıq nárselerimiz "eliklew" (conform) sózine ájáyıp kirisiw boldı. Webster sózliginde bul sózge: "ózin ádep-ikramlılıq, pikirler hám etikalıq sıpatlar boyınsha birewge yaki birer nársege uqsatıw" – dep anıqlama beriledi. Qudaydıń sózinde bolsa bizge mınaday kórsetpe berilgen: "Bul dúnyanıń adamlarına eliklemeńler. Al Qudaydıń oy-pikirlerińizdi jańalap, Onıń sizlerdi tolıq ózgertiwine jol qoyıńlar" (Rim 12:2 KAAB'22L).

Qudaydıń ruwxı bizge ne demekshi ekenin jaqsıraq tusiniw ushın, keliń, tupkilikli derekke múrájat qılayıq. Usı ayattaǵı "eliklew" sózi grekshe *suschematizo* sózi menen berilgen. Onıń táriypi bul sózdiń mánisin jáne de anıǵıraq súwretleydi. "Strong" sózligine kóre, ol "birdey formaǵa keltiriw, yaǵnıy (awıspalı mánide) birdey qálipke iykemlesiw" degendi bildiredi. "Vine" sózligi de "qálipke salıw" dep táriypleydi. Hár eki sózlik te bir nárseni basqa

nárseniń nusqasına aylandırıw ideyasın anıq kórsetedi.

Xaron oǵan berilgen altındı tana formasına salıp “qáliplestirdi”. Onıń sırtqı háreketi negizinde ishki dúnyasında qáliplesip bolǵan nárseniń sáwlesi ǵana edi. Mısırdıń tásiri onıń ruwxıy dúnyasına tereń ornalasıp qalǵan edi, ol ózin bul tásirden tolıq tazalamaǵanı ayqın kórinip turıptı. Onıń ishinde ne bolsa, sırtına da sol nárse shıqtı. Ol ózin Mısır qálibine salǵan edi hám biz aldıńǵı bapta kórgenimizdey, ol Muwsa kibi ózgeriw ushın Qudaydıń saltanatlı húzirine jaqınlasıwdı qálemegeni belgili boldı. Xalıq bolsa Xaronnıń izine erdi. Quday olar haqqında mınaday degen edi:

“Ol Mısırda baslaǵan buzıqshılıǵın taslamadı. Jaslıǵında-aq erkekler onıń menen jatıp, qızlıq emsheklerin aymalap, qumarların qandırǵan edi” (Ezk 23:8 KAAB’22L).

Sózlikke kóre, “qumar” sózi ápiwayı ǵana etip aytqanda “qálew” degen mánini ańlatadı.

Muxaddes kitaptıń keńeytilgen awdarmasında bunıń mánisi bılayınsha ashıp berilgen: “Olar ózleriniń gúnákár qálewlerin oǵan shashtı”. Qálew  insannıń háreketlendiriwshi kúshi. Biz barqulla onıń jolınan baramız.

## Niyetler hám qálewler bir zat emes

Niyetler hám qálewler – bul eki turli zat, biraq kópshilik olardı birdey dep esaplaydı. Siz júdá jaqsı yaki Qudayǵa maqul niyetlerge iye bolıwıńız múmkin, biraq olar siziń haqıyqıy qálewlerińiz bolmawı múmkin. Bir neshe adam maǵan dúnyalıq tásirlerden waz keship, Qudayǵa jaqınlasıwdı qálewin ayttı, biraq olar bunı aqırına shekem orınlamaydı. Olar ózleriniń haqıyqıy qálewlerinen xabarsız, óytkeni Yaqıp mınaday dep eskertken: “Biraq hár kim óziniń jaman qálewlerine berilip, aldanıp azǵırıladı” (Yaqp 1:14 KAAB’22L). Niyetlerińiz qanshelli jaqsı bolsa da, insan barqulla óziniń haqıyqıy qálewleri jetelegen

joldan baradı. Sol sebepli Yaqıp óz sózin dawam etip: "Súyikli tuwısqanlarım, aldanbańlar!" – degen (Yaqp 1:16 KAAB'22L). (Álbette, qálewdiń unamlı tárepleri de bar, biraq bul orında biz onıń unamsız tárepi haqqında sóylesip atırmız.)

Quday emes, bálkim bir komik aktyor mınaday degen: "Meni bul isti qılıwǵa shaytan májbúrledi". Negizinde shaytan iymanlı adamdı birer nársege májbúrley almaydı. Ol tek azǵırıwı múmkin, biraq sizde bolmaǵan qálew menen sizdi azǵıra almaydı. Eger kópshilik iymanlı adamlarǵa azıraq kokain yaki LSD usınılsa, olar ekilenbesten bas tartadı, óytkeni olarda buǵan qarata hesh qanday qálew joq; sonıń ushın da olar bul nárselerge azǵırılmaydı. Biraq, kópshilik iymanlılar tap Izrail xalqı kibi, dúnyalıq dúzim olarǵa iymanǵa kelmesinen aldın sińdirgen qálewlerden ele de waz keshpegen. Sonlıqtan olar sol nárselerge ańsat ǵana azǵırılıwı múmkin.

Biz óz qálewlerimizdi Atanaq Aǵashqa boysındırıwımız kerek: "Iysa Masiyxqa tiyisli bolǵanlar óz tábiyatın qálewleri hám nápsileri menen birlikte atanaq aǵashqa shegelep qoyǵan" (Gal 5:24 KAAB'22L). Bul Quday biz ushın qılatuǵın zat emes, biz ózimiz qılıwımız kerek bolǵan is. Onıń inayatısız bunı qıla almaymız, biraq bári bir onı ózimiz orınlawımız shárt! Biz atanaq aǵashqa shegelemegen hár qanday nadurıs qálewlerimiz arqalı azǵırılıwımız múmkin. Eger dúnyalıq jollarǵa bolǵan qálewimizden waz keshpegen bolsaq, Izrail xalqı kibi ańsat ǵana dúnyaǵa qaytıp ketiwimiz hesh gáp emes. Sol sebepli Pavel mınaday dep tán aladı: "Usı atanaq aǵash arqalı dúnya men ushın ólgen, men de dúnya ushın ólgenmen" (Gal 6:14 KAAB'22L).

Kaliforniyadaǵı bir jámáátte táwbe etiw haqqında sóz sóylegenimnen soń, jámáát shopanı meni awqatlanıwǵa mirát etti hám óziniń jeke gúwalıǵı menen ortaqlastı. Ol iymanǵa kelgen waqtında ózin baylap turǵan kóplegen eski gúnalarınan

waz keshken edi. Biraq, ol kúnine eki pachka sigaret shegiw ádetinen qutıla almadı. Ol maǵan mınaday dedi: "Jon, men usı ádetten qutılıw ushın Muxaddes Kitapta jazılǵan barlıq zattı isledim. Ibadat qıldım, oraza tuttım, Qudaydıń sózin járiyaladım hám basqalardan men ushın ibadat qılıwın soradım. Rasın aytsam, jámáátimizge miyman bolıp kelgen hár bir xızmetkerdiń ibadat ushın qılǵan usınısın qabılladım. Men óz ádetimdi tán alıp, olardan meni azat etiwi ushın ibadat qılıwın soradım. Men bunı eki jıl dawamında isledim".

Eki jıllıq gúresten soń, ol bir dostın jámáátke xoshxabarshınıń jıynalısına alıp bardı. Dostı ele iymanǵa kelmegen edi hám ol sigaretke qaram bolıp, kúnine eki pachka sheger edi. Sol kesh onıń dostı qutqarılıwǵa degen shaqırıwǵa juwap berdi. Xoshxabarshı ol ushın ibadat qılǵanda, ol kárámatlı tárizde qutqarıldı hám sol momentte sigaretke bolǵan qaramlıqtan azat boldı.

Shopan dawam etti: "Jon, men dostım ushın quwanıshta edim, biraq Qudaydan qattı renjidim. Dostımdı úyine gúzetip qoydım hám qutqarılǵanı ushın qattı quwanǵanımdı qolımnan kelgenshe ayttım. Úyge qaytqannan soń, Qudayǵa qanshelli renjigenimdi ayttım. Úyde otırıp, mınaday dedim: "Qudayım, men oraza tuttım, ibadat qıldım, jámáátim aldında hám jámáátimizge kelgen hár bir xızmetker aldında ózimdi kishipeyillik penen tuttım, soǵan qaramay Sen meni azat qılmadıń. Búgin keshqurın dostımdı alıp keldim, Sen bolsa onı dárriw qutqardıń hám sigaret qaramlıǵınan azat ettiń. Nege meni azat etpediń?"

Keyin ol mınaday dedi: "Jon, men bunı aytqanımda, Quday maǵan esitiletuǵın dawıs penen juwap berdi. Men Onı qulaǵım menen sırttan esittim be yaki ishten be, bunı bilmeymen, biraq Ol Quday ekenin anıq bilemen. Men: "Qudayım ... nege meni azat qılmadıń?" – dep jılaǵanımda, Onıń qatal tárizde mınaday degenin esittim: "Óytkeni sen olardı ele de jaqsı kóreseń!"

Shopan mınaday dedi: "Men qolımdaǵı segaretke bir qaradım

da, onı ılaqtırıp jiberdim hám sonnan beri oǵan qol tiygizbedim!"

Eki jıl dawamında shopan ózine hám basqalarǵa azat bolıwdı qanshelli qálewin aytıp júrdi, biraq bul onıń haqıyqıy qálewi emes, bálkim tek ǵana niyeti edi. Áyne sonın ushın da ol ózi qálemeymen degen zatına ańsat ǵana baylanısıp qalar edi. Keyin Quday onıń haqıyqıy qálewin áshkaraladı. Ol sol qálewi ushın shın kewilden táwbe qılıp, onı atanaq aǵashtıń qúdireti astına qoyǵan waqtında-aq, Qudaydıń inayatı onı azat qılıw ushın keldi. Onıń azat bolıwı Quday hám onıń ortasındaǵı birge islesiwdiń jemisi edi.

Bul mısal Izrail xalqına da, búgingi kúnde jámáát ishindegi dúnyalıq qálipler, ádetler hám minez-qulıqlarǵa da tikkeley tiyisli.

Esletip ótemen, Izrail xalqı jámááttiń bir kórinisi. Quday aytqanınday, Izrail Mısırda baslaǵan buzıqshılıǵın taslamadı. Jaslıǵında-aq erkekler onıń menen jatıp, qızlıq emsheklerin aymalap, qumarların qandırǵan edi. Adamlar bunı Muwsa qılǵanı sıyaqlı taslap ketiwleri múmkin edi, biraq olar bunı qálemedi.

## Dúnyalıq qálewler

Mısırdan azat qılınǵanlardıń ishinde, Mısırdıń jolları menen eń kóp baylanısqan adam Muwsa edi. Ol Faraonnıń sarayında tárbiyalanǵan, Mısır danalıǵınan tálim alǵan hám barlıq dosları Mısırlılar edi. Basqa evreyler hesh bolmaǵanda Mısır ishindegi ózleriniń ortalıǵında jasaytuǵın edi. Jámiyet olarǵa rehimsiz múnásibette bolǵan bolsa da, biraq Muwsaǵa Mısır gáziyneleri hám ilimi arqalı jaqsı múnásibet kórsetilgen. Olar Mısır dúzimine Muwsa kibi teren kirip barmaǵan edi. Eger kimdur Mısırdıń qálewlerinen azat bolıw qıyınıraq edi dep ayta alsa, bul Muwsa bolıwı kerek edi. Soǵan qaramastan, ol Mısırdın birde-bir qálewine burılıp qaramadı, Izrail ulları bolsa barqulla sol tárepke umtıldı.

Búgingi kúnde biz Gollivud, professional sport, kúndelikli tirishilik yaki dúnyalıq dúzimge tereń baylanısqan basqa

tarawlardan kelgenler ushın atanaq aǵash haqqındaǵı xabardı jumsartamız. Biz olarǵa bolısamız hám olardıń dúnyalıq ádetlerin aqlaymız. Biz bunı olardın paydasına emes, bálkim zıyanına qılamız. Biz olarǵa jumsaǵıraq "xoshxabardı" aytqanımızda olardıń Jaratqan Iyeniń tawına baratuǵın jolın tosıp qoyamız. Olar dáslep úlken qızıǵıwshılıq penen baslaydı, biraq áste-áste dúnyaǵa qaytıp ketedi. Eger olar pútkilley qaytıp ketpese de, Qudaydıń oń tárepinde otırǵanǵa ulıwma uqsamaytuǵın bir "Iysa"nı ózleri ushın dóretip aladı. Olar qutqarılǵanın hám Jaratqan Iyeni biliwdi qálewin aytıwı múmkin, biraq olar ózleriniń haqıyqıy qálewlerinen uzaqta. Olardıń haqıyqıy qálewleri dúnyalıq qáliplerge iykemlesken "dinshiller".

Izrail xalqı Qudaydı biliw hám Onıń menen birge júriwdi qáleytuǵının aytqan edi. Aldıńǵı baplarda eslegenimizdey, Jaratqan Iye tawda xalıqqa Óziniń saltanatın kórsetiwden aldın, Muwsaǵa xalıqtı Onıń húzirine keltirgenin aytıwdı buyırdı. Eger olar Onıń dawısına boysınıp, kelisimin saqlasa, ruwxaniyler patshalıǵı bolıwı kerek edi. Muwsa tawdan túsip, Qudaydıń shártlerin xalıqqa jetkizdi. Olardıń juwabı tómendegishe edi:

> Muwsa kelip, xalıq aqsaqalların shaqırıp aldı da, ózine Jaratqan Iyeniń buyırǵan barlıq sózlerin olarǵa bildirdi. Pútkil xalıq bir awızdan: "Jaratqan Iyeniń aytqanlarınıń hámmesin orınlaymız", – dep juwap berdi. Muwsa xalıqtıń juwabın Jaratqan Iyege jetkizdi (Shıǵ 19:7-8 KAAB'22L).

Olardın juwabı shın kewilden edi, biraq ne bolǵanın bilemiz. Olar artqa shegindi hám Jaratqan Iyeniń saltanatı olardıń júreginde de, sanasında da ózgerdi. Olar óz qálewlerin emes, bálkim niyetlerin aytqan edi. Olardıń haqıyqıy qálewleri – Mısırǵa bolǵan qálewleri menen baylanıslı edi, áyne usı qálewler olardı Qudayǵa jaqınlasıwdan tosıp qoyǵan edi.

## Jámááttiń ishindegi eki túrli topardıń timsalı

Ne ushın Mısırdın jolları menen Muwsaǵa qaraǵanda kemirek baylanısqan Izrail xalqı qaytıp sol tárepke umtıldı, Muwsa bolsa onıń jolları menen hesh qanday baylanısta bolıwdı qálemedi? Dúnyalıq dúzimge kóbirek baylanısıp qalǵan adam ne ushın oǵan kemirek qızıǵadı?

Eger biz bul eki shaxstı salıstırsaq, parıqtı anıq kóremiz. Sonday-aq, búgingi kúnde jámáátti qurawshı eki túrli topar haqqında júdá anıq túsinikke iye bolamız: Muwsa bir topardı, Izrail ulları bolsa ekinshisin ańlatadı. Sonda biz jámááttegi kópshilik ne ushın dúnyaǵa iykemlesip qalıp atırǵanın, basqalar bolsa – qaramlıqtıń awır keshiwlerinen ótken bolsa da – dúnyaǵa qaytıwǵa ulıwma qálew bildirmesligin túsinip jetemiz.

Ásirler dawamında Izrail ulları Mısırlıq zalımlarınan qutılıwdı sorap, Qudayǵa jalbarınıp ibadat qıldı. Olar wáde etilgen jerge qaytıwdı arzıw qıldı. Quday olarǵa qutqarıwshı Muwsanı jiberdi. Jaratqan Iye Muwsaǵa dedi: "Sonlıqtan Men olardı Mısırlılardıń qolınan qutqarıw ushın keldim. Olardı sol elden shıǵarıp, keń hám ónimdar bolǵan jerge, sút hám pal aǵıp turǵan jerge – qanan, xet, amor, periz, xiw hám ebus xalıqlarınıń ellerine aparaman" (Shıǵ 3:8 KAAB'22L). Keyin Quday Muwsaǵa Faraondı xalıqtı qoyıp jiberiwge májbúr qılıwı ushın Óz sózleri hám belgilerin berdi.

Muwsa Qudaydıń sózin Faraonǵa jetkiziw ushın qırıq jıl ishinde birinshi márte Mısırǵa kirdi. Biraq ol dáslep Izrail xalqına barıp, olarǵa Qudaydıń azatlıq xabarın jetkizdi. Olar bul xoshxabardı esitkeninde, Muxaddes Kitapta mınaday jazılǵan: "Xalıq isendi hám Jaratqan Iyeniń ózlerine názer salıp, shegip atırǵan azapların kórgenin esitkende, Oǵan tájim etip, sıyındı" (Shıǵ 4:31 KAAB'22L).

Sol ushırasıwdaǵı sezim-tuyǵılardı kóz aldıńızǵa keltire alasız ba? Olar pútkil ómiri dawamında qul bolıp jasaǵan. Olardıń

ákeleri, ataları hám babaları da qul bolǵan. Azatlıq hám óz jurtına iye bolıw wádesi haqqında tórt júz jıl dawamında aytıp kelingen edi. (Maǵlıwmat ushın Amerika Qurama Shtatları eki júz eliw jasqa da kirmegen). Hám endi olar ózleriniń qutqarıwshısına kóz tigip turar edi.

Xalıq sheksiz quwanıshtı sezindi. Olar Muwsa kórsetken belgilerdi kórip, bul xabarǵa úlken qızıǵıwshılıq penen isendi. Men olardıń jılap, baqırıp, , qıshqırǵanların esitkendeymen: “Qanday ájayıp jańalıq! Aqırı bul júz berdi! Quday bizdi azat qılıw ushın keldi!” Olardın alǵıs-maqtawı hám shúkirligi aqır-aqıbet bas iyip, Qudayǵa sájde qılıwǵa jeteledi.

Muwsa sol jıynalıstan shıǵıp, Faraonnıń aldına bardı hám Jaratqan Iyeniń tap usı xabarın járiyaladı. Ol Faraonǵa “Xalqımdı qoyıp jiber” – dep buyırdı. Biraq, Faraon olardıń azabın kúsheytiw menen juwap berdi. Izraillılar hár kúni islep shıǵarıwı kerek bolǵan esap-sansız gerbishler ushın endi saban berilmeytuǵın boldı. Olar túni menen saban terip, kúndiz gerbish quyıwı kerek edi. Saban berilmegenine qaramay, gerbishlerdiń ulıwma sanı azaymawı kerek edi. Qudaydıń azatlıq haqqındaǵı sózi olardıń dárt-azapların jáne de kúsheytip jiberdi.

Izrail ullarınıń múnásibeti ózgeriwdi basladı. Olar tońqıldanıp, Muwsaǵa bılay dedi: “Bizdi tınısh qoy hám Faraonǵa sóylewdi toqtat, sen turmısımızdı jáne de jamanlastırıp atırsań”. Bular Muwsa xabardı birinshi márte alıp kelgende, Qudayǵa sájde qılǵanlardıń ózleri edi.

Soń, Quday olardı Mısırdan azat qılǵanında, Faraonnıń júregi jáne tas boldı hám ol óziniń eń jaqsı arbaları hám láshkerleri menen Izraillılardı shólge quwıp bardı. Mısırlılar olarǵa qarsı kóterilgenin hám olar Qızıl teńizge taqalıp qoyılǵanın kórip, evreyler jáne shagım etti: “Mısırda bolǵanımızda, saǵan: “Bizlerdi tınıshımızǵa qoy, Mısırlılarǵa xızmet ete bereyik”, – degen joq pa

edik? Shólde ólgennen góre, Mısırlılarǵa qul bolǵanımız jaqsıraq edi-ǵo!” (Shıǵ 14:12 KAAB’22L).

“Mısırlılarǵa qul bolǵanımız jaqsıraq edi-ǵo!”

Negizinde olar mınaday dep atır edi: “Eger Quday biziń ómirimizdi tek better qıyınlastirıp atırǵan bolsa, Nege Onıń aytqanın qılıwımız kerek? Biziń ahwalımız jaqsılanbadı, bálkim jamanlastı”. Olar ózleriniń aldıńǵı turmıs tárizin házirgi halatı menen salıstırıwǵa júdá asıǵar edi. Qashan, bul ekewi táreziniń pállesinde teń kelmese, Izraillılar artqa qaytıwdı qáler edi. Olar Qudaydıń erkin orınlawdan kóre, ózlerine eń mápli bolıp kóringen nárseni qáler edi. Óz janlarına bolǵan muhabbat Qudayǵa qarata haqıyqıy qálewden qanshelli uzaqta edi!

Quday teńizdi ekige ajırattı, Izrail ulları qurǵaq joldan ótti hám óz zalımlarınıń shógip ketkenin kórdi. Olar isendi hám Qudaydıń miyirmanlıǵın oyın hám alǵıslar menen belgiledi. “Xaronnıń ájapası payǵambar Máriyam qolına dáp aldı. Basqa barlıq hayallar da dáp alıp, oynawı menen onıń izine erdi” (Shıǵ 15:20 KAAB’22L). Bir million hayaldıń oyınǵa tusip, dáp shertip atirǵanın kóz aldıńızǵa keltire alasız ba? Qanday ájayıp ibadat xızmeti!

Olar kúshli iseniwshiler edi hám hesh nárse olardı artqa qaytara almas edi. Olar endi hesh qashan Onıń miyirmanlıǵına gúmanlanbawǵa isenimi kámil edi! Biraq olar óz júreklerin bilmes edi – niyetlerin biler edi, biraq qálewlerin emes. Jáne bir sınaq payda boldı hám olardın wopasızlıǵın áshkáraladı. Bar-joǵı úsh kún ótip, olar ashshı suwdı emes, dushshı suwdı qáleytuǵının aytıp tońqıldastı (Shıǵ 15: 22-25 ke qarań). Olardıń pikirleri álleqashan Qudaydıń shólinde jetispey atırǵan, biraq Mısırda iye bolǵan nárselerine burıla baslaǵan edi.

Jáne bir neshshe kún ótti hám Izrail ulları azıq-awqat jetispewshiliginen nalıy basladı: “Qánekey, Mısırda-aq Jaratqan Iyeniń qolınan ólip qoya qoyǵanda bolar edi!” (Shıǵ 16: 1-4 KAAB’22L). Olar

Qudaydıń óz erkine qarsı nalıwlarına Onı aralastırar edi. Qanday dinshillik! Olardın eki júzlemeshiligin kórip tursız ba?

Bul minez-qulıq Quday olardı Paran shóline alıp barǵanında kúsheydi. Ol jerde Jaratqan Iye Muwsaǵa hár bir urıwdan Ol wáde etken jurttı tekseriw ushın on eki jetekshini jiberiwdi buyırdı. Jetekshiler Kanonǵa qırıq kúnlik saparǵa ketti hám olardan onı júdá tuskinlikke salıwshı xabardı alıp keldi: "Bul xalıqqa qarsı gúrese almaymız, olar bizlerden góre kúshlirek" (San 13:32 KAAB'22L).

Bir jetekshi – Kaleb basqalarǵa keskin qarsılıq kórsetken bolsa da (hám Eshua da oǵan qosıldı), adamlar jaman xabardı qabıl qıldı hám "Sol túni pútkil jámiyet qattı dawıslap, dad salıp jıladı. Pútkil Izrail xalqı Muwsa menen Xaronǵa narazı bolıp, bılay dep tońqılday basladı: "Bunnan góre, Mısırda yamasa usı shólde ólip ketkenimiz jaqsı edi! Jaratqan Iye ne ushın bizlerdi usı elge alıp keldi? Bizlerdi qılıshtan ótkiziw ushın ba? Bala-shaǵalarımız tutqın boladı. Bunıń ornına Mısırǵa qaytıp ketkenimiz bizler ushın jaqsıraq emes pe?"" (San 14:1-3 KAAB'22L). Olar ózlerine unamaytuǵın jaǵdayǵa dus kelgeninde hár dayım nalıytuǵın edi. Qashan, jaǵday olar ushın jaqsı bolǵanda, olar Qudaydıń sózine qulaq salar hám Onı qálep atırǵanday kóriner edi. Biraq, eger boysınıwshılıq olardıń nápsine jaqpaytuǵın tárepke júriwdi ańlatsa, Izraillılar tońqıldanıp nalınıwǵa óter edi. "Bizler ushın jaqsıraq emes pe?" – bul sózler olardıń júregin anıq ashıp beredi. "Adamnıń kewli nege tolıp tassa, awzınan sol shıǵadı" (Mat 12:34 KAAB'22L). Olardıń ómirdegi tiykarǵı motivatsiyası basım astında aytılǵan sózleri hám minez-qulqında kórindi, bul motiv – tek ózleriniń mápi edi. Olardıń dıqqat orayında Qudaydıń júregi emes, bálkim óz ómirleri turar edi.

# Basqa tárepten názer

Muwsa ulıwma basqasha edi. Mısırda joqarı abıroyǵa eriskeninen soń, ol Mısırdıń ónimlerinen azıqlanıwdan kóre, Qudaydıń xalqı menen birge azap shegiwdi tańladı. Izrail ulları baslarına túsken qıyınshılıqlardı ózleri tańlamaǵan edi, biraq Muwsaǵa dúnya bere alatuǵın eń saylandı nárseler usınılǵan hám ol bulardıń barlıǵınan bas tartqan: “Masiyx sebepli qorlanıwdı Mısırdıń ǵáziynelerinen de ullıraq baylıq dep sanadı. Óytkeni ol alajaq sıyın kútetuǵın edi” (Evr 11:26 KAAB’22L).

Izrail xalqı ózlerine qılınǵan zulımdı tez umıtıp, Mısırǵa (dúnyalıq turmısqa) qaytıwdı qáler edi. Olar tek ǵana Qudaydıń sınaqlı sahrasında jetispey atırǵan jemisler menen Mısırda qalayınsha toyıp-toyıp awqatlanǵanıń esler edi. Muwsa bolsa, kerisinshe, “alajaq sıyın kútkeni ushın” qıyınshılıqlardı tańladı.

Xosh, ol qanday sıy edi? Bunıń juwabı Quday oǵan bir usınıstı bergeninde belgili boladı. Bul usınıs oǵan hám xalıqqa olar tórt júz jıldan artıq kútken nárseni – wáde etilgen jerdi beriwi múmkin edi. (Bul waqıya jetekshiler jurttı barıp kóriwinen aldın júz bergen edi. Xalıq ele de sol jurtqa intizar bolıp qarap turǵan edi).

> Sońınan Jaratqan Iye Muwsaǵa bılay dedi: – Barıńlar, óziń de, sen Mısır jerinen alıp shıqqan xalqıń da bul jerdi tárk etip, Men Ibrayımǵa, Ísaqqa hám Yaqıpqa: “Bul jerdi seniń urpaqlarıńa beremen”, – dep ant ishken jerime ketińler. Men seniń aldıńnan Óz perishtemdi jiberip, qanan, amor, xet, periz, xiw hám ebus xalıqların sol jerden quwıp shıǵaraman (Shıǵ 33:1-2 KAAB’22L).

Olar uzaq kútken wádeniń ámelge asıwı óz qarsısında edi. Jat jurtta ótken tórt júz jıldan soń, jetekshiniń aldına bereketli hám mol jurtqa iye bolıw imkaniyatı qoyılǵan edi. Biraq bunda bir

kútilmegen tosqınlıq bar edi. Quday sózin bılay dawam etti: "Sút hám pal aǵıp turǵan jerge ketińler. Meniń Ózim sizler menen barmayman, sebebi sizler qaysar xalıqsız. Bolmasa, sizlerdi jolda joq qılıp jiberiwim múmkin" (Shıǵ 33:3 KAAB'22L).

Quday Muwsaǵa xalıqtı Ózi wáde etken, olar miyras qılıp alıw ushın júzlep jıllar dawamında kútken sol jurtqa alıp barıwdı ayttı. Quday hátte Muwsaǵa sheriklik qılıw ushın tańlaǵan perishteni de wáde etti, biraq Ózi olar menen birge barmaytuǵının bildirdi.

"Al Muwsa Jaratqan Iyege bılay dedi: – Eger Seniń Óziń bizler menen birge barmasań, bizlerdi bul jerden shıǵarma" (Shıǵ 33:15 KAAB'22L). Muwsa ekilenbesten, tartıspastan juwap berdi. Ol Qudaydın húziri bolmaǵan júzimzarlar, dáryalar hám sulıw imaratlar bar jurtqa barıwdan kóre, Qudaydın húziri bar bolǵan, kóp qolaysızlıqlar tuwdıratuǵın qaqraǵan sahrada qalıwdı hesh oylap otırmastan abzal bildi.

Men Qudaydıń húzirisiz wáde etilgen jurtqa kiriw imkaniyatı Izrail ullarınıń aldına qoyılmaǵanınan quwanaman. Olar qıyın waqıtlarda tınımsız ráwishte Mısırǵa qaytamız dep nalıytuǵın edi. Eger olar Qudaysız da Mısırdı qabıl etiwge tayyar bolǵan eken, ózleriniń sol ájayıp jurtın qanday da bir perishteniń izine erip jan-jan dep qabıl etken bolar edi. Olar ushın sıy – ózlerine ne nárse kóbirek payda keltiriwine baylanıslı edi. (Bul dúnya da tap usı princip penen jasaydı: "Men ushın ne jaqsıraq?").

Muwsa ushın wáde etilgen jurt Qudaydıń húzirisiz hesh qanday áhmiyetke iye emes edi. Ol Qudaydıń usınısınan bas tarttı, óytkeni bul tańlaw biraz qolaylı turmısqa alıp keliwi múmkin bolsa da, onda Muwsanıń júregi umtılǵan nárse joq edi. Ol hámme nárseden de kóre kóbirek Qudaydı tanıwdı qáler edi: "Eger men Seniń miyrimińe erisken bolsam, ótinemen, maǵan Óz jolıńdı kórset. Seni ele de jaqsı bilip, miyrimińe erisip barayın" (Shıǵ 33:13 KAAB'22L).

Ol jer, baylıq, ataq-abıroy yaki basqa bir materiallıq baylıq soramadı. Bulardıń barlıǵına ol Mısırda iye bolǵan edi hám bunday nárseler haqıyqıy qanaatlanıw alıp kelmeytuǵının ańlap jetken edi. Qudaydıń húziri bolmaǵan wáde etilgen jer usınısınan bas tartıwı menen-aq, onıń júregi “maǵan saltanatıńdı kórset”, – dep jalbarındı (Shıǵ 33:18 KAAB’22L).

Muwsa úzil-kesil qarar qabıl qıldı. Ol Qudaydı tanıw sıyınıń artınan erdi. Dúnyadan waz keshiw Qudaydıń saltanatı sıyı menen salıstırılǵanda, ol ushın hesh qanday mániske iye emes edi. Dúnyalıq sıylardan waz keshiwge qarar qılǵanlıǵı sebepli, ol tawda Qudayǵa jaqınlasa aldı. Xalıq bolsa muxaddeslik Qudayına jaqınlasa almadı. Mısırǵa bolǵan qálewler ele de olardıń ishinde edi. Olar júreklerinde ózlerin dúnyadan ajıratpaǵan edi, bul bolsa olardıń ne zat dúnyaǵa tiyisli hám ne zat Qudayǵa tiyisli ekenligin ajırata almaslıqlarına alıp keldi.

Eger siz hám dúnyanı, hám Quday haqqındaǵı tereń bilimdi qáleseńiz, Qudaydıń júzi buzıp kórsetiledi. Siz Onı haqıyqatta tanımaysız, siz basqa bir Iysanı tanıysız. Izrail ulları Qudaydıń qutqarıwshılıǵın qálegen, biraq sonıń menen birge Mısırdaǵı nárselerdi de arzıw qılǵan edi. Sonıń ushın da olar “Mısırda baslaǵan buzıqshılıqların hesh qashan taslay almadı”. Olar dúnyaǵa iykemlesken edi, Mısırdıń qálewleri olardıń ishinde qáliplesip bolǵan edi. Qudaydıń qúdireti olardı Mısırdan alıp shıqqan bolsa da, olar Mısırdı óz ishlerinen shıǵarıp taslaw haqqında qarar qabıl qılmadı.

## ÓMIRDIŃ TIYKARǴI MOTIVATSIYASI

Muwsa hám Izrail xalqı ortasındaǵı parıqlawshı faktor – olardıń ómirge bolǵan ishki motivatsiyası edi. Muwsa Qudaydı qáler edi hám Onı tanıw jolında hár qanday bahanı jan-jan dep tólewge tayyar edi. Izrail ulları bolsa tek ǵana ózleri ushın eń

jaqsı bolǵan nárseni qáler edi. Eger Qudaydıń jolında júriwdiń paydası olardıń tábiyiy seziw organlarına anıq kórinip tursa, olar bunı quwanısh penen qabıl qılar edi, biraq payda kórinbey qalsa, ózleri ushın eń maqul bolıp kóringen tárepke ińǵaylasıp keter edi. Qudaydı tanıw hár dayım biz ushın eń jaqsı nátiyjege alıp keledi, óytkeni Quday – kámil muhabbat. Biraq, kóp jaǵdaylarda bul bilimdi (Qudaydıń erkin) insannıń tábiyiy sezim organları arqalı anıq seziw imkansız.

Muwsa Qudaydı Onı haqıyqıy tanıǵanı ushın jaqsı kórdi, Izrail bolsa Qudaydı ózleriniń mápi ushın jaqsı kórdi. Eger Onıń qılıp atırgan isleri olardın qálewlerine sáykes kelmese, olar ózleri ushın maqul kóringen tárepke burılıp keter edi. Izraildıń ómirge bolǵan qarası dúnyanıń tiykarǵı háreketlendiriwshi motivlerinen derlik parıq qılmas edi: Yuxan mınaday degen edi: "Sebebi dúnyada bolǵan hár bir nárse: deneniń qálewleri, kózdiń qálewleri hám ómirdegi menmenlik Ákeden emes, dúnyadan" (1-Yuxn 2:16 KAAB'22L).

Dúnyalıq insanlar óz sezimlerin qanaatlandıratuǵın yaki sotsiallıq abıroyların kóteretuǵın nárselerdi qáleydi. Izrail xalqı da áyne sol tárizde jasaǵan edi hám eger Qudayǵa boysınıw dárriw seziletuǵın payda keltirse, olar Oǵan shadlıq penen erip barar edi.

Muwsa hám Izrail xalqı búgingi kúndegi jámáátti qurawshı eki topar adamlardı hesh kemshiliksiz sáwlelendiredi. Usı fundamental parıq jámááttegi ajıratıwshı shegara bolıp, ol haqıyqıy ibadat etiwshiler menen Iysanı Iyem dep qabıl etse de, negizinde óz máplerin gózleytuǵınlar ortasındaǵı haqıyqattı áshkáralaydı.

Endi biz Jańa Kelisimdegi Iysanıń tómendegi sózlerin jáne de anıǵıraq túsiniwimiz múmkin:

> Sońınan Iysa shákirtleri menen xalıqtı Ózine shaqırıp alıp: – Kim de kim Maǵan ergisi kelse, ózinen keshsin hám óz atanaq aǵashın arqalap, Meniń izime ersin. Sebebi kim de kim óz janın saqlamaqshı bolsa, onı joǵaltadı. Al kim de kim

> óz janın Men hám Xosh Xabar ushın joǵaltsa, onı saqlap qalad (Mrk 8:34-35 KAAB’22L).

Atanaq aǵash – biziń qálewlerimiz hám erkimizdiń pútkilley óliwin ańlatadı. Atanaq aǵashtı qabıl etkenler Qudaydıń sadıq, ádalatlı hámde miyirman Jaratıwshı hám Iye ekenligine isenedi. Olar barlıq ómir Onnan baslanıwın hám Onnan sırtta haqıyqıy ómir joq ekenligin biledi.

Muwsa ulıwmalıq kartinanı kóre aldı, Izrail xalqı bolsa tek ózin kórer edi. Muwsa Qudaydıń muxaddes ekenligin hámde Oǵan jaqınlasıw ushın dúnyadan hám onıń barlıq formalarınan pútkilley waz keshiw kerekligin túsinip jetti. Ol ózinen waz keshiw arqalı Quday menen jaqınlıqqa erisiwin ańladı. Pavel de áne sonday ulıwmalıq kartinanı kóre alǵan edi hám biz onıń ómirdegi tiykarǵı motivatsiyasın eki jámáátke jollaǵan mına pikirlerinde kóriwimiz múmkin:

> Al men Iyemiz Iysa Masiyxtıń atanaq aǵashınan basqa bir nárse menen hesh qashan maqtanbayman. Usı atanaq aǵash arqalı dúnya men ushın ólgen, men de dúnya ushın ólgenmen (Gal 6:14 KAAB’22L).

“Biraq, bir waqıtları áhmiyetli dep bilgen bul nárselerimdi endi Masiyx ushın paydasız dep esaplayman. Awa, men hámme nárseni Iyem Masiyx Iysanı biliwdiń artıqmashlıǵı aldında paydasız dep sanayman. Jáne de, men Masiyx ushın hámme nárseden bas tarttım hám Oǵan erisip, Onıń menen birge bolıw ushın, hámmesin sıpırındı dep esaplayman” (Fil 3:7-8 KAAB’22L).

Ol aldanıp qalmadı. Onda dúnyaǵa qarata hesh qanday qálew joq edi. Dúnyanıń lázzetleri hám máplerinen waz keshiw bahası – Ómirdiń ózi bolǵan Onı tanıw hám Onıń menen birge júriwdiń sheksiz ullılıǵı aldında hesh qanday mániske iye emes edi.

8-BAP

# QARSÍMÁDENIYAT PA YAKI SUBMÁDENIYAT PA?

***Biz dúnyanıń pishimlerine yaki ózin tutıw usıllarına eliklemewimiz, sonday-aq, usı dúnya adamları kibi háreket qılmawımız kerek.***

Qudaydıń Óz tawında qúdiretin ashqanda, xalıq shıday almadı. Qudaydıń saltanatı ayan bolıwdan aldın, adamlar Oǵan umtılıp atırǵanın aytar edi, biraq negizinde onday emes edi. Júreklerinde olar ele de ózlerin Mısırdan ajıratpaǵan, onıń jasaw tárizine bolǵan qálewlerinen waz keshpegen edi. Biraq, qashan "Quday" olarǵa Mısırdıń úrp-ádetleri hám pishimlerine uqsas bir "forma"da usınılǵanında, bul olarǵa júdá ájayıp túyildi. Óytkeni, bul jaǵdayda olar hám Qudayǵa, hám ózleriniń haqıyqıy arzıwları – Mısırǵa iye bolıwları múmkin edi! Olar iykemlesemen degenshe hám Mısırda qalıwı, hám Yahwege iye bolıwı múmkin edi!

Ómir tárizimizdegi kóplegen ádetler hám ózin tutıw usılları bul dúnyanıń ruwxı tásirinde qáliplesedi. (Shaytan – "hawada húkimdarlıq etiwshi hákim" [Efs 2:2 KAAB'22L] hám "bul

dúnyanıń hákimi" [2-Kor 4:4 KAAB'22L]). Eger biz Qudaydıń húzirine jaqınlasıw sıyı ushın usı ádetlerden waz keshiwdi tańlamasaq, biz turaqlı túrde dúnyanı basqaratuǵın sol ruwxtıń tásirine qayta iykemlese beremiz. Biraq Quday tómendegishe buyıradı: "Ózlerińiz burın arasında jasaǵan Mısır xalqınıń hám Meniń sizlerdi aparatırǵan Qanan jeriniń úrp-ádetlerine ámel qılıp, olar sıyaqlı jasamańlar" (Leb 18:3 KAAB'22L).

Biz bul dúnyanıń ádetleri hám ózin tutıw usıllarına eliklemewimiz, sonday-aq, bul dúnya adamları kibi háreket etpewimiz kerek. Pavel usı pikirdi jáne de bekkemlep bılay deydi: "Bul dúnyanıń adamlarına eliklemeńler. Al Qudaydıń oy-pikirlerińizdi jańalap, Onıń sizlerdi tolıq ózgertiwine jol qoyıńlar" (Rim 12:2 KAAB'22L).

Quday patshalıǵı hám bul dúnyanıń baǵdarı eki qarama-qarsı tárepke qaray ketpekte. Iysanıń sózlerine kóre, bul ekewi ortasında hesh qanday uqsaslıq joq: "Eger dúnya sizlerdi jek kórse, sizlerden aldın onıń Meni jek kórgenin bilińler. Sizler bul dúnyaniki bolǵanıńızda, dúnya ózine tiyislilerdi súyer edi. Biraq, sizler bul dúnyaniki emessizler. Óytkeni Men sizlerdi dúnyadan tańlap aldım. Sonlıqtan dúnya sizlerdi jek kóredi" (Yuxn 15:18-19 KAAB'22L).

Iysa bizdi dúnyanıń jasaw ádetlerinen shıǵıwımız ushın tańlap aldı hám Onıń túsindiriwi boyınsha, áyne sol sebepli dúnya bizdi jek kóredi. Biraq dúnya bizdi haqıyqattan da jek kórip atır ma? Jámáát tap sońǵı bir neshe on jıllıqtı Iysanıń usı sózleri nadurıs ekenligin dálillewge urınıw menen ótkizgendey bolıp kórinedi. Biz dúnyaǵa iykemlesiw ushın bar kúshimizdi berdik. Biz sanasız túrde hám dúnyanıń, hám Iysanıń razılıǵına birdey erisiwimiz múmkinligine isendik! Biraq, Iysa dúnya bizdi tek oǵan tiyisli bolsaq ǵana súyiwin aytqan. Solay eken, biz ózimiz sáykes kelmewimiz kerek bolǵan jerge tiyisli bolıw ushın urındıq pa?

## Dáslepki jámááttiń búgingi jámáátten parqi

Men dáslepki jámáát haqqında, tiykarınan ekinshi hám úshinshi ásirler jámáátleri haqqında ayırım dereklerdi oqıp kórdim hám olar menen biziń ortamızda úlken parıq bar ekenligin ashtım. Olardıń eń ajıralıp turatuǵın qásiyeti – jasaw táriziniń dúnyadan ajıratılǵanlıǵında edi. Hesh kim olarda dúnyaǵa tiyisli bolǵan ózin tutıw usılları, usıllar hám jollardı tawa almas edi. Olar ózlerin qorshap turǵan jámiyetten pútkilley parıq qılar edi, óytkeni olar pútkilley basqasha qaǵıydalar hám qádiriyatlar sisteması tiykarında jasaǵan. Qudaydıń Sózi olardıń ómirin haqıyqatta qáliplestirgen edi.

Iymansızlardıń usı dáslepki iymanlılar haqqındaǵı esabatlarında aytılıwınsha, masiyxıylar óz jámiyetinde músápirdey jasaǵan. Olardıń denelik mútájlikleri bolsa da, olar nápsin jeńip jasaǵan. Olar ornatılǵan nızamlarǵa boysınǵan hám sonıń menen birge óz jasaw tárizleri menen bul nızamlardan da joqarıraq dárejege kóterilgen. Olardıń dıqqattı tartatuǵın lázzetlerge, ǵalabalıq sport ilajları hám kewil ashar tamashalarǵa qızıǵıwshılıqları júdá tómen bolǵan. Olar barlıq adamlardı súygen, biraq hár tárepten quwdalanǵan. Olardıń ústinen kúlgen, biraq áyne sol kemsitiwler ishinde olar ullılanǵan. Olardı jek kórgenler bolsa bul jek kóriwshiliktiń birde-bir sebebin kórsetip bere almaǵan.

Házirgi kúnde bolsa bizdi jek kóretuǵınlar óz jaqtırmaslıqları ushın tiykarlı sebepler tabıw jolında onshelli qattı izleniwleri shárt emes. Dáslepki masiyxıylar haqqındaǵı bul esabat búgingi jámááttiń tek kishkene bir bólegine ǵana tiyisli bolıwı múmkin. Bizde xızmettiń barlıq buwınlarında kóplegen tartısıwlar júz berdi. Usı tragediyalıq waqıyalar bizlerdiń jeke máplerimizdi gózlegen qálewlerimiz sebepli júz berdi. Tek ǵana jetekshiler emes, bálkim jámááttegi kópshilik bul dúnyanıń lázzetleri hám baylıqlarınıń artınan quwıp, materiallıq mápke tiykarlanǵan halda jasamaqta.

Biz dúnyalıq adamlar umtılıp atırǵan sol kino, kewil ashar ilajlar hám tamashalar ushın náwbetlerde turıwdı ayıp dep bilmeymiz.

Kiprian júdá bay rimli bolıp, ol qırıq jasında óz ómirin Iysaǵa baǵıshlaǵan edi. Ol masiyxtı tapqanınan sonshelli shad bolǵanlıqtan, óziniń barlıq mal-múlkin sattı hám pulların mútájlerge bólistirip berdi. Keyinshellik ol episkop boldı. Ol mınaday dep jazǵan edi:

> Jalǵız tınısh hám isenimli kewli toqlıq, bekkem, keskin hám hesh qashan ózgermeytuǵın jalǵız qáwipsizlik sonnan ibarat: insan bul dúnyanıń shalǵıtıwshı nárselerinen uzaqlasıwı, óziniń qazıǵın qutqarılıw topıraǵına bekkem qaǵıwı hám kózlerin jerden aspanǵa (Qudaydıń tawına) qaratıwı ...
>
> Bul dúnyadan haqıyqattan da ullıraq bolǵan insan usı dúnyadan hesh nárseni arzıw etpeydi hám hesh nársege mútájlik sezbeydi (Kipriannıń Donatqa xatı, 14-bólim).

Dáslepki masiyxıylar bul dúnya hám aqıretti bir-birine dushpan dep bilgen, sonıń ushın da biz hár eki dúnya menen birdey dos bola almaymız. Yaqıp bunı ashıq aydın bayan etken: “Háy, opasızlar! Dúnya menen dos bolıwdıń Qudayǵa dushpanlıq ekenin bilmeysizler me? Dúnyanıń dostı bolıwdı qálegen adam ózin Qudayǵa dushpan qıladı” (Yaqp 4:4 KAAB’22L).

Ne ushın ol bul dúnyadan lázzetleniwge umtılıp atırǵan iymanlılardı “opasızlar” dep ataydı? Opasız sonday adam, onın bir adam menen kelisimi bar, biraq ol basqa birew menen múnásibet ornatıwǵa umtıladı. Biz iymanlılar sıpatında Quday menen kelisim dúzgenbiz, solay eken, ne ushın dúnyanıń ádetleri, ózin tutıw usılları hám jollarınıń izinen quwıwdı qáleymiz? Bálkim biziń de Qudaydıń húzirine keliw imtiyazı ushın Mısırǵa bolǵan qálewlerinen waz keshpegen áyyemgi Izrail xalqınan parqımız joq shıǵar?

# Qarsímádeniyat hám submádeniyat

Dáslepki jámáát qarsımádeniyat edi. Búgingi kúnde bolsa jámááttiń úlken bólegi submádeniyat. Olardıń parqı nede? *Qarsımádeniyat* – bul óz turmıs tárizi menen jámiyette ústemlik etken qádiriyatlar yaki minez-qulq úlgilerinen bas tartıwshı yaki olarǵa qarsı shıǵıwshı adamlar toparı. Olardıń ómirin pútkilley basqasha qaǵıydalar toplamı basqaradı. Dáslepki jámáát bunı anıq kórsetken. Petr dáslepki iymanǵa kelgenlerge: "Bul buzıq áwladtan qutqarılıńlar" – dep ótinish etken (Elsh 2:40 KAAB'22L). "The Message" awdarmasında Petrdiń sózleriniń mánisi jáne de kúsheytip keltirilgen: "Imkanıńız barında shıǵıp ketiń, bul kesel hám aqmaq mádeniyattan qutılıń!"

*Submádeniyat* (ishki mádeniyat) bolsa, kerisinshe, bar ulıwmalıq mádeniyattıń bir bólegi bolıp qalatuǵın ózine tán adamlar toparı. Aytayıq, topardaǵı adamlardıń ayırım pazıyletleri olardı basqalardan ajıratıp tursa da, olar pútkil jámiyet penen baylanısqan halda qaladı. Búgingi jámáát áyne usı xarakterge sáykes keledi. Bizde "qayta tuwılǵan" hám "qutqarılǵan" degen óz tamǵalarımız bar. Biz túrli toparlar yaki ortalıqlarǵa tiyislimiz: evangelistler, tolıq Injil tárepdarları, xarizmatlar, denominatsiyalar hám taǵı basqa. Biraq biz jámiyet penen júdá tıǵız baylanıstamız.

Biziń jámiyetimiz bir-birinen keskin parıq qılıwshı turmıs tárizine iye bolǵan adamlardı óz ishine aladı. Eger Amerikalılardıń turmıs tárizin sáwlelendiriwshi grafik sızatuǵın bolsaq, onıń bir shetinde keskin liberallardı, ekinshi shetinde bolsa konservatorlardı kórgen bolar edik. Bul eki polyus ortasında bolsa júdá kóplegen túrli kórinisler bar. Keskin liberal polyusinde bizler rok juldızları, belgili adamlar, ǵayrıtábiyiy kiyinetuǵın, hátte ayırımları qarama-qarsı jınıs wákilleri kiyetuǵın kiyimlerdi kiyip júretuǵın adamlardı ushıratamız. Bul adamlar hám jasırın, hám

adamlar aldında uyatsız háreketler qılıp, ǵayrıtábiyiy ómir súredi. Ayırımları shashların qap-qara reńge boyap, terilerin aǵartadı. Basqaları bolsa buzıq turmıs tárizin tańlaydı. Biz olardı jámiyettiń keskin buzılǵan qatlamı dep esaplaǵanımız ushın, jámááttiń úlken bólegi hesh qashan olarǵa eliklewge urınbaydı.

Basqa bir tárepten bolsa biz konservativ Amerikalılardı ushıratamız.

Bul er hám hayallar kópshilik ”normal turmıs” dep ataytuǵın turmıs tárizinde jasaydı. Jámiyettiń bul qatlamı ózin “jaqsı” dep esaplasa da, ol báribir “hawada húkimdarlıq etiwshi hákim” tásiri astında jasap atırǵan ulıwmalıq mádeniyat penen baylanısqan. Ayırım waqıtları “jaqsılıq” Qudaydıń en úlken dushpanına aylanıwı múmkin. Esińizde bolsın, Hawa Eneniń “jaqsı” bolıp koringen nárseni tańlawı Qudaydıń jollarına ulıwma qarsı edi.

Búgingi kúnde iymanlılar Quday patshalıǵınıń basqarıw hákimiyatına tiykarlanǵan halda pútkilley ajıratılǵan turmıs keshiriwdiń ornına, kópshiligimiz konservativ iymansızlardan hesh qanday parıq qılmaytuǵın turmıs keshirmektemiz. Biz “bul dúnyadan emespiz” deymiz, biraq kópshiligimiz ushın bul haqıyqat emes, tek ǵana bir teoriya bolıp qalmaqta. Biz jámiyet penen baylanısqan bolǵanlıǵımızdan, jámiyettiń shegara sızıqları jılısqan sayın, biz de olar menen birge jılısıp barmaqtamız.

Qudaydıń sózi iymanlılarǵa “Hár qanday jamanlıqtan qashıńlar” – dep buyıradı (1-Sal 5:22 KAAB’22L), Sonday-aq bizge mınaday násiyat qılınadı: “Qarańǵılıqtaǵı ómirdiń jemissiz islerine qatnaspańlar. Kerisinshe, olardı áshkara etińler. Qarańǵılıqtaǵı adamlardıń jasırın qılǵan islerin aytıwdıń ózi qattı uyat” (Efs 5:11-12 KAAB’22L). Biraq biz bul eskertiwlerge qulaq astıq pa?

Búgingi kúnde kino sanaatı óz filmleri ushın reytingler belgileydi. Kópshilik iymanlılar, sonday-aq, konservativ amerikalılar da, eger filmde hádden tıs kóp uyatsız sózler yaki

jalańashlıq bolmasa, ádettegi PG-13 filmlerdi tamasha qılıwdı ayıp dep bilmeydi (PG-13 – AQSH kino reyting sistemasında qollanılatuǵın jas boyınsha klassifikatsiya belgisi bolıp, film mazmunında 13 jasqa shekem bolǵan tamashagóyler ushın tolıq sáykes kelmewi múmkin bolǵan ayırım saxna, tema yaki bayanlaw quralları bar ekenligin ańlatadı. Bul reyting filmdi kóriwdi keskin qadaǵan etpeydi, biraq ata-analarǵa filmniń mazmunın aldınnan bahalaw hám balalardıń jas ózgesheliklerin esapqa alǵan halda qadaǵalaw zárurligin bildiredi). Biraq, bul filmlerdiń kóbisi, aytayıq olarda normadan artıq uyatsızlıq yaki jalańashlıq bolmasa da, húrmetsizlik, ǵázep, jek kóriwshilik, zorabanlıq yaki nekesiz múnásibetlerdiń ayırım kórinisleri bar. Kóplegen iymanlılar bunday Qudayǵa maqul bolmaǵan kórinislerdi hesh ekilenbesten tamasha qıladı.

Keliń, sol PG-13 reytingindegi filmdi alıp, onı 1940-jıllardaǵı mámleket xalqına kórseteyik. Olardıń múnásibeti qanday bolar edi? Kópshilik adamlar film mazmunınan qorqıwǵa túsken bolar edi! Xosh, ne júz berdi? Konservativ Amerikanıń shegara sızıqları jıljıdı hám jámááttiń shegaraları hám olar menen birge kóshti.1940-jıllarda Amerikadaǵı iymansızlardı da lárzege salǵan nárseler, búgingi kúnde jámáättegi kópshilik iymanlılar tárepinen ádettegi halat dep esaplanbaqta. Biz Quday patshalıǵı jolları menen basqarıldıqpa yaki Mısırdıń qálewleriniń tásirine túsip qaldıq pa?

Quday patshalıǵınıń jolları hám normaları turaqlı, óytkeni Quday ózgermes. Muxaddes Jazıwlarda Onıń ózgeriwinde hesh qanday kóleńke de joq ekenligi bayan etilgen.  Quday bizge hátte jamanlıqtıń kórinisinen de qashıwımızdı buyırǵan hám qudaysız adamlardın qılıqları haqqında aytıwdıń ózi de uyat ekenligin aytqan eken, ne ushın biz házirgi buzıq áwlad tárepinen qáliplestirilgen kózqaraslar, ózin tutıw usılları hám pishimlerdi kóriw ushın náwbette turamız yaki pul tólep jazılamız? Bir dostım

maǵan mınaday dedi: ol tereń ibadat halatında bolǵanında, Jaratqan Iyeniń oylandıratuǵın mına sorawın esitipti: "Ne ushın meniń xalqım Meniń qollarıma shege qaǵılıwına sebep bolǵan nárseler menen kewillerin kóterip júr?"

Kewil ashar tamashalar sanaatında parıqlaw qábilet bar ma? Bul tarawdaǵı jetekshi hám qarar qabıl qılıwshı shaxslar Quday Óz xalqınan qanday nátiyjelerdi kútiwin bile me? Solay eken, ne ushın biz ruwxıy jaqtan parıqlaw qábiletine emes, bálkim sanaattıń reytinglerine tayanamız? Quday usı áwladtıń meyillerine maslasıw ushın aqırǵı jigirma jıl ishinde ózgerdi me? Hasla joq! Eger Qudaydıń normaları ózgermegen bolsa, ne ushın ortasha Amerikalı iymanlınıń normaları ózgerdi? Biz turmız tárizimizde Aspan Patshalıǵına emes, bálkim mádeniyatqa gárezli bolıp qaldıq. Biz Mısırdıń qálewlerin tárk etpedik. Bul jaǵday ómirdiń barlıq salalarında – kiyiniwde, shash turmeklerinde, pul hám biznesti basqarıwda, siyasiy qaraslarda hám basqa kóplegen tarawlarda anıq júzege shıqpaqta.

Dáslepki jámááttegi adamlar óz mádeniyatlarıńıń Qudayǵa maqul bolmaǵan kózqarasları, ádetleri hám oyın-kúlkilerinen bas tartqan, óytkeni olar Quday Patshalıǵı jollarına muwapıq jasaǵan. Olar Qudayǵa qushtar jámáát edi hám óz Qutqarıwshısın tanıp-biliwdi qolaylıq yaki lázzetlerden kóre kóbirek qáler edi. Óz mádeniyatlarınıń tartımlı azǵırılıwları olardıń kóbisiniń ústinen húkimranlıq qıla almas edi, buǵan sebeb olardıń Jaratqan Iyege bolǵan kúshli muhabbatı edi. Qutqarıwshını biliw sıyı aldında barlıq nárseden waz keshiwdiń qunı hesh nársege arzımaydı dep esaplanar edi. Olar bunı tán alar, sonıń menen birge ómirlerinde ámelde de kórseter edi. Bunday turmıs tárizi olardıń arasında salamat tártip-intizamdı júzege keltirgen edi.

Keyinirek payda bolǵan ayırım denominatsiyalar yaki toparlardan parıqlı túrde, dáslepki iymanlılar, ádette, hádden tıs

kóp qaǵıydalar, nızamlar hám sheklewler arqalı muxaddeslikti tártipke salıwǵa háreket etpegen. Olar durıs táliymatqa, Muxaddes Ruwxtıń haqıyqıy jetekshiligine, ilahiy órnekke hám xızmet qılıwǵa bolǵan qatań kelisimge tayanǵan. Muxaddeslikke erisiw ushın sırtqı sheklewlerge tayanatuǵın jámáátler, ádette, diniy legallistlerdi jetilistirip shıǵarıw menen juwmaqlanadı. Dáslepki jámáát júreginiń ózgeriwiniń áhmiyetine itibar bergen, óytkeni áyne sol nárse muxaddes turmıs tárizin júzege keltiredi. Eger sırtqı ózin tutıw usılları insannıń ishki dúnyasında ne júz berip atırǵanın sáwlelendirmese, olar paydasız dep esaplanǵan.

## Biz Jaratqan Iyede qızǵanish oyatip atırǵanımız joq pa?

Búgin biz televidenie, videolar, jurnallar, gazetalar hám sol sıyaqlılar arqalı dúnyanı óz úylerimizge mirát ettik. Men kóp márte iymanlılardıń úylerinde, balalar xanası diywallarına asılǵan sportshılardıń afishaların, kino juldızlarınıń súwretlerin hámde Gollivud juldızları hám jámiyettiń basqa butları sáwlelengen jurnallardı kórip kewlim shókti. Ne ushın biz jámiyet tárepinen ilahıylastırılǵan bul erkek hám hayallardı kóklerge kóteremiz?

Butlar haqqında aytar eken, Pavel tómendegishe eskertken: “Sizler hám Iyemizdiń kesesinen, hám jinlerdiń kesesinen ishe almaysızlar. Jáne de, hám Iyemizdiń dasturxanına, hám jinlerdiń dasturxanına sherik bola almaysızlar”. Ne ushın biz dúnya azıqlanıp atırǵan nárselerden azıqlanıwdı qáleymiz? Ol jáne qosımsha qıldı: “Iyemizdi qızǵandırıwǵa qalay batılımız baradı? Bizler ne, Onnan kúshlimiz be?” (1-Kor 10:21-22 KAAB’22L). Ne ushın bizdi dúnya qızıqqan nárseler sonshelli qızıqtıradı?

Kóp jıllardan beri shańaraǵımız benen ataqlı bir professional palwan menen jaqın tanıspız. Onıń shańaraǵına Qudaydıń

jarılqawı kóp márte jawıldı: anası, perzentleri hám bir aǵayini iymanǵa keldi. Bul palwan da bizden xoshxabar esitken. Ol Iysanıń artınan eriw ushın qanday da haq tólew kerekligin biledi, biraq ele Oǵan eriw ushın barlıq nárseden waz keshiwge tayyar emes. Bir tárepten, men onıń rasgóyligin húrmet etemen, óytkeni jámáátteg ilerdiń kópshiligi Iysanıń artınan barıw ushın barlıq nárseden waz keshiwin aytadı da, biraq ámelde óz sózleriniń ústinen shıqpaydı.

Men mámleket boylap ótkizilgen Masiyxıy konferensiyalar hám jámáátlerdegi sózlerimde ruwxıy kúsh haqqında aytqanımda, usı palwannan bir tımsal sıpatında paydalanaman. Adamlar hayran qalısıp qasıma kelip, onıń kim ekenligin qálegeninde, júregim derlik toqtap qala jazǵan. Men: “Siz onı qayerden tanıysız?” – dep baqırǵım kelgen.

“Ne ushın professional palwandı tamashalap júrsiz?” Júdá qatal bolıp kóriniwden qorqıp, ózimdi tıyaman. Bálkim bunday qılmaslıǵım kerek shıǵar. Men ol palwan haqqında júdá qayǵıraman, biraq onı televizorda tamasha etiwge shıday almayman, óytkeni bul tamasha qarańǵılıqqa tolı. Men “Qalayınsha iymanlılar bunı turaqlı túrde tamasha qılıwları múmkin? Olardıń Quday húzirine bolǵan qushtarlıǵı qayerde qaldı?” – dep oylayman.

## Oyanıw signalı

Biraz waqıt aldın mende bir “oyanıw” halatı júz berdi hám bul meniń usı xabarǵa bolǵan intamdı jáne de jalınlattı. Men bir jámáátte Qudaydı izlew haqqında waz aytqan edim. Kúshli ruwxta ótken sol xızmet kópshilikke tereń tásir etti.

Erteńine men ushın dem alıs edi. Kelinshegim hám perzentlerim menen sayaxatta edik. Shopan barlıq jetekshilerdi sáwbetlesiwge mirát etti.

Biz awqatlandıq hám sáwbetlestik. Áńgimeniń úlken bólegi

ótken kúngi xızmette Qudaydıń olarǵa kórsetken jarılqawı haqqında boldı. Keshki awqattan soń film tamashalawǵa qarar ettik. Kimdedur júdá belgili bir filmniń videosı bar eken. Men bas roldegi aktyordı sheber dep esaplaǵanım hám film PG-13 reytinginde bolǵanı ushın: “Onı kóriwdi qáleymen” – dep ayttım.

Filmniń eń basında-aq zalımlarsha adam óltiriw saxnası bar edi. Bul meni úrkitti, biraq bári bir kóriwdi dawam etiwge qarar ettim. Filmde basqa adam óltiriw ushıraspaǵan bolsa da, kóplegen tóbelesiwler, jek kóriwshilik, ǵázep, adawat hám aldaw saxnaları bar edi. Tamashalap atırıp, júregim tınıshsızlandı. Jańaraqta Quday haqqındaǵı nárseler haqqında sóylesip atırǵan edik, ómir hám nurdı sezip turǵan edik, endi bolsa ózimizdi qarańǵılıqqa ashıp qoydıq, degen oy oyımnan ketpedi. Ózimdi jaman tárepten órnek bolıp atırǵanday sezindim.

Bir waqıtları, aktyor adam óltiriw saxnasın jáne eslegen momentte, ullarımnın biri xanaǵa kirip qaldı. Balam qorqıp ketti. Ol xanadan juwırıp shıǵıp ketti hám sonshelli albırap, ajaǵası menen birge (filmdiń basında-aq ketip qalǵan) anasınıń qasına jubanısh izlep bardı. Ol ákesi qalayınsha bul kadrdı tamasha etiwi múmkin ekenin tusine almadı. Ol: “Ana, bul film PG-13 yaki R reytinginde-ǵoy. Ne ushın ákem onı kórip atır?” – dep soradı (R – AQSH kino reyting sistemasında qollanılatuǵın jas boyınsha klassifikatsiya belgisi bolıp, film mazmunında erjetpegen tamashagóyler ushın sáykes kelmewi múmkin bolǵan kúshlirek saxna, tema yaki bayanlaw quralları bar ekenligin ańlatadı. Bul reytingge iye filmlerdi 17 jasqa shekem bolǵan shaxslar tek ata-anası yaki erjetken adamnıń qadaǵalawında kóriwi múmkin. Sol sebepli bunday filmniń mazmunın aldınnan bahalaw hám balalardıń jas ózgesheliklerin esapqa alıw zárurligin kórsetedi).

Film tamam bolǵannan soń, ózimdi azǵırılǵanday sezdim. Men axmaqlıq qılǵanımdı ańladım. Jetekshiler menen xoshlastım. Bul

sol sapardaǵı olardı aqırǵı kóriwim edi. Olardı bunday halatta tárk etiw qanshelli jaman! Kelinshegimnen keshirim soradım, ol maǵan balamnıń gáplerin aytıp berdi. Erteńine balalarımnan da keshirim soradım hám qanshelli qáte qılǵanımdı ayttım. Men Qudaydıń aldında, olardıń aldında hám sol jetekshilerdiń aldında gúná islegen edim. Olar júdá miyrimli bolǵanlıǵı ushın meni keshirdi, biraq bári bir bul waqıyanı ele tolıq umıta almay atır edi.

Basqa bir qalada biz ózime júdá jaqın bolǵan iymanda úlgili bir erli-zayıplınıń úyinde qaldıq. Men jetpisinshi jıllardıń aqırında iymanǵa endi kelgenimde, olar ómirime kirip kelip, maǵan ustazlıq qılǵan edi. Ol Perdyu universitetiniń izertlewshisi edi. Ol kóplegen insanlardı Jaratqan Iyeniń jolına baslaǵan hám kóplegen studentlerdiń iymanda ósiwine járdem bergen edi. Ol Aspan patshalıǵı haqqında aytıp beriwdi júdá jaqsı kórer edi.

Balam usı jubaylarǵa ákesi shopannıń úyinde qanday kino kórgenin aytıp beripti. Keyinirek kelinshegim balam usılay islegenin ayttı. Olar sonshelli pák adamlar bolǵanlıǵı ushın, eski doslarım meniń ne islegenimdi bilgeninen uyaldım hám ózime qattı qapa boldım.

Men dárhal Qudayǵa ibadat arqalı júzlendim. Quday maǵan anıq hám ayqın sóyledi hámde bul waqıya bir "oyanıw signalı" ekenin kórsetti. Eger bul jubaylardıń xabardı esitkeninen sonshelli qayǵırıp atırǵan bolsam, onda Óziniń ibadatxanası bolǵan denemdi bunday qarańǵılıqqa tapsırǵanıma Ol qanday múnásibette boladı? – dep oylayman. Men ǵam-táshwishke battım. Qudayǵa mıń shúkirler bolsın, Ol Óz keshiriminde saqıy hám rehimli.

## Kózlerdi ashiwshi ayan

Jaratqan Iye bul waqıyadan dúnyadan bólekleniw boyınsha juwapkershiligimizge tiyisli Óz haqıyqatın maǵan korsetiw ushın paydalandı. Onıń ayanı, hár dayımǵıday, meniń pikirlew tárizimdi hám ómir jolımdı qayta qáliplestirdi. Sol hápteniń aqırraǵında

Jaratqan Iye usı haqıyqattı jáne de ayqınıraq tusindiriw ushın Ibramnıń inisi – Luttıń ómirin mısal etip kórsetti.

Quday Ibramǵa óz jurtın, aǵayin-tuwısqanların hám ákesiniń úyin tárk etiwdi buyırdı hám Ibrayımnan ullı bir millet jaratıwın hámde onı bereketlewin ayttı. Ibram jolǵa shıqtı hám inisi Lut ta onıń menen birge ketti. Bul adamlardıń shıǵıp ketiwi tap Muwsa hám Izrail xalqınıń Mısırdan shıǵıwına uqsas – qutqarılıwdıń bir tımsalı edi. Ibram óz úyin ilahiy ayanǵa tayanǵan halda tárk etken bolsa, Lutta bunday bolmadı. Ibramnıń motivi Muwsaniki menen birdey edi, Lut bolsa kóbirek Izrail perzentlerine uqsar edi.

Luttıń Ibram menen birge shıǵıwınıń nátiyjesi mınaday boldı, ol Qudaydıń bereketine eristi. Ibram gúllep-jasnadı, mallarǵa, gúmis hám altınlarǵa oǵada bayıp ketti (Jar 13:2). “Ibram menen birge kóshken Luttıń da iri hám mayda malları, shatırları bar edi” (Jar 13:5 KAAB’22L). Biraq, qashandur óz mápin gózleytuǵın  birer adam Qudaydı izlep atırǵan adam menen birge háreket qılsa, nátiyjede kelispewshilik kelip shıǵadı, óytkeni dene hár dayım ruwxqa qarsılıq kórsetedi hám aqır-aqıbet onıń menen gúresedi. “Sonlıqtan Ibram menen Luttıń shopanları arasında jánjel payda boldı” (Jar 13:7 KAAB’22L). Qudaydıń erki boyınsha jasaytuǵın Ibram óz inisine bılay dedi:

> Bizlerdiń aramızda da, shopanlarımızdıń arasında da jánjel bolmasın. Aqırı, bizler tuwısqanbız-ǵo! Barlıq jer seniń kóz aldıńda. Kel, bólineyik. Eger sen solǵa ketseń, men ońǵa ketemen. Eger sen ońǵa ketseń, men solǵa ketemen (Jar 13:8-9 KAAB’22L).

Ibramnıń júregi Qudayǵa umtılǵan edi. Jeke mápler endi onıń ómirindegi háreketlendiriwshi kúsh emes edi. Dúnya oǵan beriwi múmkin bolǵan nárseler endi áhmiyetke iye emes edi, “Sebebi ol dóretiwshisi de, qurıwshısı da Quday bolǵan, bekkem tiykarǵa iye qalanı kútetuǵın edi” (Evr 11:10 KAAB’22L). Onıń kózleri máńgilikke qaratılǵan edi, jerdiń eń jaqsı aymaqların qolǵa kiritiw ol ushın áhmiyetli emes edi.

Qutqarılǵan, biraq Izrail perzentleri kibi Qudayǵa qarata qushtarlıǵı kem bolǵanlar, bul dúnyanıń dúziminen óz mápleri ushın eń jaqsısın izleydi, óytkeni olardıń sıyı áyne usı jerde. Ibram jer tańlawda birinshi náwbetti Lutqa berip, oǵan bolıstı.

> Lut átirapına qarap, pútkil Iordan tegisliginiń Soarǵa shekemgi mol suwlı jerlerin kórdi. Jaratqan Iye Sodom hám Gomoranı joq etpesten aldın, bul jerler Jaratqan Iyeniń baǵınday, Mısır jerindey edi. Lut pútkil Iordan tegisligin tańlap, shıǵısqa qaray ketti. Solay etip, olar bir-birinen bólindi. Ibram Qanan jerinde qaldı, al Lut tegisliktegi qalalardıń arasına jaylasıp, Sodomǵa jaqın jerge shatır qurdı (Jar 13:10-12 KAAB'22L) .

Lut tańlaǵan jer júdá ózine tartar edi. Ol sol tegisliklerde ózin kútip turǵan qurǵınlıq hám qolaylıqtı kóre alar edi. Ol bul aymaq penen tanıs edi, óytkeni olar aldın da bul jerden ótken edi (Jar 13:3). Bálkim, ol bul aymaqtıń "xalqı jawız bolıp, Jaratqan Iyege qarsı kóp gúnalar isleytuǵın"ın biler edi (Jar 13:13 KAAB'22L). Bálkim onıń átirapına jaqsılap qarap alıwı da usınıń belgisi shıǵar. Menińshe, ol jerdiń ónimi menen oǵan ergen jawızlıqtı tárezige salıp kórip atır edi. Biraq onda jaqsı ómirge bolǵan qálew, Ibramda bar bolǵan Qudayǵa bolǵan qushtarlıqtan kúshlirek edi. Sonıń ushın Lut ol jerdegi jawızlıqqa kóz jumdı. Úlken itimallıq penen, ol bul jawızlıq maǵan tásir etpeydi, dep oylaǵan edi.

Menińshe, ol jawız jámiyettiń kesilispelerinen uzaǵıraq bolıw ushın "tegisliktegi qalalardıń arasına jaylasıp, Sodomǵa jaqın jerge shatır qurdı". Ol tap búgingi kúndegi kóplegen iymanlılarday jol tuttı. Olar: "Men dúnya dúziminiń jawız táreplerinen uzaǵıraqta turıp, oǵan biraz ǵana aralasıwım mumkin hám bul meni óz girdabına tartıp ketpeydi", – dep oylaydı. Bunday pikirler, jumsaq qılıp aytqanda, axmaqlıq esaplanadı! Dúnyanın ózinde "azǵırılıw" dep atalatuǵın ózine tartıwshı kúsh bar hám eger sizde jeke mápke iyneniń ushınday meyillik bolsa, ol sizdi tap magnit ayırım

metallardı ózine tartqanday, ózine qaratıp aladı.

Luttın niyeti Sodom qalasınan uzaǵıraqta turıw boyınsha jaqsı bolǵan bolıwı múmkin, biraq keyinirek ol qala sırtındaǵı shatırda jasawdı dawam etpedi. Ol Sodom qalası dárwazaları ishindegi úyge kóship ótken edi (Jar 19:1-3). Onı óz girdabına tartqan edi. Isenimim kámil, ol jerdegi mápler onı ózine tartqan, biraq biz Jańa Kelisimde onıń pák kewli jawızlardıń nápák qılmıslarınan azap shekkenin oqıymız: "Olardıń arasında jasaǵan bul haq adamnıń pák kewli olardıń nahaq islerin kórip hám esitip turıp, kún sayın qıynalatuǵın edi" (2-Pet 2:8 KAAB'22L).

Sol hápte Quday maǵan ashqan haqıyqattı hesh qashan umıtpayman. "Olardıń nahaq islerin kórip hám esitip" – degen sózler sanamda bekkemlenip qaldı. Áyne sol nızamsız islerdi kóriw hám esitiw arqalı Lut óziniń pák júregin azapqa qoyǵan edi.

Siz: "Men hár kúni nızamsız islerdi kóremen hám esitemen. Olardı jumısta, mektepte, jámáát jaylarında ushırataman. Qalay etip kewlim azaplanıwınan saqlanıwım múmkin?" – dep oylap atırǵan bolıwıńız múmkin. Jaratqan Iye maǵan bunıń giltin kórsetti. Siz jumısqa, oqıwǵa yaki kúndelikli zárúriy jumıslardı orınlaw ushın bir jerge barǵanıńızda, óz missiyańızdıń sheńberinde kirip baratırǵan bolasız. Quday sizdi qarańǵı jerlerde nur bolıwıńız ushın jibermekte. Siz ol jerde Iysanıń tiriliw qúdireti haqqındaǵı gúwalıǵıńız benen sonday adamlarǵa jetip barasız, olar basqa halatta xoshxabar jıynalıslarına qádem de baspaǵan bolar edi. Olardıń nızamsız islerin kóriw kewlińizdi azaplamaydı.

Lut bolsa, kerisinshe, óz mápi yaki ráháti ushın jawızlar jaqınında jasawdı tańladı. Siz iymanlı sıpatında ishine jawızlıq sińip ketken videonı kóriwdi, dúnyalıq ruwx penen suwǵarılǵan jurnaldı oqıwdı yaki ishinde nızamsız isler bolıp atırǵan dem alıs hám kewil ashar orınlarǵa barıwdı qálegenińizde, óz pák kewlińizdi azaplawdı tańlaǵan bolasız. Biraq bunnan da jamanı, siz ózińizdi Jaratqan Iyeniń tawına jaqınlasıw jetiskenliginen ayırasız.

## Kewil tınıshlıǵın qayerden tabamız?

Siz qarsılıq bildirip: “Biraq Iysa gúnákárlar menen birge awqatlanar edi-ǵoy”, – dewińiz múmkin. Awa, bul tuwrı. Ol olarǵa qol uzatıw ushın sol jıyınlarǵa barǵan hám biz de solay islewimiz kerek. Biraq Ol sol jerge kewil ashıw yaki dem alıw ushın barmaǵan. Siz: “Onda iymanlı adam dem alıw ushın qayerge barıwı múmkin?” – dep sorawıńız múmkin. Iysa awlaq jerge barar edi (Mark 6:31).

Bul dúnya dúziminen uzaq bolǵan jerdi ańlatadı.

Aldınları dem alıw ushın eń súyikli jerim teńiz jaǵası edi. Házir bolsa tınısh jaǵanı tabıw qıyın. Kópshilik plyajlarda adamlar denesin ishki kiyimlerden de kemirek jawıp turatuǵın kiyimlerde, qumarlıq ruwxı menen janıp juredi. (Qızıq, búgingi kúnde moda bolǵan ashıq-shashıq hám denege japısıp turatuǵın shomılıw kiyimleri 1940-jıllarda qanday qabıl etiler edi? Olar hátte sol dáwirdiń konservativ iymanlı bolmaǵan adamların da shokqa túsirgen bolar edi! Men hasla qatal yaki eskishe bolıwǵa urınıp atırǵanım joq, biraq oylawımsha, biz dúnya mádeniyatına ózimiz ańlaǵannan kóre kóbirek gárezli bolıp qalmadıq pa?). Teńiz jaǵasınan kóre, men dem alıw ushın tawlarǵa, qalıń toǵaylarǵa yaki kól boylarına baraman. Bunday jerlerde men dúnya dúziminen uzaqlasıp, kewlime haqıyqıy tınıshlıq bere alaman.

Ne ushın ayırım iymanlılar dúnyalıq ádetler hám pishimler ayqın kórinip turǵan jerlerde kewil ashıwı yaki lázzet izlewi kerek? Biz dem alıw arqalı Qudaydıń húzirinen qashıwǵa háreket qılamız ba yaki Onıń tınıshlıq beriwshi húzirine tolıw ushın ózimizdi tınıshlandırıwǵa barıp atirmız ba? Bálkim, ózin ajıratqan hám jaqınlasqanlardı kútip atırǵan Onıń húziri haqqındaǵı wádeni ele ańlap jetpegen shıǵarmız?

9-BAP

# QUTQARÍWSHÍ INAYAT

***Inayat – bul qudaysızlıqtan hám dúnyalıq qálewlerden azat jasaw qábileti sıpatında táriyplenedi. Ol Quday húzirinde muxaddes turmıs keshiriw ushın zárúr bolǵan qúdirettiń mazmunı.***

Eski Kelisim hesh te eskirgen jazıwlardan ibarat emes. Kerisinshe, Iysa mınaday deydi: “Sizler Meni Muxaddes Nızamdı yamasa payǵambarlardıń Jazıwların biykar etiwge keldi, dep oylamańlar. Men biykar etiw ushın emes, al orınlaw ushın keldim” (Mat 5:17). Eger biz olardı túsinbesek, Ol nelerdi ámelge asırǵanı hám ele de nelerdi ámelge asırıp atırǵanın qayerden bilemiz? Endi bizde Eski Kelisim tiykarında Qudaydıń Óz xalqı arasında jasaw qálewi haqqında túsinik qáliplesken eken, keliń, Paveldiń Jańa Kelisim haqqındaǵı pikirine qaytayıq:

Isenbeytuǵınlar menen birge bir moyıntırıqtıń astına kirmeńler. Óytkeni haqlıq penen nızamsızlıqtıń arasında qanday uqsaslıq bar? Nur menen qarańǵılıqtıń arasında qanday baylanıs bar? Masiyx penen shaytannıń arasında qanday kelisim hám

isenetuǵın adam menen isenbeytuǵın adamnıń arasında qanday sheriklik bolıwı múmkin? Qudaydıń ibadatxanası menen butlar arasında qanday birlik bolıwı múmkin? Hesh qanday! Sebebi bizler tiri Qudaydıń ibadatxanasımız. Quday bılay deydi:

“Men olar arasında jasap,
Olar arasında júretuǵın bolaman”.
“Men olardıń Qudayı bolaman,
Olar Meniń xalqım boladı” (2-Kor 6:14-16 KAAB’22L).

Quday úsh anıq wáde bergen. Birinshiden, Ol biziń ishimizde jasaydı hám aramızda júredi. Ekinshiden, Ol biziń Qudayımız boladı. Úshinshiden, biz Onıń xalqı bolamız. Bular Onıń wádeleri, biraq olar Jańa Kelisimde payda bolıp qalǵanı joq. Pavel Jaratqan Iyeniń Izrailǵa qayta-qayta aytqan sózlerin tákirarlamaqta. Onıń bizge qarata qálewleri sol-sol ózgermegen. Bir saparı Onıń Izrailǵa aytqan áyne usı sózleri tómendegishe edi: “Sizlerdiń arańızda jasaytuǵın Qudayıńız bolaman. Sizler de Meniń xalqım bolasızlar” (Leb 26:12 KAAB’22L). Bul basınan-aq Onıń qálewi bolıp kelgen.

Bilip alǵanımızday, Ol Óziniń saltanatı menen aramızda jasaw qálewi haqqında aytpaqta. Muxaddes Ruwx elshi Pavel arqalı Jańa Kelisim iymanlılarına da áyne sol sózlerdi jollaydı. Biraq, Izrail menen bolǵanı sıyaqlı, bul jerde de shárt bar:

Olardıń arasınan shıǵıp, bólekleniń.
Haram nársege qol tiygizbeń,
Sonda Men sizlerdi qabıl etemen”.
Jáne de, Qúdireti kúshli Jaratqan Iye bılay deydi:
“Men sizlerge Áke bolaman,
Sizler Meniń ul-qızlarım bolasızlar” (2-Kor 6:17-18 KAAB’22L).

Shárt – Muwsa hám Izrail perzentleri ushın qanday bolǵan bolsa, házir de sonday. Biz dúnya dúziminen ajıralıp shıǵıwımız

kerek. Eger boysınsaq, Quday bizdi qabıl qıladı hám Ózin bizge ashadı! Biraq bunı qılmasaq, biziń táǵdirimiz Yaxudiylerdikinen de jamanıraq boladı.

Quday Muwsaǵa xalıqtı muxaddeslewdi buyırdı. Onıń ushın ajıralıp shıǵıw xalıqqa Onıń saltanatın kóriw imkanın berer edi. Bizge de áyne ajıralıp shıǵıw haqqında kórsetpe berilgen. Basqasha etip aytqanda, Quday mınaday dep atır: "Men sizlerdi dúnyadan qutqardım. Endi bolsa dúnyanı ózińizden shıǵarıp taslań!" Boysınıw bizdi Onıń saltanatı ushın tayarlaydı.

Muwsaǵa Izrail xalqına "kiyimlerin juwıwdı" buyırıw aytılǵan edi. Olar ózlerinen Mısırdıń iplaslıǵın tazalawı kerek edi. Tap sonday, bizge de: "Solay etip, súyikli tuwısqanlarım, usınday wádelerge iye bolǵanımız sebepli, denemizdi hám ruwxımızdı iplaslaytuǵın hár bir nárseden ózlerimizdi tazalayıq. Qudaydan qorqıp jasap, minsiz muxaddeslikke jetilisip barayıq", – dep aytılǵan (2-Kor 7:1 KAAB'22L).

Biz dene hám ruwx kiyimlerindegi iplaslıqlardan ózimizdi tazalaw arqalı muxaddeslikti kámalına jetkiziwimiz kerek. Izrail xalqı kibi, biz de dúnyanıń iplaslıǵın ózimizden juwıp taslawımız lazım. Pavel: "Quday sizdi tazalaydı" yaki "Iysanıń qanı sizdi tazalaydı", – dep aytıp atırǵan joq. Original tildegi tekstte mánisi jáne de anıǵıraq. Grek tilindegi "kámalına jetkiziw" sózi *epiteleo* dep ataladı. Tayerdiń Grekshe sózliginde bul sóz "aqırına jetkiziwdi, ámelge asırıwdı, jetilistiriwdi, atqarıwdı yaki juwmaqlawdı óz moynına alıw" – dep táriyplenedi. Bul bolsa pákleniwdi baslaw hám onı ámelge asırıw juwapkershiligin áyne biziń moynımızǵa júkleydi.

Álbette, biz bunı Qudaydıń inayatısız hesh qashan qıla almas edik, óytkeni inayat – bul Onıń haqıyqatı talap etetuǵın nárseni orınlaw ushın bizge berilgen qábiliyet esaplanadı. Ol bizge Qudaydıń sózlerine boysınıw ushın quwat beredi. Bul Paveldiń ne

ushın tómendegi sózlerdi aytqanın túsindiredi:

> Quday menen birge miynet etip atırǵan bizler sizlerden ótinish etemiz: ózlerińiz qabıl qılǵan Onıń miyrimine itibarsızlıq penen qaramań (2-Kor 6:1 KAAB'22L).

Qanday da bir nárseni biyhuda qabıl qılıw – bul onıń potensialınan paydalanbaw degeni. Máselen, men vulkanlı tawǵa jaqın jerde jasayman, dep alayıq. Jaqın jigirma tórt saat ishinde vulkan atılıwı haqqında daǵazalandı. Transport quralısız men qashıp qutıla almayman, óytkeni sol jigirma tórt saat ishinde piyada júrip tawdan jeterlishe uzaqlasa almayman. Avtomobilsiz meniń nabıt bolıwım anıq. Meniń mútájligimdi kórip, saqıy hám miyirman bir insan esigimdi qaǵadı, maǵan mashina sawǵa etedi, giltlerdi qolıma uslatadı hám mınaday deydi: "Mashina sizdiki. Endi siz qutqarıldıńız".

Men qutqarılǵanımnan quwanaman. Derlik bir tıyınsız qalǵanım sebepli, hesh qashan ózim avtomobil satıp alalmaǵan bolar edim. Usı adam maǵan meni qáwipsiz jerge alıp baratuǵın avtomobildi pútkilley esheyin inam etti.

Men doslarıma qońıraw etip, hawlıǵıp mınaday deymen: "Men qutqarıldım! Men ólmeymen! Júdá rehimli bir insan usı apattan shıǵıp ketiwim ushın maǵan avtomobil berdi. Bul ájayıp emes pe?" Soń kartalarımdı titkiley baslayman hám hátte mashinanı jáne de sheberlik penen aydawdı úyretetuǵın kitap salıp alaman.

Biraq, keyingi jigirma tórt saat dawamında men úyde qala beremen. Azatlıqqa shıǵıw ushın mashinaǵa otırıp, onı aydap ketiwdi epley almayman. Vulkan atıladı hám men apat orayında qalıp, joq bolaman. Meniń azatlıǵıma alıp baratuǵın inam berilgen edi, biraq men onnan shadlanıp quwandım da, hesh qanday háreket etpedim. Keyinshelik, meniń ahwalımdı hám ne

qabıl etkenimdi bilgenlerdiń barlıǵı: “Ol avtomobildi biykarǵa qabıl qılıptı”, – dep aytadı.

Tap sonday, Qudaydıń inayatın biykarǵa qabıl qılıw – Ol bizge muxaddeslik arqalı bul dúnyanın duzaqlarınan azat júriw qúdiretin bergeni, biraq biz buǵan itibarsizlıq qılǵanımızdı ańlatadı.

## Muxaddes jaziwlarǵa qarsı inayat

Házirgi zaman jámáátinde shalǵıtıwshı bir pikirlew tárizi bar. Bul kózqaras inayat haqqındaǵı bir tárepleme táliymat nátiyjesinde payda bolǵan hám qáliplesken. Kóbinese inayatqa dúnyalıq turmıs tárizi ushın sıltaw yaki maska sıpatında qaraladı. Qısqasha aytqanda, onnan óz mápin gózleytuǵın hám nápsiqaw turmıs tárizin aqlaw ushın paydalanıladı. Kóplegen masiyxıy toparlar Qudaydıń muxaddesligi hám ádalatın itibardan shette qaldırıp, onıń miyirmanlıǵına hádden tıs itibar qaratıp jiberedi. Bunday keskin “shepke awısıw” kópshilikte Qudaydıń inayatı haqqında nadurıs tusinik qáliplesiwine sebep boldı. Nátiyjede, kóp insanlar Qudaydıń inayatın biykarǵa qabıl etti.

Qudaydıń inayatı tek ǵana qátelerdi jabıwshı maska emes. Awa, ol jabadı, biraq onıń wazıypası bunnan ádewir tereńirek: ol bizge boysınıp ómir súriwimiz ushın qábilet hám qúdiret beredi. Iysa Óziniń Tawdaǵı wayızlıǵında (Matta 5-bap) mına sózlerdi tákirarlaydı: “Sizler burınǵılarǵa aytılǵandı esitkensiz ... Al meniń sizlerge aytatuǵınım ...” (21-22 ayatlar). Usı stil baptıń aqırına shekem jáne tórt márte tákirarlanadı (27-28, 31-32, 33-34, 43-44 ayatlar). Ol ne islep atır? Iysa Muwsanıń nızamındagı talaplardan snoska keltirip atır: “Sizler esitkensiz ...”. Soń Iysa Jańa Kelisim astındaǵı iymanlıdan Quday ne kútip atırǵanın bayan etedi: “Al meniń sizlerge aytatuǵınım ...”. Ol Muwsanıń nızamın inayat hám haqıyqat penen salıstıradı.

Yuxan aytadı: “Óytkeni Muxaddes Nızam Muwsa arqalı

berilgen edi, biraq miyrim hám haqıyqat Iysa Masiyx arqalı keldi” (Yuxn 1:17 KAAB’22L). Iysa inayattıń sonday bir ólshemin alıp kirdi, ol ishimizde Qudaydıń qábiliyetin payda etedi hám bizdi nızamlardıń óli formulalarınan azat etedi. Nızam – bul sırtqı sheklew, inayat bolsa – ishki transformatsiya.

Kópshilik iymanlılar hám xızmetkerlerdiń nızam talapları qanshelli awır bolǵanınan nalıp, endi sonday qatal turmıs tárizinen qutılıp, inayat astında ekenliginen jeńil tartqanın esitemen. Tuwrı, men de endi nızam astında emesligimnen qattı quwanaman. Biraq bul Qudaydıń muxaddeslik boyınsha talapları házir jumsaǵıraq bolıp qalǵanı ushın emes. Kerisinshe, inayat astında Onıń ólshemleri jáne de joqarıraq ekenin kórdim!

Keliń, Iysanıń Tawdaǵı wayızlıǵında keltirilgen salıstırıwların tereńirek úyreneyik:

> Adam óltirme! Kim de kim adam óltirse, ol húkim etiliwge tiyisli”, – dep burınǵılarǵa aytılǵandı esitkensiz. Al Meniń sizlerge aytatuǵınım: kim de kim tuwısqanına biykarǵa ǵázeplense, ol húkim etiliwi tiyis. Kim de kim tuwısqanın masqaralap, oǵan: “Aqılsız adamsań!” dese, joqarǵı keńes tárepinen húkim etiliwi tiyis. Al kim de kim tuwısqanına: “Aqmaq!” dese, dozaq otına túsiwi tiyis (Mat 5:21-22 KAAB’22L).

“Aqmaq” sóziniń orignalında isletilgen “Raka” sózi “gellesi bos” degen mánisti ańlatadı. Bul Masiyx jasaǵan dáwirde yaxudiyler arasında keń tarqalǵan sógis edi. Eger ǵázep sonday dárejege jetse, adam óz tuwısqanın “aqmaq” dep atasa, Iysa onıń dozaq qáwipi astında ekenin aytqan. “Aqmaq” sózi bul jerde “qudaysız” degen mánisti bildiredi. “Aqmaqlar óz kewlinde: “Quday joq”, – der” (Zab 13:1). Tuwısqandı “aqmaq” dep ataw júdá awır ayıplaw edi. Insannıń ǵázebi jek kóriwshilikke aylanbaǵansha, ol hesh qashan bunday sózdi aytpaydı. “Raka”

yaki “Aqmaq” dew, búgingi kúnde birewge shın júrekten “Seni jek kóremen” dew menen teń.

Eski Kelisimde insan janına qaslıq qılınsa ǵana adam óltiriwde ayıplı dep esaplanar edi. Jańa Kelisimniń inayatı astında bolsa Quday óz tuwisqanına jek kóriwshilik penen qarawdı adam óltiriw jınayatına teńlestiredi: “Tuwısqanın jek kórgen hár bir adam – adam óltiriwshi. Adam óltiriwshi hesh bir adamnıń máńgilik ómirge iye emes ekenin bilesizler” (Yuxn 3:15 KAAB’22L).

Nızam astında ayıplı bolıwıńız ushın kimdidur pıshaqlawıńız kerek edi. Inayat astında bolsa, eger siz keshiriwden bas tartsańız yaki óz júregimizde adawat hám jek kóriwshiliktiń basqa formaları húkimranlıq qılıwǵa jol qoysańız, bul Qudaydıń inayatı sizde joqlıǵınan yaki siz oǵan itibarsız bolıp, onı biykarǵa qabıl qılǵanıńızdıń dáliyli. Xosh, Iysa inayattı úlken bir “kórpe” dep táriyplep atır ma yaki onı bizge muxaddes turmıs keshiriw imkanın beriwshi Óz qúdireti sıpatında kórsetip atır ma?

Mine, Iysanıń jáne bir salıstırıwı:

> Sizler: “Neke hadallıǵın buzba!” – degendi esitkensiz. Al Meniń sizlerge aytatuǵınım: kim de kim basqa bir hayalǵa buzıq niyet penen qarasa, ol álle qashan-aq, kewlinde onıń menen neke hadallıǵın buzǵan boladı (Mat 5:27-28 KAAB’22L).

Eski Kelisim astında ayıplılıq húkimi neke hadallıǵı háreketi fizikalıq júz bergende ǵana shıǵarılar edi. Bunnan parqlı túrde, Jańa Kelisim astında, Quday insannıń kewlinde sonshelli qushtarlıq penen hayalǵa qarawınıń ózin neke hadallıǵın buzıw dep esaplaydı. Nızam astında siz bunı qılıwıńız shárt edi, jańa inayat kelisimi astında bolsa, bunı qálewińizdiń ózi jeterli! Bul biz Amerikada jasaǵan hám úyretilgen “Inayat”qa uqsaydı ma? Bul úlken bir kórpege uqsay ma yaki muxaddes jasaw ushın Quday tárepinen berilgen qábiliyetke me?

Eger inayat sonshelli ayıplardı jabıwshı bolǵanında edi, onda Iysa Ózi alıp kelgen inayatqa qarsı turǵan bolıp kóriner edi. Biraq bul haqıyqat emes: “Óytkeni Qudaydıń qutqaratuǵın miyrimi pútkil adamlarǵa ashıq kórindi. Bul miyrim bizlerge qudaysızlıqtan hám dúnyanıń jaman háweslerinen waz keship, házirgi dáwirde ózlerimizdi tıyıp biliwdi, haq bolıwdı hám Qudaydıń jolına ılayıqlı ómir súriwdi úyretedi” (Tit 2:11-12 KAAB’22L). Inayat qudaysızlıqtan hám dúnyalıq qálewlerden azat jasaw qábiliyeti sıpatında súwretlenedi. Ol Qudaydıń húzirinde muxaddes turmıs keshiriw ushın zárúr bolǵan qúdirettiń mazmunı esaplanadı.

Evreylerge xattıń avtorı bizdi mınalarǵa shaqıradı: “Solay etip, bizler qozǵalmaytuǵın patshalıqqa eriskenimiz ushın shúkirlik bildirip, Qudayǵa unamlı túrde, Oǵan húrmet hám qorqınısh penen sıyınayıq” (Evr 12:28 KAAB’22L). Jáne bir márte eskertiledi, inayat kórpe emes, bálkim Qudayǵa maqul tárizde xızmet qılıw imkanın beriwshi kúsh sıpatında táriyplenbekte. Biykarǵa qabıl qılınǵan inayat dúnyanıń iplaslıqlarına qarata ózgermegen júrekti keltirip shıǵaradı. Solay etip, muxaddeslik miywesi biziń qutqarılıwımızdıń dáliyli.

## ÁMELLER ARQALI QUTQARILIW

Ayırım adamlar qarsı pikir bildirip mınaday dewi múmkin: “Biraq Muxaddes Jazıwlarda “Sizler isenimińiz arqalı Qudaydıń miyrimi menen qutqarıldıńız. Bul sizlerdiń jetiskenligińiz emes, al Qudaydıń sıyı bolǵanlıqtan, hesh kim islerim sebepli qutqarılǵanman dep, maqtana almaydı”” (Efs 2:8-9 KAAB’22L).

Awa, bul haqıyqat. Quday Patshalıǵındaǵı miyrasımızǵa ılayıq turmıs keshiriw óz kúshimiz benen imkansız, óytkeni hámme gúná islegen hám Qudaydıń haqlıq ólshemlerinen ayırılǵan. Hesh kim hesh qashan Qudaydıń húzirinde turıp, óz ámelleri,

qayır-sadaqaları yaki jaqsı turmısı oǵan Onıń patshalıǵında jasaw huqıqın bergenligin dawa qıla almaydı. Hár birimiz nızamdı buzǵanbız hám máńgi otlı kólde janıwǵa ılayıqlımız.

Biziń kemshiliklerimizge Qudaydıń juwabı – Onıń inayat sıyı arqalı beriletuǵın qutqarılıw sıyında! Siy bolsa miynet penen erisilmeydi. Rimlilerge xat 4-bap 4-ayatta (KAAB’22L) aytılǵanınday: “Miynet etkenge tólengen haqı sıy emes, al is haqı bolıp esaplanadı”. Siz qutqarılıwǵa ılayıqlı bolıw yaki onı satıp alıw dárejesinde kámil turmıs keshire almaysız. Pútkil ómirińizdi qurbanlıq hám sadaqalarǵa sarplawıńız múmkin, biraq bári bir bul inayatqa óz kúshińiz benen erise almaysız. Bul – sıy hám onı Iysa Masiyxqa bolǵan iyman arqalı qabıl qılasız.

Kelińler, usı táliymattı aqırına jetkizeyik hám jartı jolda toqtap qalmayıq. Vulkan qáwipi astında qalǵan adam haqqındaǵı mısalımızdı esleń: avtomobil oǵan sıy sıpatında berilgen edi. Onı satıp alalmas edi, óytkeni qahramanımızdıń buǵan pulı joq edi. Biraq, ol sıydı qabıl qılǵan bolsa da, bári bir onıń potensialınan paydalanıwı kerek edi. Onı qutqarıp qalatuǵın nárse – bul aymaqtan aydap shıǵıp ketiw háreketi yaki ámeli edi. Tap sonday, hesh birimiz óz inayatımızdı satıp alalmaymız. Ol bizge hesh qashan miynet penen erisip bolmaytuǵın sıy sıpatında berilgen. Biraq biz onıń potensialınan paydalanıwımız shárt.

Sonıń ushın da Yaqıp iymanlılarǵa qarata keskin aytadı: “Sol sıyaqlı, islersiz isenim de óz-ózinen óli” (Yaqp 2:17 KAAB’22L). Yaqıp Pavelge qarsı aytıp atırǵan joq. Ol Paveldiń sózin toltırıp atır yaki oǵan anıqlıq kiritip atır. Ol sonı kórsetip atır, eger dostımız mashinanı aydamaǵanında qutqarılmaǵan bolar edi. Tap sonday, ámellersiz inayat ta hesh qanday tásirge iye emes. Bunday inayat biykarǵa qabıl qılınǵan esaplanadı.

Ol dawam etti: “Biraq birew: “Seniń isenimiń bar, meniń islerim bar. Maǵan islersiz isenimińdi kórset, al men saǵan

isenimimdi islerim arqalı kórseteyin", – deydi" (Yaqp 2:18 KAAB'22L). Yaqıptıń eskertiwi boyınsha, muxaddes turmıs keshiriw – bul insan iyman arqalı Qudaydıń inayat sıyın qabıl qılǵanınıń dáliyli. Demek, inayat hám boysınıwǵa meyillikti, hám boysınıwǵa qábiletti beredi. Sonıń ushın Pavel mınaday deydi: "Bul sóz – haqıyqat. Qudayǵa isengenlerdiń ózlerin jaqsı islerdi islewge arnawǵa tırısıwları ushın, aytqanlarımdı talap etiwińdi qáleymen" (Tit 3:8 KAAB'22L). Qudaydıń sózine turaqlı túrde boysınbaytuǵın, ózin iymanlı dep atawshı adam Qudaydıń inayatın hesh qashan shın qabıl etpegen yaki onı biykarǵa qabıl etken.

Yaqıp dıqqat qaratqanınday: "Kórip tursızlar, adam tek isenimi menen emes, isleri menen aqlanadı" (Yaqp 2:24 KAAB'22L). O, qanday ájáyıp sózler! Sonı ayta alaman, evangelist yaki xarizmatik iymanlılardıń júdá az bólegi Muxaddes Kitapta usı ayat bar ekeninen xabardar.

Jaqında men usı ayattı bólek ajıratıp kórsetken halda óz sózimdi basladım. Men onı oqıǵanımnan soń zal suw sepkendey tıp-tınısh bolıp qaldı. Adamlar "islersiz qutqarılıw" haqqındaǵı xabarlarǵa sonshelli úyrenip qalǵan edi, sózlerdiń mánisin shaǵıw ushın bir neshe sekund kerek boldı. Álbette, men keyin ayattı kontekst penen oqıp berdim, biraq olardıń júrekleri ashılǵan hám dıqqatları qaratılǵan edi.

> Yaqıp usı sózden aldın iyman atası bolǵan Ibrayımdı mısal etip keltiredi: "Babamız Ibrayım ulı Ísaqtı qurbanlıq orınǵa baǵıshlap, isleri menen aqlanbadı ma? Kórip turǵanıńday, isenimi onıń isleri menen háreket etti. Isenimi isleri menen kámal taptı. Solay etip, "Ibrayım Qudayǵa isendi hám sol sebepten Quday onı haq dep sanadı", – dep jazılǵan Muxaddes Jazıw orınlanıp, ol Qudaydıń dostı dep ataldı (Yaqp 2:21-22 KAAB'22L).

# Iysa bizden ne kútedi

Jaqında ibadat qılıp atırǵanımda, Jaratqan Iye maǵan biziń jámáátlerimizde úyretilgen nárselerge sonshelli qarsı bolǵan gáplerdi ayttı, men hayran qaldım. Hátte bul haqıyqattan da Onıń dawısımeken, dep ekilendim. Biraq, ol maǵan aytqan gáplerdiń Muxaddes Jazıwdaǵı dáliylin taptım.

Sol ashılıslarımdı bólisiwden aldın, jaǵdaydı súwretlep beriwim kerek. Ayan kitabınıń basında Iysa jeti túrli jámáátke jeti túrli xabar jollaydı. Bular tariyxıy jámáátler, biraq eger olardıń payǵambarlıq áhmiyeti bolmaǵanında, Quday hesh qashan bul xabarlardı Muxaddes Jazıwlarǵa kiritpegen bolar edi. Basqashalaw aytqanda, bul xabarlar búgin bizge de tiyisli.

Jaratqan Iyeniń ibadat waqtında maǵan aytqan birinshi gápi mınaday boldı: "Jon, Ayan kitabındaǵı jeti jámááttiń hár birine Meniń awzımnan shıqqan dáslepki sózler: "Men seniń islerińdi bilemen", bolǵanına itibar berdiń be?" Men Ayan kitabınan tómendegilerdi taptım:

- Birinshi jámáát: Efes jámáátiniń perishtesine jaz ... Men seniń islerińdi bilemen (Ayan 2:1-2).
- Ekinshi jámáát: Smirna jámáátiniń perishtesine jaz. ... Men seniń islerińdi bilemen (Ayan 2:8-9).
- Úshinshi jámáát: Pergam jámáátiniń perishtesine jaz ... Men seniń islerińdi bilemen (Ayan 2:12-13).
- Tórtinshi jámáát: Tiatira jámáátiniń perishtesine jaz ... Men seniń islerińdi bilemen (Ayan 2:18-19).
- Besinshi jámáát: Sardis jámáátiniń perishtesine jaz ... Men seniń islerińdi bilemen (Ayan 3:1).
- Altınshı jámáát: Filadelfiya jámáátiniń perishtesine jaz ... Men seniń islerińdi bilemen (Ayan 3:7-8).
- Jetinshi jámáát: Laodikiya jámáátiniń perishtesine jaz ... Men seniń islerińdi bilemen (Ayan 3:14-15).

“Men seniń islerińdi bilemen” – bul jeti jámáátke de Onıń awzınan shıqqan dáslepki sózler usınday. Men oy juwırttım: qalayınsha biz Ol dıqqat qaratqan hám bizden kútip atırǵan nárselerden bunshelli uzaqlasıp kettik?

Bul haqqında oylaǵanımda, Jaratqan Iyeniń meni hayran qaldırǵan ekinshi gápin esittim: “Jon, usı jámáátlerdiń hesh birine de: “Men seniń júregińdi bilemen”, – dep aytpaǵanıma itibar berdiń be?”

Men ómirim dawamında dúnyalıq hám jeńil turmıs keshirip, óziniń ayıpsız ekenine keskin isenim menen: “Quday meniń júregimdi biledi-ǵoy!” – degen qansha iymanlılar menen sáwbette bolganımdı esledim.

Iysa biziń niyetlerimizge, qálewlerimizge yaki ne zat durıs ekenligi haqqındaǵı bilimimizge qarap atırǵanı joq. Ol biziń ámellerimizge qarap atır! Biz Qudaydıń inayatı ómirimizde muxaddes jasaw tárizin qáliplestiriwine jol qoyıp atırmız ba yaki Qudaydıń inayatın biykar qabıl qıldıq pa?

## ISENIM SÓZINIŃ NADURIS TÚSINILIWI

Inayattıń túpkilikli mánisinen bunshelli uzaqlasıp ketkenimizdiń sebeplerinen biri – “isenim” sózin nadurıs úyretkenimizde. Biziń dáwirimizde bul sóz tek ǵana aqılıy tán alıw dárejesine túsip qaldı. Kópshilik Iysanıń bar ekenine gúmanlanbaǵanı yaki tek ǵana bir shıraylı gápten tásirlenip ketkeni ushın táwbe ibadatın oqıdı. Biraq olar óz ómirin ózgertpedi, ele de dúnyanıń izinen quwıp, tek óz mápleri ushın jasawdı dawam etti. Bunday “isenim” tek aqılda yaki sezimde qalıp ketedi, ol haqıyqıy qutqarıw kúshine iye bolmaydı.

Muxaddes Jazıwlarda “isenim” sózi tek ǵana Iysanıń bar ekenin tán alıwdı emes, bálkim Onıń erki hám Sózine boysınıwdı da ańlatadı. Evreylerge 5:9 da (KAAB’22L) mınalardı oqıymız:

“Masiyx usı tárizde minsizlikke erisip, Ózine boysınatuǵınlardıń hámmesi ushın máńgilik qutqarılıwǵa jol ashtı”. Isenim – bul boysınıw degeni. Ibrayımnıń isenimi oǵan sáykes keletuǵın boysınıwshılıq ámellerinde dálillengen edi. Muxaddeslikke shaqırıwǵa qulaq salıp ol óz shańaraǵın, dosların hám Watanın tárk etti. Keyinshelik bolsa ózi ushın eń qádirli bolǵan nárseni – ulın qurban qıldı. Onıń ushın hesh nárse, hátte ulı da Qudayǵa boysınıwdan artıq emes edi. Mine usı haqıyqıy iyman. Sonıń ushın da ol “hámmemizdiń babamız” sıpatında qádirlenedi (Rim 4:16). Búgin jámáátte bunday isenimdi kórip júrmiz be? Qalayınsha biz bunshelli jalǵanǵa berildik?

Tek ǵana isenemen dew siziń qutqarılıwıńızdı dálillemeydi. Shın muxaddeslikti keltirip shıǵaratuǵın boysınıwshılıq háreketlerisiz iyman qalayınsha shın bolıwı múmkin? Yaqıptıń sózlerine jáne bir márte qulaq tutıń: “Kórip tursızlar, adam tek isenimi menen emes, isleri menen aqlanadı”.

## “Iye!, Iye!” degenniń hár biri emes

Biz haqıyqıy iymanlını onıń tán alıwı menen emes, bálkim “muxaddeslik miywesi” arqalı tanıymız (Rim 6:22). Iysa bunı tómendegishe aydınlastıradı: “Solay etip, sizler olardı miywesinen bilesizler. Maǵan: “Iye! Iye!” degenniń hár biri emes, tek aspandaǵı Ákemniń erkin orınlawshı Aspan Patshalıǵına kiredi” (Mat 7:20-21 KAAB’22L).

Ruqsat berseńiz usı sózlerdi zamanagóy tilde bayanlayın: “Kim iymanlı, kim iymanlı emesligin onıń awızsha tán alıwı menen emes, bálkim Ákemniń erkine boysınıwı menen bilip alasızlar. Men masiyxiyman hám Iysa meniń Iyem”, – degen hár bir adamǵa da jánnetke kiriwge ruqsat berilmeydi, bálkim tek Ákemniń erkine boysınǵanlarǵa ǵana ruqsat beriledi”.

Iysa jáne mınaday dedi: “Zamannıń aqırǵı kúninde kóbisi

Maǵan: “Iye! Iye! Bizler Seniń atıń menen payǵambarshılıq etip, Seniń atıń menen jinlerdi quwıp shıǵarmadıq pa? Seniń atıń menen kóp káramatlar islemedik pe?” – deydi. Sonda Men olarǵa: “Men sizlerdi hesh qashan tanıǵan emespen, Mennen awlaq ketińler, háy, nızamdı buzıwshılar!” – dep ashıq aytaman” (Mat 7:22-23 KAAB’22L).

Zamanagóy tilimizde aytsaq: “Kóp sanlı adamlar meni Iye dep tán aladı hám táwbe ibadatın oqıydı. Olardıń kóbisi ózlerin “Injilge tolıq ámel qılıwshı” dep esaplaydı. Awa, hátte Meniń atım menen káramatlar kórsetken hám jinlerdi quwıp shıqqanlar da sol kúni haqıyqattı ańlap qorqıp qaladı. Olar Aspan Patshalıǵına kiriwdi kútedi, biraq Meniń: “Mennen uzaq bolıń, ey Ákemniń erkine boysınbaǵanlar”, – degen sózlerimdi esitedi”.

Bul meniń áńgimem yaki meniń sózlerim emes. Onıń húkimranlıǵın tán alǵan kóplegen insanlarǵa Aspan Patshalıǵına kiriw qadaǵan etiliwin oylaw jaǵımlı emes. Awa, hátte Onıń atı menen jinlerdi quwǵan hám káramatlar kórsetkenlerge de!

Muxaddes Kitap boyınsha jazılǵan ayırım túsindirmelerde Iysa bul jerde Onı hesh qashan qabıl qılmaǵan adamlar haqqında aytıp atır, dep tusindiriwge háreket etken. Biraq, bul bayan nadurıs, óytkeni Iysanıń atı menen qutqarılıwın ashıq aytpaǵanlar Onıń atı menen ǵayrıtábiyiy ámellerdi bejere almaydı. Buǵan urınıp kórgenler haqqındaǵı waqıya Elshiler kitabında keltirilgen. “El aralap, jawız ruwxlardı quwıp júrgen geybir yahudiy duwaxanlar da jawız ruwx urǵan adamlarǵa Iyemiz Iysanıń atın qollana basladı. Olar: “Pavel járiyalap júrgen Iysanıń atı menen buyıramız, shıǵıp ket!” – deytuǵın edi. Bas ruwxaniy Skeva atlı bir yahudiydiń jeti ulı da usılay islep júrgen edi. Biraq jawız ruwx olarǵa: – Iysanı bilemen, Paveldi tanıyman, al sizler kimsiz? – dep juwap berdi de, jawız ruwx urǵan adam olarǵa táp berip jıǵıp, olardan ústin shıqtı. Olar úyden jaradar hám jalańash bolıp

qashıp ketti" (Elsh 19:13-16 KAAB'22L).

1980-jıllardıń aqırında ibadat qılıp atırganımda, meni sergeklikke shaqırıwshı bir ruwxıy ayandı qabıl ettim. Men esap-sansız, aldın esh qashan kórmegen dárejedegi kóp adamlar toparın kórdim. Olar jánnet dárwazaları aldında toplanıp, ishkerige kiriwdi hám Patshanıń: "Kelińler, Ákemnen jarılqanǵanlar, dúnya jaratılǵannan beri sizler ushın tayarlap qoyılǵan patshalıqtı miyras etip alıńlar", – degen sózlerin esitiwdi intizarlıq penen kúter edi (Mat 25:34 KAAB22'L). Biraq, bunın ornına olar Patshadan: "Men sizlerdi hesh qashan tanıǵan emespen, Mennen awlaq ketińler", – degen gápin esitti.

Siz "Eger Iysa olardı hesh qashan tanımaǵanın aytqan bolsa, qalayınsha olar Onıń atı menen jinlerdi quwıp, káramatlar kórsetken bolıwı múmkin?" – dep sorawıńız múmkin.

Bunıń juwabı sonda, bul erkek hám hayallar qutqarılıwdıń paydaları ushın ózlerin Iysaǵa baylaǵan edi. Aytayıq olar tap Izrail perzentleri kibi qutılıw ushın Onı qabıl qılǵan bolsa da, Qudaydıń júregin biliw dárejesine jetip barmadı. Olar tek ǵana Onıń beretuǵın jemislerine shekem bardı. Olar Onı óz mápleri ushın izleydi, olardıń xızmeti súyispenshilik penen emes, bálkim jeke máp penen motivatsiyalanǵan edi.

Iysanıń "Men sizlerdi hesh qashan tanıǵan emespen" – degen gápindegi "tanıǵan" sózi grek tilinde *ginosko* deb ataladı. Jańa Kelisimde bul sóz erkek hám hayal ortasındaǵı jaqınlıqtı ańlatıw ushın da qollanıladı (Mat 1:25), ol intim múnásibetti bildiredi. Iysa negizinde: "Men sizler menen hesh qashan jaqın (intim) múnásibette bolmaǵanman", – dep atır. Muwsa Qudaydı jaqın múnásibet arqalı tanıytın edi, al Izrail xalqı Onı tek ómirlerinde kórsetken káramatları arqalı biler edi. Bul halat ta sonnan parıq qılmaydı.

1-Korinflilerge 8:3 (KAAB'22L)te mınanı oqıymız: "Biraq, Qudaydı súygen adamdı Quday biledi". Bul jerde "biledi" sózi sol

grekshe *ginosko* sózi. Quday Ózin súyiwshilerdi jaqınnan tanıydı. Olar Quday ushın óz ómirin pidá etkenler (Yuxn 15:13). Tek usınday qılǵanlar ǵana Onıń Sózine ámel qıladı. Iysa usı haqıyqattı atap ótedi: “Meni súymegen adam sózlerimdi orınlamaydı” (Yuxn 14:24 KAAB’22L).

> Iysaga bolǵan súyispenshiliktiń haqıyqıy dáliyli aytılǵan sózlerde emes, bálkim jasalǵan ómirde kórinedi. Yuxan bılayınsha túsindiredi: “Eger Qudaydıń buyrıqların orınlasaq, Onı biletuǵınımızdı usı arqalı bilip alamız. “Onı bilemen” dep, Onıń buyrıqların orınlamaǵan adam ótirikshi, onda haqıyqatlıq joq. Biraq Qudayǵa degen súyispenshilik Onıń sózin orınlaǵan adamda haqıyqattan kámal tabadı. Qudayda ekenimizdi usı arqalı bilip alamız (1-Yuxn 2:3-5 KAAB’22L).

Yahuda da ózin Iysaǵa baǵıshlaǵan edi. Ol Onı súyetuǵınday kóriner hám Oǵan eriw ushın hámme nárseni taslap ketken edi. Quwǵınlar qızıǵan waqıtta da, basqa shákirtler Onı tárk etkende de, Yahuda Iysa menen qaldı (Yuxn 6:66). Ol jinlerdi quwıp shıǵardı, awırıwlardı shıpaladı hám Xoshxabardı wayızlıq etti. Awa, “Iysa qasına on eki shákirtin shaqırıp alıp, olarǵa barlıq jinlerdi quwıp shıǵarıwǵa hám awırıwlarǵa shıpa beriwge kúsh hám biylik berdi. Qudaydıń Patshalıǵın járiyalap, awırıw adamlarǵa shıpa beriw ushın olardı jiberdi”, – dep jazılǵan (Luk 9:1-2 KAAB’22L). Bul jerde tek ǵana on bir shákirt haqqında gáp ketip atırǵan joq, Yahuda da olardıń arasında edi.

Biraq Yahudanıń niyeti basınan-aq tuwrı bolmaǵan. Ol óz mápin gózleytuǵın jollarınan hesh qashan táwbe etpedi. Onıń xarakteri: “Iysanı sizlerge uslap bersem, maǵan ne beresizler?” – degen sózleri arqalı qalqıp shıqtı (Mat 26:15 KAAB’22L).

Ol óz mápi jolında ótirik sóyledi (Mat 26:25), Iysanıń xızmetindegi ortalıq puldan jeke mútájlikleri ushın pul urladı

(Yuxn 12:4-6) hám bul qara dizimdi jáne dawam ettiriw múmkin. Ol Iysa menen birge úsh yarım jıl waqıt ótkizgen bolsa da, Onı hesh qashan tanımaǵan!

Búgingi kúnde qansha adamlar Yaxudaǵa uqsaydı? Olar xızmet ushın qurbanlıqlar qılǵan, xoshxabar aytqan hám Muxaddes Ruwx inamları arqalı háreket qılǵan bolıwı da múmkin, biraq Onı jaqınnan tanımaǵan. Olardıń barlıq miynetleri menmenlik motivinińústine qurılǵan.

Iysa soraydı: "Nege sizler Meni: "Iyem, Iyem" dep shaqırıp, aytqanlarımdı qılmaysızlar?" (Luk 6:46 KAAB'22L). Usı ayattaǵı "Iyem" sózi grekshe *kurios* sózinen kelip shıqqan. "Strong" sózliginde bul sóz "joqarı hákimiyat iyesi yaki xojeyin" – degen mániste táriyplenedi. Iysanıń aytıwı boyınsha, kópshilik Onı Iyem dep tán aladı, biraq Ol olardıń joqarı turıwshı hákimi emes. Olar ózleriniń sózlerine sáykes bolmaǵan tárizde jasaydı. Qudaydıń erkine tek ol óz júreginiń qálewleri menen qarsı kelmegende ǵana boysınadı. Eger Qudaydın erki olardı ózleri qálegen joldan basqa tárepke baǵdarlasa, olar óz jolların tańlaydı, biraq bári bir Iysanı "Iyem" – dep atawda dawam etedi.

Kóbinese xızmettegi jetiskenlikler anıq sanlar menen ólshenedi. Bunday pikirlew kópshilikti qurbanlıq qutısın "konvertler", jámáátti "aǵzalar" menen toltırıw ushın ne kerek bolsa, sonı qılıwǵa májbúrledi. Buǵan erisiw ushın olar Iysanı Qutqarıwshı sıpatında wayızlıq qıldı, biraq Iye sıpatında emes. Bular arqalı tómendegi xabar tarqatıldı: "Iysaǵa keliń hám qutqarılıw, tınıshlıq, súyispenshilik, quwanısh, qurǵınlıq, jetiskenlik, densawlıq hám jáne kóp nárselerge iye bolıń!" Awa, Iysa – bul barlıq wádelerdi ámelge asıra aladı, biraq bul paydalar sol dárejede bórttirilip jiberildi, sap Xoshxabar tek ǵana kúndelikli mashqalalardıń sheshimine hám keyninen beriletuǵın jánnettiń kepilleniwine aylanıp qaldı.

Bul túrdegi wayızlıqlar gúnákárlardı tek ǵana qızıqtırıp qoyadı. Olar táwbe qılmastan Qudayǵa keliw haqqındaǵı xabardı esitedi: "Qudayǵa imkan beriń. Ol sizge súyispenshilik, tınıshlıq hám quwanısh beredi!" Usınday qılıw arqalı biz bir "iymanǵa kelgen" adamdı arttırıw ushın táwbe qılıw processin shetlep ótemiz. Bunday kisiler jámáátke qosıladı, biraq olar qanday adamlar? Iysa óz dáwirindegi diniy xızmetkerlerge júzlenip mınaday degen edi: "Sizler óz dinińizge bir adamdı bolsa da kirgiziw ushın teńizdi de, qurǵaqlıqtı da aylanıp shıǵasızlar. Al kirgizgennen soń, onı ózlerińizden de eki ese jaman dozaqı qılasızlar" (Mat 23:15 KAAB'22L). Iymanǵa keltiriw ańsat, biraq olar shın júrekten Qudayǵa umtılatuǵın adamlar ma yaki tek wádelerdiń izinen quwıwshılar ma? Biz Muwsa hám Izrail xalqı ortasındaǵı parıqtı kórgenbiz.

Iysa xalıqqa bunı ashıq-aydın tusindirdi: "Kim de kim Maǵan ergisi kelse, ózinen keshsin hám óz atanaq aǵashın arqalap, Meniń izime ersin. Sebebi kim de kim óz janın saqlamaqshı bolsa, onı joǵaltadı. Al kim de kim óz janın Men hám Xosh Xabar ushın joǵaltsa, onı saqlap qaladı" (Mrk 8:34-35 KAAB'22L). Óz janıńızdı saqlawdı "qálewińizdiń" ózi-aq onı joǵaltıwıńız ushın jeterli. Hámde Ol: "Kim men ushın óz janın joǵaltıwdı qálese" – dep aytpadı. Tek ǵana janın pidá qılıwdı qálewdiń ózi jeterli emes. Iysa tek ǵana jaqsı niyetlerdi izlep atırǵan joq.

Bay jas húkimdar qutqarılıwdı emociya menen qáleytuǵın edi. Ol Iysanıń aldına juwırıp keldi hám Onıń húzirinde dize búgip, máńgi ómir sorap jıladı. Biraq, onıń emocional qálewleri jeterli emes edi. Iysa oǵan: "Saǵan bir nárse jetispeydi", – dedi (Mark 10:17-22 ge qarań). Jas jigit Atanaq Aǵashtıń bahasın ańlap jetkennen soń, artına qaytıp ketti. Hesh bolmaǵanda, onıń rasgóyligin húrmet etsek boladı!

Jámáátke barmaytuǵın mıńlap adamlar, eger óz ómirlerin qadaǵalawda dawam ete alsa, qutqarılıw inamın shın júrekten

qabıl qılǵan bolar edi. Negedur olar jámááttegi kópshilik itibardan shette qaldırǵan haqıyqattı ańlap jetkendey kórinedi: Qudayǵa xızmet qılıwdıń óz qunı bar. Olar Qudaydıń aldında eki júzlemeshilik qılmaydı, biraq bul qundı tólewdi qálemeydi. Basqa tárepten bolsa, eki júzlemeshiler bar. Olar jámáátke qatnaydı, Iysanı "Iyem" dep ataydı hám Onıń húkimdarlıǵına boysınıwın járiyalaydı, al haqıyqatta olar boysınbaydı.

## Eki túrli xabar

Úmit etemen, endi Iysa waz qılǵan inayat penen biz isenip júrgen inayat ortasındaǵı parıqtı kórip turıpsız. Búgingi kúnde inayat haqqındaǵı xabar kóbinese bılayınsha ullılanadı: "Iysaǵa iseniń, táwbe ibadatın oqıń, Onı Iyem, Qutqarıwshım dep tán alıń hám sonda Aspan Patshalıǵına kiresiz". Bunda ózlikten hám dúnyadan keshiw haqqında derlik aytılmaydı. Keyin bolsa, adamlar jámáátke kelgeninen soń, muxaddes turmıs keshiriwimiz ushın inayat beretuǵın kúsh haqqında júdá az aytadı.

Adamlar iymanǵa kelip, usınday tálimdi alǵanlarınan keyin, hár qanday nápák turmıs yaki boysınbawshılıq Qudaydıń "sheksiz ruqsatı" sıpatında túsiniletuǵın inayat dep isenedi. Jámáátlerimizde Qudaydıń jalını hám Onıń qúdiretiniń jetpey atırǵanına áyne usı jaǵday sebep emes pe?

Úmit etemen, siz usı sózlerdi ol qanday ruwxta jetkizilgen bolsa, sonday qabıl qılasız. Men Qudaydıń xalqın súyemen hám olardıń janları jetiliskenindey, ózleri de jetilisiwin qáleymen. Sonıń ushın da, Onıń haqıyqatın járiyalawǵa májbúrmen. Sonı bilemen, táliymat insannıń isenimi hám ómirin qáliplestiredi. Jámáátlerdegi Onıń jalınlı otı jetispey atırǵan, "jıllı" halatqa túsip qalǵan kóplegen insanlar ushın júregim órtenedi.

Pavel Timofeyge mınaday kórsetpe bergen: "Ózińe hám berip atırǵan tálimińe dıqqat awdar, usı islerińdi dawam et. Usılay

islaseń, ózińdi de, seni tıńlaytuǵınlardı da qutqarasań" (1-Tim 4:16 KAAB'22L). Biz usı eskertiwge qulaq salıwımız shárt. Buzılǵan haqıyqat qulaqqa jaǵımlı esitiliwi hám hátte logikamızǵa sáykes keliwi múmkin, biraq ol eki júzlemeshilikke alıp baradı.

Quday Sóziniń haqıyqatı sizdi azıqlandıradı hám joqarılatadı. Ol sizdi durıs hám nadurıs pikirlewdi parıqlawǵa úyretedi. Buzılǵan haqıyqat bolsa sizdi iyman jolınan ayırıwı múmkin. Sonın ushın da Quday Óz sózin durıs qollawımız ushın Oǵan pútkil dıqqatımızdı qaratıwımızdı tayınlaydı. Bul bap hám eskertiwshi, hám ruwxlandırıwshı. Eskertiw: inayat haqqındaǵı nadurıs táliymatlardı qabıl etip, onı biykarǵa sarplaw arqalı iymannan shette qalıwǵa jol qoymań. Ilhamlandırıw: Qudaydıń inayatı arqalı muxaddes turmıs keshiriw ushın kúsh bar. Iyemiz Iysa Masiyxtın inayatı sizler menen bolsın.

10-BAP

# AWÍR KÚNLER

***Oǵan bolǵan áne usı súyispenshilikten olardıń qushtarlıǵın qozıtıwshı jalın payda boladı. Olar Oǵan boysınıwdan zawıqlanadı.***

"...Muxaddes bolıwǵa tırısıńlar. Muxaddeslikke iye bolmay turıp, hesh kim de Jaratqan Iyeni kórmeydi. Arańızdaǵı hesh birińizdiń Qudaydıń miyriminen ayırılıp qalmawı ushın ...bir-birińizge jaqsılap qarańlar" (Evr 12:14-15 KAAB'22L).

Muxaddesliksiz hesh kim Jaratqan Iyeni kóre almaydı. Biz bul sózlerge haqıyqattan isendik pe yaki olar Muxaddes Kitaptan alınǵan ápiwayı ǵana shıraylı sózler bolıp qaldı ma? Jámáát bul sózlerdi buyrıq dep bildi me yaki tek ǵan bizdi jetik turmıs tárizine shaqırıwshı motivacion poetik sóz dizbegi dep qabıl qıldı ma? Evreylerge jazılǵan xattıń avtorı "Qudaydıń miyriminen ayırılıp qalmawı ushın ...bir-birińizge jaqsılap qarańlar" – degende neni názerde tutqan bolıwı múmkin? Aqırǵı jigirma bes jıl dawamında kóplegen jámáátlerimizde úyretilgen sol "inayat"tan qalayınsha ayırılıp qalıw mumkin? Bálkim ol Quday tárepinen bizdi qorqıtıw

hám mashqalalardıń aldın alıw ushın "qapıltıp" aytılǵan gáp shıǵar? Hasla onday emes!

## Shayqalmas Iymanlılar

Aldınǵı bapta aytıp ótkenimdey, júdá kóp adamlar ushın inayat tap hámme nárseni jawıp turıwshı bir "maska" sıpatında túsinilmekte, bul bolsa iymanlılardı boysınıwshılıq hám muxaddeslikke júriw juwapkershiliginen derlik pútkilley azat qılıp qoydı. Biraq, bul Muxaddes Kitap boyınsha nadurıs ekenligi usı pikirler menen jáne bir márte dáliyllenedi. Óytkeni, Qudaydıń inayatınan ayırılıw – bul inayattıń kúshinde jasamaw degendi bildiredi. Ózgermesten qalıw arqalı Qudaydıń inayat sıyın biykarǵa qabıl qılıw bolıp tabıladı.

Pavel aqırǵı zamandaǵı kóplegen "iymanlıman" dep júrgen adamlardıń áne usı ózgermesten qalıw halatın aldınnan kórgen edi. Ol bul dáwirlerdi súwretlep, olardı "awır waqıtlar" boladı, – deydi. Paveldiń ózi xoshxabar jolındaǵı keskin poziciyası ushın tasboran qılınǵan, sabalǵan, shınjırlanǵan, qamaqqa alınǵan hám qamshılanǵan bir waqıtta, biziń diniy erkinlikke iye dáwirimizdi "awır" dep atawınıń ózi júdá qızıq. Soǵan qaramastan, ol biziń kúnlerimiz qıyın bolıwın jazadı, óytkeni Iyemiz Iysaǵa iyman keltirgenin aytıwshı kópshilik ele de ózin hám puldı jaqsı kóredi hámde Qudaydan kóre kóbirek lázzetleniwdi qushtarlıq penen izleydi. Ayırımları kókirek, basqaları náshúkir, jáne basqa birewleri bolsa kekshil boladı. Iymanlılar arasında boysınbas, nápák hám ózin tıya almaytuǵınlar kóp boladı. Basqaları bolsa ózbilermen boladı.

Paveldiń aytıwınsha, bul erkek hám hayallar masiyxıylıqtıń sırtqı kórinisine iye boladı, "biraq Onıń jolınıń kúshin tán almaydı" (2-Tim 3:1-5). Olar inayat qúdireti olardı pul hám lázzet shaydasınan Quday hám adamlar súyetuǵın insanlarǵa aylandırıwǵa jol qoymaydı. Olar muxaddes bolmay qaldı hám

Qudaydıń inayatın biykarǵa qabıl qıldı.

Keyin ol sozinde dawam etip, usı shayqalmas "iymanlılar" haqqında mınaday deydi: "Bul hayallar haqıyqatlıqtı bárqulla úyrenip, onı hesh qashan túsinip jete almaydı" (2-Tim 3:7 KAAB'22L). Búgingi kúnde Amerikada tariyxtaǵı hár qanday dáwirden hám dúnyadaǵı hár qanday milletten kóre kóbirek masiyxıylıq táliymatları bar. Kitaplar, lentalar, videolar, televidenie hám sputnik arqalı xoshxabardı jetkiziw ushın milliardlap dollar sarplandı, esap-sansız jámáát xızmetleri hám konferenciyalardı aytpasa da boladı. Soǵan qaramastan, biz ózin Mısır qálewlerinen ajıratpaǵan dúnyalıq jámáátke aylanıp qaldıq. Pavel tikkeley quwdalawlar bolǵan óz dáwirin emes, bálkim dúnyawiylasqan jámáátler bar bolǵan biziń dáwirimizdi "awır" dep táriyplegen.

Bir xızmettegi dostım menen túslik qılǵanımda, ol maǵan tiykarınan musılmanlar jasaytuǵın Afrika eline qılǵan saparı haqqında aytıp berdi. Házirde ol jerde masiyxıylardı qıynap, ólimge húkim etpekte. Ol maǵan qıynawǵa salınǵan, biraq ele de óz Watanlaslarına xoshxabardı wayızlıq qılıw qushtarlıǵın sóndirmegen adamlar menen ushırasqanı haqqında ayttı. Dostım hár kúni iymanlılarǵa wayızlıq qılıwǵa barar eken, jolda masiyxıylar ushın ornatılǵan darlardıń qasınan otip barar edi. Ol mınaday dedi: "Jon, hayranman, eger Amerikalılar hár kúni óz iymanı ushın asıp óltiriliwi múmkin bolǵan dardın qasınan ótse, olardıń qanshası jámáátke barıwdı dawam etken bolar edi?" Keyin ol Paveldiń sózlerine say bolǵan pikirdi ayttı: "Jon, Amerikada bizde diniy erkinlik bar, olarda bolsa joq. Biraq olarda ruwxıy erkinlik bar, bizde bolsa Amerikada bul joq".

Paveldiń sózlerine bola, aqırǵı zamanda awır waqıtlar muxaddeslerdiń quwdalanıwı sebepli emes, bálkim jámááttiń dúnyawiylasıp ketiwi sebepli keledi. Bálkim biz óz erkinligimizden

naduris paydalanıp atırǵan shıǵarmız?

Men doklad jasaǵan bir konferenciyada, Aziyadaǵı kommunistlik mámleketten sapardan qaytqan bir xızmetker menen bir stolda otırdım. Ol jerde quwdalawlar sonshelli kúshli, iymanlılar jıyınlardı jasırın ótkizedi. Jıynalıslardı shólkemlestirgen shopan hám onıń jetekshileri kóp márte qamalǵan. Qamaqxanada da olar jınayatshılarǵa xoshxabar aytıwdı dawam etken hám kóplegen insanlar qutqarılǵan. Rásmiyler sonshelli ashıwǵa mingenliginen, jetekshilerdi hám shopanlardı bir adamlıq kameralarǵa qamap qoyǵan. Shopan júz márteden artıq qamaqqa alınǵan hám jámi on jıldan zıyat waqtın qamaqta ótkizgen edi.

Olardıń xızmetleri aqırına shekem tınısh ótti. Policiya olar qay jerde ushırasqanın anıqladı hám eger ayǵaqshılar bolmaǵanında, olardın hámmesi qamaqqa alınǵan bolar edi. Tarqalısıwdan aldın, olar kelesi kúni erte tańda, usı xızmetker ketiwinen aldın, alıs bir jerde ushırasıwǵa kelisip aldı. Erteńi kúni tańda olar keldi hám ibadat qılıwın soradı. Ol maǵan mınaday dedi: “Jon, men ushın olar ibadat qılıwı kerektey tuyildi, men olar ushın emes. Biraq Quday olardıń iymanın húrmet qılıwın biler edim”. Sońǵı jıynalıstıń aqırında shopan jılay basladı. Ne ushın ekenin soraǵanımda, ol óz xalqı ushın qáweterde ekenin ayttı. Kózinde jas penen: “Men erkinligimizden qorqaman”, – dedi.

Bul xızmetker hayran qaldı. “Nege erkinlikten qorqasız?” – dep soradı ol. “Siz neshe márte quwdalandıńız, qamaldıńız. Eger siz hám xalqıńız erkin bolsańız, qansha isler qılıwıńız múmkinligin oylap kóriń”.

Ol dawam etti: “Qorqıwımnıń sebebi, eger bul erkek hám hayallar erkinlikke shıqsa, máterialist hám dúnyaparas bolıp qaladı hám Batıs jámáátlerindegi ayırımlar sıyaqlı iymannan qaytadı”.

Onıń Qudayǵa hám ózi basqarıp atırǵan xalıqqa bolǵan pák pidayılıǵın kórip, onıń menen qalayınsha tartısıw múmkin edi?

Bul ol Batıs dúnyasında ushıratqan ádettegi pidayılıq pa edi? Biz bul quwdalanıp atırǵan muxaddeslerdiń kúnlerin awır dep esaplaymız, biraq Muxaddes Kitapqa bola, negizinde kim awır waqıtlardı basınan keshirmekte? Pavediń aytıwınsha, diniy erkinligi bola tura, dunyawiylesken jámáátke iye bolǵan bizler awır kúnlerdi bastan keshirip atırmız.

Diniy erkinlik bizdi dúnyawiy qılıp qoymadı, ol tek ǵana ishimizdegi bar bolǵan bizdi uzaqlastırǵan qálewlerdi júzege shıǵarıw ushın ortalıq jarattı. Biziń haqıyqıy mashqalamız, áyyemgi Izrail kibi, Qudaydıń saltanatına bolǵan qushtarlıǵımızdıń joqlıǵında. Izrailda bolǵanı sıyaqlı, bul mashqala qurǵınlıqqa bolǵan qızıǵıwshılıǵımız hám denedegi nápsimizden kelip shıǵadı.

## Iysanıń aqırǵı zaman jámáátlerine jollaǵan xabarı

Aldınǵı bapta biz "Ayan" kitabındaǵı jeti tariyxıy jámáátke jollanǵan hám boljawlı xabarlardı óz ishine alǵan xatlardı qısqa dodaladıq. Kóp dintanıwshılar usı jeti jámáát – dáslepki ásirlerdegi jámáátten tap Iyemizdiń ekinshi keliwi qarsańındaǵı jámáátke shekem bolǵan ulıwma jámáát tariyxınıń xronologiyalıq kórinisi, – degen pikirge qosıladı. Biz Iyemizdiń ekinshi keliw kúnin yaki saatın bilmesek te, Iysa sol máwsimdi bilip alıwımızdı aytqan. Kópshilik alımlar biz Onıń qaytıw máwsiminde jasap atırǵanımızǵa qosıladı. Solay eken, aqırǵı jámáát – Laodikiya jámáátine berilgen násiyat boljawlı tárizde bizge tiyisli: "– Laodikiya jámáátiniń perishtesine jaz. Awmiyin dep atalǵan, sadıq hám haqıyqıy gúwa, Qudaydıń jaratqanlarınıń Tiykarı bılay deydi..." (Ayan 3:14 KAAB'22L).

Iysa ózin Sadıq hám Haqıyqıy Gúwa dep ataydı. "Sadıq" – onıń turaqlı hám ózgermes ekenin ańlatadı. "Haqıyqıy" – Ol, hátte

bul jaǵımsız bolsa da, tek haqıyqattı aytıwın bildiredi, "Sadıq" hám "Haqıyqıy" degeni – qanday múnásibet yaki basım bolıwına qaramastan, Ol barqulla haqıyqatta ózgermey turadı degendi bildiredi.

Jalǵan gúwa bolsa aldaydı hám jaramsaqlanadı. Ol sizge esitiwińiz zárúr bolǵan gáplerdiń ornına tek esitiwdi qálegen gáplerińizdi aytadı. Insapsız satıwshılar pulıńızdı alıwdı gózlep, sizge jaqsı sóyleydi hám áyne siz qálegen gáplerdi aytadı. Biraq olardın niyeti – sizden bir nárse óndiriw. Jámáát sıpatında biz de kóbinese ózimizge jaqqan gáplerdi aytatuǵın xızmetkerlerdi qushaq ashıp kutip aldıq. Biz ózimizge kerekli bolǵan haqıyqattı shetke súrip, tek jaǵımlı hám ájayıp nárselerdi esitiwdi qáledik.

Iysa jubatadı hám ruwxlandıradı, biraq bunı haqıyqattı aytıwdan waz keshiwdiń esabınan islemeydi. Ol súyedi hám keshiredi, biraq sonın menen birge jazalaydı hám dúzetedi! Onıń sózlerine qulaq tutıń: "Seniń islerińdi bilemen. Sen ya suwıq, ya ıssı emesseń" (Ayan 3:15 KAAB'22L).

Ol "niyetler" emes, "isler" demekte. Dozaqqa alıp baratuǵın jol jaqsı niyetler menen tóselgen degen gáp bar. Ol olardıń awhalın qayerden biledi? Juwap jáne de ashıq-aydın: olardıń isleri hám háreketleri arqalı.

Suwıq bolganlardıń háreketleri Qudayǵa ashıqtan-ashıq boysınbawda. Olar ózlerinde joq nárseni bar qılıp kórsetiwge urınbaydı, olar joldan azǵırılǵan hám bunı ózleri de biledi. Olar basqa qudaylarǵa, pullarına, bizneslerine yaki ózlerine xızmet qıladı. Olar oyın-zawıq hám tártipsizlikler ishinde, bir zamatlıq lázzet ushın jasaydı. Bul gúnákárlardıń yaki óziniń iymanınan qaytqanın tán alǵan adamlardıń ómiri.

Basqa tárepten, ıssı bolganlar Quday menen "janadı". Olar Onıń húzirine jaqınlasıw ushın ózlerin páklegenler. Muxaddeslik olardıń qushtarlıǵı, olsız Iyemizdi kóre almaslıǵın biledi. Iysa

olardıń júrekleri hám putkil barlıǵın qamrap alǵan. Oǵan bolǵan mine usı súyispenshilikten olardıń sezimlerin órtewshi usı jalın payda boladı. Olar Oǵan boysınıwdan zawıqlanadı. Olar da ózleriniń haqıyqıy halatların biledi.

Iysa aqırǵı zaman jámáátin olardıń halatı ya suwıq, ya ıssı emes ekenliginen eskertedi. Sońınan Ol: "Qáne endi, ya suwıq, ya ıssı bolsań!" – deydi (Ayan 3:15 KAAB'22L).

Usı ayattıń mánisi jıllar dawamında maǵan túsiniksiz edi. Ne ushın Iysa jámáátke: "Seniń ya suwıq, ya ıssı bolıwıńdı abzal kórer edim", – dep aytıp atır? Nege Ol: "Qáne endi ıssı bolsań" – dep qoya qoymaydı? Ol hesh qashan jalǵan yaki aljasıw menen sóylemeydi, demek, olardıń házirgi halatı (suwıq hám ıssı ortasındaǵı aralıq) suwıq bolıwdan da jamanıraq bolsa kerek. Qalayınsha ótlesken gúnákárlar yaki iymannan qaytqanın tán alǵanlar bul "jámáát iymanlıları"nan jaqsıraq halatta bolıwı múmkin?

Ol buǵan keyingi gápi menen juwap beredi: "Sen ıssı da, suwıq ta emes, al jıllı bolǵanıń ushın, seni qusıp jiberemen" (Ayan 3:16 KAAB'22L). Jıllı halat – suwıq bolıw ushın hádden tısqarı ıssı, ıssı bolıw ushın hádden tısqarı suwıq. Onda ıssılar arasında sezilmesten aralasıp ketiw ushın jeterli jıllılıq hám suwıqlar arasına bilinbesten suǵılıp kiriw ushın jeterli salqınlıq bar. Jıllı adamlar átiraptaǵılar kim bolsa, soǵan uqsap qaladı. Iysanıń haqıyqıy iseniwshileri arasında olar menen birdey bolıp kórine aladı. Olar Muxaddes Jazıwlardı biledi, alǵıslar aytadı hám tuwrı sózlerdi sóyleydi.

Dúnyaǵa ergenler arasında bolsa, olar ishpewi yaki shekpewi múmkin, biraq óz ómirlerin dúnyawiy tárizde, yaǵnıy menmenlershe pikirlep basqaradı. Olar Qudayǵa tek ǵana boysınıw jaǵımlı bolǵanda yaki óz máplerine tuwrı kelgende boysınadı. Biraq negizinde olar óz qálewleri menen háreket etedi.

Iysa: "Seni qusıp jiberemen", – demekte. Ne ushın Ol áyne sol

dárejede keskin uqsatıwdı tańladı? Biz denemiz sińdire almaytuǵın nárseni qusıp taslaymız. Bir neshe jıl aldın tuslikte ekinshi hám úshinshi balam gamburger buyırtpa qıldı. Bir saat ótpesten, hár ekewi de jegen awqatların qusıp tasladı, óytkeni gósh aynıǵan eken. Olardıń denesi bunı qabıl etpedi, óytkeni ol záhárli edi. "Jaman" gamburgerler basqa waqıtlarda olar jegen "jaqsı" gamburgerler menen birdey kóriniste edi. Iysa negizinde mınaday demekte: "Maǵan tiyislimiz dep aytatuǵın, biraq haqıyqatında Maǵan tiyisli bolmaǵanlardı Óz denemnen qusıp taslayman".

Ya suwıq, ya ıssılar Quday menen bolǵan qarım-qatnasları boyınsha ekijúzlemeshilik qılıp atırǵan joq, al jıllı adamlar ekijúzlemeshiler. Olar óz halatların negizinde bar bolǵanınan basqasha dep oylaydı. Olar ózlerin Iysaǵa tiyisli dep esaplaydı. Sonıń ushın da olardıń awhalı ótlesken gúnákárlardikinen de jamanıraq bolıwı múmkin. Gúnákárlar Qudayǵa xızmet etpey atırǵanın biledi, sonıń ushın olarǵa haqıyqattı jetkiziw ańsatıraq. Jıllı adamlar bolsa Qudayǵa xızmet qılıp atırman dep oylaydı. Olar inayat arqalı qutqarılǵanın tán aladı, biraq sol tán alıp turǵan Qudaydıń inayatınıń túp mazmunınan juda bolıp qalǵan. Olarǵa haqıyqattı túsindiriw júdá awır.

Eger adamlar qutqarılǵanbız dep oylasa, qutqarılıwǵa mútájlik bar ekenin kórmeydi. Iysa olardıń haqıyqıy awhalı haqqında tereń toqtaladı: "Bayman, bayıdım, hesh nársege mútáj emespen, deyseń. Biraq ózińniń baxıtsız, ayanıshlı, jarlı, soqır hám jalańash ekenligińdi bilmeyseń" (Ayan 3:17 KAAB'22L).

Bul jámááttegi adamlar óz baylıqları hám hesh nársege mútáj emeslikleri menen maqtanadı. Olar ózlerin Qudaydıń jarılqawı dep isengen nárseleri menen jubatadı. Bul Amerika jámáátiniń kórinisi emes pe? Biz óz erkinligimiz hám baylıǵımızdan Qudayǵa bolǵan xızmetimizdi kúsheytiw ushın paydalandıq pa? Yamasa erkinligimiz hám baylıǵımız bizdi aldawına jol qoydıq pa? Batıs

jámáátlerindegi kópshilik ushın ekinshisi tuwrı keledi.

Biraq men Batıs jámáátlerinde muxaddeslikke umtılǵan, Qudayǵa qarata qaynap turǵan qushtarlıǵı bolǵan sadıq insanlardı da ushırattım. Olar kópshilik emes, bálkim azshılıq. Olar sawash maydanın kórgen hám óz dushpanın tanıytuǵın haqıyqıy áskerler bolıp esaplanadı. Olardıń qushtarlıǵı tek ǵana sózlerinde emes, al jemislerinde kórinedi.

Iysa jámááttegi jıllı bolǵanlarǵa mınaday deydi: “Sonlıqtan Meniń saǵan aytatuǵın másláhátim mınaw: bay bolıwıń ushın, Mennen otta tazalanǵan altın, jalańashlıǵıńnıń ayıbı kórinbew ushın aq kiyimler, kóriwiń ushın kózlerińe súrtetuǵın dári satıp al” (Ayan 3:18 KAAB’22L).

Ol mennen bir zattı satıp alıw kerekligin aytpaqta, bul nárse tek ǵana Onıń húkimdarlıǵın tán alıw menen qolǵa kiritilmewi anıq. Esińizde bolsın, bul jámáát Onıń atı menen qutqarılǵanın tán alǵan edi. Solay bolsa da, olarda haqıyqıy iymanlılar iye bolıwı kútilgen nárse jetispeytuǵın edi. Biraq biz Iysadan qalayınsha bir zattı satıp alıwımız múmkin?

Quday Hikmetler 23:23 te bizge mınaday degen: “Haqıyqattı satıp al, onı satpa, Danalıq, tálim hám aqılǵa iye bol”. Iyshaya payǵambar arqalı bolsa Ol mınaday deydi:

> Shóllegenlerdiń hámmesi, suw kózlerine kelińler! Aqshası joqlar da kelip, awqat alıp jeńler! Kelińler, sharap hám sút alıńlar, Biypul, esheyin! (Iysh 55:1 KAAB’22L).

Iysanıń aytqanınday, bul jerde de itibar pulǵa satıp alıp bolmaytuǵın nárseni satıp alıwǵa qaratılǵan.

Iysa óz shákirtlerine Aspan Patshalıǵı haqqında aytıp, mınaday deydi: “Jáne Aspan Patshalıǵı hasıl hinjiler izlep júrgen bir sawdagerge uqsaydı. Ol júdá qımbat bir hinjini tapqanda, óziniń barlıq mal-múlkin satıp jiberip, sol hinjini satıp alıptı”

(Mat 13:45-46 KAAB'22L). Patshalıqtı ańlatıwshı usı qımbatbaha hinjini qolǵa kiritiw ushın, onı satıp alıwǵa qárejeti jetiwi ushın barlıq nársesin satıwı kerek edi. Basqasha aytqanda, ózińiz ushın hesh nárseni alıp qalmastan, pútkil ómirińizdi Oǵan hám Onıń islerine xızmet qılıw ushın baǵıshlań, tolıq Ol ushın jasań. Pavel bunı bılayınsha túsindiredi: "Awa, Masiyx hámme ushın óldi. Solay eken, jasap atırǵanlar endi ózleri ushın emes, al ózleri ushın ólgen hám qayta tirilgen Masiyx ushın jasawı shárt" (2-Kor 5:15 KAAB'22L).

## Aqıllı hám aqılsızlar

Iysanıń basqa ayırım tımsalları da usı pikirdi ashıp beredi. Usınday tımsallardıń biri Matta xoshxabarınıń 25-babında, dáslepki on eki ayatta keltirilgen. Aspan Patshalıǵı óz shıraların alıp, Kúyewdi (Iysanı) kútip alıwǵa shıqqan on qızǵa uqsatıladı. Olardıń hámmesi pák qızlar edi hám barlıǵı Onı "Iyem" dep shaqırar edi. Hámmesinde shıra bar edi – bul bolsa nurdan, yaǵnıy máńgi ómir inamın qabıl qılǵanlıǵınan derek beredi. Olardıń barlıǵı Onıń ekinshi keliwinde birge ketiwdi kútip turǵan edi. Iysa bul jerde xoshxabardı esitpegenler yaki Oǵan iseniwin hesh qashan tán almaǵanlar haqqında aytıp atırǵan joq. Basqasha aytqanda, Ol suwıqlar haqqında aytıp atırǵan joq!

On qızdan besewi aqıllı hám besewi aqılsız edi. Bul qatnas áhmiyetke iye. Iysa jámáattiń sezilerli bólegi haqqında sóz etpekte.

Aqıllılardı aqılsızlardan ne zat ajıratıp turar edi? Aqılsızlarda tek shıra bar edi. Aqıllılarda bolsa shıralardıń hár dayım janıp turıwı ushın awısıq may bolǵan ıdıslar bar edi. Yarım túnde Kúyew kiyatırǵanı haqqında baqırǵan dawıs esitildi hám qızlar Onı kútip alıwǵa shıqtı. Biraq aqılsızlardıń shıraları sóne baslaǵan edi. Olar dárriw aqıllılarǵa "Bizlerge maylarıńızdan az-maz berińler, shıralarımız sónip atır", – depti (8-ayat KAAB'22L).

Al aqıllı qızlar: “Bizlerge de, sizlerge de jetpey qalıwı múmkin, jaqsısı, satıwshılarǵa barıp satıp alıńlar”, – dep juwap beripti” (9-ayat KAAB’22L).

Men turli xızmetkerlerdiń bul tımsal haqqındaǵı tusindirmelerin esitken edim, biraq ele de onıń haqıyqıy mánisin ańlamaǵanday edim. Kúnlerdiń birinde, awlaq bir jerde ibadat qılıp turǵan edim, shın júrekten: “Iyem, iltimas, usı tımsaldı túsiniwime járdem ber!” – dep jalbarındım.

Áyne sol kúni Quday maǵan tımsaldıń gilt sózleri aqıllı qızlardıń aqılsızlarǵa aytqan gápinde ekenligin kórsetti: “Jaqsısı, satıwshılarǵa barıp satıp alıńlar”. Kóz aldıńızǵa keltiriń: on qız – bes aqıllı hám bes aqılsız – dúkanǵa kirip keldi. Aqılsızlar satıwshınıń aldına kelip, biraz pul shıǵardı da, oǵan: “Maǵan sol shıralardan birin beriń. Men qutqarılıwdı qáleymen. Dozaqqa tusiwdi qálemeymen. Qudaydıń inayatın qáleymen”, – dedi. Hár biri janıp turǵan shıra menen dúkannan shıǵıp atırıp: “Qudayǵa shúkir, men qutqarıldım!” – dedi.

Aqıllılar bolsa satıwshınıń aldına kelip, qaltalarındaǵı bar pulların shıgardı. Olar barlıq múlklerin satıp, bar qárejetlerin hám qorların alıp kelgen. Olar satıwshıǵa mınaday dedi: “Mine bul meniń bar tapqanım, aqırǵı tiyinıma shekem usı. Mende basqa hesh nárse qalmadı! Iltimas, maǵan sol shıranı beriń, qalǵan hár bir tiyinǵa bolsa qansha may beriw múmkin bolsa, hámmesin beriń”. Olardıń hár biri janıp turǵan shıra hám onı jaǵıw ushın may menen toltırılǵan úlken ıdıs penen ketedi.

Parqı sonda, aqıllılar putkil ómirin pidá etti, aqılsızlar bolsa tek qutqarılıw ushın zárúr dep esaplaǵan nárselerin berdi. Olar ómiriniń bir bólegin ózleri ushın alıp qaldı. Aytayıq olar janıp turǵan hám nurı kórinetuǵın shıra menen ketken bolsa da, bul nur aqırına shekem shıdamaytuǵın edi. Tımsalda olardıń shıraları tún yarımında sóne basladı. Eń qaranǵı saatta, apat shıńına

shıqqanında, olar endi shıday almadı. Sonıń ushın da Iysa tez-tezden: “Aqırına shekem shıdaǵan qutqarıladı”, – dep aytadı.

Aqılsız qızlar dárriw may satıp alıwǵa ketti, biraq olar joq waqıtta Kúyew keldi. Tayyar turǵan aqıllılar Ol menen birge toyxanaǵa kirdi hám qapı bekitildi. Aqılsızlar qaytıp kelgennen soń: “Iyem, Iyem! Bizlerge qapını ash!” – dep jalındı (11-ayat KAAB’22L). Biraq ol “Sizlerge shının aytıp turman: Men sizlerdi tanımayman!” – dep juwap qaytarıptı (11-ayat KAAB’22L).

Iyemiz Óziniń húkimranlıǵın tán alǵanlarǵa jáne bir márte “Sizlerdi tanımayman” – dep aytpaqta. Jıllı bolǵanlar ózleriniń pútkil ómirin pidá etpegen edi. Iysanıń bul sózleri hesh gúmansız olarǵa tiyisli: “Kim de kim óz atanaq aǵashın arqalap Meniń izime ermese, ol Maǵan ılayıqlı emes” (Mat 10:38 KAAB’22L).

Ne ushın biz Amerikada Atanaq Aǵashsız tiriliw qúdiretin wáde etetuǵın xoshxabarǵa isendik? Bul xoshxabar bizdi jıllı halatqa alıp keldi. Bul biziń júreklerimizde janıwı kerek bolǵan Qudaydıń jalınınan ayırdı. Biz tirilerdi óliler arasınan izledik pe? Onıń: “Óytkeni kim de kim óz janın saqlamaqshı bolsa, onı joǵaltadı. Al kim de kim óz janın Men ushın joǵaltsa, onı saqlap qaladı”, – degen sózlerin sonshelli tez umıttıq pa? (Mat 16:25 KAAB’22L).

11-BAP

# OTTA TAZALANǴAN ALTÍN, AQ KIYIMLER HÁM KÓZGE SÚRTETUǴÍN DÁRI

***Muxaddeslik isi – bul Quday menen biziń ortamızdaǵı birgeliktegi is-háreketler.***

“Bay bolıwıń ushın, Mennen otta tazalanǵan altın, jalańashlıǵıńnıń ayıbı kórinbew ushın aq kiyimler, kóriwiń ushın kózlerińe súrtetuǵın dári satıp al” (Ayan 3:18 KAAB’22L).

Iysa Ózine qarata júreginde jalını joqlarǵa ush nárseni satıp alıwdı tapsıradı: altın, aq kiyim hám kóz ushın súrme. Keliń, olardıń hár birin bólek kórip shıǵayıq.

## Otta tazalanǵan altın

Malaxiya payǵambar bizge aqırǵı zamanda Iyemiz óz jámáátine tap tazalawshı ot kibi keliwin aytadı: “Ol gúmisti eritip tazalap alatuǵın adam sıyaqlı húkim taxtına otırıp, lebiylilerdi pákleydi. Awa, altın hám gúmisti tazalaǵanday etip, tazalaydı. Sonda olar Jaratqan Iyege tuwrı jol menen qurbanlıqlar

usınatuǵın boladı” (Mal 3:3 KAAB’22L).

“Lebiyliler” sózi shamalawımsha biz aldınıraq dodalaǵan “patshanıń ruwxaniyleri”n (1-Pet 2:9 KAAB’22L), yaǵnıy jámáátti názerde tutqan. Usı payǵambarda Jana Kelisimniń terminologiyası bolmaǵan. Ol: “Ol masiyxıylardı pákleydi” – dep ayta almas edi, óytkeni bul atama ele berilmegen edi. Quday bul ruwxaniyliktiń pákleniwin altın hám gúmisti tazalaw processi menen salıstırǵan eken, biz altın hám gúmistiń qásiyetlerin hámde olardıń qalayınsha tazalanıwın túsiniwimiz kerek. Iysa altınǵa itibar qaratqan, biz de sonday qılamız.

Altın tábiyatta keń tarqalǵan, biraq hár dayım az muǵdarda ushırasadı. Altınnıń taza halatta tawılıwı siyrek ushırasatuǵın halat. Eń taza kórinisinde altın jumsaq, iyiliwsheń hámde tat hám basqa elementlerdiń tásirinen saqlanǵan boladı. Altın basqa metallar (máselen, mıs, temir yaki nikel) menen aralassa, ol qattıraq, kem iyiliwsheń hám tat basqısh bolıp qaladı. Bul aralaspa qatpa dep ataladı. Mıs, temir yaki nikeldiń úlesi qansha joqarı bolsa, altın sonshelli qatayadı. Kerisinshe, qatpanıń úlesi qansha kem bolsa, ol sonshelli jumsaq hám iyiliwsheń boladı.

Biz dárriw Iysanıń tımsalların kóremiz: Qudaydıń aldında pák júrek – tazalanǵan sap altın sıyaqlı. Pák júrek jumsaq, tásirsheń hám boysınıwshı boladı. Pavel júrek gúnanıń aldawına erip qaysar bolıwınan, yaǵnıy qatayıwınan eskertedi (Evr 3:13). Qudaydıń jolları yaki hákimiyatına boysınbas gúna – bul biziń sap altınımızdı qatpaǵa hám júregimizdi tasqa aylandırıwshı qosımsha element esaplanadı. Bul jumsaqlıqtıń joqlıǵı, sezgirliktiń joǵalıwına alıp keledi, bul bolsa Onıń dawısın esitiw qábiletimizge kesent beredi. Átteń, jámáátte gi kópshilikte jumsaq júreksiz dinshillik kórinisleri bar. Olardıń júreklerinde Iysa ushın jalın joq. Qudayǵa bolǵan sol qaynaǵan súyispenshilik ornın tek óz házligin, qolaylıǵın hám máplerin gózleytuǵın suwıq menmenlik iyelegen. Qudayǵa xızmet

etiwdi jeke payda deregi dep bilip (1-Tim 6:5), olar tek wádelerdiń jemisin izleydi, Wáde beriwshiniń Ózin shetke ısırıp qoyadı. Ózleri bilmegen halda, olar bul dúnya menen lázzetlenip, sonıń menen birge jánnetke de kiriwdi kútedi. Olar jámááttiń ishindegi jıllı adamlar.  Biraq Yaqıp haqıyqıy masiyxıylıq "ózin dúnyanıń nápákliklerinen saqlaw" ekenin uqtıradı (Yaqp 1:27 KAAB'22L). Iysa, ústinde hesh bir daq, jıyrıq yamasa buǵan uqsaǵan bir nársesi joq, muxaddes hám minsiz bolǵan (Efs 5:27), júregi dúnya dúzimi menen bılǵanbaǵan jámáát ushın kelmekte!

Altınnıń jáne bir qásiyeti – onın tat baspawı hám korroziyaǵa shıdamlılıǵı esaplanadı. Basqa metallar atmosfera ózgeriwi nátiyjesinde gúńgirtlense de, atmosfera ózgerisleri sap altındı gúńgirtlestirmeydi. Latun (mıs hám cinktiń sarı qatpası) tap altınǵa uqsasa da, ózin altınday tutpaydı. Latun ańsat ǵana gúńgirtlesedi. Onda altınnıń kórinisi bar, biraq qásiyeti joq. Altındaǵı jat elementler úlesi qansha joqarı bolsa, ol tat basıw hám gúńgirtlesiwge sonshelli meyil boladı.

Házirgi waqıtta dúnya dúzimi jámáátke izey suwday kirip ketken. Biz onıń ádetleri menen pataslandıq hám gúńgirtlesip atırmız. Batıs jámáátlerinde biziń qádiriyatlarımız dúnyawiylıq penen uwlanǵan. Biz denemizdiń nápsi izinen quwdıq hám bunı Qudaydıń jarılqawı dep atadıq. Ózimizdi bul jarılqawlar menen bay dep esaplap, sezgirligimizdi joyttıq hám pákleniwge mútájligimiz barlıǵın ańlamay atırmız.

Malaxiya payǵambardıń kórsetiwinshe, Iysa Óz jámáátin tap zerger altındı tazalaǵanınday dúnya tásirinen pákleydi. Tazalaw processinde altın untaq halǵa keltiriledi hám keyin flyuks dep atalatuǵın element penen aralastırıladı. Ekewi pechke qoyılıp, kúshli otta eritiledi. Pataslıqlar flyuks tárepinen ózine tartıladı hám joqarıǵa qalqıp shıǵadı. Altın bolsa awırraq bolǵanı ushın tómenge shógedi. Aralaspalar yaki pataslıqlar (flyukske jabısqan

mıs, temir, yaki cink kibiler) keyin alıp taslanadı.

Qudaydıń Iyshaya payǵambar arqalı aytqan sózlerin esitiń: “Mine, gúmistey etip bolmasa da, seni tazaladım, Azap oshaǵında sınadım” (Iysh 48:10 KAAB’22L). Bizdi tazalaw ushın – bul altın yaki gúmis tazalanatuǵın materiallıq ot emes, bálkim apat, qıyınshılıq, azap-uqıbetler. Petr bunı tastıyqlap mınaday deydi:

> “Usı sebepli quwanıp, shadlanıńlar. Házir qısqa bir waqıt hár túrli sınawlarǵa ushıraǵanıńızda azap shegiwge tuwra kelse de, bul isenimińizdiń taza bolıwı ushın paydalı. Hátte, joq bolıp ketetuǵın altın da otta taplanıp, sınaladı. Al sizlerdiń isenimińiz altınnan qımbatlıraq. Sınalǵan isenimińiz, Iysa Masiyx kelgende sizlerdi maqtaw, dańq hám húrmetke sazıwar qıladı” (1-Pet 1:6-7 KAAB’22L).

Jaratqan Iyeniń tazalawshı jalını – sınaqlar hám azap-uqıbetler esaplanadı. Olardıń ıssılıǵı ómirimizdegi pataslıqlarımızdı Qudaydıń minez-qulqınan ajıratıp shıǵaradı.

Men qutqarılıw ushın tek ǵana bala waqıtıńda suwǵa shómdiriliw, xızmetlerge qatnasıw hám jámáát nızamların saqlaw jetkilikli dep úyretiletuǵın denominatsiyalıq jámáátte tárbiyalandım. 1979-jılı kolledjdegi studentlik awqamımda iymanǵa kelgenimnen keyin, kóp ótpey Qudaydıń inayatlarına ayrıqsha itibar beretuǵın ǵárezsiz jámáátke bardım. Bul jámáátte de, meniń denominatsiyalıq ortalıǵımda da muxaddeslik úyretilmegen edi.

1985-jılı Quday ibadat waqtında meniń menen pák bolıwdıń zárúrligi haqqında islese basladı, bul bolsa ómirimde qushtarlıqtı payda etti. Men Onnan ómirimdi tazartıwın jan-tánim menen soradım. Bir neshe aydan soń Ol juwap berdi. Sol jıldıń dekabr ayında Ol maǵan ózimnen bas tartıwdı, óz Atanaq Aǵashımdı alıp, Onıń izinen júriwdi úyretetuǵının ayttı. Ol ómirimde

muxaddeslew jumısın isleytuǵının kórsetti.

Men hayalıma quwanısh penen: “Quday meniń barlıq pataslıqlarımdı alıp taslaydı”, – dedim. Soń oǵan Quday mendegi qanday jaǵımsız nárselerdi alıp taslaytuǵının ayta basladım. Olardıń kóbi hádden artıq nárseler edi: kóp awqat jew ádetleri, televizordı hádden artıq kóriw hám ráhát-lázzetke artıqsha beriliw. Biraq keyingi úsh ay dawamında hesh nárse bolmadı. Kerisinshe, jaǵday jáne de jamanlastı. Tap men eki ese nápsiqaw bolıp ketkendey edim.

Men Jaratqan Iyeden: “Ne ushın meniń jaman ádetlerim jaqsılanıwdıń ornına jáne de jamanlasıp baratır?” – dep soradım.

Ol juwap berdi: “Ulım, Men seni tazartaman dedim. Sen bolsa bunı óz kúshiń menen islewge háreket qılıp atırsań. Endi Men bunı Óz jolım menen isleymen”.

Sol waqıttan baslap men burın hesh qashan basımnan ótkermegen kúshli sınaqlardan óte basladım! Solardıń ortasında Quday maǵan millionlaǵan shaqırım uzaqtaǵıday sezildi, biraq negizinde Ol uzaqta emes edi.

Aldın jasırın bolǵan minez-qulıq kemshilikleri júzege shıǵa basladı. Bul kemshiliklerdiń tamırın bir sóz benen ulıwmalastırıw múmkin edi – ózin súyiw! Men ózime eń jaqın adamlarǵa qopal hám qattı qatal qatnas jasadım. Geyde hesh qanday sebep joq bolsa da, hayalım menen balalarıma baqırıp jiberer edim. Derlik hámme nársege narazılıq bildirer edim. Meniń janımda bolıw hesh kimge jaǵımlı emes edi. Shańaraǵıma, doslarıma hám shopanıma súyispenshiliksiz qatnas jasadım, olardıń hámmesine tap meniń jan azabıma solar sebep bolǵanday qaradım. Minezim hám háreketlerim sebepli olar mennen uzaqlasa basladı.

Aqırında men Jaratqan Iyeden jalbarınıp soradım: “Bul ashıw-qáhár qaydan shıǵıp atır? Bunday nárse burın mende joq edi ǵoy!”

Ol maǵan Muxaddes Kitaptan tazalanıw haqqında aytqan

sózlerin kórsetti. Soń sorawıma juwap berdi: “Ulım, altındı tazalaǵanda, onı júdá ıssı peshtiń ishine saladı. Kúshli jalın onı erigen halǵa keltiredi. Altın erigennen keyin, onıń ishindegi pataslıqlar betine qalqıp shıǵadı”.

Ol maǵan altın neke júzigime qarawımdı ayttı. Ol 14 karatlıq altın júzik edi. Bul degeni, 24 bólekten 14 bólegi altın, al 10 bólegi basqa metallar. Demek, ol shama menen 60 procent altın edi.

Sonda Ol meniń ómirimdi ózgertken mına sorawdı berdi: “Sol júzik saǵan taza altınday kórine me?”

Men: “Awa”, – dep juwap berdim.

Ol: “Biraq ol taza altın emes, solay emes pe?” – dedi.

Men: “Awa, Iyem, taza emes”, – dedim.

Ol dawam etti: “Altın otqa salınbastan burın, ondaǵı pataslıqlardı kóre almaysań. Biraq bul olardıń joq ekenin bildirmeydi”.

Men: “Awa, Iyem”, – dep juwap berdim.

Sonda Ol júregime bomba sıyaqlı tásir etken mına sózdi ayttı: “Men Óz otımdı seniń astıńa jaqqanımda, sol pataslıqlar betke qalqıp shıqtı. Olar sen ushın jasırın edi, biraq Men ushın kórinip turǵan edi. Endi tańlaw seniń qolıńda. Ashılǵan nársege qaytarǵan juwabıń seniń keleshegińdi belgileydi. Sen ashıwlı bolıp qala berip, óz jaǵdayıń ushın hayalıńdı, doslarıńdı, shopanıńdı yamasa jumıstaǵı adamlarıńdı ayıplay alasań. Sonda óz háreketińdi aqlap, pataslıqlardıń qalıwına jol bereseń. Keyinirek sınaqlar páseygen waqıtta, olar jáne jasırınıp qaladı. Yamasa sen óz jaǵdayıńdı qanday bolsa, sonday kórip, táwbe etip, keshirim soraysań. Sonda Men Óz shómishimdi alıp, bul pataslıqlardı seniń ómirińnen alıp taslayman”.

Quday olardı biziń erkimizge qarsı alıp taslamaydı. Pavel bunı biler edi, sonlıqtan ol bizge: “Solay etip, súyikli tuwısqanlarım, usınday wádelerge iye bolǵanımız sebepli, denemizdi hám

ruwxımızdı iplaslaytuǵın hár bir nárseden ózlerimizdi tazalayıq. Qudaydan qorqıp jasap, minsiz muxaddeslikke jetilisip barayıq", – dep eskertedi (2-Kor 7:1 KAAB'22L). Timoteyge bolsa ol bul haqqında bılay dep jazǵan edi:

> "Jaratqan Iyege tiyislimen, degen hár bir adam jamanlıqtan awlaq júrsin", – degen sózler menen tastıyıqlanǵan. Úlken bir úyde tek altın hám gúmis ıdıslar emes, al aǵash hám ılay ıdıslar da bar. Olardıń birewleri sıylı, al birewleri sıysız is ushın qollanıladı. Solay etip, eger kim de kim ózin jamanlıqlardan tazalasa, onda ol sıylı, muxaddes qılınǵan, xojayınına paydalı hám hár bir jaqsı iske tayın ıdıs boladı (2-Tim 2:19-21 KAAB'22L).

Muxaddesleniw – Quday menen biziń birgeliktegi háreketimiz. Ol inayattı beredi, biraq biz Onıń tazartıwın sorawǵa tayın bolıwımız kerek. Keyin Ol bul processti baslaǵanda, biz kishipeyillik hám boysınıw arqalı Onıń menen birge háreket etiwimiz kerek. Men ómirimde tek sırtqı hádden asıwlardı – kóp awqat jewdi, televizordı hádden artıq kóriwdi, ráhát-lázzetke artıqsha beriliwdi hám sol sıyaqlı nárselerdi ǵana kóre alar edim. Biraq Quday tereńdegi tamırlardı kóre aldı. Ol solar menen isleskennen keyin, qalǵan nárseler de óz ornına tústi. Tazalanıw – turaqlı, dawam etetuǵın hám kóbinese awırıw beretuǵın process. Biraq onıń nátiyjesin bilgenim ushın, men onı quwanısh penen qabıl etemen.

Altınnıń eń taza halındaǵı jáne bir qásiyeti – onıń móldirligi: "Qalanıń kóshesi móldir shiyshe sıyaqlı sap altınnan edi" (Ayan 21:21 KAAB'22L). Otlı sınaqlar arqalı tazalanǵanıńda, sen móldir bolasań! Móldir ıdıs ózine dańq izlemeydi, al ishindegi nárseni ullılaydı. Biz qanshelli kóp tazalansaq, dúnya bizde Iysanı sonshelli anıq kóre aladı. Halleluya!

Qudaydıń júregine jaqın júrekke iye bolǵan Dáwıt: "Kim óz

qátesin kóre aladı? Bilmey qılǵan gúnalarımnan Óziń pákle", – dep jalbarındı (Zab 18:13 KAAB'22L). Bul biziń de jalbarınıwımız bolsın. Eger biz Qudaydan júregimizdi tazartıwın sorasaq, Ol kózimizden jasırın bolǵan pataslıqlardı alıp taslaydı. Biz bilmesek te, Quday biziń eń ishki oylarımızdı hám niyetlerimizdi biledi. Tazalanıw aldınnan jaqsı bolǵan nárseni bekkemleydi, al bizdi hálsiretip yamasa pataslaytuǵın nárselerdi tazalaydı yaki alıp taslaydı. Sol sebepli Iysa búgingi kún jámáátine dúnyanıń quwıp júrgen baylıǵı menen emes, máńgi qalatuǵın baylıq penen bay bolıwımız ushın, Onnan jalında tazalanǵan altındı satıp alıwdı másláhát etedi.

## Aq kiyimler

Bul jámáátke tazalanǵan altındı satıp alıwdı másláhát etkennen keyin, Iysa olarǵa jalańashlıǵı ashılıp qalmawı ushın Ózinen aq kiyimler satıp alıwdı aytadı. Quday Iyshaya arqalı shaqırǵanda, Izrailge de usıǵan uqsas sózler menen násiyat etedi:

> Oyan Sion, oyan, kúshke tol! Erusalim, muxaddes qala, ájayıp kiyimlerińdi kiy! (Iysh 52:1 KAAB'22L).

Sion – jámáátke tımsal. Quday: "Men seniń kiyimlerińdi saǵan kiygizemen", – demeydi. Kerisinshe: "Sen gózzal kiyimlerińdi kiy", – deydi. Pavel tap usıǵan uqsas tárizde jámáátke: "Iyemiz Iysa Masiyxqa bólenińler hám gúnakar tábiyatıńızdıń jaman qálewlerine boysınbańlar", – dep eskertedi (Rim 13:14 KAAB'22L). Bul jalbarınıwlar bosqa aytılmaǵan, sebebi bul aq kiyimlersiz hesh kim Jaratqan Iyeniń aldına jaqın bara almaydı (Ayan 7:9). Biraq bul úshewi ushın da eń tiykarǵı másele – olardı ózimiz kiyip alıwımız kerek.

Jáne de, Onıń inayatı bizge bul kiyimlerdi satıp alıw qábiletin beredi. Biz olardı ózimiz ushın támiyinley almas edik, sebebi

biziń barlıq haqlıǵımız pataslanǵan kiyim sıyaqlı (Iysh 64:6). Biraq payǵambar bılay deydi:

> Men Jaratqan Iyede shadlanaman,
> Janım Qudayımda yoshlanar.
> Óytkeni Ol maǵan qutqarılıw kiyimin kiygizdi.
> Maǵan ádillik shapanın japtı. Men taj kiygen kúyewge,
> Bezeniw buyımların taqqan kelinge uqsayman
> (Iysh 61:10 KAAB’22L).

Jaratqan Iye qutqarılıw kiyimin hám taǵıw ushın qımbat taslardı támiyinleydi; biz olardı hesh qashan ózimiz ushın tayarlay almas edik. Biraq jáne de bul támiyinlewler bosqa qabıl etiliwi múmkin. Kelin ózi bezeniwi kerek.

Mına mısaldı kóz aldıńızǵa keltiriń: bir kámbaǵal hayal ullı patshanıń ulına turmısqa shıǵıwǵa shaqırıladı. Onıń hesh nársesi joq, toyına tayarlıq kóriw ushın aqsha tabıwǵa da imkanı joq. Onda tek pataslanǵan kiyimler ǵana bar, al tiyisli kiyimsiz patshanıń sarayına kirgiziliwi múmkin emes. Ullı súyispenshiligi sebepli patshanıń ulı toy kúni kiyetuǵın gózzal kiyim hám taǵatuǵın qımbat taslardı satıp alıw ushın oǵan kerekli támiynat beredi. Biraq ol toy ushın berilgen bul támiyinlew menen hesh nárse qılmaydı; onı óz ráhát-lázzeti ushın jumsap jiberedi. Ol tiyisli kiyimsiz toyǵa kelgende, bul ullı patshaǵa hám onıń ulına qorlıq boladı. Kiyimge iye bolıw imkaniyatı oǵan inayat penen berilgen edi, biraq ol bul támiyinlewdi bosqa qabıl etti. Ol toyǵa ózin tayarlamadı.

Eger ol oǵan berilgen támiynattı toy kiyimin satıp alıw ushın qollanǵanında, onda onıń maqtanıwı patshada bolǵan bolar edi. Ol: “Ol meni usı toy kiyimi menen kiyindirdi”, – dep járiyalaǵan bolar edi. Onıń inayat sıyı arqalı ol ózin kiyindire alar edi. Bul pútkilley patshanıń támiyinlewi bolǵan bolar edi. Biraq sonıń

menen birge, ol kiyimdi satıp alıw hám onı kiyip alıw arqalı ózin tayarlawı kerek edi.

Bul mısal biziń Kúyewimizdiń qaytıp keliwine tayarlanıwımızǵa tıǵız baylanıslı. Yuxan ózi kórgen hám esitken kórinisti bılay súwretleydi:

> “Shadlanıp, kewil kótereyik! Onı dańqqa bóleyik! Sebebi Qozınıń neke toyı baslanajaq, Onıń qalıńlıǵı ózin tayarladı. Kelinge kiyiw ushın, Taza, jarqıraǵan appaq zıǵır kóylek berildi”. Taza, appaq kóylek – muxaddeslerdiń haq islerin bildiredi (Ayan 19:7-8 KAAB’22L).

8-ayatdaǵı “haq isler” sóziniń grekshe kórinisi – *dikaioma*. Strong sózligi bul sózdi “ádil is” dep túsindiredi. Vine sózligine kóre, bul sóz “haqlıq isi, haqlıqtıń anıq kórinisi” degen mánisti bildiredi. Quday bizge haqlıq islerin bejeriwimiz ushın Óz inayatın berdi. Muxaddes Kitapqa kóre, usı isler toy ziyapatı ushın ózimiz kiyip alıwımız kerek bolǵan aq kiyimlerdi satıp aladı. Biraq biz Onıń inayatın bosqa qabıl etip atırǵan joqpız ba? Eger biziń haq islerimiz toy kiyimlerimizdi payda etetuǵın bolsa, onda kóbimiz derlik jalańash halda tabılamız! Batıs jámáátindegilerdiń kópshiliginde toy kiyimin aytpaǵanda, hátte kelte ıshtanǵa jetetuǵın isler de joq! Bul jáne de Yaqıptıń batıl pikirin – soraw túrinde aytılǵan sózin – túsindirip, tastıyıqlaydı: “Háy, aqılsız adam, islersiz iseniminińniń paydasız ekenin biliwdi qáleyseń be?” (Yaqp 2:20 KAAB’22L). Qalayınsha biz házirgi Batıs jámáátinde bul haqıyqattı kózden joǵaltıp aldıq?

Yaqıp haqıyqıy iymandı súwretleytuǵın eki mısal keltiredi. Ol bılay deydi: “Ákemiz Ibrahim óz ulı Ísaqtı qurbanlıq ornına qoyǵanda, isleri arqalı aqlanǵan emes pe?” Birew: “Men biz iyman arqalı aqlanamız dep oylaytuǵın edim”, – dewi múmkin. Awa, solay. Biraq bul XX ásirdiń sońǵı bóliminde Batıs dúnyasında

úyretilgen iyman hám inayat emes. Eger oǵan sáykes isler bolmasa, iyman haqıyqıy iyman emes. Al Onıń inayatısız bunday islerdiń bolıwı múmkin emes. Yaqıp dawam etedi:

> Babamız Ibrayım ulı Ísaqtı qurbanlıq orınǵa baǵıshlap, isleri menen aqlanbadı ma? Kórip turǵanıńday, isenimi onıń isleri menen háreket etti. Isenimi isleri menen kámal taptı. Solay etip, "Ibrayım Qudayǵa isendi hám sol sebepten Quday onı haq dep sanadı", – dep jazılǵan Muxaddes Jazıw orınlanıp, ol Qudaydıń dostı dep ataldı. Kórip tursızlar, adam tek isenimi menen emes, isleri menen aqlanadı (Yaqp 2:21-24 KAAB'22L).

Ekinshi mısalda Yaqıp bılay dep jazadı: "Sol sıyaqlı, jansızlardı qabıl etip, olardı basqa joldan jibergen buzıq hayal Raxab ta óz isleri menen aqlanbadı ma? Ruwxsız dene óli bolǵanı sıyaqlı, islersiz isenim de ólik" (Yaqp 2:25-26 KAAB'22L). Basqa bir awdarmada: "Sonday-aq, islersiz iyman ólik", – delingen.

Eger iyman isler menen birge júrmese, ol pútkilley iyman emes. Biz Laodikiya jámááti sıyaqlı óz iymanımızdı járiyalawımız múmkin, biraq bul iymandı tastıyıqlaytuǵın oǵan sáykes qızǵın islerimiz bar ma?

Keliń, Iysa on qız haqqındaǵı tımsaldan keyin dárhal aytqan eki tımsaldı qarap shıǵayıq. On qız haqqındaǵı tımsaldıń tiykarǵı mánisi sonnan ibarat: aqılsız qızlar óz ómirlerin pútkilley bermegen edi, biraq olar sonda da Iysanı "Iyem" dep ataǵan. Olar toyǵa kirgizilmedi.

Keyingi tımsal uzaq saparǵa ketip atırǵan bay adam haqqında. Bul bay adam Iysanı bildiredi. Ol óz xızmetshilerin shaqırıp, ózi ketken waqıtta aqshasın onıń ushın kóbeytiwleri ushın olarǵa tapsırdı. Ol hár birine qábiletine qaray hár túrli muǵdarda berdi hám keyin jolǵa shıqtı. Xızmetshilerdiń ekewi puxta islep, ózlerine berilgen puldı eki ese kóbeytti. Úshinshisi bolsa, eń az muǵdardı alǵan bolıp, jerdi

qazıp, xojayınınıń aqshasın saqlaw ushın jasırıp qoydı. Ol ózine isenip tapsırılǵan nárseni qollanbadı; onı bosqa qabıl etti.

Uzaq waqıttan keyin olardıń xojayını sapardan qaytıp keldi hám olardı shaqırıp, islegen isleri haqqında esap beriwdi talap etti. Xojayın ózlerine isenip tapsırılǵan puldı puxta sarplaǵan dáslepki eki xızmetshini maqtap, sıyladı. Sońınan eń az alǵanı da kelip: “Xojayın, siziń qatal adam ekenińizdi bilemen. Siz ózińiz pul tikpegen jerden de, payda kútiwińizdi bilemen. Sonlıqtan men sizden qorqıp, aqshańızdı jerge kómip jasırǵan edim. Minekey, ol, alıń” – depti (avtordıń erkin bayanı). Al xojayını oǵan juwap qaytarıp bılay depti: “Háy, jaman hám jalqaw xızmetshim!” (Mat 25:26 KAAB’22L).

Ol “xızmetshi” deydi. Ol “butparas”, “jat adam”, “shet ellik” yamasa “dushpan” degen sózlerdi qollanbaydı. Onıń inayatın qabıl etpegenler – dushpanlar (Rim 5:10). Qutqarılmaǵanlar – jat adamlar yamasa shet ellikler (Efes 2:19). Qudayǵa isenbeytuǵınlar – butparaslar. Bul adam bularǵa uqsatılmadı, kerisinshe, xojayınıń xızmetshisi dep ataldı. Soń Iysa hámmege mına pikirdi ayttı: “Óytkeni kimde bar bolsa, oǵan jáne de mol etip beriledi, al kimde joq bolsa, onıń barı da tartıp alınadı” (Mat 25:29 KAAB’22L).

Xojayınnıń úsh xızmetshi haqqındaǵı húkimi hár biriniń ózine isenip tapsırılǵan nárseni qanday qollanǵanı menen baylanıslı edi. Bul húkim olardıń xojayını bar ekenine isengen-isenbegenligi menen baylanıslı emes edi. Álbette, úshinshi xızmetshi xojayını bar ekenine isengen, sebebi ol onnan nárse qabıl etken edi. Ol xojayını qaytıp keletuǵının da bilgen, sonıń ushın aqshanı saqlaw ushın jasırıp qoyǵan. Biraq ol xojayını qaytıp keliwin keyinge súretuǵın qatnasta jasadı. Ol waqıttı paydalı qollanbadı; onda haq isler joq edi. Xojayın bul erinshek xızmetshi haqqında mına húkimdi shıǵardı: “Al mına jaramsız xızmetshini sırtqa, qarańǵılıqqa shıǵarıp taslańlar. Sol jerde ol jılap, pushayman

jeydi” (Mat 25:30 KAAB’22L).

Bul tımsal aqshanı jumsaw haqqında bolıp, kiyimge iye bolıw haqqında bolmasa da, sol bir princip qollanıladı: boysınıwshılıq islerinde júdá artta qalıw. Erinshek xızmetshi haqqında aytılǵan húkim Iysanıń Laodikiya jámáátine eskertken húkimi menen baylanıslı. Olar jalańash edi, sebebi olardıń isleri (Onıń bar ekenine iseniwi emes) jıllı edi.

Iysanıń keyingi tımsalı Sońǵı Húkim haqqında, sol waqıtta Ol barlıq xalıqlardı húkim etedi. Ol olardı shopan qoylardı eshkilerden ajıratqanday ajıratadı.

> Sonda Patsha ońjaǵındaǵılarǵa [qoylarǵa]: “Kelińler, Ákemnen jarılqanǵanlar, dúnya jaratılǵannan beri sizler ushın tayarlap qoyılǵan patshalıqtı miyras etip alıńlar. Sebebi Men ash bolǵanımda, sizler Maǵan awqat berdińler, shóllegenimde, suw berdińler, jat jerde júrgenimde, Meni qabıl aldıńlar. Jalańash bolǵanımda, kiyim berdińler, nawqas bolǵanımda, ǵamxorlıq qıldıńlar, qamaqta bolǵanımda, Maǵan keldińler”, – deydi. Sonda haq adamlar Oǵan: “Iyem! Bizler qashan ash bolǵanıńdı kórip, Saǵan awqat berdik, qashan shólleginińdi kórip, suw berdik? Qashan jat jerde júrgenińdi kórip, Seni qabıl ettik, qashan jalańash bolǵanıńda, kiyim berdik? Qashan nawqas yamasa qamaqta bolǵanıńdı kórip, Saǵan bardıq?” – deydi. Patsha olarǵa juwap berip: “Sizlerge shının aytıp turman: sizlerdiń usı islerdi Meniń mına eń qarapayım tuwısqanlarımnıń birewine islegenińiz – Maǵan islegenińiz boladı”, – deydi (Mat 25:34-40 KAAB’22L).

Iysa tek denesi awırıw, ash yamasa túrmede bolǵan adamlar haqqında ǵana aytıp atırǵan joq. Ol ruwxıy jaqtan hálsizler haqqında da sóylep atır. Óz xızmetiniń eń úlken bóliminde Iysa ruwxıy kámbaǵal adamlarǵa ǵamxorlıq etti. Ol haqlıqtı ańsaǵanlarǵa azıq

berdi (Mat 5:6). Ruwxıy shóllegenlerge suw berdi (Yuxn 4:10). Awırıw hám túrmede bolǵanlarǵa bolsa Iysa bılay deydi:

> Jaratqan Iyeniń Ruwxı Meniń ústimde. Ol Meni jarlılarǵa Xosh Xabar járiyalaw ushın mayladı. Ol Meni tutqınlardıń azat bolatuǵının, Soqırlardıń kóretuǵının xabarlawǵa, Azap shekkenlerdiń erkinlikke shıǵıwı ushın hám Jaratqan Iyeniń miyrimlilik jılın járiyalaw ushın jiberdi (Luk 4:18 KAAB'22L).

Eger Ol bul tımsalda tek denelik islerdi ǵana názerde tutqan bolsa, "Sonda on eki elshi hámme shákirtlerdi bir jerge jıynap: – Qudaydıń sózin járiyalaw isin taslap, dasturxan basında xızmet etkenimiz durıs bolmas – dep aytpaǵan bolar edi (Elsh 6:2 KAAB'22L). Bul denelik jaqtan kámbaǵal yamasa hálsizlerge ǵamxorlıq etiwdiń áhmiyetin hesh qanday kemeytiw ushın aytılǵan emes; ekewi de áhmiyetli.

Tiykarǵı másele – Iysanıń islerin islew. Iysa biziń Ustazımız hám Iyemiz, biraq Ol xızmet qıldırıw ushın yamasa ómirin ráhát-lázzette ótkeriw ushın kelgen joq. Ol xızmet qılıw hám kópler ushın Óz ómirin tólem sıpatında beriw ushın keldi (Mat 20:28)! Tımsalda sıylanǵan haq muxaddesler – Iysanıń ornında xızmet qılıw ushın ómirlerin bergen adamlar edi. Olardıń isleri jıllı emes, qaynaǵan edi.

> Sonnan keyin, Ol sol jaǵındaǵılarǵa: "Háy, ǵarǵıs alǵanlar! Meniń qasımnan arman, shaytan hám onıń perishteleri ushın tayarlap qoyılǵan máńgilik otqa ketińler! Óytkeni Men ash bolǵanımda, sizler Maǵan awqat bermedińler, shóllegenimde, suw bermedińler. Jat jerde júrgenimde, Meni qabıl almadıńlar, jalańash bolǵanımda, kiyim bermedińler, nawqas bolǵanımda, qamaqta bolǵanımda, Maǵan kelmedińler", – deydi. Sonda olar juwap berip: "Iyem! Bizler Seniń qashan ya ash bolǵanıńdı, ya shóllegenińdi, ya jat jerde júrgenińdi, ya jalańash, ya nawqas, ya qamaqta bolǵanıńdı kórip, Saǵan xızmet etpedik?" – deydi.

> Sonda Patsha juwap qaytarıp: "Sizlerge shınım aytıp turman: sizlerdiń usı islerdi mına eń qarapayım birewine islemegenińiz – Maǵan islemegenińiz boladı", – deydi. Solay etip, olar máńgilik azapqa jiberiledi, al haq adamlar máńgilik ómirge erisedi (Mat 25:41-46 KAAB'22L).

Bul tımsalda eki topar arasındaǵı jalǵız parıq – olardıń ne islegeni hám ne islemegeni edi. Basqasha aytqanda, jalǵız ayırmashılıq olardıń islerinde edi. Sıylanǵan adamlar ózlerine berilgen inayatqa sáykes háreket etip, haq islerdi payda etti. Húkim etilgen adamlar bolsa eki topardan ibarat edi: butparaslar hám xızmetshiler. Biraq olar qabıl etken inayatı menen hesh nárse qılmadı. Olar haq islerdi qılmadı; Qudaydıń inayatın bosqa qabıl etti.

Geyde men Amerikadaǵı úlken jámáátlerde sorawlar beremen hám júrek awırtatuǵın juwaplar alaman. Mısalı, men barlıq jalǵız analardan ornınan turıwın sorayman – olar kóp boladı – hám olardan bılay dep sorayman: "Yekshembi xızmetinen keyin jámááttegi adamlar sizlerdiń aldıńızǵa kelip: "Búgin balalarıńız benen biziń úyimizge kelip awqatlanıp ketińler. Balalarıńızdıń ákesi joq ekenin hám olar Qudayǵa boysınıwshı ákeniń úlgisin kóriw kerek ekenin bilemiz", – dep neshe márte shaqırdı?" Mıńǵa jaqın adam qatnasqan jámáátte men alǵan eń jaqsı juwap – tek eki adam edi.

Men dawam etemen: "Eger kir juwıw mashinańız yamasa basqa kerekli úskenenińiz buzılıp qalsa, siz usı jámááttegi shańaraqlardıń birine telefon qılıp járdem sorasańız, sol kúni tuwısqanlar sizge járdem beriwge usınıs bildiredi, solay emes pe?" Olar maǵan abırjıp qaraydı, ayrımları kózlerine jas aladı, sebebi men olardıń ómirine awırlıq salıp turǵan basımlardı qozǵaǵan bolaman. Jáne de hesh qanday unamlı juwap bolmaydı. Basqa ápiwayı ǵamxorlıq haqqındaǵı sorawlarǵa da usınday juwap beriledi.

Men adamlarǵa bunday ǵamxorlıq shopanlarınıń juwapkershiligi emes ekenin ayrıqsha atap ótemen. Olardıń

juwapkershiligi – “muxaddeslerdi xızmetke tayarlaw hám Óz denesi bolǵan jámáátti bekkemlew” (Efs 4:12 KAAB’22L).

Soń men basqa máselege ótip, pútkil jámáátten sorayman: “Sizlerden qansha adam jámááttegi túrme xızmetine qatnasadı?” Úlken jámáát ishinen bes-segiz adam ǵana juwap beriwi múmkin. “Sizlerden qansha adam emlewxanalarǵa hám qarıyalar úylerine baradı?” – dep soraǵanımda da, sonday juwap alaman. “Sizlerden qansha adam kóshe toparları menen birge adamlarga Qudaydıń Sózin jetkeriw ushın shıǵadı?” – dep soraǵanımda da, juwap sol qálipte qaladı. Bunday tómen juwaptıń sebebi – kóp jámáátlerdiń 80 procenti ómirin tiykarınan ózleri hám ózleriniń jaqın shańaraqları ushın jasaydı. Biraq isenbewshiler de solay jasaydı ǵoy!

Ekinshi jaqtan, juwap bermegenlerdiń derlik hámmesi bir káramat xızmetine yamasa olarǵa biznesinde tabısqa eriskenin, yamasa jarqın xızmetke iye bolatuǵının aytıp beretuǵın “payǵambar”dıń xızmetine barar edi. Olar eki ese maylanıw xızmeti yamasa jańalanıw jıyını ushın uzaq aralıqlardı basıp ótiwge tayın boladı. Ne ushın? Kóbinese, Iysaǵa jáne de nátiyjeli xızmet qılıw ushın emes, al ózleri ushın qanday paydalar bar ekenin biliw ushın.

Jaqında men belgili bir televizion xoshxabarshınıń úlken xalıq aldında maylanıw haqqında úyretip atırǵanın kórdim. Adamlar dıqqat penen tıńlap otırǵanda, ol maylanıwdıń bahası haqqında bólisti. Olardıń Qudaydıń kúshine bolǵan qushtarlıǵın bayqaw qıyın emes edi. Hátte ayrımları ornınan turıp, kózlerinde jalın menen oǵan tigilip qarap turdı.

Biraq men ruwxımda qayǵı sezdim. Bir adam xoshxabarshınıń qolına chek bergende, bul sezim tastıyıqlandı. Bul “qurbanlıq” edi. Elshiler kitabında maylanıw ushın aqshalay sıy usınılǵanda, Petr menen bolǵan waqıyanı oyladım. Xoshxabarshınıń chekti ol adamǵa qaytarıp bergenin kórip, kewlim jay taptı.

Men dárhal shet bir jerge barıp ibadat ettim. “Iyem, – dep soradım men, – ruwxımda qaygı sezdím. Men bunıń sebebin bilgim keledi, biraq Sen maǵan Óziń túsindirip beriwińdi qáleymen”.

Onıń tınısh, páseń dawısı júregimde bılay dedi: “Jon, olar Meniń kúshime qushtar, biraq nadurıs sebepler menen. Kúsh adamlarǵa ózlerin áhmiyetli sezindire aladı. Ol olarǵa hákimiyat beredi, olardı tastıyıqlaydı yamasa baylıq ákeledi. Olar onı xızmet qılıw ushın emes, tabıslı bolıw ushın qáleydi”.

Húkim kúni aldında turǵan kóp adamlarǵa Iysanıń aytqan sózleri oyımnan jarq etip ótti. Olar Onıń Iyem dep tán alǵanın aytqan edi, hám Onıń atı menen káramatlar islegeni, jinlerdi quwıp shıǵarǵanı hám payǵambarlıq etkeni arqalı ózlerin tastıyıqlaǵanday bolǵan edi. Biraq Ol olarǵa burılıp: “Mennen awlaq ketińler, háy, nızamdı buzıwshılar!” – dedi (Mat 7:21-23, avtordıń erkin bayanı).

Jaratqan Iye dawam etti: “Jon, olar: “Iyem, Iyem, biz Seniń atıń menen túrmedegilerdi joqlap bardıq, ashlarǵa awqat berdik hám jalańashlardı kiyindirdik”, – dep aytpadı”.

Men ózimdi qolǵa alıp: “Yaq, olar bunday demedi”, – dep kelistim.

Bunnan men jámááttiń úlken bólimin quraytuǵın eki topar adamdı kóre aldım. Birinshi topar – ekewiniń ishindegi kópshilikti quraytuǵını – jámáátke keledi, biraq olar ómirlerin dúnyada tabısqa erisiwdi quwıp jasaydı. Ekinshi topar da jámáátke keledi, biraq xızmette tabısqa erisiwdi quwıp júredi. Al ádewir kishkene topar bolsa, taza júrek penen Onıń xalqına xızmet qılıw hám joǵalǵanlarǵa jetip barıw arqalı Iysanı razı qılıw ushın qushtarlıq penen janıp turǵanlardan ibarat!

Ey adamlar, Batıs jámáátimizdiń qáwipli jolların kóre alıp atırsız ba? Kópler jámáátlerimizge qatnasıp, háptesine bir yamasa eki márte wayızlıq esitip, soń hápteniń qalǵan bóleginde ózleri

ushın jasasa, olarda qanday kiyimler boladı? Ádetiy waqıtlardan tısqarı bul “iseniwshilerdi” xızmetke tartıwdıń derlik jalǵız jolı – olardı ózlerine payda keltiretuǵın jarılqaw menen qızıqtırıw. Olar bar kúshi menen háreketin óz sıylıǵın hám paydasın quwıwǵa jumsaydı. Kópshiligi aytıw kerek bolǵan durıs sózlerdi biledi hám miyrimli júrekli bolıp kórinedi, biraq olar Xojayın ushın jasamaydı. Olarǵa berilgen inayat haqqında esap beriwge shaqırılǵanda, Húkim kúni ne qıladı? Olar jalańash bolama, yamasa haqıyqıy, pák isler menen kiyingen bolama?

Pavel bılay dep jalbarınadı:

> Biraq denede jasasaq ta, deneden shıǵıp ketsek te, bizler Iyemizdiń kewlinen shıǵıwǵa qattı tırısamız. Sebebi denede jasaǵan waqtımızda islegen jaqsı isimiz ushın da, jaman isimiz ushın da ılayıqlı baha alıw ushın, hár birimiz Masiyxtıń húkim gúrsisiniń aldında turıwımız kerek. Solay etip, bizler Iyemizden qorqıwdıń ne ekenin bilgenimiz sebepli, adamlardı aqıllandırıwǵa háreket etemiz (2-Kor 5:9-11 KAAB’22L).

Biz Jaratqan Iyeden qorqınıshlı húkimdi oylap kórdik pe? Onıń húkimine jeńil qaraw arqalı, biz Onıń muxaddesligin mısqıl qılıp atırǵan joqpız ba? Biz bekkem emes hám bos sózlerge isenip qalǵan joqpız ba? Bul bizdi Iysanıń jıllılarǵa Ózinen satıp alıwdı aytqan úshinshi nársesi haqqındaǵı máselege alıp keledi.

## Kózge súrtetuǵın dári

Jámáátke tazalanǵan altın hám aq kiyimler satıp alıwdı másláhát etkennen keyin, Iysa olarǵa kóre alıwları ushın Ózinen kózlerge jaǵılatuǵın may satıp alıwdı ayttı. Bul may túrli zatlardan tayarlanǵan, emlew maqsetinde qabaqlarǵa jaǵılatuǵın kóz mayı edi. Laodikiya qalasındaǵı medicina mektebi usı mayı menen belgili edi.

Qala xalqı kóz mayın jaqsı bilgeni ushın, Iysa bul mısal arqalı

jámáát ruwxıy soqırlıqtan shıpalanıwǵa mútáj ekenin ayqın kórsetti. Bul tariyxıy jámáát bolsa da, onıń payǵambarshılıq qollanılıwı bar. Kóp alımlar bul ásirese Onıń qaytıp keliwinen aldıńǵı dáwirge, yaǵnıy biziń kúnímizge tiyisli dep esaplaydı. Jámáát ózin kóremiz dep aytadı, biraq Iysa haqıyqat jaǵdaydı kórip: "Sen ózińniń sorlı, bayǵus, kámbaǵal, soqır hám jalańash ekenińdi bilmeseń", – deydi.

Pavel iseniwshilerge: "Júreklerińizdiń kózleri ashılsın dep ibadat etemen", – dep jazadı (Efs 1:18 KAAB'22L). Ashılıw – anıq kóriw degeni. Biz Iysa kórgendey kóriwimiz yamasa seziwimiz kerek. Bunı tek Onıń húzirinde waqıt ótkeriw, Onıń Sózin esitiw hám Oǵan xızmet qılıw arqalı ǵana isley alamız.

Bul ulıwma princip tábiyiy basshılarǵa da tiyisli. Siz bir basshıǵa xızmet qılıp, onıń menen waqıt ótkerseńiz, onıń qanday kózqarasqa iye ekenin úyrenesiz. Meniń hayalım xızmetimizdegi basqa hár qanday xızmetkerden kóbirek waqıttı meniń menen ótkerdi. Ol Qudayǵa boysınıwshı hayal; ol meniń hayalım bolıwdan hám Quday bergen hákimiyatım astında xızmet qılıwdan quwanǵan. Ol meniń xızmetkerlerim ishindegi eń miynetkesh adam. Men joq waqıtta xızmetkerler qararǵa mútáj bolǵan kóp jaǵdaylar boldı, hám ol hár sapar durıs baǵdar bere aldı.

Muwsa óz dáwirindegi basqa hár qanday adamnan kóbirek waqıttı Qudaydıń húzirinde ótkerdi: "Muwsa qaytıs bolǵanda, bir júz jigirma jasta edi. Degen menen, onıń kózi de hálsizlenbegen, kúsh-ǵayratı da qaytpaǵan edi" (Nız 34:7 KAAB'22L). Ol sonday-aq, basqalardıń hámmesinen kóbirek Qudayǵa xızmet qılıwdan quwanatuǵın edi, hám Quday onı "Pútkil úyimdegilerge juwapker" dep atadı (San 12:7 ge qarań).

Izrail xalqı bolsa, kerisinshe, Qudaydıń húzirine qushtar emes edi; olar tek Onıń jarılqawların qáleydi. Olar tek paydasın kórgende ǵana Oǵan xızmet qılatuǵın edi. Sol sebepli olar

nárselerdi Quday kórgendey kóre almadı.

Olar nadurıs túsinikleri ushın qayta-qayta dúzetildi. Bul másele óziniń eń joqarı shegine olardıń jansızları wáde etilgen jerge kirgende jetti. Qaytıp kelgennen keyin, jansızlar jámáátke: “Bizler kózden ótkerip kelgen el, ishine mákan basatuǵınlardı jep pitiretuǵın el eken. Sol elde jasap atırǵan hár bir adam boyshań hám iri”, – dedi (San 13:33 KAAB’22L).

Kaleb penen Eshua bolsa jaǵdaydı basqasha kórdi. Olar xalqına bılay dep xabar berdi: “Tek ǵana Jaratqan Iyege qarsı shıqpańlar! Ol jerde jasap atırǵan xalıqtan qorqpańlar! Olar bizlerge ańsat ǵana olja boladı. Qorǵawshıları olardı taslap ketti, al Jaratqan Iye bizler menen birge. Olardan qorqpańlar!” (San 14:9 KAAB’22L). Ne ushın bul adamlar jaǵdaydı kóriwde basqalardan sonshelli ayırmashılıqqa iye edi? Eshua Quday menen waqıt ótkeriwge qushtar edi. Eshua tawǵa ózine ruqsat etilgen jerine shekem jaqın bardı (Shıǵ 24:13).

Muwsa ordanıń sırtına, ordadan uzaǵıraq jerge shatır tigetuǵın edi. Ol bul shatırdı “Ushırasıw shatırı” dep ataǵan edi. Jaratqan Iye menen másláhátlesiwdi qálegen adam ordanıń sırtındaǵı Ushırasıw shatırına keletuǵın edi. Muwsa shatırǵa qaray ketkende, pútkil xalıq ornınan turatuǵın edi. Hár bir adam óz shatırınıń kirer awzında turıp, Muwsa ishke kirgenshe izinen qarap turatuǵın edi. Muwsa shatırǵa kirip, Jaratqan Iye menen sóyleskende, minara sıyaqlı bult tómen túsip, shatırdıń kirer awzınıń aldında turatuǵın edi. Bulttıń shatırdıń aldında turǵanın kórgen hár bir adam ornınan turıp, óz shatırınıń kirer awzında sıyınatuǵın edi. Jaratqan Iye Muwsa menen júzbe-júz, dos sıyaqlı sóylesetuǵın edi. Keyin Muwsa ordaǵa qaytıp keletuǵın edi. Biraq onıń jas járdemshisi Nun ulı Eshua shatırdı tárk etpeytuǵın edi (Shıǵ 33:7-11 KAAB’22L).

Bul jerde eki nárse anıq kórinedi. Birinshiden, Eshua Qudaydıń

húzirine kúshli qushtarlıqqa iye edi. Muwsa ushırasıw ornınan ketkennen keyin de Eshua sol jerde qalǵan edi. Ekinshiden, Eshua Muwsanıń járdemshisi edi. Ol da Jaratqan Iyeniń sadıq xızmetshisi bolǵan; onıń isleri iymanına sáykes edi. Eshuanıń kózi anıq kóretuǵın edi, sebebi ol Quday menen waqıt ótkerdi hám xızmettiń haq islerin payda etti.

Búgin ayırım adamlar ózleriniń "ibadat bólmelerinde" saatlap waqıt ótkeredi, biraq xızmet qılmaydı. Olar ózleriniń soqırlıǵı sebepli jámáátlerinde hár túrli islerdi buzıp júredi. Olar asa ruwxıy bolıp kórinetuǵın, biraq Patshalıqta haqıyqıy miywe bermeytuǵın adamlar esaplanadı. Olar xızmet qılmaǵanı ushın soqır. Jaratqan Iye menen waqıt ótkeriw de, xızmet qılıw da – ekewi birge kerek.

Muwsanıń kóriwi qanday anıq bolsa, Eshuanıń kóriwi de sonday anıq edi. Bul eki adam da Quday menen waqıt ótkerdi hám haq islerdi payda etetuǵın xızmetshiler boldı. Izrail xalqı ózlerin shegirtkelerdey kórdi hám dushpanlar da olardı shegirtkelerdey kórdi dep ayttı. Eshua menen Kaleb bolsa dushpanlardıń qorǵanıshı hám kúshi joǵalǵanın xabar qıldı. Kim durıs kórdi? Qırq jıldan keyin Eshua sol jerge eki jasırın jansızdı jibergende, sol jerdiń turǵınlarınan biri jansızlarǵa bılay dep xabar berdi,

> Óytkeni sizler Mısırdan shıqqanıńızda, Jaratqan Iyeniń Qızıl teńizdi aldıńızda qalay qurǵatıp taslaǵanın, Iordan dáryasınıń arǵı jaǵındaǵı amorlardıń eki patshası Sixon menen Ogqa sizler neler islegenińizdi, olardı qalayınsha pútkilley qırıp taslaǵanıńızdı esitken edik. Bulardı esitkenimizde, ruwxımız túsip ketti. Sizlerden qorqqanımızdan, hesh kimde hal-dárman qalmadı. Sebebi sizlerdiń Qudayıńız Jaratqan Iye – joqarıdaǵı aspanda da, tómendegi jer júzinde de Quday (Eshu 2:10-11 KAAB'22L).

Eshua jaǵdaydı anıq kórdi, al basqa jetekshilerdiń túsinigi pútkilley qáte edi. Bul jaǵday óz xojayınınıń inayatın bosqa qabıl

etken erinshek xızmetshiniń jaǵdayına sáykes keledi. Xojayını qaytıp kelgen waqıtqa kelip, bul xızmetshi onı hesh nárse ekpegen jerden de ónim kútiwshi qatal adam dep kórdi. Onıń túsinigi pútkilley qáte edi. Eń itimalı, ol xojayını talap etken islerdi orınlawdan qanshelli uzaq júrgen bolsa, onıń qáte túsinikleri de sonshelli kúsheygen.

Aldın talqılaǵanımızday, búgin jámáátte kóriwi gúńgirt bolǵan eki topar adam bar; olar Iysa kórgendey kóre almaydı. Birinshi toparǵa Qudaydı tiyisli tárizde izlemeytuǵın adamlar kiredi. Olar Qudaydı izlep, aspannan kelgen xabardı alıp keletuǵın wayızshını húrmet qıladı. Biraq olar Iysa menen ushırasıw ushın lagerden sırtqa shıqqan joq. Olar: “Olay bolsa..., elattıń sırtına shıǵıp, Oǵan barayıq”, – degen shaqırıqqa qulaq salmaǵan (Evr 13:13 KAAB’22L). Olardıń isleri jıllı.

Ekinshi toparǵa bolsa Iysanı izlep atırǵan, biraq xızmet qılmaytuǵın adamlar kiredi. Olar Onıń ózleri ushın ne qıla alatuǵını ushın Onı izleydi. Ashıq aytqanda, olar ádette Qudayǵa boysınıwshı shopanlarǵa basqalardan kóbirek bas awırıw keltiretuǵın adamlar boladı! Olarda “diniy” yamasa “ruwxıy” háreketler bar, biraq olardıń isleri jıllı.

Ey Qudaydıń xalqı, bizge jámáátte tek jańalanıw yamasa oyanıw kerek emes. Bizge reformatsiya kerek! Oyanıw bizde bar nárseni ǵana jańalaydı. Reformatsiya bolsa biziń qanday kóretuǵınımız hám qanday jasaytuǵınımızdı pútkilley ózgertiwge shaqıradı. Biz jámáátti jıllı halatqa alıp kelgen jalǵan inayatqa júdá uzaq waqıt isenip keldik. Adam nadurıs nárseni sonshelli uzaq úyrete beriwi múmkin, aqırında ózi onı haqıyqat dep isenip qaladı. Keyin haqıyqat aytılǵanda, onı hádden asıw yamasa qátelik dep atap, qabıl etpeydi. Jańalanıw yamasa oyanıw nadurıs túsiniklerdi ǵana bekkemleydi. Bizdiń kózlerimiz Ol kórgendey kóriw ushın ashılıwı kerek! Zabur jırshısı aytqanınday: “Jaqtılıqtı kóremiz nurıń arqalı” (Zab 36:9 KAAB’22L).

# MessengerX

***Kúndelikli shákirtshilik ushın mobil qosımsha***

## Pútkilley biypul!

Mobil qurılmańızǵa júklep alıń hám onnan paydalanıwdı baslań! Yamasa sayttaǵı web-versiyadan paydalanıń:

**MessengerX.com**




## 130+ tilde, biraq biz ele dawam etemiz

- 130 dan artıq tildegi materiallardı kóriń hám júklep alıń.
- Materiallardı doslarıńız benen bólisiń yamasa oqıw toparın baslań.
- Jańa materiallar úzliksiz túrde qosılıp barıladı.

# Kóriń. Oqıń. Tıńlań.

Elektron kitaplar, audio kitaplar, qısqa metrajlı filmler hám basqa da materiallardı kóriw, oqıw hám tıńlaw múmkin bolǵan resurslardı óz ishine alǵan keń kólemli kitapxananı úyreniń.



# Eń áhmiyetli tarawlarda ósiw

Shańaraq, óz ara salamat qarım-qatnaslar, ómirińizdegi maqset, pornografiyadan azatlıq, iymandı bekkemlew, Qudaydıń dawısın esitiw, isbilermenlik, jetekshilik sıyaqlı temalardı úyreniń!

# Ósiw jolı

**MessengerX**tiń maqseti – ómirińizdegi keyingi qádemdi qoyıwıńızǵa járdem beriw. Biz shákirtshilik jolın hám bul jolda qalıwǵa járdem beretuǵın kúshli qurallardı islep shıqtıq.




## Jáne de kóbirek sizge unaytuǵın múmkinshilikler!

- Ápiwayı hám ańsat qurallar bul materiallar menen bólisiwde, hátte oqıw toparın baslawda járdem beredi.
- Súyikli smart televizorlarıńızda tamasha qılıw ushın Chromecast hám AirPlay.
- Ósiwińizdi óz qurılmalarıńızda saqlap qoyıń. Sizge unaǵan resurslardı ózińizdiń tez ashılatuǵın kitapxanańızǵa saqlap qoyıń.
- Oflayn kóriw ushın resurslardı óz qurılmańızǵa júklep alıń.
- Izlegen nárseńizdi tabıw ushın aqıllı izlew hám filtrlew múmkinshiliklerinen paydalanıń.
- Óz ana tilińizdegi audio kitaplar, Muxaddes Kitaptıń audio formatı hám hátte alǵıs-maqtaw qosıqların izbe-iz avtomatik túrde tıńlań.

# MessengerX – 1-2-3 tey ańsat!




**1** **MessengerX** qosımshasın App Store hám Google Play dúkanlarınan júklep alıń.

**2** Dizimnen ótiń hám qosımshadan óz ana tilińizde paydalanıń.

**3** Sizge unaǵan resurslardı kózden keshiriń, oqıń, kóriń, tıńlań hám júklep alıń, sonday-aq olardı basqalar menen bólisiń.

## Shákirt bolıń, shákirtlerdi jetilistiriń

**MessengerX**tiń bir bólegi bolıp, awdarılǵan resurslardı pútkil dúnya boylap usınıwımızda bizge járdem beresiz.

***Óytkeni hár bir adam biliwge ılayıqlı!***

**MessengerX.com**

App Store
saytınan júklep alıń

Google Play
arqalı qabıl qılıń

</> Barlıq brauzerlerde tabıw múmkin

12-BAP

# MEN SÚYGENLERIMNIŃ HÁMMESIN...

***Eger Ol qaytıp kelgende biz Iysaǵa uqsas bolıwımız kerek bolsa, onda ekewimizdiń birimiz ózgeriwimiz kerek.***

Aldıngı bapta úyrengenimizdey, Iysa Laodikiya jámáátine Ózinen otta tazalanǵan altın, aq kiyimler hám kózlerine súrtetuǵın dári satıp alıwdı aytadı. Soń Ol: "Men súygenlerimnniń hámmesin áshkara etip, tárbiyalayman", – deydi (Ayan 3:19 KAAB'22L). Ol bizdi súygenligi ushın áshkaralaydı hám tárbiyalaydı. Evreylerge jazılǵan xattıń avtorı bul pikirdi keńirek túsindiredi:

> Balam! Jaratqan Iyeniń tárbiyasına itibarsız qarama,
> Ol áshkaralaǵanda júregińe awır alma.
> Sebebi Ol súygen adamın tárbiyalaydı,
> Ulı qılıp qabıl etken hár bir adamın jazalaydı
> (Evr 12:5-6 KAAB'22L).

Tárbiyalaw – "dúzetiw yamasa intizamǵa salıw" degeni. Jazalaw bolsa – "jaza beriw" degeni. Shınında, "jazalaw" dep awdarılǵan grekshe sóz – *mastigoo*. Bul sóz Jańa Kelisimde tek jeti márte ushırasadı. Basqa barlıq jerlerde bul sóz qamshı menen fizikalıq jazalaw mánisin bildiredi. Álbette, Ákemiz bizge qamshı qollanbaydı; biraq Onıń tárbiyası awır bolıwı múmkin. Sol sebepli xat avtorı bizge onı itibarsız qaldırmawdı aytadı. Geyde Onıń dúzetiwiniń ortasında, ishki awırıwdan ólip qalatug'ınday sezingen waqıtlarım boldı, biraq oǵan boysınıw hár sapar meniń jaqsılıǵım ushın bolıp shıqtı hám júregimde muxaddesliktiń jańa jalının qozdırdı.

## Qudaydıń balaları

Qudaydıń eń sadıq balaları da dúzetiwge mútáj. Quday basqalardı óz qáteliginde yamasa gúnasında dúzetilmey qala beriwine jol qoyıwı múmkin, biraq Ol Óz ul-qızlarına bunday jol qoymaydı. Dana hám jaqsı áke basqalardıń ayıpların kórmese de, óz balalarınıń kemshiliklerine kóz jumıp qaray almaǵanınday, Jaratqan Iye de Óz balalarınıń olardı qulatıwı múmkin bolǵan nárselerde dawam etiwine jol bermeydi.

Áshkaralawsız gúná qılıwǵa jol beriliwi – Qudaydan jatlasıwdıń qorqınıshlı belgisi. Muxaddes Jazıw anıq aytadı: Onıń dúzetiwin basınan ótkermegenler – haqıyqıy ul-qızlar emes, al nızamsız balalar. Olar Onı Áke dep atawı múmkin, biraq olardıń Oǵan bolǵan talabı jalǵan ózgeristen kelip shıqqan.

Men Qudaydıń júreginen shıqqan kúshli xabarlardı wayızlıq qılǵanman hám keyin pútkilley eki túrli juwap esitkenmen. Kóp márte bir adam Ákeden dúzetiw qabıl etedi, al ekinshi adam derlik hesh tásirlenbeydi, sebebi ol Qudaydıń haqıyqıy balası emes edi. Usınday waqıyalardıń biri bir shańaraqta boldı. Bir yekshembi azanda men bas kóteriw haqqında júdá salmaqlı xabar wayızlıq qılǵanımnan keyin, xızmet sońında jámááttiń yarımınan kóbi táwbe etiw shaqırıǵın

qabıl etti. Xızmetten keyin shopan menen hayalı meni jámáát aǵzasınıń úyine túslik awqatqa alıp bardı. Úy iyesi bolǵan hayal xızmet waqtında Quday Óz Sózi arqalı onı qalay tárbiyalaǵanı haqqında aytıwdan toqtay almadı. Onıń bet-álpeti Jaratqan Iye menen ushırasqanına dálil edi. Muxaddes Ruwx onıń menen kúshli islesken edi. Biraq sáwbet barısında ol maǵan tań qalǵan halda: "Xızmetten keyin qızım maǵan: "Ol adam qattı dawıs penen sóyledi, al onıń xabarı hesh qanday mánige iye emes edi", – dedi", – dep ayttı.

Men úyge qádem taslaǵanımnan-aq, qızdıń haqıyqıy qutqarılmaǵanın sezdim. Anasınıń aytqanı da meniń ańlaǵanımdı tastıyıqladı. Jaratqan Iyeni tereń súyetuǵın ana sol kúni azanda qatnasqanlardıń kópshiligi sıyaqlı tárbiya astına alındı. Biraq xızmette onıń qasında otırǵan qızı – onıń ómirinde boysınbawshılıq bar ekeni anıq kórinip tursa da hesh tásirlenbedi. Sol kúni tústen keyin qızdıń aytqan sózleri hám minez-qulqı onıń Qudaydıń haqıyqıy balası emes ekenin tastıyıqladı. Biraq eger men ol qızdan: "Sen masiyxıysań ba?" – dep soraǵanımda, ol: "Awa", – dep juwap bergen bolar edi.

Quday Ózine tiyislilerdi tárbiyalaydı. Onıń birinshi qálewi – bizge Óz Sózi arqalı qatań tárizde sóylew, usı hayaldıń mısalında bolǵanınday. Biraq eger biz tıńlamasaq, Ol dúzetiw alıp keliw ushın awırlıq hám azap-qıyınshılıqlardı qollanadı. Zabur jırshısı bılay dep járiyalaydı:

> Azap shegiwden aldın joldan adastım,
> Biraq endi Seniń sózińe ámel qılaman. ...
> Jaratqan Iye, Seniń húkimleriń ádil ekenin bilemen,
> Maǵan ádalatlı túrde azap shektirdiń
> (Zab 119:67, 75 KAAB'22L).

Pavel Ákeniń tárbiyası haqqında bılay deydi: "Sol sebepten arańızdaǵı kóplerińiz hálsiz hám awırıwsız, ólip qalǵan adamlar da

kóp boldı. Eger bizler óz-ózimizdi tekserip kórgenimizde, Quday tárepinen húkim etilmegen bolar edik. Biraq, dúnya menen birge húkim etilmewimiz ushın, Iyemiz bizlerdi jazalap, tárbiyalaydı" (1-Kor 11:30-32 KAAB'22L).

Quday biziń Onıń dúzetiwshi sózlerine qulaq salǵanımızdı qáleydi. Biraq Ol bizdi qanday jol menen dúzetse de, sol dúzetiwdi qabıl etip atırǵan waqtımızda onıń hesh bir usılı jaǵımlı bolıp sezilmeydi.

Evreylerge jazılǵan xattıń avtorı bunı tastıyıqlap: "Tárbiyalaw ushın berilgen hár bir jaza waqtında quwanısh emes, al qapagershilik alıp keledi", – deydi (Evr 12:11 KAAB'22L). Quday biziń jaǵdayımız haqqında bizdiń qolaylıǵımızdan ádewir kóbirek qayǵıradı. Xat avtorı Quday bizdi "muxaddesligine sherik bolıwımız ushın, bizlerdiń paydamızdı oylap tárbiyalaydı" – dep atap ótedi (12:10 KAAB'22L). Muxaddesleniw – Onıń dúzetiwiniń maqseti. Xat avtorı dawam etedi: "Solay etip, túsken eńseńizdi kóterip, ayaqlarıńızda tik turıńlar. Arańızda isenimi aqsaǵanlar jaman jolǵa túspey tuwrılanıwı ushın, dúziw jol menen júrińler" (Evr 12:12-13 KAAB'22L).

Qollar xızmetti yamasa Jaratqan Iyede payda etetuǵın islerimizdi bildiredi. Dizeler bolsa biziń júris-turısımızdı, yaǵnıy qanday jasaytuǵınımızdı ańlatadı. Ayaqta bekkem turıw – jaǵımsız haqıyqattı jasırıp, jaǵımlı sózler aytıw emes; bul súyispenshilik penen haqıyqattı aytıw. Iysa Laodikiya jámáátin Óziniń qatań eskertiw hám dúzetiw sózleri menen hálsiretip atırǵan joq edi. Ol olarǵa jalının qaytadan qozdıratuǵın nárseni berip atır edi. Olar Onıń muxaddesligine sherik bolıwı ushın dúzetiw alıp kelip atır edi. Álbette, bul tek olar Onıń dúzetiwin qabıl etse ǵana júz beredi.

Ne ushın biz jámááttegi hálsizlerdi bekkemlewden sheginip kettik? Ne ushın biz Iysa sóylegendey tárizde xabarlar aytpadıq?

Ne ushın Batıs jámáátlerimizde aytılatuǵın hám jazılatuǵın xabarlardıń kópshiligi tınıshlıq, párawanlıq hám baxıt haqqında, al biz haqıyqat penen júzbe-júz keliwge júdá mútáj emespiz be? Quday Eremiya arqalı óz dáwirindegi wazshılar haqqında aytadı; olar jıllı xalıqqa xabarlarınıń kúshin páseytiwshi edi:

Eger olar Meniń keńesimde bolǵanda,
Xalqıma Meniń sózlerimdi aytıp,
Olardı jaman jollarınan,
Jawızlıqlarınan qaytarǵan bolar edi (Erm 23:22 KAAB’22L).

Biz áwladımızdı muxaddes Quday aldında turıwǵa tayarlaw ushın júreklerdi haqlıq tárepke baǵdarlap, burıp atırmız ba? Yamasa Qudayǵa uqsas ózgeriske shaqırmaytuǵın sózler menen qulaqlardı qıdıqlap atırmız ba?

## Tınıshlıqtı saqlaw ma yamasa tınıshlıq ornatıw ma?

Evreylerge jazılǵan xattı dawam etip oqıymız: “Hámme menen tatıw bolıp jasawǵa hám muxaddes bolıwǵa tırısıńlar. Muxaddeslikke iye bolmay turıp, hesh kim de Jaratqan Iyeni kórmeydi. Arańızdaǵı hesh birińizdiń Qudaydıń miyriminen ayırılıp qalmawı ushın hám arańızda sizlerge zıyan tiygizip, kóplerdi záhárleytuǵın ashshı tamır kógerip shıqpawı ushın, bir-birińizge jaqsılap qarańlar” (Evr 12:14-15 KAAB’22L). Xat avtorı birinshi bolıp barlıq adamlar menen tınıshlıqqa umtılıwdı aytadı.

Iysa hesh qashan: “Tınıshlıqtı saqlawshılar baxıtlı!”, – demedi. Ol: “Jarastırıwshılar [Tınıshlıq ornatıwshılar] baxıtlı!”, – dedi (Mat 5:9 KAAB’22L).

Siz: “Bular arasında ayırmashılıq bar ma?” – dep sorawıńız múmkin.

Álbette bar! Tınıshlıqtı saqlawshı hár qanday baha menen tınıshlıqtı saqlap qalıwǵa háreket etedi. Sol sebepli ol betpe-bet keliwden qashıw ushın haqıyqat penen kelisimge baradı. Demek, tınıshlıqtı saqlawshı kerek bolǵan waqıtta ózgeriske shaqıratuǵın, Qudaydıń júreginen shıqqan sózlerdi alıp kelmeydi. Iysa Ayan kitabındaǵı jámáátlerdiń kópshiligi menen solay islegen edi. Nátiyjede adamlar Qudayǵa uqsas ózgeriske mútáj bolǵan halda da, ózleriniń házirgi jaǵdayında qolaylı bolıp qala beredi.

Al tınıshlıq ornatıwshı bolsa haqıyqıy tınıshlıqtı izleydi. Eger kerek bolsa, ol haqıyqat yamasa haqlıq penen qatań túrde júzbe-júz keltirip, haqıyqıy tınıshlıqtı jaratadı. Tınıshlıq ornatıwshı haqlıqtı súyedi hám gúnánı jek kóredi. Ol artqa sheginbeydi. Ol gúnánı qanday bolsa, sonday ataydı: gúná – qáte yamasa hálsizlik emes. Onıń gúnáǵa bolǵan jek kóriwi Qudayǵa hám adamlarǵa bolǵan súyispenshiliginen kelip shıǵadı. Onıń haqıyqıy qálewi – adamlarǵa ne jaqsı ekenin kóriw, olardıń nege quwanatuǵının ǵana emes. Ol adamlarǵa jaǵımlı bolıw yamasa abıroy qazanıwdan kóre, olarǵa járdem beretuǵın nárseni alıp keliw haqqında kóbirek qayǵıradı. Ol óziniń jeke paydasın izlemeydi. Ol haqıyqıy miyrim hám ádalattan quwanadı. Ol muxaddeslikti súyedi; onıń júregi muxaddeslik ushın janadı, sebebi onıń júregi Quday ushın jalınlaydı!

## Muxaddeslikke umtiliwi ushin hálsizlerdi bekkemlew

Xat avtorı oqıwshılardı muxaddeslikke umtılıwǵa shaqıradı, "muxaddesliksiz hesh kim Jaratqan Iyeni kóre almaydı". Aldın biz Izrail balaları Qudayǵa jaqınlawdı qáleymiz dep moyınlaǵanın, biraq ol qálew haqıyqatında olarda joq ekenin úyrendik. Bul olardıń niyeti edi, biraq haqıyqıy qálewi emes edi. Olar Muwsa sıyaqlı Qudayǵa jaqınlasa almadı, sebebi Mısır olardıń ishine

sińdirgen qálewlerdi alıp taslamaǵan edi. Qudayǵa jaqınlaw olardıń pataslıǵın ashıp berer edi, al olar bunıń menen júzbe-júz keliwdi qálemeytuǵın edi.

Evreylerge jazılǵan xattıń avtorı Quday ásirler boyı Óz xalqına aytıp kelgen nárseni ayqınlastıradı. Iyshaya da usıǵan uqsas tárizde bılay dep jazadı: "Hálsiz qollarǵa kúsh berip, Qaltıraǵan dizelerge quwat beriń" (Iysh 35:3 KAAB'22L).

Qollar hám dizeler bekkemlengennen keyin, Eski Kelisim payǵambarı soqırlardıń kózleri ashılatuǵının hám gereńlerdiń qulaqları ashılatuǵının járiyalaydı. Shól dala miyweli jerge aylanadı – bulardıń hámmesi Onıń xalqı muxaddeslikte júriw ushın bekkemlengenligi sebepli boladı! Iyshaya bılay deydi:

Sol jerde dárbent jol bolıp,
Ol "Muxaddes jol" dep ataladı.
Napákler onnan ótpeydi,
Aqmaqlar da ol jolǵa ayaq baspaydı.
Ol tek Qudaydıń xalqınıń jolı boladı (Iysh 35:8 KAAB'22L).

Qudaydıń jolları adamnıń jollarınan joqarı. Bul muxaddeslik jolı Iysa tar dep túsindirgen ómir jolı haqqında sóyleydi (Mat 7:13-14). Ol muxaddesliktiń joqarı júrisin bildiredi. Biz bul joqarı muxaddeslik júrisine tek Onıń dúzetiwine ashıq bolǵanda hám onı qabıl etkenimizde ǵana erisemiz.

Payǵambardıń aytıwına qaraǵanda, aqılsızlar bul jolda adasıp júrmeydi. Aqılsız – óz oyları hám óz ómirin danalıqtıń ólshemi dep sanaytuǵın adam. Hikmetler 12:15-te: "Aqılsızdıń jolı óz kózine durıs bolıp kóriner", – dep aytılǵan (KAAB'22L). Jáne Hikmetlerden aqılsız adamnıń "ózine artıqsha isenetuǵının" úyrenemiz (14:16 KAAB'22L). Hikmetler 18:2 bolsa: "Aqmaq túsiniwdi jek kórer, ol óz oyın bildiriwdi xosh kórer", – dep járiyalaydı (KAAB'22L). Demek, aqılsız adam aldangan boladı.

Hikmetler 14:8 bizge: “Aqılsızlardıń aqmaqlıǵı – aldawshılıq”, – dep aytadı (KAAB’22L).

Laodikiya jámáátiniń aǵzaları aldangan edi. Olar ózlerin jarılqanǵan hám párawan dep isenetuǵın edi. Biraq olarda ómirdiń haqıyqıy baylıqları – minez-qulq, Qudayǵa uqsas isler hám Iysa kórgendey kóriw qábileti joq edi. Iysanıń áshkaralaw, eskertiw hám dúzetiw sózleri júdá qatań bolsa da, olardı aqılsızlıq jolınan azat etiw hám muxaddeslik jolına baǵdarlaw ushın aytılǵan edi. Ol olardıń hálsiz qolların bekkemlep, kúshsiz dizelerin nıǵaytıp atır edi.

## Sion tawina aparatuǵin jol

Búgin dúzetiwge qulaq salmaytuǵınlar Onıń saltanatına aparatuǵın jalǵız joldan bos qaladı. Muxaddeslik ańsatlıq penen kelmeydi. Onda tazartıw, pataslıqlardan artıw hám páklew dúzetiwi bar. Bular bolsa táwbesiz hesh qanday tásirge iye bolmaydı. Sol sebepli Iysa Laodikiya jámáátine: “Sol sebepli intalı bolıp, táwbe et”, – deydi (Ayan 3:19 KAAB’22L).

Haqıyqıy táwbe – gúnáǵa hám onıń sebeplerine bolǵan oy-pikir hám qatnastıń ózgeriwi, tek gúnánıń aqıbetlerine bolǵan qatnastıń ózgeriwi emes. Biz gúnánıń aqıbetleri ushın qayǵırıwdı úyrendik, biraq onıń tábiyatınan bas tartıwdı úyrenbedik. Iysanıń bul jámáátke buyırǵanınday, intalı bolıw – házirgi jaǵdayımızdan Onıń saltanatlı tábiyatına qaray ózgeriwdi jan-tánimiz benen qálew degeni. Keliń, haqıyqatqa tik qarayıq: eger Ol qaytıp kelgende biz Iysaǵa uqsas bolıwımız kerek bolsa (1-Yuxn 3:2), onda ekewimizdiń birimiz ózgeriwimiz kerek, hám bul Iysa emesligi anıq! Tek Onıń tárbiyası hám dúzetiwi ǵana bizdi Onıń obrazına uqsas etip ózgertedi.

Iyshaya Qudaydıń dúzetiwin qabıl etip, aqılsız bolıp qala bermeytuǵınlardı Jaratqan Iyeniń qutqarılǵanları dep ataytuǵının

hám olar “Qosıq aytıp Sionǵa qaytıp keledi. Olar máńgilik quwanısh tajın baslarına kiyedi” – dep kórsetedi (Iysh 35:10 KAAB’22L). Bul jerde Sion haqqında aytılıwı júdá áhmiyetli.

Evreylerge jazılǵan xattıń avtorı janlı kórinis sızadı: “Sizler jaqınlaǵan taw – kózge kórinetuǵın, lawlap janǵan, qarańǵılıq penen túnekke shókken, dawıl basqan, kárnay sesti hám Qudaydıń sózi jańlaǵan Sinay tawı emes. Qudaydıń sol dawısın esitkenler, Qudaydıń ózlerine qayta sóylemewin sorap jalbarınǵan edi” (Evr 12:18-19 KAAB’22L). Bul taw – usı kitaptıń aldıńgı baplarında talqılaǵan tawımız. Jáne de biz xalqı Qudaydan sóylewin toqtatıwın ótinip soragan qayǵılı gúwalıqtı esitemiz. Olar Onıń tárbiyasın qabıl etpedi, sebebi Ol olardıń júreklerin ashıp berdi. Olar aqılsız edi!

Sofoniya 3-bap 2-ayatta Izrail haqqında bılay dep jáziyalanadı:

Ol hesh qulaq salmadı,
Ózine sabaq almadı,
Jaratqan Iyeden úmit etpedi,
Óz Qudayına bet burmadı.

Quday qayǵı menen: “Xalqıńdı qatal jazaladım, Biraq olar tárbiyamdı almadı”, – deydi (Erm 2:30 KAAB’22L). Eger olar dúzetiliwge tayın bolıp, óz jollarınan táwbe etiw arqalı muxaddeslikke umtılǵanında, onda tawda Qudayǵa jaqınlasa alar edi.

Endi biz de usıǵan uqsas imkaniyat aldında turmız, biraq biz kóz benen kórip, qol menen uslaytuǵın tawǵa kelgen joqpız. Biz basqa tawǵa – Iyshaya aytqan tawǵa keldik:

> Biraq sizler Sion tawına, yaǵnıy tiri Qudaydıń qalası – aspandaǵı Erusalimge jaqınladıńlar (Evr 12:22 KAAB’22L).

Ol ele de tawda, biraq bul Sinay dep atalatuǵın materiallıq taw emes. Bul Sion dep atalatuǵın jáne de haqıyqıyraq hám máńgilik

taw. Bul tawǵa aparatuǵın jalǵız jol – muxaddeslik jolı! Muwsa usı jolda júrdi; ol júreginde Mısırdan bas tarttı hám Qudaydıń sózlerin, sonıń ishinde dúzetiw sózlerin de tayınlıq penen qabıl etti. Izrail balaları bolsa Qudaydan sóylemewin jalbarınıp soradı, sebebi olar júreklerin ashıp beretuǵın hám dúzetiw alıp keletuǵın Onıń Sózin qálemeytuǵın edi. Olardıń háreketlerin eske alǵan halda bizge bılay dep eskertiledi:

> Abaylı bolıńlar, sóylep turǵan Qudayǵa qulaq aspay ketpeńler. Onıń tapsırması menen jer betinde sóylegen Muwsaǵa qulaq aspaǵan Izrail xalqı jazadan qashıp qutıla almaǵan edi. Eger bizler de aspannan ózlerimizge sóylep turǵan Qudayǵa qulaq aspasaq, bunnan da awırıraq jazadan qalay qashıp qutıla alamız? (Evr 12:25 KAAB’22L)

Quday jerde Sinaydan sóyledi; búgin bolsa Ol aspandaǵı Sion dep atalatuǵın tawınan sóyleydi. Bul sózlerde qanday salmaqlı eskertiwdi esitemiz! Eger Izrail balaları Qudaydıń Sinaydan sóylegen, olarǵa tárbiya hám dúzetiw alıp keletuǵın Sózin qabıl etpegende qanshelli qutıla almaǵan bolsa, onda biz de búgin Onıń Sion tawınan sóylep, tárbiya hám dúzetiw alıp keletuǵın sózlerine qulaq salmasaq, sonshelli qutıla almaymız!

Izrail balaları Onıń saltanatı ortasınan shıqqan sózlerin esitkisi kelmedi, sebebi bul sózler olardıń pataslanǵan júreklerin ashıp berer edi. Sol sebepli olar artqa sheginiwge májbúr boldı. Biraq keyin, Muwsa tawda bolǵan waqıtta, olar ózlerine payǵambarları arqalı ózleri esitkisi kelgen nárselerdi aytatuǵın bir “Yehovanı” – qulaqlarına unaytuǵın, dene qálewlerine jaǵatuǵın jumsaq sózlerdi aytatuǵın “qudaydı” jarattı. Sol waqıttıń ózinde tawdıń shıńında Muwsa Jaratqan Iyeniń haqıyqıy Sózin esitip atır edi, hám bul Sóz onı ózgertip atır edi. Ol tawdan túsip kelgende, júzi Qudaydıń nurlı saltanatı menen jarqırap turdı.

Muwsa ushın Qudaydıń Sózi ózgeriw edi. Izrail balaları ushın bolsa Onıń Sózi tawdı da, olar turǵan jerdi de silkitti, hátte olardı artqa sheginejaq dárejede silkitti. Xat avtorı dawam etedi:

Quday Sinay tawında sóylegende, Onıń dawısı jerdi silkindirip jibergen edi. Ol taǵı da: "Jáne bir mártebe tek jerdi emes, al aspandı da silkindiremen", – dep wáde bergen edi. "Jáne bir mártebe" degen sózler qozǵalmaytuǵın nárselerdiń mańgige qalıwı ushın, qozǵalatuǵın nárselerdiń, yaǵnıy jaratılǵan nárselerdiń joq bolatuǵının ańlatadı (Evr 12:26-27 KAAB'22L).

Iysanıń dúzetiw sózleri Laodikiya jámáátin silkitti. Olar ózleriniń masiyxıylıǵında ózlerin qolaylı sezer edi, hámmesi jaqsıday kóriner edi. Biraq Jaratqan Iyeniń haqıyqıy Sózi olardıń tiykarların silkitti. Quday jáne bir márte Óz jámáátin, soń xalıqlardı silkitedi. Silkiw durıs tiykarǵa qurılmaǵan nárseni alıp taslaydı. Ol ólik yamasa jaqsı emes nárseni joq qıladı. Ol tazalaydı, sol arqalı tiri yamasa pák nárse qaladı. Qudaydıń silkiwinen qorqıwı kerek bolǵan jalǵız adamlar – Onıń Ózinen qorqpaytuǵınlardır.

Iyshaya bul másele haqqında bılay deydi:

Siondaǵı gúnakarlar qorqıwǵa túsip,
Qudaysızlardı titirew biylep aldı. Olar bılay deydi:
"Jalmaytuǵın ottıń janında qaysısımız jasay alamız?
Mańgi janıp turǵan jalın janında qaysısımız ornalasa alamız?"
Hadal jasap, tuwrı sóylegen,
Zorlıq penen alınǵan paydadan jerkengen,
Qolın para alıwdan tıyǵan,
Qanxorǵa qulaq túrmegen,
Jamandı kórmew ushın kózlerin jumǵan,
Bunday adam biyikliklerde jasaydı.
Jartaslardaǵı qorǵanlar onıń panası boladı,
Onıń nanı mol bolıp, hesh qashan suwsız qalmaydı
(Iysh 33:14-16 KAAB'22L).

Ol “Mısırdağı gúnákárlar” demeydi, al “Siondağı gúnákárlar” deydi. Ol bul jerde Jaratqan Iyeden qorqıwı joq hám muxaddeslikke umtılmaytuǵın jámááttegi adamlar haqqında aytıp atır. Olar qáwipsiz emes, hám olar silkinedi. Quday Óz saltanatın ashıp bermegenshe, qorqınısh olardı basıp almaydı! Jep qoyatuǵın jalın yamasa máńgilik jalınlar Qudaydı bildiredi.

Evreylerge jazılǵan xattıń avtorı baptı bılay juwmaqlaydı: Solay etip, bizler qozǵalmaytuǵın patshalıqqa eriskenimiz ushın shúkirlik bildirip, Qudayǵa unamlı túrde, Oǵan húrmet hám qorqınısh penen sıyınayıq.

Sebebi biziń Qudayımız – jandırıp joq qılatuǵın ot” (Evr 12:28-29 KAAB’22L)! Bul kitapta Eski Kelisimnen kóp ayatlar keltirilgen bolsa da, men Qudaydıń inayatı menen olardı Jańa Kelisim jazıwlarınıń nurında alıp kelip, Qudaydıń Sózin durıs ajıratıwǵa háreket ettim. Biziń Qudayımız – súyispenshilikke tolı, biraq Ol sonday-aq jandırıp joq qılatuǵın ot.

Onıń saltanatlı húziriniń bul sıpatlaması kóplerimiz qılǵanımızday jeńil qabıl etiletuǵın nárse emes. Onıń qorqınıshlı ullı saltanatın tastıyıqlaw ushın Evreylerge jazılǵan xattıń avtorı bılay deydi: “Bul kórinis sonshelli qorqınıshlı bolǵanlıqtan, Muwsa da: “Júdá qorqıp, dirildep baratırman”, – degen edi” (Evr 12:21 KAAB’22L). Bul juwap elshi Yuxannıń Iysanı kórgeni haqqındağı gúwalıǵı menen sáykes keledi: “Men Onı kóriwden-aq, óli sıyaqlı ayaqlarına jıǵıldım” (Ayan 1:17 KAAB’22L).

## Biz muxaddes boliwimiz ushin

Awa, Ol bizdi aqılǵa sıymaytuǵın dárejede ullı súyispenshilik penen súyedi. Biraq bul súyispenshilik Onıń muxaddesligin hesh qanday páseytpeydi. Sol sebepli Evreylerge jazılǵan xattıń avtorı bizge: “Inayatqa iye bolayıq. Sol inayat arqalı Qudayǵa jaǵımlı tárizde, húrmet hám Qudaydan qorqıw menen xızmet qılayıq”,

– deydi. O, biz Jaratqan Iyeden qorqıwda júriwimiz ushın Onıń inayatına qanshelli mútájbiz! Sonda biz Ol muxaddes bolǵanınday muxaddes bolamız! (Lev 19:2; Mat 5:48; 1-Pet 1:16)

Úyrengenimizdey, tek Qudaydan qorqatuǵın hám muxaddeslikke umtılatuǵınlar ǵana Onıń saltanatlı húzirinde jasay aladı. Endi usı kitaptıń ekinshi babında keltirgen Muxaddes Jazıw bólegine qaytayıq:

> Sebebi bizler tiri Qudaydıń ibadatxanasımız. Quday bılay deydi: "Men olar arasında jasap, Olar arasında júretuǵın bolaman". "Men olardıń Qudayı bolaman, Olar Meniń xalqım boladı". Sol sebepten Jaratqan Iye bılay deydi:
>
> Olardıń arasınan shıǵıp, bólekleniń.
> Haram nársege qol tiygizbeń,
> Sonda Men sizlerdi qabıl etemen".
> Jáne de, Qúdireti kúshli Jaratqan Iye bılay deydi:
> "Men sizlerge Áke bolaman,
> Sizler Meniń ul-qızlarım bolasızlar".
> Solay etip, súyikli tuwısqanlarım, usınday wádelerge iye
> bolǵanımız sebepli, denemizdi hám ruwxımızdı iplaslaytuǵın
> hár bir nárseden ózlerimizdi tazalayıq. Qudaydan qorqıp
> jasap, minsiz muxaddeslikke jetilisip barayıq
> (2-Kor 6:16–7:1 KAAB'22L).

Endi sizler bul sózlerdi konteksti menen úyrendińiz. Siz bul haqıyqıy dramaǵa birden eń kúshli kulminaciya jerinen kirip kelip, onıń kontekstin ótkerip jibergen joqsız. Men bul arqa kórinis sizge anıq bolǵan dep úmit etemen. Eger siz Onıń saltanatın basqa hár qanday nárseden de kóbirek qáleseńiz, júregińiz qushtarlıq penen janadı.

13-BAP

# ISHIMIZDEGI MUXADDES JALÍN

***Biz Muwsa, Iyshaya, Eremiya, Yuxan, Pavel hám basqalar sıyaqlı Onıń saltanatınıń jalını menen janıwǵa shaqırılǵanbız.***

Qudaydıń barlıq xalqı – áyyemgi muxaddes payǵambarlardan baslap Jańa Kelisim elshilerine shekem – qanday da bir túrde Onıń dúzetiwine mútáj bolǵan. Álbette, búgin de solay. Biraq eń tiykarǵı másele – biz bul dúzetiwge qanday múnásibet bildiriwimizde? Memenlik bizdi Qudaydıń tárbiyasın qabıl etiwden tosadı; sol arqalı biz Onıń muxaddeslik isiniń paydasınan bos qalamız. Biraq eger biz ózimizdi tómen tutıp, Onıń tárbiyasın qabıl etsek, Onıń dawısın jáne de anıǵıraq esitiwge hám jaǵdaylardı jáne de ayqınıraq kóriwge qábiletli bolamız. Bul bolsa bizdi Onıń menen bolǵan qatnasımızda jetilisiwimizge alıp keledi. Xabaqquq bılay dep jazadı:

Men gúzetshi minarasına shıǵıp,
Minaranıń ústinde qarap turaman,
Jaratqan Iyeniń juwabın kútemen.
Meniń nalalarıma qanday juwap beretuǵının kóremen
(Xab 2:1 KAAB'22L).

Bul adam Qudaydıń dúzetiwin qabıl etiw ushın ózin arnawlı túrde tayarladı. Sebebi ol bul dúzetiw Qudaydıń júregi hám jolların jáne de tereńirek ańlawǵa alıp keletuǵının biler edi. Sonda ol jáne de nátiyjeli xızmetshi bola alar edi.

## Uzziya patsha qaytis bolǵan jili

Iyshaya da Jaratqan Iyeniń oǵan ne aytatuǵının qabıl etiwge tayın halda ózin saqladı. Ol bılay dep jazadı:

> "Patsha Uzziya ólgen jılı men biyik hám saltanatlı taxt ústinde otırǵan Iyemizdi kórdim. Onıń kiyiminiń etekleri Ibadatxananı toltırıp turǵan edi" (Iysh 6:1 KAAB'22L).

Bir neshe jıl burın men Muxaddes Jazıwdıń usı bólegi haqqında ibadat etip atırǵanımda, Jaratqan Iye maǵan sóyledi. Men Iyshayanıń Jaratqan Iyeni Onıń saltanatında kórgeni haqqında oylanıp otır edim. Men: "Jámáát Iysanı Onıń saltanatında jańadan kóriwge mútáj", – dep oyladım.

Sol waqıtta Jaratqan Iyeniń: "Men ayattı bulay baslamadım", – degenin esittim. Tań qalıp, Muxaddes Kitabıma qaytıp, "Patsha Uzziya ólgen jılı..." degen sózlerdi oqıdım. Jaratqan Iye meni toqtatıp: "Iyshaya Meni jańadan kóriwden aldın, Uzziya óliwi kerek edi!" – dedi. Ol dawam etip: "Jámáát Meni jańadan kóriwi ushın, aldın Uzziya óliwi kerek!" – dedi.

Men: "Bul Uzziya degen adam kim ózi hám onıń Iysanı kóriwge qanday qatnası bar?" – dep oyladım. Men maǵlıwmatnamalarǵa

qaradım, ol haqqındaǵı barlıq siltemelerdi taptım, onıń ómiri haqqındaǵı jazıwlardı oqıp shıqtım hám solardan áhmiyetli bir ayandı taptım.

Uzziya Dáwıt patshanıń áwladınan edi. Ol on altı jasında patsha etip taxtqa otırǵızıldı. Dáslep ol Qudaydı intalı túrde izledi. Eger siz de on altı jasıńızda bir eldi basqarıwshı etip qoyılsańız, solay qılar edińiz. Bálkim, ol ózine tapsırılǵan istiń ullılıǵınan tań qalıp, kishipeyil bolǵan edi. Muxaddes Jazıwda: "Ol Jaratqan Iyege umtılıp jasaǵanında, Quday onı tabıslı qıldı", – dep jazılǵan (2 Jln 26:5 KAAB'22L).

Ol pútkilley Qudayǵa súyengenligi sebepli, Uzziya mol jarılqandı. Ol filistlilerge qarsı urıs ashıp, olardı kóp qalalarda jeńdi, sonday-aq arablar, meyuniyler hám ammoniylerdi de jeńdi. El ekonomikalıq jaqtan da, áskeriy jaqtan da kúshli boldı. Xalıq onıń basshılıǵı astında párawanlıq kórdi.

Onıń tabısı ómirindegi Qudaydıń inayatınıń nátiyjesi edi. Biraq bir nárse ózgerdi. Onıń ózine artıqsha iseniwi kishipeyilliginiń ornın aldı: "Degen menen, Uzziyanıń qúdiretli bolıwı, onıń menmensip qulawına alıp keldi. Ol Qudayı Jaratqan Iyege degen sadıqlıǵın buzıp, tútetki tútetiletuǵın orında tútetki tútetiw ushın, Jaratqan Iyeniń Ibadatxanasına kirdi" (2Jln 26:16 KAAB'22L).

Uzziyanıń júregi menmenlikke hálsiz waqtında emes, al kúshli bolǵan waqtında kóterildi. Ol óziniń pútkil hákimiyatı astındaǵı párawanlıq hám tabıslardı kórgende, júregi Jaratqan Iyeni izlewden toqtadı. Endi ol bunı ózi qıla alatuǵınday edi; qalay qılıwdı biletuǵın edi. Jetiskenlikleri arttı, sonlıqtan ol Quday ózi qol urǵan hár bir isti jarılqaydı dep oyladı. Búǵan shekem bolsa ol kishipeyillik penen Qudaydı izlegeni ushın jarılqanǵan edi.

Bul bir tún ishinde bolǵan joq, hám bul hár kimniń basına ańsatlıq penen túsiwi múmkin. Quday meni eskertip: "Jon, Patshalıqta qulaǵanlardıń kópshiligi qurǵaqshılıq dáwirlerde

emes, al molshılıq dáwirlerinde qulaǵan", – dedi. Ne ushın? Sebebi biz úlken jetiskenliklerge eriskenimizde, bizge hámme nárseni Ol bergenligin umıtıw ańsatlasadı.

Kóp adamlar usı úlgige túsip qalǵan. Olar dáslep qutqarılǵanda, Jaratqan Iyeni hám Onıń jolların biliwge ash boladı. Olardıń kishipeyilligi anıq kórinedi, sebebi olar Onı izleydi hám hár bir nársede Oǵan isenedi. Olar jámáátke júreklerinde shóllew menen keledi: "Iyem, Men Seni biliwdi qáleymen!" Olar Qudaydıń tuwrıdan-tuwrı hám berilgen hákimiyatına boysınadı. Haqıyqıy kishipeyillik penen, Ol dúzetiwdi qanday jol menen yamasa kim arqalı alıp kelse de, onı tayınlıq penen qabıl etedi.

Biraq olar belgili bir waqıtqa kelip, bilim toplap, tájiriybe hám jetiskenlikler arqalı kúshke minedi, sonda olardıń qatnası ózgeredi. Endi olar Muxaddes Kitaptı: "Iyem, Ózińdi hám jollarıńdı maǵan ashıp ber", – degen niyet penen oqıwdıń ornına, onı ózleri aldınnan bekkemlep alǵan táliymatın qollap-quwatlaw ushın qollanadı hám ózleri isengen nárseni ǵana oqıydı. Endi olar shopanınıń dawısında Qudaydıń aspannan kelgen dawısın esitiwge tırıspaydı; kerisinshe, qolların qawısıtırıp, artqa súyengen halda: "Qáne, ol ne biledi eken, kóreyik", – degen qatnasta otıradı. Olar Muxaddes Jazıwlar boyınsha qánige bolıp qaladı, biraq júrekleriniń názikligi hám kishipeyilliginen ayrıladı. Menmenlik onıń ornın iyelegen sayın, Qudayǵa xızmet qılıw inayatı páseyedi (Yaqıp 4:6-ǵa qarań).

Bul másele Amerika jámáátinde ańsatlıq penen júz beretuǵınday kórinedi, sebebi bizge úyretiwler júdá kóp berilgen. 1-Korinflikler 8:1-de bılay dep oqıymız: "Durıs, hámmemiz de bilimli ekenligimizdi bilemiz. Degen menen, bilim adamdı menmen qıladı, al súyispenshilik adamdı jigerlentiredi" (1-Kor 8:1 KAAB'22L). Súyispenshilik óz paydasın izlemeydi, al Xojayın hám ózi xızmet qılıwǵa shaqırılǵan adamlar ushın ómirin beredi. Menmenlik bolsa

din perdesi artında óz paydasın izleydi. Quday súyispenshiliksiz alınǵan bilimniń nátiyjesi menmenlik ekenin túsindiredi.

Keliń, Uzziya patsha haqqında áhmiyetli bir soraw berip kóreyik. Júregine menmenlik kirgende, ol dinshilirek boldı ma, yamasa dinshilligi azaydı ma? Tań qalarlı juwap sonnan ibarat: ol jáne de dinshilirek boldı! Onıń júregi kóterildi, hám ol sıyınıw ushın ibadatxanaǵa kirdi. Menmenlik penen diniy ruwx bir-birine erip júredi. Diniy ruwx adamǵa óziniń "jalǵan ruwxıylıq" kórinisi arqalı ózin kishipeyil dep oylatıwǵa sebep boladı, biraq haqıyqatında ol menmen boladı. Ekinshi jaqtan, menmenlik adamdı diniy ruwxtıń qullıǵında uslap turadı, sebebi ol ózinde sonday ruwx bar ekenin moyınlaw ushın júdá menmen. Menmenlik jámáátte jaqsı jasırınǵan, sebebi ol diniy, xarizmatikalıq, evangelistlik yamasa pentekostal perdeniń artına jasırınadı.

Sonda Uzziya haqıyqat penen júzbe-júz keltirildi:

> Ruwxaniy Azariya menen Jaratqan Iyeniń seksen batır ruwxaniyi patshanıń izinen ishke kirip, patshanıń jolın tosıp, oǵan bılay dedi: – "Uzziya, Jaratqan Iyege arnap tútetki tútetiwge haqıńız joq! Tútetki tútetiw – bul Xaron urpaqlarınan bolǵan baǵıshlanǵan ruwxaniylerdiń isi. Muxaddes mákannan shıǵıp ketiń! Siz jınayatqa qol urdıńız. Quday Iye de bul isińizdi maqullamaydı", – dedi (2 Jıl 26:17-18 KAAB'22L).

Quday Óz dúzetiwin usı márt adamlar arqalı alıp kelgen edi. Biraq Uzziyanıń juwabı álbette Qudayǵa uqsas emes edi: "Tútetki tútetiw ushın, xosh iyisli zatlar salınǵan tabanı qolına uslap turǵan Uzziya ruwxaniylerge qattı ashıwlandı. Sol waqıtta-aq, olardıń kóz aldında Uzziyanıń mańlayında jaman teri keselliginiń daǵı payda boldı. Bul Jaratqan Iyeniń Úyindegi tútetki tútetiletuǵın orın janında júz bergen edi" (2Jıl 26:19 KAAB'22L).

Uzziya ashıwlandı. Menmenlik hár waqıt ózin aqlaydı. Bul ózin

qorǵaw ashıw menen birge júredi. Menmen adam ózin aqlap, basqalardıń hámmesin ayıplaydı. Uzziya ashıwın ruwxaniylerge baǵdarladı, biraq másele onıń óz ishinde tereńde jatqan edi. Menmenlik onıń kózlerin soqır qılǵan edi! Ol bul adamlar arqalı kelgen Qudaydıń dúzetiwin qabıl etiw ushın ózin tómen tutıwdıń ornına, ashıwına menmenligin jáne de kúsheytiwge jol berdi. Maqaw keseli hámme kóre alatuǵın jerde – onıń mańlayında payda boldı. Bul jaǵdayda maqaw keseli ishki jaǵdaydıń sırtqı kórinisi edi, al onıń deregi menmenlik edi.

Búgin de solay. Eski Kelisimdegi maqaw keseli Jańa Kelisimdegi gúnánıń tımsalı. Kóp jaǵdaylarda sırtqı gúná – adamdı soqır qılıp, Qudaydıń dúzetiwin qabıl etiwden tosatuǵın ishki menmenliktiń kórinisinen basqa nárse emes.

Quday júregime aytqan sózlerdi esitip, keyin Uzziyanıń ómirin qayta qarap shıqqanımnan soń, men menmenlik bizdi Iysanı kóriwden tosatuǵınlıǵın túsindim. Biz Onı kóriwimiz kerek, sebebi Muxaddes Jazıwlarda járiyalaǵanınday, biz Oǵan qarap turǵanımızda, Onıń sımbatına ózgertilemiz: “Bizlerdiń hámmemiz perdesiz júz benen Iyemizdiń ullılıǵın kóremiz. Sol arqalı Oǵan uqsaw ushın ózgerip, ullılıq ústine ullılıqqa erisip baramız. Bul Ruwx bolǵan Iyemizdiń járdeminde iske asadı” (2-Kor 3:18 KAAB’22L).

Biz Oǵan qarawımız kerek, sonda Onıń sımbatına uqsas bolıp ózgeremiz hám Ol kórgendey kóriw qábiletine iye bolamız. Menmenlik bizdi Onı jańadan kóriwden tosadı; sol arqalı bizdi soqır qılıp, aldawdıń qáwipli maydanına alıp kiredi. Laodikiya jámáátindegi adamlar ózleriniń menmenligi sebepli Iysanı kóre almay qalǵan edi. Olar ózlerin ruwxıy dep isendi, biraq Onıń áshkaralawı basqasha ekenin kórsetti. Olar Onıń ózgertiwshi kúshisiz, toqtap qalǵan halda edi. Olarda masiyxıylıqtıń sırtqı kórinisi bar edi, biraq Iysanıń islerine sáykes isler joq edi.

# Muxaddes, muxaddes, muxaddes!

Iyshaya Jaratqan Iyeni Onıń saltanatında kórdi. Biz bunıń ruwxıy bir kórinis bolǵanın bilemiz, sebebi denede bolǵan hesh bir adam Qudaydıń júzin kórip, tiri qala almaydı. Iyshaya Onıń taxtın kórgende, "serafim" dep atalatuǵın ullı perishtelerdi bayqamay qala almadı. Olardıń hár biriniń altı qanatı bolǵanın, sol altı qanattıń ekewi menen júzin jawıp turǵanın jazadı. "Olar bir-birine dawıslap bılay dep aytıp turdı:

> "Álemniń Jaratqan Iyesi, Muxaddes, muxaddes, muxaddes! Pútkil álem Onıń saltanatına tolǵan". Olardıń dawısınan qapınıń jaqlawları qozǵalıp, Ibadatxana tútinge toldı (Iysh 6:3-4 KAAB'22L).

Perishteler jır aytıp atırǵan joq edi. Bul ayattan alınǵan qosıq bar, biraq kóbinese adamlar onı bir qáliptegi dawıs penen (monotonda) aytadı. Yaq, perishte-barlıqlar, júzleri jawıq bolsa da, ózleri kórip turǵan nársege juwap berip atır edi. Hár bir sátte Onıń saltanatınıń jáne bir qırı ashılıp atır edi, hám olar: "Muxaddes!" – dep baqırar edi. Olar bunı sonshelli qattı dawıs penen aytar edi, hátte aspannıń qurılısın silkiter edi! Dawıs penen jer júzindegi qurılıslardı silkitiwdiń ózi qıyın, aspandaǵı qurılıslardı aytpasań da boladı. Perishteler: "Men Onıń taxtınıń janında trillionlaǵan jıllardan beri turman. Endi biraz dem alıp, aspannıń basqa jerlerin aralap kórgim keledi", – dep oylap qosıq aytıp turǵan joq edi. Yaq, olar basqa hesh jerde bolıwdı qálemeytuǵın edi, sebebi Jaratıwshı Óz jaratılısınan ádewir gózzal hám ádewir tań qalarlı. Zabur jırshısı Onıń húziri bolmaǵan mol saraylarda bolǵannan kóre, Qudaydıń taxt bólmesinde esik qarawılı bolıwdı artıq kóretuǵının jalbarınıp aytqan edi (Zab 83).

Ne ushın perishteler: "Muxaddes, muxaddes, muxaddes",

– dep jalbarındı? Ne ushın úsh márte? Bul qollanılıw evrey jazıw stilinde ushırasatuǵın ádebiy tárizdi bildiredi. Qaytalaw – ayrıqsha atap ótiwdiń bir túri. Ingliz tilinde biz bir sózdiń yamasa ibaranıń áhmiyetin asa kórsetkimiz kelse, bir neshe usıllardı qollanamız. Onı qalıń hárip penen jazıwımız, kursiv penen beriwimiz, astın sızıwımız, barlıq háriplerin bas hárip penen jazıwımız yamasa úndew belgisin qosıwımız múmkin.

Yahudiy jazıwshı bir sózdi qaytalaw arqalı oǵan ayrıqsha pát bere alar edi. Ádette sóz eki márte qaytalanadı. Mısalı, Iysa: “Maǵan: “Iye! Iye!” degenniń hár biri emes, tek aspandaǵı Ákemniń erkin orınlawshı Aspan Patshalıǵına kiredi”, – deydi (Mat 7:21 KAAB’22L). Iysa negizinde “Iye” sózin eki márte aytqan emes; kerisinshe, Ol “Iye” sózine ayrıqsha basım bergen, al jazıwshı sol basımdı jetkeriwdi qálegen.

Muxaddes Jazıwlarda bir sóz úsh márte qaytalanatuǵın jerdegi siltemeler tek bir neshe ǵana. Sonday jaǵdaylardan biri Ayan kitabında perishteniń jer júziniń turǵınlarına húkim járiyalaǵan waqıtında ushırasadı. Perishte: “Hásiret, hásiret, hásiret!” – dep baqırdı (Ayan 8:13 KAAB’22L). Bul qaytalaw arqalı berilgen xabardıń mánisi mınaday: aldın bolıp ótken húkimler awır boldı, biraq endi kelejaq nárse aqılǵa sıymaytuǵın dárejede qorqınıshlı boladı.

Biraq Muxaddes Jazıwlarda Qudaydıń bir qásiyeti úsh márte izbe-iz aytılǵan jaǵday tek bir márte ǵana ushırasadı. Bul perishteler: “Kúshli, kúshli, kúshli!” – dep baqırǵan joq. Sonday-aq olar: “Súyispenshilik, súyispenshilik, súyispenshilik!” yamasa “Sadıq, sadıq, sadıq!” – dep baqırǵan joq. Awa, Quday kúshli, Quday – súyispenshilikli hám Quday sadıq. Biraq barlıq basqa qásiyetlerden joqarı turatuǵın qásiyet – Onıń muxaddesligi. Sol muxaddeslikte Onıń bolmısınıń jarqını, yaǵnıy Qudaydıń jalını bar!

# Sorım qurısın!

Iyshaya Onı kórgen waqıtta: “Má, Ol mine tur-ǵo!” – demedi. Kerisinshe, ol bılay dep jalbarındı:

Sorım qurısın! Qurıp qaldım!
Óytkeni men awzı haram adamman
hám awzı haram adamlar arasında jasap atırman.
Degen menen, Patshanı
– Álemniń Jaratqan Iyesin kózlerim kórdi (Iysh 6:5 KAAB’22L).

Sorım qurısın sózi búgingi tilimizde óz kúshin joǵaltqan. Bul Qudaydıń eń awır húkimin járiyalaw ushın qollanılatuǵın sóz. Joqarıda aytılǵanınday, perishteler jer júziniń turǵınlarına “hásiret” dep járiyalaǵanda, perishte negizinde: “Sizlerdiń ústińizge eń awır húkim túsiw aldında tur”, – dep aytqan edi. Iysa bul sózdi Yahuda haqqında qollanǵan. Bul sóz sonshelli awır, sonlıqtan Iysa: “Ol adamnıń bul dunyaǵa kelmegeni, ózi ushın jaqsıraq bolar edi”, – dedi (Mark 14:21 KAAB’22L). Payǵambardıń birewdiń ómiri ústinen “hásiret” sózin aytıwı siyrek ushırasatuǵın jaǵday edi. Al bunnan da tań qalarlısı – Qudayǵa boysınıwshı adam, Iyshayanıń bul sózdi ózine qaratıp aytıwı edi!

Ózine húkim járiyalaǵannan keyin-aq, Iyshaya: “Qurıp qaldım!” – dep jalbarındı. “Qurıp qaldım” – adamnıń ishinen bólinip, pútkilley ıdıray baslawın bildiredi. Iyshaya muxaddes Qudaydıń aldında turdı. Ómirinde birinshi márte ol Qudaydıń kim ekenin haqıyqattan túsindi, hám ómirinde birinshi márte óziniń kim ekenin haqıyqattan ańladı.

Sol bir sátte ózine bolǵan barlıq isenimi qıyradı. Ózine hám insaniyatqa bolǵan barlıq isenimi joq boldı. Endi ómirge qatnas máselelerinde ruwxıy ózin aqlawlarǵa orın qalmadı. Eger onda qanday da bir menmenlik bolǵan bolsa, endi onıń izi de qalmadı. Iyshaya taxt bólmesiniń polında júzin tómen qaratıp, jer bawırlap

jatqan edi. Onıń denesiniń hár bir talası dirildep, ashılıp qalǵan edi. Ol jasırınatuǵın orın izledi, biraq hesh jer taba almadı. Bunday muxaddes, pútkil barlıqtıń Iyesi bolǵan Qudaydıń aldında turıwdı aytpay-aq qoyıń, tiri qalıw ushın-aq, óziniń miyrim hám inayatqa qanshelli mútáj ekenligin burınǵıdan da anıǵıraq kórdi.

## Tazalanıw, xizmet, kóriwdiń ayqınlıǵı

Ol jáne bir zamat ta tura almaytuǵınday sezingen waqıtta, keyin ne bolǵanın bılay súwretleydi: Sonda serafimlerden biri maǵan ushıp keldi. Onıń qolında qısqısh penen qurbanlıq ornınan alınǵan janıp turǵan shoq bar edi. Ol shoqtı meniń awzıma tiygizip, bılay dedi:

> “Mine, bul qoz erinlerińe tiydi. Endi qılmıslarıń alıp taslandı, gúnalardan páklendiń”. (Iysh 6:6-7 KAAB’22L)

Quday kishipeyillerge miyrim hám inayat beredi. Janıp turǵan shoq Iyshayanı pákledi yamasa tazaladı. Ol páklengennen keyin, Qudaydıń: “Kimdi jibereyin? Bizler ushın kim baradı?” – degen dawısın esitti (Iysh 6:8 KAAB’22L).

Ol páklengeni sebepli, Qudaydıń dawısın jáne de anıǵıraq esite aldı: “Bizler ushın kim baradı?” Basqasha aytqanda: “Kim haqlıqtıń pák islerin payda etedi?” Iyshaya dárhal: “Mine, meni jiber, men baraman” – dep juwap berdi (Iysh 6:8 KAAB’22L).

Iyshaya Qudaydıń júreginen shıqqan sózlerdi esitti:

Barıp, bul xalıqqa:

> “Tıńlap turasız, biraq túsinbeysiz,
> Qarap turasız, biraq mán bermeysiz”, – dep ayt
> (Iysh 6:9-10 KAAB’22L).

Quday soqır hám gereń dep ataǵan adamlardıń ishinde belgili

payǵambarlar hám Muxaddes Jazıw úyretiwshileri de bar edi. Olar Onıń aytıp atırǵan nársesin aytpay atır edi, sebebi olar anıq esite almaytuǵın edi.

Quday sóylep atır, biraq adamlar haqıyqattan esitip atır ma? Bul ayatlar maǵan Qudayǵa boysınıwshı bir dosım menen bolǵan sáwbetti esletedi. Men aldın ol haqqında kolledjde meni shákirt qılǵan adam sıpatında jazǵan edim. Men ol jasaytuǵın aymaqqa sapar qıldım, ol meni aeroporttan kútip aldı. Men jetip keliwden aldın, ol bir neshe saat oylanıp hám ibadat etip otırǵan eken. Ol kóz jasları menen maǵan: "Jon, Qudaydıń Amerikaǵa aytatuǵın nárseleri júdá kóp, biraq Ol bunı aytatuǵın adamlardı taba almay atır", – dedi. Onıń sózleri júregimde qushtarlıqtıń jalının qozdırdı; men Jaratqan Iyeniń elshilerinen biri sıpatında bolıwım kerek bolǵan orınnan ele qanshelli uzaqta ekenimdi bildim. Men dárhal Iyshayanı oyladım. Ol tazalanıp artılǵannan keyin, Qudaydıń dawısı oǵan anıq boldı hám ol tek principlerdi emes, Qudaydıń júregin ayta aldı. Men oyladım: "Amerikada Muxaddes Jazıwdan haqıyqat principlerin ayta alatuǵın adamlar joq emes. Haqıyqıy másele mınada: Qudaydıń páklew isi orınlanıwı ushın ózin bólek tutıp, kishipeyil bolatuǵın, sol arqalı Qudaydıń júregin anıq esitip, onı járiyalay alatuǵın erler hám hayallar bar ma?"

## Iysa menen birge awqatlanıw

Keliń, boljawlı turde bizdi bildiretuǵın Laodikiya jámáátine qaytayıq. Iysa jámáátti qatań túrde dúzetedi, soń bılay dep buyıradı: "Sol sebepli intalı bolıp, táwbe et". Endi bul adamlardıń ózlerine baylanıslı. Yamasa bizge baylanıslı dewińiz kerek pe? Biz Onıń dúzetiwine qulaq salamız ba, yamasa Izrail balaları sıyaqlı aqılsız bolamız ba?

Iysa dawam etedi: "Mine, Men qapı aldında qaǵıp turman. Eger kim de kim dawısımdı esitip, qapını ashsa, onıń úyine

kiremen. Men onıń menen, ol Meniń menen birge awqat jeymiz” (Ayan 3:20 KAAB’22L). Ey, Onıń aqırǵı zaman jámáátine aytqan sózlerin esitiń! Ol waz aytıp hám úyretip atırǵan Óz xalqına: “Eger kim de kim dawısımdı”, – deydi. Bul júregińizdi awırtpay ma? Ráhát-lázzetke hám jeke paydaǵa bolǵan súyispenshiligimiz sebepli, biz Onıń menen qatnasımızda sonshelli pataslanıp, Onıń júregin esitpey qalǵan joqpız ba? Dúnyanıń ádetleri hám qálewlerine sonshelli shiyelenisip, haqıyqatında Onıń júrek jalbarınıwınan uzaq bolǵan halda, “Onıń dawısın esitemiz” dep aytatuǵın xalıqqa aylanıp qalǵan joqpız ba?

Esleń, Iysa jámáátke Ózinen tazalanǵan altın, haq islerdi bildiretuǵın aq kiyimler hám Ol kórgendey kóriw ushın kózge súrtetuǵın dári satıp alıwdı aytqan edi. Bul úlgi Iyshayanıń gúwalıǵında anıq kórinedi. Ol Qudaydıń dúzetiwin qabıl etiw ushın ózin tómen tutqanda, tazalandı. Sonnan keyin ol haq yamasa muxaddes islerdi islewge qushtar boldı. Keyin ol xalqı durıs kórmey atırǵanın, olardıń soqır ekenin aytıp jalbarındı! Olar kózge súrtetuǵın dárige mútáj edi. Iyshayanıń kishipeyilligi, Qudaydıń dúzetiwi hám páklewi, sonday-aq, Iyshayanıń haq islerdi orınlawǵa tayınlıǵı arqalı Quday onıń kózlerindegi perdeni alıp taslaǵan edi.

Iysanıń sózlerine jáne bir márte qulaq salıń: “Eger kim de kim dawısımdı esitip, qapını ashsa, onıń úyine kiremen. Men onıń menen, ol Meniń menen birge awqat jeymiz”.

Bul sózdiń eki túrli qollanılıwı bar. Awa, bul Ekinshi Keliwden aldıńǵı jámáát haqqında, sonlıqtan ol Ekinshi Keliwge de tiyisli. Luqa Iysanıń usıǵan uqsas sózlerin jazıp qaldırǵan:

> Bellerińiz buwıwlı bolıp, shıralarıńız janıp tursın! Xojayını neke toydan qaytıp kelip, esikti qaqqanda, oǵan dárriw ashıw ushın kútip turǵan xızmetshilerdey bolıńlar. Xojayını kelgende olardıń sergek bolıp turǵanın kórse, sol xızmetshiler

> baxıtlı! Sizlerge shının aytaman: ol belin buwıp, xızmetshilerin otırǵızıp, ózi olarǵa xızmet etedi (Luq 12:35-37 KAAB'22L).

Biz máńgi Oǵan xızmet qılıwımız kerek bolsa da, Xojayınımız bizge xızmet etedi. Ol haqıyqıy mánide xızmetker. Biz Oǵan qarızdar bolǵanımızday, Ol bizge hesh qanday qarızdar emes, biraq Ol Óziniń sadıq adamlarına xızmet etiwdi qáleydi. Ol Qozınıń toy ziyapatında bizge xızmet etedi.

Bul sózdiń ekinshi qollanılıwı da bar. Iysa: "onıń úyine kiremen. Men onıń menen, ol Meniń menen birge awqat jeymiz", – degende, tek toy ziyapatı haqqında ǵana aytıp atırǵan joq. Ol bizge haqıyqıy mannanı, yaǵnıy Óziniń ayanın beriw haqqında aytıp atır. Ol: "Men – aspannan kelgen tiri nanman", – dep járiyalaydı (Yuxn 6:51 KAAB'22L). Ol – biz sol arqalı jasaytuǵın Qudaydıń tiri Sózi (Nız 8:2-3).

Eremiya bunı bılay dep aytadı:

> Sózlerińdi tawıp, jedim. Sózleriń maǵan quwanısh, júregime shadlıq alıp keldi (Erm 15:16 KAAB'22L).

Eremiya da Iyshaya sıyaqlı Qudaydıń tazartıwınan ótken adam edi. Muwsa sıyaqlı, onda da dúnya sistemasına bolǵan qálew joq edi. Ol Qudaydı biliw ushın ózin bólek tutqan edi. Onıń quwanıshı Qudaydıń Sózi edi; bul onıń azıǵı edi. Ol Qudaydan sheginip ketken xalıqqa Qudaydıń júregin wayızlıq qılǵanı ushın quwǵınǵa ushıradı:

> Jaratqan Iye, Seniń sóziń sebepli, Kún boyı ayaq astı bolıp, kúlkige qalaman. Eger ishimnen: "Endi Sen tuwralı oylamayman, Seniń atıńnan sóylemeymen", – desem de, Sózleriń júregimdi ot kibi, Súyeklerimdi shoq kibi órteydi, Onı ishimde saqlawdan sharshadım, Artıq shıday almayman (Erm 20:8-9 KAAB'22L).

Yaqıya Shomıldırıwshı da Qudaydıń Sózine ash bolǵanlardan biri edi. Ol ózin dúnyadan hám diniy eki júzlilikten bólek tutqan edi. Onıń miyrası – Quddusta basqa ruwxaniylerdiń ulları menen birge oqıp, basshı bolıw edi. Biraq ol adamlar onıń ushın rejelestirgen nárseden bas tartıp, Qudayǵa boysındı. Shólde Jaratqan Iyeniń Sózi oǵan keldi. Ol da Qudaydıń júregin alıp shıqtı. Iysa ol haqqında: "Yaqıya – janıp, nur shashıp turǵan shıra edi. Sizler onıń nurında az waqıt quwanıwdı qáledińler", – dedi (Yuxn 5:35 KAAB'22L).

Biz Muwsa, Iyshaya, Eremiya, Yaqıya, Pavel hám basqalar sıyaqlı Onıń saltanatınıń jalını menen janıwǵa shaqırılǵanbız. Biraq, eger biz ózimizdi bul dúnyanıń qálewlerinen bólek tutpasak, bul hesh qashan júz bermeydi. Biz bul dúnyada jolawshılar hám jat adamlar sıyaqlı jasawǵa shaqırılǵanbız. Haqıyqıy qanaatlanıwımız tek Onıń Sózi bizdi sonshelli iyelep alǵanda, ol biziń kúni boyı oylanatuǵın nársemizge aylanǵanda ǵana keledi. Sonda Qudaydıń jalını ishimizde hám ústimizde jarqırap janadı.

Jas jigitler hám qızlar bir-birin súyip qalǵanda, hesh kim olarǵa: "Súygen adamıń haqqında kúni boyı oylan", – dep aytıwı kerek emes. Yaq, olar hár bir bos waqtında súygen adamı haqqında oylanadı.

Malaxiya sońǵı kúnlerdegi jámáátte eki túrli adamlar bolatuǵının aldınnan kórdi. Ekewi de biz aldıńǵı baplarda úyrengen páklew processinen ótedi. Birinshi topar narazılıq bildirip bılay deydi: "Qudayǵa xızmet qılǵanımızdan qanday payda bar? Sebebi jawızlar bizden kóbirek ráhátlenip jasaydı. Biz Qudayǵa xızmet qılıp, sınaqlar hám azap-qıyınshılıqlardan óte beremiz" (Mal 3:14-15, avtordıń erkin bayanı).

Ekinshi topar adamlar haqqındaǵı xabar bolsa basqasha:

> Biraq Jaratqan Iyeden qorqatuǵınlar óz ara sáwbetlesti.
> Jaratqan Iye olardıń sáwbetine qulaq salıp, tıńladı.

Jaratqan Iyeden qorqıp,
Onıń atın sıylaǵanlar ushın,
Onıń aldında bir estelik kitabı jazıldı
(Mal 3:16 KAAB'22L).

Olar Onıń Sózin hám jolların hár qanday azaptan da artıq súyedi. Biraq payǵambar ne bolatuǵını haqqında bılay deydi:

Mine, sol kún jaqınlap qaldı.
Ol lawlap janıp turǵan tandırǵa megzeydi.
Sonda menmenler menen jawızlıq
qılıwshılar saban sıyaqlı bolıp qaladı.
Sol kúni olardıń hámmesi jaǵıp jiberiledi",
– deydi Álemniń Jaratqan Iyesi.
"Olardıń tamırı da, shaqası da qalmaydı.
Al sizler, Meniń atıma húrmet k
órsetetuǵınlar ushın,
nurları menen shıpa beretuǵın
ádillik quyashı shıǵadı.
Sonda sizler qoradan shıqqan buzawday sekirip oynap,
shadlanasızlar.
Jawızlardı basqılap taslaysızlar.
Awa, Men usılardı ámelge asırǵan kúni,
olar ayaǵıńızdıń astındaǵı topıraq
sıyaqlı bolıp qaladı",
– deydi Álemniń Jaratqan Iyesi
(Mal 4:1-3 KAAB'22L).

Ol "Haqlıqtıń Ulı" haqqında emes, al "Haqlıq Quyashı" haqqında aytadı. Quyash – ullı otlı sharǵa uqsaydı. Sońǵı kúnlerde Iysa Ózinen qorqatuǵınlarǵa Ózin usılay kórsetedi. Olar Onıń jollarına bolǵan pák súyispenshiligi sebepli Onıń Sózi haqqında oylanǵan boladı. Onıń saltanatınıń jalını olardıń ústine

shıǵadı hám qalıń qarańǵılıqtaǵı adamlar onı kóredi. Burın hesh qashan bolmaǵanday, usı janıp hám jarqırap turǵan shıralardıń xızmetleri nátiyjesinde kóp janlar iymanǵa keledi. Olardıń júrekleri Onıń Sózi menen jalınlap janadı, hám hesh qanday qarańǵılıq olardı jeńe almaydı.

Biz bunıń bir kórinisin Iysanıń tirilgeninen keyin eki shákirtinde kóremiz:

Tap sol kúni shákirtlerdiń ekewi Erusalimnen on eki shaqırımday qashıqlıqtaǵı Emmaus dep atalatuǵın bir awılǵa baratırıp, bolǵan usı waqıyalar haqqında óz ara sóylesti. Olar óz ara sóylesip, pikir alısıp baratırǵanda, Iysanıń Ózi olarǵa jaqınlap, qatar júrdi (Luk 24:13-15 KAAB’22L).

Tań qalarlısı, olar qıyın waqıtlarda edi, biraq Qudaydıń isleri haqqında sóylesip baratır edi. Olar sáwbetlesip baratırǵanda, Iysa olarǵa jaqınlastı. Biz de Jaratqan Iyeden qorqıwımız hám Oǵan bolǵan súyispenshiligimizden kelip shıǵıp sáwbetlessek, Ol bizge jaqınlasadı. Ol jaqınlasqannan keyin, biz bılay dep oqıymız: “Sońınan Muwsanıń hám barlıq payǵambarlardıń Jazıwlarınan baslap, Muxaddes Jazıwlardıń hámmesinde Ózi haqqında aytılǵanlardı olarǵa túsindirip berdi” (Luk 24:27 KAAB’22L).

Bul qanday zıyapat edi! O, men Onı jáne de tereńirek tanıwdı qanshelli qáleymen. Ol meniń shóllegen janımnıń qanaatlanıwı. Olar óz oylanıwları boyınsha sáwbetlesip baratırǵanda, Ol jaqınlastı hám Muxaddes Jazıwlarda Onı kóriwleri ushın kózlerin ashtı: “Sonda ǵana olardıń kózleri ashılıp, Onı tanıdı” (Luk 24:31 KAAB’22L). O Áke, Iysanı kóriwimiz ushın kózlerimizdi ash!

Olar bir-birine: – Ol jolda bizler menen sóylesip, Muxaddes Jazıwlardı túsindirgende, júreklerimiz quwanıshqa tolmaǵan ba edi? – dedi (Luk 24:32 KAAB’22L). Muwsanıń júregi qashan janıp, bet-álpeti qashan ózgerdi? Ol Qudaydıń húzirinde Onıń Sózin esitkende. Onıń saltanatlı húzirinen shıqqan Sózin esitiwge

Muwsanı ne qábiletli etti? Muwsanıń Mısırdan bólek bolıwǵa hám ózi tanıwdı qáleytuǵın, “Oǵan” boysınıwǵa qarar qılǵanı. Ol Masiyx ushın kóriletuǵın qorlıqtı Mısırdaǵı ǵáziynelerden de úlken baylıq dep bildi, sebebi ol sıylıqqa qaradı. Men úmit etemen – Oǵan bolǵan tereń saǵınısh janıńızdıń ishinde kúshli qozǵalǵanlıǵına.

14-BAP

# OLAR ONÍŃ JÚZIN KÓREDI

*Olar dúnyanıń daqlarınan azat bolǵan halda, júrekleri muxaddes qushtarlıq penen jalınlap, Onıń aldında turadı.*

Biziń eń ullı kúnlerimiz aldımızda tur. Quday Ózi ushın bir xalıqtı saqlap qoyǵan. Olar Onıń júreginiń zarın esitip, Onıń aldında muxaddes júredi. Olar haqıyqıy iseniwshilerdi – Onıń dawısın gúmansız esitip, boysınatuǵınlardı – anıq kórsetedi. Olar dúnyanıń daqlarınan azat bolǵan halda, júrekleri muxaddes qushtarlıq penen jalınlap, Onıń aldında turadı. Ol olardı qızǵanǵanınday, olar da Onı qızǵanadı. Usı xalıq arqalı Ol Óz saltanatın joǵalǵan hám ólip baratırǵan dúnyaǵa ashıp beredi.

Quday Ózin húrmet qılatuǵınlar ushın ne qılatuǵınınıń aldın ala kórinisin Ibrayımnıń aqlıǵı Yaqıptıń ómirinen tabamız. Quday Yaqıpqa: "Qánekey, endi Beyt-elge bar da, sol jerge ornalas. Ájaǵań Esawdan qashıp baratırǵanıńda saǵan kóringen Qudayǵa arnap, sol jerde qurbanlıq orın qur" (Jar 35:1 KAAB'22L). Beyt-el "Qudaydıń úyi" degen mánisti bildiredi. Basqa bir waqıtta Yaqıp sol jerde

Quday menen ushırasqan edi. Quday: "Yaqıp, Maǵan jaqınlas, Men de saǵan jaqınlasaman dep onı shaqırdı". Sonda Yaqıp xojalıǵına hám janındaǵılardıń hámmesine bılay dedi: – Ózlerińizdegi jat qudaylardıń músinlerin ılaqtırıp taslańlar. Ózlerińizdi páklep, kiyimlerińizdi almastırıńlar. Júrińler, bul jerden ketip, Beyt-Elge barayıq. Qıyın kúnlerimde maǵan juwap bergen hám júrgen jollarımda meniń menen birge bolǵan Qudayǵa arnap, men sol jerde qurbanlıq orın qurayın (Jar 35:2-3 KAAB'22L).

Olar "jat qudaylardı alıp taslawı" kerek edi. Esińizde bolsın, but – biz Iysadan joqarı qoyıp, kúshimizdi yamasa súyispenshiligimizdi beretuǵın nárse. Laodikiya jámáátiniń butparazlıǵı – olardıń ashkózligi edi; bul ashkózlik olardan máńgilik islerdi payda etiw ushın kerek bolǵan qushtarlıqtı urlap alǵan edi (Kol 3:5). Yaqıptıń "ózlerińizdi páklep, kiyimlerińizdi almastırıńlar" degen buyırıǵı pák bolıwdıń hám tiyisli ruwxıy kiyimge iye bolıwdıń áhmiyetin qayta tastıyıqladı. Iysa Laodikiya jámáátine de usıǵan uqsas tárizde sóyledi.

Yaqıp hám onıń áwladı Qudayǵa jaqınlastı: "Sońınan olar jolǵa tústi. Quday átiraptaǵı qalalardıń turǵınlarına kúshli qorqınısh jibergenlikten, hesh kim olardıń izine túspedi" (Jar 35:5 KAAB'22L). Qudaydan qorqıw olardı sonshelli dárejede qapladı, hátte olar saparda janınan ótken átiraptaǵı qalalar ústine onıń qorqınıshı tústi. Biz ózimizdi Qudayǵa baǵıshlaǵanımızda, Onıń húziriniń hákimiyatı biz benen birge júredi hám átirapımızdaǵılarǵa anıq kórinedi.

## Qudayǵa pútkilley baǵıshlanǵanlar

Charles Finney Qudayǵa pútkilley baǵıshlanǵan adam edi. Bul baǵıshlanıw onıń ómirindegi barlıq nárselerden joqarı turatuǵın edi. Onıń wayızlıǵındaǵı pák bolıw haqqındaǵı xabarlar usı baǵıshlanıwǵa tayanǵan edi. Mısalı, ol shama menen úsh

mıń xızmetkeri bar bir fabrikaǵa bardı. Fabrika iyesi hám jumısshılardıń kópshiligi qutqarılmaǵan edi. Finney sol aymaqta xoshxabar jıyının ótkerip atırǵan edi. Bir hayal onı tanıp qalıp, kemsitiwshi pikir ayttı. Sol zamatta-aq Qudaydıń ayıpkerlik sezimi onı basıp aldı hám basqalarǵa da tarqaldı; olar jumısın toqtatıp, onı jubatıwǵa háreket etti. Bir neshe minut ishinde pútkil islep shıǵarıw toqtap qaldı, jumısshılar hám fabrika iyesi Charles Finneydiń Qudaydıń Sózin aytıwın berilip tıńladı. Bir neshe saat ishinde olardıń kópshiligi qutqarıldı. Ol Qudaydıń húzirin kiyim sıyaqlı kiyip júrgen edi, hám bul átirapındaǵılarǵa – masiyxıylarǵa da, butparazlarǵa da – anıq kórinip turdı.

Ne ushın sońǵı bir neshe on jıllıqta jámáát bunday húzirdiń hákimiyatınan ayrılıp qaldı? Dúnya júdá uzaq waqıttan beri Amerika jámáátin qorlap, mısqıllap: “Qudayıńız qáne?” – dep kelmekte. Eger biz quwǵın kórgen bolsaq, bul siyrek jaǵdaylarda ǵana haqlıq ushın bolǵan. Kóbinese biz óz ayıplarımız hám dúnyalıǵımız sebepli quwǵınǵa ushıraymız. Biraq men Qudaydıń jáne bir márte Ózine pútkilley baǵıshlanǵan xalqı bolatuǵınına isenemen. Júregim usı ushın janadı. Sizdiki de solay ma? Jaratqan Iye olar menen birge jasaydı hám olardı kúshli, anıq kórinetuǵın tárizde qaplap turadı. Áyyemgi kúnlerde bolǵanınday, Qudaydan qorqıw jáne bir márte Qudaydıń balaların qorshap aladı.

Bul kitap dawamında men Muwsa hám Izrail balaları haqqında qayta-qayta aytıp óttim. Birinshi áwlad Mısırdıń qálewlerinen bas tartpadı. Biraq keyingi evrey áwladı qurg‘aq shól dalalarda adasıp júrip, ózlerin Jaratqan Iyega baǵıshladı. Bul Eshuanıń izinen ergen áwlad edi. Eshua kitabında biz tek bir ǵana boysınbawshılıq yamasa butqa tabınıw waqıyasın kóremiz; ol bir shańaraq penen baylanıslı edi, hám pútkil xalıq bir adamday bolıp oǵan qarsı turdı (Eshu 7).

Olar Iordannan ótip, dushpanları menen júzbe-júz keliwge tayarlanıp atırǵanda, Muwsa olarǵa bılay dep sóyledi:

> Tıńla, ey Izrail! Búgin sen Iordannan ótip, ózińnen úlken hám kúshli xalıqlardı quwıp shıǵarıw ushın kirip barasań. Olardıń qalaları úlken, diywalları aspanǵa jetkendey biyik. Xalqı kúshli hám biyik boylı – Anaq áwladları! Sen olar haqqında bileseń hám: “Anaq áwladlarına kim qarsı tura aladı?” – dep aytılǵanın esitkenseń. Biraq búgin bilip qoy: seniń Qudayıń Jaratqan Iye seniń aldıńda jep qoyatuǵın jalınday bolıp ótip baradı. Ol olardı joq qıladı, seniń aldıńda boysındıradı. Sen olardı quwıp shıǵarıp, Jaratqan Iye saǵan wáde etkenindey, tez arada joq qılasań (Nız 9:1-3 KAAB’22L).

Biz Eshuanıń áwladı sıyaqlı áwladpız ba? Dúnya bizdi jeńe almawı ushın, Quday bizdi maylawı jolında sonshelli pák júriwge tayınbız ba? Bul sizdiń ibadatıńız bolsın!

## Jeńimpaz jámáát

Dáslepki jámáát Qudaydıń saltanatlı húzirinde júrdi. Jámáát ibadat etkeninde, imaratlar silkindi. Hananiya menen Sapfira Petrdiń aldına aldawlı qurbanlıq alıp kelip, ólip quladı. Qudaydıń húziri sonshelli anıq hám kúshli edi, Múqaddes Jazıw bılay dep jazadı:

> Sırttan olarǵa qosılıwǵa hesh kimniń batılı barmaytuǵın edi, biraq xalıq olarǵa kóp alǵıslar aytatuǵın edi. Jáne de, Iyemizge isenip, iseniwshilerge qosılǵan er hám hayallardıń sanı barǵan sayın arta berdi. Hátte, Petr ótip baratırǵanda, hesh bolmasa onıń sayası awırıwlardıń biriniń ústine tússin dep, olardı kóshelerge shıǵarıp, kátler hám tóseklerdiń ústilerine jatqızıp qoydı (Elsh 5:13-15 KAAB’22L).

Búgin bolsa bunday emes. Jalǵan adamlar haqıyqıylar arasına ańsat aralasıp ketedi, sebebi bizde Qudaydıń qorqınıshı yamasa jalını jetispeydi. Sol erli-zayıplınıń ólimi átiraptaǵı jámiyetke

Quday menen yamasa Onıń xalqı menen oyın oynamaw kerekligin eskertti, hám kóp adamlar Patshalıqqa kirdi (Elsh 5:16). Qudayǵa qushtar bolǵanlar Onı iseniwshiler arasında tanıdı, al eki júzliler qorqınısh penen artqa shegindi.

Dáslepki jámáát jeńimpaz jámáát edi. Iysa búgingi jámáátimizge sonshelli uqsas bolǵan Laodikiya jámáátine bılay dep wáde berdi: “Men jeńip shıǵıp, Ákem menen birge Onıń taxtına otırǵanımday, jeńip shıqqanǵa da Meniń menen birge taxtıma otırıw huqıqın beremen” (Ayan 3:21 KAAB’22L). Ayan kitabında eń qatań áshkaralaw alǵan jámáátke eń ullı wáde de usınıldı. Zabur jırshısı tek Qudaydıń taxt bólmesinde esik qarawılı bolıwdı jalbarınıp qáleǵen edi. Biraq Iysa tek taxt bólmesine kirip keliwge ǵana emes, al Ózi menen birge Óz taxtında otırıwǵa da shaqırdı! Bálkim, endi biz Paveldiń sózlerin jaqsıraq túsine alarmız:

Eger sabırlılıq qılsaq,
Onıń menen birge patshalıq etemiz.
Eger Onnan waz keshsek,
Ol da bizden waz keshedi (2-Tim 2:12 KAAB’22L).

Iysanı Iyem dep moyınlaytuǵın adam qalay Onnan bas tartıwı múmkin? Juwaptıf mına ayattan tabamız: “Qudaydı bilemiz dese de, islegen isleri menen Onnan tanadı” (Tit 1:16 KAAB’22L). Jáne de kórip turmız: isler moyınlawlardan kúshlirek sóyleydi. Pavel bizdi sonday-aq: “Eger shıdam bersek, Iysa menen birge patshalıq etemiz”, – dep ruwxlandıradı.

Muxaddeslik aqırına shekem júgiriwge baǵıshlanıwdı óz ishine aladı. Bizde jarılqanǵan wáde bar: Quday bizge intalı bolıwımız hám jeńiske erisiwimiz ushın Óz inayatın bergen! Mine, bular – jeńimpazlar. Quday olarǵa bılay dep wáde beredi: “Olar Qudaydıń júzin kóredi, mańlaylarına Onıń atı jazıladı. Endi tún bolmaydı. Ya shıra jaqtısınıń, ya quyash jaqtısınıń keregi bolmaydı. Sebebi

Quday Iyeniń Ózi olarǵa jaqtı boladı hám olar mángi-baqıy patshalıq etedi" (Ayan 22:4-5 KAAB'22L).

Muwsa bárinen de artıq Onıń júzin kóriwdi qáledi. Jeńimpazlar bolsa Onıń menen máńgige patshalıq etip, Onıń júzin kóredi. Siz bul kitaptı qolıńızda uslap turǵanıńızdıń sebebi – bul siziń eń tereń qálewińiz hám Onıń eń ullı shaqırıǵı. Onı qabıl etiń, jalın qozǵalsın hám Oǵan qarań. Iyemiz Iysa Masiyxtıń inayatı sizde mol bolsın. Awmiyin.

# SHAYTANNÍŃ JEMTIGI




Shaytannıń jemtigi kitabı dushpannıń iseniwshilerdi Qudaydıń erkinen shıǵarıw ushın qollanatuǵın eń aldawshı duzaqlarınan biri – ókpe-giyneni áshkaralaydı. Kópshilik adamlar bul duzaqqa túsip qalǵan, biraq bunı ózleri de ańlamaydı.

Aldanıp qalmań! Masiyx bılay degen: “Adamlardı gúnaǵa azǵırıwshı nárselerdiń keliwi sózsiz” (Luka 17:1). Siz ókpelewdi yaki ókpelemewdi tańlay almawıńız múmkin, biraq ókpe-giynege qanday juwap beriwdi tańlay alasız. Eger ókpe-giyneni durıs jol menen jeńseńiz, ashıwlanıwdıń ornına ruwxıy jaqtan bekkemirek bolasız. Tek durıs juwap ǵana sizge Quday menen tosıqsız qarım-qatnasqa iye bolıwǵa jol ashıp beredi.

Usı kitap arqalı Jon Biver sizge Qudaydıń erkinde qalıwǵa, gúman hám isenimsizlikten azat bolıwǵa járdem beredi. Siz ózińizdi “jábirleniwshi” dep seziw pikirinen qutılıp, qapa bolıw, ashınıw hám ishki qıynalıw júgin kótermey jasay alasız. Qudayǵa boysınıwdıń jáne de tereńirek dárejesin ashqan sayın, ómirińiz keshirim, jarasıw hám barǵan sayın artıp baratuǵın quwanıshqa toladı.

Tapsańız boladı: MessengerX

# QUDAY TAALANÍŃ PANASÍ ASTÍNDA




Siz baslıqtıń yamasa jetekshiniń pikirine qosılmaǵan waqtıńızda, olarǵa qalay juwap qaytarıwdı bilmey, qıynalǵan waqıtlarıńız boldı ma? “Olarǵa qulaq salıwım shárt pe ózi?” – dep, óz-ózińizge soraw bergen waqıtlarıńız boldı ma?

Quday hákimiyatqa hám biylikke iye adamlar arqalı qorǵaw shegaraların, yaǵnıy pana beredi. Bul qayta islengen hám jańalanǵan baspada, bestseller avtorı bolǵan Jon Biver jańa áwlad wákillerin usı haqıyqatlıqqa úyretedi. Dushpan Qudayǵa tiyisli bolǵan hákimiyat tuwralı hám Onıń ornatqan húkimeti tuwralı túsinigimizdi burmalap, bizlerge: “Qudaydıń qoyǵan jetekshilerisiz-aq, sizler ózińizdiń haqıyqıy shaqırıǵıńızǵa kire alasız”, deydi hám bul ótirigine bizlerdi isendiriwge háreket qıladı. Jon dushpannıń bul ótirigin push etip, bizlerge óz jetekshilerimizge qanday qatnasta bolıwımız kerekligin úyretedi hám ne ushın hákimiyat astındaǵı ómirdiń bizlerge támiyinleniw, qorǵan hám keleshekke úmit inam etetuǵının ashıp beredi.

Tapsańız boladı: MessengerX

# MessengerX

***Hámme jerde, hámme ushın shákirt tayarlaw jolı***




- **Dúnyanıń 130 dan artıq tilinde biypul**
- Mobil qosımsha arqalı hám onlayn kiriwge boladı
- Siziń ósiwińiz ushın jaratılǵan resurslar
- Óz tariyxıńızdı hám shákirtlik jolıńızdı baqlap barıń






Ishinde elektron kitaplar, audio kitaplar, qısqa metrajlı filmler, video sabaqlar, Muxaddes Kitap hám shákirt tayarlaw boyınsha basqa da materiallar qamtılǵan "Messenger"diń pútkil kitapxanasın qabıl etiń. Siz bul materiallardıń barlıǵın ózińizdiń barlıq qurılmalarıńızda "Messenger" qosımshası arqalı kóre alasız, oqıy alasız hám tıńlay alasız.

**MessengerX.com**

App Store
saytınan júklep alıń

Google Play
arqalı qabıl qılıń

App Store hám Google Play arqalı dúnyanıń barlıq jerinde paydalanıw múmkin.

# JÚREGIŃIZDE MUXADDES JALÍN ALÍSQAN BA?

Iysa hesh qashan salqınqan qatnastı qabıl etpegen. Kerisinshe, Ol qushtarlıqqa shaqıradı! Biraq biz Onıń menen qarım-qatnasımızdı qozdıratuǵın jalındı qaydan alamız? Ol bizdi tayarlamay turıp, bizden hesh nárseni talap etpeydi. Eger siz Onıń menen qushtarlıqqa tolı qarım-qatnasqa erisiw múmkin emes dep oylasańız, bul kitap sizge bunıń kerisinshe ekenin kórsetedi.

Dúnyaǵa belgili avtor hám Muxaddes Kitap oqıtıwshısı Jon Biver sizdi Quday menen ortasha qarım-qatnasıńızdı janlı, jalınlı qarım-qatnasqa almastırıwǵa shaqıradı. **Jalınlı júrek** kitabı Qudayǵa bolǵan qushtarlıǵıńızdı jalınlatıwǵa hám saqlap turıwǵa járdem beretuǵın sheber tálim menen ushlastırılǵan tereń hám qızıqlı túsiniklerdi usınadı. Onı oqıń hám Quday muxaddesliginiń jalını janıńızdıń eń tereń qatlamlarına tiygeninde, Muxaddes Ruwxtıń sizdi ózgertiwine jol beriń.

Quday menen júriw jolıńızda qay jerde turǵanıńızǵa qaramastan, eger bul kitaptıń sózlerin júrekke jaqın qabıl etseńiz, olar ómirińizdi ózgertedi. Quday menen bekkemirek qarım-qatnastı qálewshiler ushın bul kitap sózsiz oqılıwı kerek bolǵan kitap!



**JON BIVER** – Quday Sózine batıl hám bekkem qatnası menen tanılǵan xızmetker. Sonday-aq, ol xalıqaralıq bestseller kitaplardıń avtorı bolıp, onıń kitapları jalpı esapta millionlap nusqada satılǵan hám 130 dan artıq tilge awdarılǵan. Hayalı Liza menen birge Jon Messenger International shólkeminiń tiykarın salıwshısı. Bul xızmet pútkil dúnya boyınsha shákirtshilikti túpten jańalawǵa, Masiyxtıń terbenbes, qushtarlıqqa tolı dawamshıların jetilistiriwge baǵıshlanǵan.

MessengerX

Biypul júklep alıw hám videolardı onlayn kóriw ushın **MessengerX.com** saytına kiriń.

Kóbirek bilmekshimisiz? Bul jerdi skanerleń.

Messenger INTERNATIONAL

Bul kitap avtordan sawǵa bolıp, satıw ushın arnalmaǵan.